



# Lubering Katresnan



Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D Sp.FK.

Sawijining novel saka

Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D Sp.FK.

*Lubering*

*Katresnan*



## **Lubering Katresnan**

Oleh : Ki Dr Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D Sp.FK.

@ all rights reserved

Hak Cipta Dilindungi Undang – Undang

Desain Sampul : Novo Indarto  
Tata Letak : Novo Indarto  
Penyunting : Novo Indarto  
Pemeriksa Aksara : Novo Indarto  
Ilustrator : dr. R. Bambang Sardjono, MPH

Katalog dalam Terbitan (KDT)

Lubering Katresnan / Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D Sp.FK. Penyunting :  
Novo Indarto-Cet.1-Yogyakarta: Yasatri, 2021, 454 + xi hal; illus : 14,5 x 21 cm

Diterbitkan Oleh :

### **Yasatri**

Yayasan Saworo Tino Triatmo  
Jl. Mawar 92, Ngentak, Kadipura  
RT 003 RW 024, Sinduharjo, Ngaglik, Sleman 55581  
Tlp. (0274) 887512  
HP +62 81225392857  
*Email : sekretariatyasatri@gmail.com*

*Cetakan pertama, 2021*

**ISBN. 978-602-17715-1-8**

*"Sirmaning Yakso  
Katon Gapuraning Ratu"*



# **Undang-Undang Republik Indonesia**

Nomor 19 Tahun 2002 tentang Hak Cipta

## **Ketentuan Pidana**

Pasal 72

1. Barang siapa dengan sengaja dan tanpa hak melakukan perbuatan sebagaimana dimaksud dalam Pasal 2 ayat (1) atau Pasal 49 ayat (1) dan ayat (2) dipidana dengan pidana penjara masing-masing paling singkat 1 (satu) bulan dan/atau denda paling sedikit Rp.1.000.000,00 (satu juta rupiah), atau pidana penjara paling lama 7 (tujuh) dan/atau denda paling banyak Rp.5.000.000.000,00 (lima miliar rupiah).
2. Barang siapa dengan sengaja menyiarkan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada umum suatu ciptaan atau barang hasil pelanggaran Hak Cipta atau Hak Terkait sebagaimana dimaksud pada ayat (1) dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 (lima) tahun dan/atau denda paling banyak Rp.500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah).





# Pambagyo Rahayu

**N**ovel menika asipat multi gina. Kathah paweling ingkang dipun aturaken, kanthi pangajab sageda dados "*jembatan*" komunikasi. Wigatosanipun inggih punika : nasionalisme lan sesambetan masyarakat lintas nagari, kesetaraan kaum puteri lan peranan generasi timur.

Wonten saklebetipun buku kacariyosaken prekawis geopolitik lan diplomasi. Cariyosipun temtu kaliyan anyengkuyung kanthi mantep prekawis nasionalisme. Kenging punapa prekawis punika wigatos? Mboten sanes amargi kathah sejarah Jawi lan Nuswantara ingkang dereng dipun pahami dening para generasi enem. Kathah panganggep menawi sejarah Nuswantara punika nembe kawiwitan sak sampunipun kekiyatan Eropa sumrambah lan ngrebat kadhaulatan bhumi Nuswantara. Kamangka dangu sak derengipun kekiyatan Eropa wau sami dhateng, sejarah bhumi Nuswantara sampun wonten ngrembaka.

Saktunggaling tokoh ingkang kasebat, inggih punika pakdhe Naryo, saestu kagungan raos nasionalisme ingkang lebet lan mboten nate luntur sak lamining sugengipun. Lajeng tokoh priyantun mudha ingkang dipun sarirani dening Pram, ugi mangertosi menawi ing

wanci revolusi pakdhenipun Naryo, nate nggabung kaliyan Tentara Mahasiswa Detasemen Brigade III 17. Tumut lebeting perjuangan gerilya wonten ing laladan Ngayogyakarta. Pakdhe Naryo suwau ugi nate tugas wonten palagan Banaran Ambarawa rikala jaman perang kamardikan, sesarengen kaliyan Pak Hartadi ingkang taksih ngasto wonten Kementerian Luar Negeri.

Menawi dipun simak langkung lebet, kita sedaya nguningani menawi prekawis komunikasi sak punika sampun sumrambah jagad utawi *"go-global"*. Kados contonipun komunikasi langkung Facebook utawi Instagram (IG), ingkang saged lumampah langsung lan cepet sanget. Kejawi kenging kangge hiburan utawi ngisi wekdal, ugi saged kangge mratelakaken menawi kita saged anglampahi komunikasi global kala wau. Ananging tanpa nasionalisme ingkang kiyat, kita saged dados pihak ingkang ringkih sak lebeting sesambetan kaliyan pihak asing.

Bab sanes ingkang betah dipun uningani dening para pamaos inggih punika wonten tigang prekawis penting kacakup dados piweling ingkang langkung lebet wonten ing buku punika.

Inggih kaping setunggal injih punika tembung 'luber'. Luber tegesipun kedah nampi kanthi ikhlas lan asih kahanipun pasangan piyambak piyambak, sinaosa benten wonten ing babagan latar wingking sosial lan keluwarganipun. Kedah tansah saged mong tinemong, njagi lan ngemong kanthi asih.

Kaping kalihipun, inggih punika prekawis kesetaraan gender, tumrap hak lan kuwajiban ingkang sami antawisipun priya lan wanita, lan kawenangan priyantun putri wonten ing sak lebeting keluarga lan masyarakat, Sampun mboten jamanipun malih asesanti kangge wanita namung "swargo nunut neraka katut".

Tokoh pawestri sak lebeting buku punika inggih Rosalina Wulandari saking generasi enem lan Ibu RR Ambarwati.

Kaping tiganipun, supados generasi enem saged wangsul malih nyinaoni basa Jawi lan panuntun sarta nilai nilai moral Jawi klasik.

Kepareng kawula nyaosi rekomendasi katur pamaos supados saged maos ngantos rampung lan tuntas. Lan nyaranakaken para sedherek lan kanca-kanca sanes sageda maos buku punika. Sugeng maos.

Jakarta, 28 Agustus 2021

**Bagas Hapsoro**

(Mantan Dubes RI wonten Nagari Swedia lan Republik Lebanon)

-----  
*Buku ini bersifat multi guna. Banyak pesan yang disampaikan sebagai "jembatan" komunikasi, yaitu pentingnya nasionalisme, hubungan masyarakat lintas negara, kesetaraan hak kaum perempuan, dan peranan milenia.*

*Di dalam buku ini dijelaskan tentang geopolitik dan diplomasi. Cerita dengan semangat besar nasionalisme. Mengapa hal itu penting? Begitu banyak sejarah Jawa dan Nusantara yang belum dipahami oleh generasi muda. Banyak yang menganggap bahwa sejarah Nusantara baru dimulai setelah kekuatan Eropa datang dan mengambil alih kedaulatan. Padahal jauh sebelum itu sejarah Nusantara itu sudah ada dan berkembang.*

*Figur seorang pakdhe Naryo benar-benar memiliki rasa nasionalisme yang tumbuh dalam hidupnya. Anak muda yang ditokohkan Pram juga mengetahui bahwa pada masa revolusi pakdhe Naryo, pernah bergabung dengan Tentara Pelajar Detasemen Brigade III 17, ikut serta dalam perjuangan bersenjata*

*di daerah Yogyakarta. Ia pernah bertugas di front Banaran Ambarawa pada masa perang kemerdekaan, bersama dengan Pak Hartadi yang masih bertugas di Kementerian Luar Negeri.*

*Kalau kita kaji sekarang ini tanpa disadari kita sebenarnya berkomunikasi dalam lingkup yang sudah go-global. Contohnya berkomunikasi melalui Facebook [FB] dan Instagram (IG). Langsung dan sangat terus-menerus (instant dan intensif). Media tersebut selain untuk hiburan dalam mengisi waktu, juga menyampaikan pesan bahwa kita ini bisa melakukan komunikasi Tanpa nasionalisme yang kuat kita akan menjadi pihak yang lemah dalam berhubungan dengan pihak asing.*

*Hal lain yang perlu diketahui oleh pembaca adalah pesan yang mendalam di buku ini. Pertama, kata 'luber'. Luber berarti menerima dengan ikhlas dan penuh kasih perbedaan masing-masing pasangan meski latar belakang keluarga dan sosialnya berbeda. Harus bisa menjalankan prinsip Mong tinemong, saling menjaga dengan rasa asih dan asuh.*

*Kedua, mengenai kesamaan gender yakni kesamaan hak dan kewajiban antara pria dan wanita, serta apa peran wanita dalam keluarga dan masyarakat. Tidak lagi menuruti peribahasa bagi wanita "swargo nunut neraka katut". Dua tokoh wanita dalam novel ini yakni Rosalina Wulandari dari generasi muda dan Ibu Rr. Ambarwati.*

*Ketiga, generasi muda agar kembali mempelajari bahasa Jawa dan nilai-nilai moral Jawa Klasik.*

*Saya sangat merekomendasi pembaca untuk membaca sampai tuntas dan menyarankan para kerabat dan teman-teman juga membaca. Selamat membaca.*



# Atur Pambuka

**K**agem para sutresna crita sinambung basa Jawa sing minulya. Keparenga penulis asung atur pambuka kanggo buku Lubering Katresnan.

Urip paribasan kaya mlaku adoh. Sakjroning laku mau kita ketemu kanca. Padha asung salam lan donga dinonga, banjur sowang sowang pisah maneh amarga kudu neruske lakune dhewe dhewe. Ing antarane priya lan wanita, sing arah lan tujuane urip padha, sarujuk mlaku bebarengan tumuju pungkasaning laku. Pramana Enggar Kusuma lan Rosalina Wulandari, tanpa sengaja ketemu sepisanan ana bis malam. Wawan rembug sedhela rumangsa padha cocoke, senajan beda riwayat urip sakdurunge, ananging mantep mlaku bebarengan sak lawase. Lubering katresnan kang tulus kebak rasa asih, nampa apa anane pasangan kanggo urip bebrayan sak lawase.

Pangriptane buku iki kaangkah supaya bisa melu memetri lan nglestarekake basa Jawa, ing antarane para mudha. Muga muga crita sing kagambarake ana buku iki bisa dimangerteni lan dadi kaca benggala kagem para sutresna kaum mudha. Sing kaandharake ana buku iki mung awujud crita rinonce, dudu kanyatan. Nyoba nyebarake piwulang lan panuntun moral Jawa klasik. Katresnan kang rinonce kanthi tulus mong tinemong sak lawase urip. Wanita ora mung kudu nrima kayadene swarga nunut

neraka katut, nanging uga duwe jejibahan mulya melu dadi pandheganing keluarga lan masyarakat.

Asung panuwun ingkang tanpa upami dhumateng panjenenganipun ingkang kinurmatan, Bapak Bagas Hapsoro, mantan Dhuta Besar wonten ing nagari Swedhia kaliyan Republik Lebanon, dene kanthi danganing penggalih kersa paring pambagyo rahayu wonten buku punika.

Atur panuwun kagem Dr. Bambang Sardjono, Jakarta, dhimas Novo Indarto, lan Leonardo Ivan Mahardhika sing tansah nyengkuyung upaya penerbitan buku iki. Mangga diwaos muga muga ana paedahe. Rahayu kinasih.

Yogyakarta, 28 Agustus 2021.

**Ki Budiono Santoso Setradjaja, Dr. Ph.D, Sp.FK.**

# Daftar Isi

- 1 **Bab 1** Kenalan Ana Bis Malam
- 10 **Bab 2** Nandang Wuyung
- 20 **Bab 3** Crita wis Kepungkur
- 29 **Bab 4** Pepenginan Nggayuh Lintang
- 41 **Bab 5** Mendhung Angendanu
- 50 **Bab 6** Mangu-mangu
- 62 **Bab 7** Lerem Dhisik
- 74 **Bab 8** Bandhung Kobar
- 88 **Bab 9** Surat Saka Rosa
- 98 **Bab 10** Boutique
- 108 **Bab 11** Pepadhang ing Dalan Rumpil
- 116 **Bab 12** Kebukak
- 127 **Bab 13** Blaka Suta
- 142 **Bab 14** Pendhadharan
- 152 **Bab 15** Persiapan Bukaian Butik
- 165 **Bab 16** Menyang Jakarta liwat Bandhung
- 177 **Bab 17** Crita saka Bedhono
- 192 **Bab 18** Sesambungan Pedhot

203	<b>Bab 19</b>	Ketemu Mantan Sisihan
213	<b>Bab 20</b>	Mantep Urip Bareng
225	<b>Bab 21</b>	Bukaan Butik
242	<b>Bab 22</b>	Ujian Pegawai
257	<b>Bab 23</b>	Kalabendhu
272	<b>Bab 24</b>	Tita Lara Dhemam Berdarah
282	<b>Bab 25</b>	Nunggoni Tita
292	<b>Bab 26</b>	Mantep Urip Bareng
303	<b>Bab 27</b>	Dalane Wis Padhang
315	<b>Bab 28</b>	Miwiti Lakuning Karier
333	<b>Bab 29</b>	Gapuraning Ratu
352	<b>Bab 30</b>	Tukar Cincin Nyawijining Katresnan
365	<b>Bab 31</b>	Miwiti Karier
381	<b>Bab 32</b>	Kekancan Dadi Katresnan
399	<b>Bab 33</b>	Manteb Kekancan lan Urip Bebarengan
417	<b>Bab 34</b>	Kekancan Dadi Bebrayan
430	<b>Bab 35</b>	Lubering Katresnan Jati



# Kenalan Ana ing Bis Malam

**N**yedhaki pungkasane tahun 1970. Pram, jeneng lengkape Raden Mas Pramana Enggar Kusuma, lelungan menyang Bandhung saka Yogja, numpak bis malam. Arep sowan pakdhene, pakdhe Naryo, sing daleme ana Bandhung. Raden Mas Sunaryo Djojokusumo, pensiunan dhiplomat, nate dadi dhuta besar ing Budhapest, Hongaria sak wetara tahun. Wis bola-bali Pram didhawuhi teka nang Budapest. Negarane maju, akeh sing isa disinaoni. Nanging deweke durung wani lunga nang mancanegara. Rumangsane lunga nang Budapest, kaya-kaya nyabrang donya. Ora isa mbayangke adohe. Mung isa mbayangke seka poto-poto kirimane pakdhe Naryo. Ngoni wae wis rumangsa seneng.

Bareng arep rampung anggane kuliah, lagi rumangsa ragu, kok durung ana bayangan arep nang ngendi kariere, lagi metu krenteg nemoni pakdhene. Sayang pakdhe Naryo wis pensiun. Rama ibune Pram, Raden Mas Rianto Djojokusumo lan Raden

Ayu Ambarwati uga ndawuhi supaya sowan pakdhene ben entuk wawasan tumrap karier sing bakal dipilih mengkone. Pramana kuliah ana Jurusan Hubungan Internasional, Fakultas Sosial Politik. Semono uga pakdhe Naryo, lulusan Jurusan Internasional Faculteit Sosial Politik, Universitas Gadjah Mada, tahun sewidakan.

Bis malam sing ditumpaki, bis Bandhung Express, kabotan lakune nalika pas munggah dhaerah kebun kopi Bedhono. Mesine nywara nggereng ngetokke gas kemebul, ambune bensin marahi mumet. Pram unjal ambegan. Ndeleng njaba liwat jendela, mung peteng ndhedet lelimengan ora ana sing katon. Mung nang jejere, mepet jendhela tibake ana penumpang wanodya lagi ngantuk sendhen jendela. Weruh sak tleraman nalika ana sorot lampu mobil pas pethukan. Wanita mau praupane katon ayu, rambute dawa ngandhan-andhan tekan ngisor pundhak. Pramana ora nggraita babarblas menawa wis barengan wanita sulistya mau wiwit saka Yogya. Dheweke wiwit nyapa aruh kanthi trapsila.

*“Nuwun sewu Jeng, apa sliramu mau munggah seka Magelang ? Rumangsaku kok aku dhewe ta nang barisan iki rikala budhal saka Yogja”.*

*“Aku munggah seka Yogya. Panjenengan sing ngalamun, anteng banget wiwit mau”.* Wanita iku mangsuli kanthi grapyak, eseme renyah gawe sir-siran nang ati.

*‘Oo ya nuwun sewu, aku ora sadhar babar blas. Aku Pram, Pramana, arep nang Bandung. Sliramu arep nang endi?’*”

*" Aku mung arep nang Pekalongan. Omahku Pekalongan. Nang Yogja mung kala-kala, urusan dagang. Mungkin sesasi apa karo tengah sasi sepisan. Aku ndisik ya kuliah nang Yogja, Jurusan Ekonomi, ning kepeksa mandheg, ngurusi gaweyan'.*

*"Asmane sliramu sapa jeng?"*

*" Aku Rosa, Rosalina Wulandari".*

*"Aku ngaturi apa penake, dhik apa jeng?"*

*"Undangen Rosa wae cukup. Malah akrab. Kanca-kanca ngundang aku Rosa".*

*"Seneng isa kenalan karo njenengan Rosa."*

*"Iya isa ngobrol, tinimbang ngantuk dhewekan. Aku ya ora isa turu, ning kan tujuanku cedhak, mung tekan Pekalongan".*

Pram karo Rosa ngobrol kanthi gayeng nganti bis tekan Semarang. Mandheg sedhela ana agen kanggo ngunggahke penumpang. Ana sakwetara penumpang munggah saka Semarang. Pram karo Rosa medhun sedhela pesen kopi kareben ora ngantuk. Pram lagi isa ngematke praupane Rosa. Ayu temenan wanita iki. Kulite putih alus, rambute ngandhan-ngandhan, sok ngawe-awe nek keterak angin. Grapyak semanak ora ana kesan sombong babar pisan. Beja isa entuk jejeran wanita sing ayune kaya widadari, senjata mung tekan Pekalongan.

Pramana klebu aktivis mahasiswa ana Yogja. Dedeg piyadege gagah gedhe dhuwur, rupane bagus, dharah ningrate isih katon cetha nang sikap lan solah bawane. Kondhang ing kalangan mahasiswa utamane mahasiswi, ewasemana dheweke durung ketarik pacaran. Durung tau duwe sesambungan karo wanita sing istimewa. Nanging bareng ketemu Rosalina Wulandari sepisan iki, senjata lagi sedhela

kok atine dadi ora jenak. Goreh, pengin takon warna-warna. Ora suwe bis wis budhal maneh. Angin semribit rikala jendhela kebukak sithik. Kordene kesapu angin, sok-sok nampek nutupi raine Rosa. Kaya dolanan jethungan wae rasane, praupan ayu selang-seling bukak-tutup, ketutup korden. Kaya-kaya kok angine nggodha ngajak jethungan. Pram banjur nutup jendhela nganti rapet ben ora keganggu angin saka njaba.

*"Sliramu ora sumuk ta Jeng ? Jendhelane ben tak tutup wae. Ben cetha le ngobrol, ora keganggu swara angin".*

*"Ora kok mas, ditutup wae mundhak nggriseni. Aku rong jam engkas wis tekan Pekalongan. Njenengan nang Yogja, ngasta apa ?"*

*"Aku isih kuliah nembe arep ujian akhir. Iki arep sowan pakdhe ku nang Bandung".*

*"Aku ndhisik ya urip nang Yogja. Mondhok nang kampung Beji, ana jalan Gadjah Mada saka bioskop Permata ngalor sithik".*

*"Lha kok ora diteruske kuliahe ana apa Jeng?"*

*"Papiku lara, ora ana sing ngurusi perusahaan bathik nang Pekalongan. Kepeksa aku mulih, ngurusi perusahaan. Isih kerep nang Yogja, merga bathike dipasarke nang dhaerah Yogja karo Solo".*

*"Oo ngono ta. Muga-muga tansah lancar ya Jeng. Kok ora bukak toko sisan nang Yogja ta ?".*

*"Pengine sih ngono mas, pengin buka outlet ing kutha-kutha nang Jawa. Wis ana rencana, lagi ngumpulke modhal wae".*

*"Bathik warisan budaya sing umure wis atusan utawa ewonan tahun. Budaya klasik Jawa, jeng. Muga muga tambah maju usahamu".*

*"Tahun-tahun pungkasan iki akeh turis mlebu nang Indonesia. Kebutuhan bathik saya akeh tinimbang tahun tahun sing wis kepungkur".*



*Bam (20  
2021*

Rosa karo Pramana le ngobrol saya gayeng. Sedhela-sedhela sinambi guyon sembranan.

*"Mbok ora sah mudhun Pekalongan, terus wae nang Bandhung Jeng".*

*"Pengine ya ngono, nek barengan sliramu. Ning le pamitan piye, keluwargaku dha nggoleki mengko. Kapan-kapan wae ketemu maneh mas. Seneng kenalan, entuk kanca panjenengan".*

*"Aku diparingi alamate ya. Tak dolani nek wis ana wektu sela".*

Bis lakune anteng, ngliwati dalan ing antarane sawah-sawah sakwise kutha Kendhal. Nyenyet swasanane nang njero bis. Ora sengaja tangane Pramana nyenggol pangkone Rosa. Tangane Rosa semeleh ana pangkon. Embuh piye larah-larahe, tangane wong loro iku sakbanjure ora mung senggol senggolan, ning malah padha dene nggegem. Pramana ngrasakke ana rasa aneh sing durung nate dialami. Atine sir siran, dheg-dhegan nggegem tangane Rosa. Semana uga Rosa, dheweke ora suwala, pasrah tangane diremet-remet Pramana. Malah suwe-suwe sirahe Rosa, sumendhe ana bahuné Pramana.

Pramana tansah nata anggone lungguh, unjal ambegan dawa. Tangane tengen ngrangkul bangkekane Rosa. Rosa mung sambat lirih ora suwala. Wong loro rasane kaya mabur nang awang-awang. Meneng ora nywara. Mung atine sing padha dene nggoleki, sapa ta iki sak benere. Rosa keturon layap-layap. Dene Pramana pikirane nglambrang tekan ngendi-endi. Ora sadhar kedadeyan apa sing lagi dialami. Kaya wong ngimpi. Impen sing marahi ati seneng, tentrem lan ngambra-

ambra. Sakwise liwat kutha Weleri bis mandheg nang rumah makan. Menehi kesempatan penumpang istirahat, nek ana sing kudu nang mburi. Uga kesempatan makan malam. Pramana medhun bareng karo Rosa. Lungguh nang pojokan sing ora patiya rame.

*“ Rosa panjenengan arep pesen apa? Aku pesen jeruk panas karo nasi rawon wae.”*

*“ Pesen padha njenengan wae mas Pam. Aku ya seneng rawon. Mulai populer saiki, masakan Jawa Timur iki”.*

*“ Aku nyuwun ngapura nek tingkah solahku mau ora dadi atimu Jeng”.*

*“ Ora ana sing gawe gela. Kabeh wis kedadeyan. Proses alamiyah mas. Aku ya seneng lan pasrah, wong ora bakal kapusan”.*

*“ Kok ra kapusan piye ta Jeng?”*

*“Piye le arep ngapusi wong aku sedhela maneh wis tekan. Awake dhewe kudu pisahan”.*

*“ Iya saiki pancen kudu sowang-sowang neruske laku. Ning aja njur pisahan”.*

*“ Iya mas, muga-muga sesambungan antarane awake dhewe ora mung mandheg sak mene. Isa ketemu maneh ing ngarep ya ?”.*

*“ Aku diparingi alamat. Alamat Pekalongan karo alamat nek lagi nang Yogya. Aku ya tak nulis alamatku”.*

*“ Aku mung pengin ngerti apa tegese kedadeyan mau mas. Ngapa kok njenengan ngrangkul aku ?”*

*“ Awake dhewe ditemokke lan ditepungke dening Sing Gawe Urip liwat alam. Angin sing semribit mau sing marahi aku ngrangkul njenengan. Mula aja digawe dolanan”.*

*“ Iya mas, aja menggalih nek aku wong murahan ya. Aku durung nate ngalami. Mbesuk ketemu maneh ya”.*

*“ Awake dhewe mung sak derma nglakoni. Menungsa mung bisa manut ilining banyu. Di tut wae anggere ora nganti keli”.*

*“ Mengko aku medhun nang terminal Pekalongan. Sowang-sowang mas. Mbesuk ketemu maneh. Ana pepenginan, ana pangarep-arep, seka awake dhewe wong loro”.*

Bis neruske laku seka Weleri, munggah ngliwati alas Roban. Wong loro padha menenge. Ora isa ngobrol bebas nang njero mobil. Mung atine karo tangane sing sesambungan. Rosa saya raket sumendhe nang baune Pramana. Tangane nggegem kenceng tangane Pram. Muga-muga sesambungan iki isa mlaku sakteruse. Aja nganti gawe gela apa digawe gela. Ora isa mesthekke kaya apa tembe mburine, wong nembe wae kenalan. Mung rasane nang ati kaya-kaya wis cedhak mataun taun. Tekan terminal Pekalongan, Pramana ora isa ngeterke Rosa medhun. Dheweke mung ngrangkul kenceng Rosa. Ketemu maneh ya Jeng. Atine trenyuh, muga-muga isa ketemu lan tetep sesambungan. Sesambungan endah antarane priya lan wanita kebak rasa tresna asih, kurmat-kinurmat, mong tinemong.





Bab 2

# Nandhang Wuyung

**P**ramana neruske laku numpak bis Bandhung Express menyang Bandhung. Ora isa turu babar pisan. Pikirane ora isa uwal seka bayangane Rosa, wanita sing lagi wae tepung. Mung ngobrol sedhela nang rumah makan ing kutha Weleri. Ning kok wis ninggal kesan sing nandhes banget nang atine. Grapyak semanak, gandhes luwes merak ati. Nek caturan eseme ora tau lali, sinungging ana ing lambe kang endah. Endah alami tanpa gincu tanpa wedhak. Ngelingi tindak-tanduke Rosa, pikirane nglambrang nrabas awang-awang. Dongane, muga-muga isa ketemu maneh. Ora mung kenalan sak gebyaran. Pengin sawung luwih raket luwih cedhak, karo sing jenenge Rosalina Wulandari.

Nganti meh rampung kuliah, Pram durung tau duwe sesambungan tresna karo wanita. Kabeh mung kanca biasa, sawung biasa. Luwih akeh ngunder ana kegiatan mahasiswa ana kampus. Ora ana kanca wanita sing mlebu atine babar blas. Duwe kanca putri nang Yogja sing rada raket ya mung Reni. Reni Widowati, mahasiswi kedhokteran sing kampuse

nang kompleks Ngasem. Keluwargane Reni karo keluwargane Pram, sawung raket. Ibune Pram, karo ibune Reni kekancan apik, merga padha-padha dadi pengurus organisasi wanita ing Ngayogyakarta.

Senajan kerep ketemu Reni, Pram ora duwe rasa tresna kaya lumrahe priya lan wanita. Kekancan platoonik biasa. Mung sok sok ketemu lan ngobrol. Ora ana sesambungan sing sipate istimewa. Reni uga ora kurang samubarange, ya rupa, ya dedeg lan kalantipan. Bocahe luwes, semanak lan raket karo Pram. Ayu tur pinter wiwit seka sekolah dhasar nganti nang pawiyatan luhur. Mung Reni ora aktif nang donyane mahasiswa. Wektune mligi kanggo sinau. Dheweke nyoba mbayangke Reni, ben isa uwal seka bayangane Rosa, sing gawe atine goreng lan lewung. Lagi ketemu sepisan, kenalan sedhela kok banjur nancang pikir terus. Tansah ketok ketoken Rosa. Embuh ngapa. Pepenginane mung siji, pengin ketemu maneh karo Rosa, neruske crita sing durung rampung. Nglambrang, ngalamun tanpa kendhat mbayangke kanca anyar, Rosalina Wulandari.

*“ Aku ya tau kuliah nang Yogja mas. Mung ora isa terus merga kudu ngurus usahane wong tuwaku”.*

*“ Lho koq nganti kudu mandheg le kuliah, apa ora ana sing ngurusi?”*

*“ Papiku dadakan kena penyakit stroke. Gejala stroke ringan, ning banjur ora isa konsentrasi lan mikir abot. Ibuku ora pengalaman ngurusi usaha, ngurusi pegawai akeh. Perusahaan konveksi lan bathik, jane ora gedhe, pegawai ne kira kira ana wong seket. Tau mercayakke karo wong, malah diapusi. Untung cepet konangan, dadi ora bangkrut. Upama ora konangan mesthi bangkrute”.*

*“ Apa Rosa ora ana sedulur liyane sing isa ngurusi ? Kok nganti kudu mandheg le kuliah”.*

*“ Aku putri mbarep. Adikku jenenge Iwan, isa mbantu sithik-sithik, ning kan ya terbatas. Mula aku cancut taliwanda, mutuske mandheg dhisik le kuliah, ngurusi usaha mbantu ibuku. Mbesuk nek ana kesempatan isa diteruske maneh”.*

*“Aku salut karo perjuangan njenengan, Rosa”.*

*“ Urip pancen perjuangan. Sing sapa isa mrantasi pepalang karana perjuangan, bakal methik wohing panguripan. Katentreman lan karaharjan sak lawase”.*

Pram saya kesengsem kelingan critane Rosa. Kebak perjuangan, ora gelem pasrah nang lakuning nasib. Ciri ciri wanita Nuswantara jaman klasik, ora tau gelem menyerah. Aktif berjuang dinggo kepentingan keluarga, putra putri lan nusa bangsa, miturut dalane dhewe dhewe. Nang crita sejarah klasik Jawa lan Nuswantara, akeh tinemu tokoh tokoh wanita, sing melu ngurusi pamarentahan lan kebijakan publik, senajan mung seka mburi layar.

*“ Ngurusi gaweyan purna wektu saben dina seka esuk nganti sore, apa ora ngganggu pakulinanmu Jeng ? Bocah enom biasane kan isih seneng urip hura hura ? Pram takon sak kecekele.*

*“Pas sepisanan rada krasa mas, ning bubar kuwi ya dadi pakulinan, biasa wae. Karo maneh, aku isih isa menikmati hobiku, musik klasik. Wayah wengi kan isih akeh wektu dinggo nikmati klangenon musik kaya ngono. Aku uga seneng maca crita novel”.*

*“ Bener banget dhik. Kaya ngapa sibuke, nek isih ana kesempatan nggo menikmati hobi, tetep isa kanggo hiburan”.*

Pram rumangsa seneng dene isa luwih ngerti uripe Rosa pribadhi. Saya gawe gumun lan rasa kepranan marang Rosa. Rengeng rengeng nang jroning ati bebarengan karo Rosa. Nggegem tangane Rosa, tuntunan mlaku bareng sak dawaning dalan, nyipati swasana alam sing endah. Bareng ketemu Rosa, kegugah semangate Pramana. Dheweke wektu wektu iki lagi bingung lan cilik atine mikir masa dhepan, mikir karier. Ketemu Rosa ora sengaja kok kaya kaya digugah maneh semangate.

Ana swara rame nang njaba. Pram kaget, buyar anggone ngimpi lan ngalamun ngambra ambra mikir Rosa. Wis tekan Bandhung, nang markase bis Bandhung Express, ing tengah kutha. Wis parak esuk, sunar srengenge wis katon semburat abang ana sisih wetan. Nggenteni sedhela ben padhang dhisik lagi arep mara nang daleme pakdhene. Kira kira jam setengah pitu, dheweke numpak taksi nuju daleme pakdhene, nang dhaerah Dhago Atas. Pakdhe Naryo lagi ngunjuk kopi nang ngarepan karo garwane budhe Sunarti, nalika Pram teka. Pirsane nek prunane sing teka, pakdhe Naryo gita gita anggone mbagekke. Pram ngaturi salam pakdhe dalah budhene kanthi kurmat. Kaya adat sabene pakdhe Naryo mesthi nganggo campur basa Inggris le ngendika.

*“ Hallo young gentleman. How are you, long time no see ? Numpak apa iki mau, sepur apa bis malam?”*

*“ Mawi bis malam pakdhe, Bandung Express. Ngaturaken sugeng kagem pakdhe lan budhe. Salam taklim saking bapak ibu ing Yogja”.*

*“ Bapak Ibu mu sehat sehat ta Pram? Wis kepara rada suwe ora ketemu. Bapakmu mesthi sibuk karo gaweyane “.*

*“ Pengestunipun pakdhe kaliyan budhe, bapak ibu mboten kirang setunggal menapa”.*

*“ Ana acara apa nang Bandung awakmu. Urusan mahasiswa ?”*

*“ Namung badhe sowan pakdhe kaliyan budhe. Dangu mboten sowan menika”.*

*“ Oo iya seneng banget aku Pram awakmu gelem rene. Isa ngobrol tanek mengko. Sekolahmu piye, wis rampung apa durung ?”*

*“ Sampun bibar skripsi pakdhe. Meh rampung menika, nengga pendhadharan”.*

*“ Melu seneng Pram aku dene kono wis meh lulus. Pikiranku rada kuwatir ndhisik mbok menawa kono kakehan ngurusi kegiyatan mahasiswa, njur nglirwakake sinau. Akeh mahasiswa sing banjur dadi mahasiswa abadhi”.*

*“ Pangestunipun sampun meh rampung menika pakdhe”.*

*“ Nek arep nang kamar dhisik Pram, karo nang kamar mandhi. Kuwi kopimu kok entekke dhisik. Mengko tak enteni sarapan karo pakdhe lan budhe. Kamarmu sing ngarep kana ya, kamare kangmasmu Adi, dheweke ora mulih minggu iki ”. Budhe Sunarti nyela.*

*“ Matur nuwun budhe. Dalem dhateng kamar sekedhap”.*

Pram enggal enggal tumuju nang kamar ngarep. Kamar iku kamare mas Adi nek pas mulih nang Bandhung. Mas Adi putrane pakdhe Naryo sing mbarep. Dadi pilot nang sak wijining perusahaan penerbangan nasional. Pakdhe Naryo putrane loro, kakung karo putri. Sing putri jenenge mbak Ita, Ayunita, nyambut gawe nang bank nasional ana Bandhung. Pak dhe Naryo kakang adhi karo bapake Pram, pak Rianto Djojokusumo. Ewa semana solah bawane rada beda. Bapake meneng, ora seneng rame rame. Dene pakdhe Naryo piyayine grapyak semanak, karo sapa wae isa sesambungan, terbuka, seneng crita.

Bubar ngresiki rai nang kamar mandhi karo sikat gigi, terus salin pakeyan sing resik, Pram nggabung, pakdhe Naryo karo budhe Sunarti nang meja makan. Ana mbak Ita uga nang meja makan. Wis jam setengah wolu. Pakdhene karo budhene ora leren le ndangu kahanane Pramana. Mbak Ita kadhangkala melu nrambul crita.

*“ Pram, nek wis bar lulus rencanamu arep nyambut gawe nang ngendi ?”*

*“ Dereng wonten gambaran pakdhe. Taksih bingung menika. Bapak ibu ndhawuhi ndaftar wonten Pemdha kemawon”.*

*“ Ndhaftar nang Pemdha, sainganmu sarjana lulusan IPDN. Abot, mereka luwih terlatih ngadhapi sistem birokrasi Kementerian Dhalam Negeri”.*

*“ Ngene wae nyoba nglamar nang Dhepartemen Luar Negeri. Aku ora ngerti syarat syarate, golekana dhewe. Mengko aku tak njaluk tulung kancaku sing isih aktif nang kana”.*

*“ Matur nuwun pakdhe. Ngestokaken dhawuh. Kula taksih ngentosi pendhadharan”.*

*“ Iya ora apa apa, golekana syarat syarate, mengko nek wis kok lengkapi, nek arep nang Jakarta mampira Bandhung, tak gawani surat nang pak Hartadi, sing isih dhines nang Dheplu. Ben diprenahke”.*

*“ Matur nuwun pakdhe, matur nuwun sanget”.*

*“ Ayo enggal maem Pram, mengko diteruske le ngobrol”, budhe Sunarti nrambul.*

*“ Nang Bandhung arep pirang dina dik Pram ? Nek sempat dolan dolan dhisik nang Bandhung. Tak kancani. Wong wis rampung kuliahe, ngapa kesusu balik Yogya?”*

Mbak Ita kebeneran pas prei iki. Isa ngeterke mubeng-mubeng nang Bandhung. Pramana ora bisa njawab kanthi lancar. Pikirane isih bingung, durung seger babar blas. Mungkin merga kurang turu. Bubar sarapan, dheweke enggal pamitan leren nang kamar.

+++++

Rosalina Wulandari, mulih saka Yogya, bali maneh nang gaweyan rutin. Ngurusi perusahaan konveksi lan bathik, nang kampung Pesindhon. Saben dina wiwit dina Senen nganti

Setu, dheweke mesthi nang kantor perusahaane, wiwit esuk nganti sore. Ibune wis ora saben dina menyang kantor. Akeh istirahat nang ngomah karo bapake. Rosa manggon dadi siji karo bapak ibune, pak Setiawan lan bu Setiawan, nang dhaerah Kraton. Adhine Rosa, Iwan ya dadi siji sak omah, melu ngurusi perusahaan konveksine, lagi wae lulus sekolahe nang Akademi Tekstil.

Rosa rumangsa seneng bisa kenalan karo Pramana, rumangsa cocok lan raket. Isih ketok ketoken pas turu semendhe nang bahuné Pram. Pengin sesambungan ning ora duwe alamat lan nomer tilpune. Isane mung ngenteni mbokmenawa Pram tilpun dheweke. Wis diwenehi alamat lan nomer tilpun nang kartu namane. Ning kok ora ana tilpun babar blas.

Isih akeh sing durung dicritakke nang Pram. Selak pengin crita blak blakan lan pengin ngerti piye sikape Pram. Pengin blaka suta nek dheweke statuse wis warandha karo anak siji, umur telung taun, Tita. Pram mesthi ora nggraita pas kenalan kae nek dheweke jane wis dadi randha. Wis rong taun luwih dadi randha.

Crita lawas, kenangan sing ora kepenak kanggone Rosa. Omah omah sepisanan karo Dhedhi, rada cepet cepetan. Bubar nglairke Tita, ditinggal Dhedhi tugas belajar nang mancanegara. Nalika Tita umur nem sasi, nampa surat saka Dhedhi njaluk ngapura, dheweke wis ora isa bali lan urip bebrayan karo Rosa maneh. Umur 22 tahun wis resmi nduwe status randha. Atine kegelan marang priya. Rumangsa dadi korban. Kudu ati ati nek ngadhepi priya. Akeh sing lamis, ninggal glanggang colong playu tanpa tanggung jawab.

Ananging bareng kenalan karo Pram, dheweke duwe pangarep arep anyar kanggo tembe ngarep. Bisane wektu iki ya mung dedonga. Muga muga Pramana gelem ngontak dheweke. Mung ngarep arep esuk sore, tilpun seka Pram. Pramana sing di angen angen, pengin srawung luwih cedhak.



# Crita Wis Kepungkur

**K**aya adat saben, Setu sore yen gaweyan wis rampung, Rosa ngajak mlaku mlaku putri tunggale, Tita, sing lagi umur telung taun. Nanging sore iku dheweke krasa rada ora kepenak awake. Pengin istirahat nang ngomah wae. Banjur lungguhan nang pekarangan mburi, ana taman sing asri dikebaki taneman bouginvila karo kembang sepatu, sing lagi padha ngrembaka kembang. Tita lagi di emong sinambi didulang dening mbak Suni, asisten rumah tanggane. Rampung didulang, weruh ibune lungguhan nang taman, Tita gageyan mlayoni ibune. Ngarasi ibune lan njaluk dipangku. Diwenehi buku gambar nggo ajaran menehi warna. Tita asyik dhewe ngisi warna nang gambar-gambar iku. Bocahe sehat, aktif, ora cengeng.

Meruhi salah tingkahe Tita, atine Rosa kelara-lara kelingan wektu kepungkur nalika dheweke isih bebojoan karo Dhedhi, ya bapake Tita iku. Crita sing wis liwat, wis kepungkur, ning isih ninggal pangeling-eling sing ora enak. Udakara meh limang taun kepungkur, dheweke bubar lulus SMA nang Pekalongan, banjur neruske kuliah nang Yogja. Ketampa nang

Fakultas Ekonomi, kenalan karo Dhedhi pas perploncoan. Dhedhi wis lulus sarjana mudha wektu iku. Nalika ngerti dheweke asale saka Pekalongan, Dhedhi enggal-enggal nlesih nakoni.

*“Padha-padha seka Pekalongan, ora ngerti aku kono dhik ?”*

*“Nuwun sewu raka, aku ora ngerti ra. Kancaku mung sak sekolahan pas SMA, ora tau nang endi endi”.*

*“Ning mosok ora ngerti aku. Dhedhi Sumaryono, bathik Ceplok Wiradesa”.*

*“Njih bathik Ceplok aku ngerti, perusahaan bathik gedhe nang Pekalongan”.*

*“Ya muga muga lancar le plonco ya dhik. Kapan kapan mengko ketemu nek wis bubar plonco”.*

*“Injih raka, ngestokake dhawuh”.*

Kelingan nalika tepungan sepisanan karo Dhedhi. Mung omong omong sedhela, ning terusane dawa. Bubar perploncoan Dhedhi asring dolan nang pondhokane Rosa ing kampung Purwanggan, sak wetan keraton Paku Alaman. Kanca kanca sak pondhokan asring mrina, ngerti Rosa duwe kenalan raket karo senior sing wis sarjana mudha, sing uga dadi asisten nang salah sijine jurusan. Rosa dhewe jan jane ora patiya nggraita yen dicedhaki karo asisten Dhedhi. Nanging saya suwe sawunge karo Dhedhi sangsaya raket. Pancen cedhak, ning dheweke ora yakin nek tresna karo Dhedhi.

Ora ngerti lah. Mung rumangsa nyaman cedhak karo Dhedhi. Kerep barengan mulih nang Pekalongan, sok numpak bis, kala-kala numpak mobile Dhedhi. Bapak ibune kerep ngelingke, anggone srawung karo Dhedhi kudu ati-ati, mundhak kegelan. Ananging rikala semana, anane mung seneng, dolan bareng, nonton bareng, melu klub ballroom seminggu sepisan. Malem minggu sok kumpul-kumpul karo kanca-kancane. Rumangsa seneng kanggo hiburan, ing sela selaning wektu kuliah sing terus oyak-oyakan esuk sore.



Kedadeyan sing ora isa dilalekke dening Rosa. Ora direncanakke babar pisan, nanging akibate ngowahi lakuning urip sak teruse. Dina Setu sore dheweke metu karo Dhedhi rikala semana. Hawane adhem, mendhung wiwit esuk. Ana acara ulang tahun nang penggonane kancane Dhedhi. Rosa diajak teka, pestane regeng, akeh kanca sing Rosa durung tepung. Tamune akehe pasangan sing pacaran. Tamu sing isih legan ya ana sakwetara ning padha nggrombol dhewe. Swara musik gemrenggeng, ganti ganti sok irama lembut, sok irama keras. Rosa karo Dhedhi medhun melu dansah miturut musik sing cocok. Suasana ruangan rada rame gemrebeg karena swara musik. Pasangan pasangan padha dansah kanthi anteng. Kabeh menikmati acara kanthi seneng. Saya bengi tansaya regeng lan rame. Ndungkap jam sepuluh Rosa ngelikake Dhedhi menawa wis wayahe mulih, jam sepuluh wis kudu bali nang pondhokan. Regol pondhokan ditutup dening jagabaya jam sepuluh bengi. Ndadak gugah gugah jagabaya nek regol ngarep wis ditutup.

Pas ninggalake panggonan pesta, udan deres banget. Ora bisa terus ngeterke Rosa nang Purwanggan, ananging menggok mampir nang panggonane Dhedhi. Dheweke manggon omah dhewe nang kampung Bacira. Sepi kahanane merga pembantu, mbok ljah lagi mulih nang ndesa. Wong loro lungguhan nang ruang tengah. Rosa jane wis krasa ngantuk banget pengin selak mulih lan istirahat. Nanging udane isih deres. Rosa ditawani istirahat wae ndhisik nang salah sijine kamar, ngenteni ben udane terang. Saking ngantuke, bablas keturon.

Ngerti ngerti wis tengah wengi, krasa ana awak pengkuh sing

ngesuk awake. Rosa kaget banget, amarga Dhedhi wis ngrangkul lan ngarasi dheweke kanthi santer. Pengin brontak lan mbengok, ning ora bisa apa apa. Isih ayub ayuben tangi turu, durung pulih kesadharane, ora isa suwala, mung manut apa sing ditindakke Dhedhe. Dilakoni wong loro, dirasakke wong loro. Kok ana rasa nyaman, rasa seneng, lan kepenak. Rasane kaya mabur nang awang awang. Napase krenggosan wong loro. Bareng wis rampung mandheg, dheweke lagi sadhar, lagi ngerti apa kedadeyan sing lagi di lakoni karo Dhedhi. Isane mung nangis mingsek mingsek. Gela banget rasane. Dhedhi ngerih erih. Wis kebacut, ora perlu digelani lan ditangisi. Dilakoni bareng, ditanggung bareng, ujure Dhedhi. Wis kebacut, arep piye maneh, ora isa bali maneh.

Rosa njaluk enggal diterke mulih nang pondhokan. Ana rasa perih nang perangan awake, uga ana rasa perih lan sedhih nang njero atine. Ning kabeh wis kebacut, kudu diadhepi kanthi tabah. Mung kleru langkah sethithik nanging akibate lan gelane, ora ana enteke. Dina dina sak banjure, prastawa kuwi isih bali kedadeyan maneh. Ora bisa nolak, ora bisa nahan, senjata bubar iku kerep ana ana rasa gela. Wis lah pokoke dilakoni wae, melu proses sing alami wae. Digelani ya ora ana gunane. Arep ngendhani ya ora isa. Dilakoni wae kanthi sabar, malah kala kala ana rasa seneng nang ati. Manut ilining banyu, embuh mengko tekan ngendi, urusan keru.

Nganti sakwijining sore, dheweke diterke Dhedhi priksa dokter kandhungan nang klinik jalan Gejayan. Dhokter menehi weruh nek Rosa ngandheg 2 wulan. Nyoba nerangke nang dhoktere, nek padha padha durung siap nglakoni bebrayan, merga isih kuliah. Dhoktere malah ngandhani akeh

akeh, terus arep ngapa? Digugurke kandhungane ? Ora mungkin, dosa iku. Ujare dhoktere, ndhisik ya kawin mudha, isih padha padha tingkat loro, kuliah nang kedhokteran ya isa nglakoni kawin. Dudu masalah abot, mbokmenawa mung perlu ngatur wektu maneh rencana studine. Sing putri kudu mandheg dhisik le kuliah, mengko isa diteruske maneh ing tembe mburi nek bocah sing dikandhut wis rada gedhe.

Rosa kelingan, kaya ngapa abote nalika kudu menehi weruh ibune. Kecelakaan alias ngandheg. Ibune kaget kaya disamber mbledhek nalika krungu kandhane Rosa menawa wis ngandheg. Ora nyana babar pisan. Nangis ngguguk, rumangsa gagal anggone ndhidhik putri tunggale. Nalika krungu prastawa iku, pak Setiawan bapake Rosa, banjur kumat dadakan gerahe, tekanan darah tinggi karo jantung. Rosa didhawuhi, supaya cepet cepet ngandhani Dhedhi ben nemoni bapak ibune Rosa. Ora suwe Dhedhi karo wong tuwane sakloron, banjur ketemu karo bapak ibune Rosa. Sepakat kanthi sedhik nek putrane loro kuwi kudu enggal dinikahke. Acara pernikahan dianakke kanthi climen lan sidhem, mung ngundang sedulur cedhak. Pak Setiawan bubar kedadeyan iku banjur kerep gerah, kerep ambruk, ora isa konsentrasi ngurus perusahaan. Mula sebagian banjur dibantu dening Iwan, adhine Rosa, karo bu Setiawan. Perusahaan bathik lan konveksi terus jalan senjata ora kaya wingi-wingi.

Rosa bubar nikahan banjur ngajokke idin istirahat seka anggone kuliah. Dheweke trima nang ngomah mbantu mbantu ibune. Udakara pitung sasi sak wise nikah, bayine lahir putri dijenengi Tita Karlina. Rosa isih dadi siji sak omah karo bapak ibune. Dhedhi neruske anggone kuliah nang Yogya. Kala kala

nek pas liburan mulih nang Pekalongan niliki Rosa. Ananging saya suwe saya arang arang olehe niliki Rosa karo anake. Nalika Tita umur telung sasi, Dhedhi pamitan nek arep neruske le sekolah nang luar negeri. Pak Setiawan karo bu Setiawan ngarep-arep pengen ketemu karo Dhedhi sak durunge budhal nang luar negeri. Semono uga Rosa, ngantuantu banget tekane Dhedhi, amarga bakal suwe lunga nang luar negeri. Mbokmenawa nganti limang taunan dinggo ngrampungke gelar dhoktore nang Amerika.

Gelane ora isa ditutupi rikala nampa surat seka Dhedhi ngabarke menawa dheweke wis tekan nang Amerika sakwetara minggu. Njaluk ngapura nek ora isa niliki Rosa karo anake Tita sak durunge budhal merga repot banget ngurus dhokumen karo visa dinggo nang Amerika. Semono uga pak Setiawan lan bu Setiawan, ora isa nutupi rasa kuciwane, ngapa kok Dhedhi ora niliki bojone karo anake sak durunge budhal nang luar negeri. Sak repot repote mosok ora bisa nemoni anak bojone, pamitan apik apik, merga arep pisahan suwe.

Sakwetara sasi sakwise Dhedhi budhal nang Amerika, Rosa nampa surat seka Dhedhi, sing wose dheweke njaluk ngapura nek ora isa urib bareng maneh karo Rosa. Malah dheweke pasrah wis ora bisa bali maneh urip bareng le bebrayan. Rosa wis nggraita skenario paling abot tumrap urip bebrayane karo Dhedhi. Pancen ora sengaja, ora terencana kanthi apik wiwit sepisanan. Lha jenenge wae ya kecelakaan arep piye maneh. Mung Rosa pepenginane mantep, sepisan nggulawentah anake si Tita ben tembe mburine uripe apik. Kaping pindho, dheweke pengen bali neruske anggone kuliah, embuh piye carane mengko. Pengin mbuktekake nek dheweke isih isa tangi lan berjuang maneh nggo uripe ing mbesuke. Bareng luwih

setaun sakwise ditinggal tanpa ana warta saka Dhedhi, Rosa ngajokke rapak, banjur resmi nyandhang status randha.

Kenal karo Pram prasasat kaya dielingke menawa dheweke kudu ngati ati. Kudu berjuang maneh seka prastawa ora enak sing tau dialami nalika kuliah nang Yogja. Saben dina ngantu antu tilpune Pram. Ning kok ora tau ana. Dheweke rumangsa yakin nek Pram dudu pawakane wong julig sing seneng ngapusi. Dheweke rumangsa cocok lan nyaman nang sisihe Pram, senajan lagi kenalan mung sedhela. Ana rasa kangen sing jero nang atine. Pengin banget rasane ketemu Pram, lan nyritakke kahanane kanthi terus terang. Pasrah apa Pram bisa nampa apa ora. Sing penting blaka suta dhisik.





## . Pepenginan Nggayuh Lintang

**N**ganti wayah awan, Pram lagi tangi. Bubar adus dheweke metu nang ruang tengah. Pakdhe karo Budhe Naryo lagi lenggahan nang ruang tengah. Pramana enggal enggal ngaturi salam kagem pakdhe karo budhene.

*“ Makan siang sisan Pram. Aku karo budhe mu nembe wae rampung iki”.*

*“ Matur nuwun pakdhe, taksih tuwuk menika. Mangke kemawon”.*

*“ Leh mu turu angler banget, ora tegel arep nggugah budhe. Piye rencanamu bubar lulus ? Iki mumpung karo pakdhemu kan isa menehi gambaran prekara bidhang ilmumu, hubungan internasional lan dhiplomasi”.*

*“ Injih budhe, panci kula sowan mriki njih mboten tebih saking prekawis menika”.*

*“ Nek nyambut gawe pas karo bidhang ilmune, tur nyenengi bidhang tugase, iki isa nambah semangat lan motivasi Pram”.*

*“ Kasinggihan budhe, menika ingkang kula gadhang gadhang. Benjang enjang badhe wangsul Yogja rumiyin. Mangke dalem nyuwun dhawuh saking budhe kaliyan pakdhe”*

Budhe Sunarti nek ngendikan pancen blak blakan, ceplas ceplos, ning mesthi mapan. Kawruh lan pengalamane akeh banget merga terus ndhampingi garwane, ngayahi tugas minangka dhiplomat nang endi endi, sing pungkasan nang Budhapest, Hongaria. Bayangane Pram, dheweke pengin duwe pendhamping urip sing kaya ibune lan kaya budhene. Ndhampingi garwa, ning tetep aktif nang bidhange dhewe, ora mung ngunder nang ngomah wae. Budhe Sunarti maune wartawan, isih aktif anggone nulis nganti saiki. Penulis bebas. Semono uga ibune, Raden Ajeng Ambarwati, senajan putri ningrat ning tansah aktif ana ing organisasi wanita.

Awan iku dheweke nyawang langit ing sisih kidul seka jendhela kamare. Langite resik, warna biru, kesaput sorot srengenge awan kang endah. Ana mega kaya kapas tipis ing tengah tengahe langit. Mega sing kerep diarani kumululus, pratandha saka alam yen bakal dadi udan gawe gemah ripahing bhumi. Ning suwening suwe menawa saya kandel isa dadi mega komulonimbus, sing nggawa prahara. Urip pancen kudu imbang, ora isa kurang, ora isa keluwihen. Ngungun dheweke meruhi kahanan alam sing endah mau. Nek kurang mega, kurang udan, dadi garing paceklik. Yen kekandelen mega, isa dadi prahara, marahi banjir kurang pangan.

Tanpa sadhar Pramana ngalamun mbayangke Rosa ana ing antarane mega mega nang langit. Kaya ngawe awe dheweke ngajak mlaku mlaku ing antarane mega. Bingung pikirane kok ora bisa pisah seka bayangane Rosa, kaya kecancang dening wanita iku. Rasane aneh wong lagi ketemu sepisan, omong omong mung sedhela. Dheweke mbayangke Rosa kaya ibune, kaya budhene, sing tansah aktif lan mandhiri nang bidhange dhewe. Ora mligi njagakke rejeki saka garwane. Ibune sak liyane aktif nang organisasi uga dadi perancang modhe, modhe pakeyan nasional lan perancang bathik. Bubar makan siang, Pram nggabung pakdhe Naryo lan budhe Sunarti nang ruang ngarep. Lagi padha lenggahan ngenggar enggar penggalih nang pendhapa. Pasangan sing wis yuswa iku katon rukun lan mesra nganti kaken ninen ora ana kendhate. Pengin dheweke mbesuk karo sisihane isa niru kaya pasangan ideal iku. Karo Rosalina Wulandari sing di kangeni.

*“ Kene Pram, lungguh nang kene. Kok dadi kesusu mulih nang Yogja ki ana apa? Apa ora lerem dhisik sakwetara dina nang kene, ben tanek le ngobrol. Mbakyumu Ayu karo kangmasmu Adi ben isa ngajak dolan mubeng mubeng nang Bandhung”.*

*“ Njih pakdhe, badhe mberesi syarat syarat kangge pendhadharan. Menawi mboten tumut wulan ngajeng, kedah ngentosi nem wulan malih nembe wonten judicium. Sakmenika mawi sistem semester pakdhe, yudicium saben nem wulan”.*

*“ Iya kaya sing tak omongke wingi kae, pikiren sing tenan kanggo nglamar nang Dheparlu. Donyane dhiplomasi iku regeng tur seneng Pram. Sok kalane ana prahara sithik, ya kuwajibane para dhiplomat iku nggo nyegah prahara lan nyirep geni sing murub nganggu sesambungane antar negara”.*

*“ Njih pakdhe, kula njih sampun manah manah sak estu. Krenteg kula mantep badhe nglamar wonten Dhepartemen Luar Negeri kemawon”.*

*“ Ya ning dhawuhe bapakmu ya aja kok sepeleke, nglamar wae nang Pemdha uga. Mengko nek ditampa kabeh kari milih, endi sing kok senengi”.*

*“ Iya Pram, kaya dhawuhe pakdhemu, kudu duwe wawasan mengarep sing adoh, cita citamu pengen berkarier nang bidhang apa. Sokur nek wis ngerti sisan sapa sing arep ndhampingi uripmu?”*

*“ Injih budhe. Kula mantep wonten bidhang ingkang pas kaliyan bidhang studi kula. Hubungan Internasional”.*

*“ Jaman dhisik mungkin dhiplomasi ora dianggep penting Pram. Kabeh mung ngendelke kekuatan nggo ngayomi kepentingan nasional. Jaman modhern wis beda. Akeh masalah politik antar negara sing isa lan kudu dirampungni kanthi negosiasi lan dhiplomasi. Upama jaman perjuangan kamardikan ora nganggo dhiplomasi, mungkin ya luwih abot lan luwih rumit sanggane. Nang sejarah akeh tokoh lan pahlawan saka bidhang dhiplomasi”.*

*“ Njih pakdhe, ngestokaken dhawuh”.*

*“ Elinga jasa jasane Sutan Syahrir. Isih yuswa telung puluh telu tahun wis dadi Perdana Menteri. Wiwite dheweke berjuang seka dhiplomasi. Pas perundhingan karo pamarentah Landa, dheweke makili Republik, adhep adhepan karo diplomat senior Landa jenenge profesor Schemerhorn sing wis kondhang. Dhiplomasi Landa iku ora mung entuk mandat seka pamarentah kolonial Landa, ning uga nampa tugas seka Ratu Wilhelmina. Lha kok nang perundingan sing*

*diawasi wakil pamarentah Inggris, digawe wirang karo dhiplomat nom noman, Sutan Syahrir”.*

*“ Injih perjanjian Linggarjati pakdhe”.*

*“ Iya Pram muga muga awakmu ana wektu nggo maca maca sejarah lan tokoh diplomasi Indonesia liyane, kaya Nyonya Supeni, Mr. Mohamad Roem, Dr. Subandrio, Nicodemus Palar sing makili Indonesia nang sidhang PBB nuntut baline Irian Barat tahun 1962”.*

*“ Injih pakdhe menika tokoh tokoh legendaris sejarah dhiplomasi Republik Indonesia”.*

*“ Wiwit jaman Jawa utawa Nusantara klasik, wis akeh tokoh tokoh politik putri nang bumi Nuswantara. Kaya Ratu Shima ing Kalingga, Ratu Pramodhwardhani ing Keraton Medhang sing ngrampungke pembangunan candhi Borobudhur, ibu suri Tribhuwana Tungga Dewi, arsitek politik Majapahit sing dijuluki peneliti seka Inggris kadidene Queen Victoria from the East”.*

*“Candhi Borobudur lan Prambanan, mahakarya putra putri Nuswantara, diakui UNESCO dadi Warisan Budhaya Dunia, ing tahun 1991. Sing ngrampungke pembangunan candhi Buddha, Bhumisambarabhadura, sing kondhang saiki diarani candhi Borobudur iku, ya Putri Pramodhawardhani, putrine raja Medhang Samaratungga. Candhi corak Hindhu Ciwagrha, utawa candhi Prambanan, dirampungke dening Raka I Pikatan seka dhinasti liya. Pramodhawardhani banjur krama lan masrahke tahta Medhang marang Raka I Pikatan. Sakbanjure pasangan sakloron ngrampungake pembangunan candhi kembar sing endah, Plaosan, merlambangake katresnan lan kasetyan sing langgeng abadi seka pasangan Pramodhawardhani lan Raka I Pikatan. Awakmu mbesuk*

*kudu nyekar lan napak tilas  
nang Plaosan, ngaturi  
pakurmatan kanggo  
pasangan abadhi, sing  
karyane dadi warisan  
sak jagad”.*



*“ Injih kasinggihan  
pakdhe. Kathah  
generasi sakmangke  
ingkang mboten  
mangertosi menika”*

*“ Sejarah dhiplomasi  
sing tragis nang jaman Jawa  
klasik ya ana. Critane raja Kartanegara seka Singasari. Utusane  
Kubilai Khan seka Mongolia, tahun 1289 nggawa nawala supaya  
panguwasa Jawa iku ngakoni panguwasane Mongolia nang bumi  
Nuswantara. Pancen surasane nawala ki ora kepenak, ning jaman  
semana iku biasa. Kartanegara nesu, emosi, duta utusane Kubilai  
Khan sing jenenge Meng Khi, diperung kupinge dicantheli nawala  
wangsulan kanggo raja Mongolia iku. Kubilai Khan sing negarane  
tahu nguwasani Asia lan separo Eropa, nesu banget dene disepelekke  
raja sing tlatahe cilik nang Jawa. Tahun 1293 kirim wadyabala  
nyerang Jawa, karepe arep nyerang Singasari. Ora ngertiya*

*Singasari wis ambruk diserang dening bupati Gelanggalang sing jenenge Jayakatwang. Kertanegara pralaya. Mantune raja Kertanegara, Raden Wijaya, ngajak tentara Mongol bebarengan nyerang Kedhiri sing wis di bangun dening Jayakatwang. Jayakatwang kalah, diperjaya, Kedhiri ambruk. Raden Wijaya banjur ngusir wadyabala Mongolia lunga seka bumi Jawa, lan ngedegke krajan Majapahit”.*

*“ Injih pakdhe criyos menika panci kondhang. Panci Raja Singasari pengin mbendung pangwasa Mongolia saking bhumi Nuswantara kanthi operasi Pamalayu ing tlatah Sumatra”.*

Pakdhe Naryo nek wis crita prekara geopolitik, dhiplomasi lan negosiasi ora ana mandhege. Critane mesthi kanthi semangat makantar kantar. Pancen akeh sejarah Jawa lan Nuswantara sing para generasi mudha ora padha mangerteni. Rumangsane sejarah Nuswantara mung kawiwitan sak uwise pangwasa Eropa teka lan nguwasani. Pakdhe Naryo pancen duwe rasa nasionalisme sing ngrembaka nang uripe. Pram uga ngerti, menawa jaman revolusi pakdhe Naryo, tau gabung karo tentara pelajar Brigade 17 detasemen III, melu perjuangan bersenjata nang dhaerah Ngayogyakarta. Tau tugas nang front Banaran Ambarawa rikala perang kamardikan, bareng karo pak Hartadi sing saiki isih tugas nang Dhepartemen Luar Negeri. Dheweke didhawuhi nemoni kancane pakdhene kuwi mau.

*“ Aja lali ya Pram, nek arep nang Jakarta mampira nang Bandhung dhisik. Mengko nggawa surat seka aku nggo kancaku”.*

*“ Kono arep terus mulih nang Yogja, apa isih mampir mampir Pram? Nek mulih langsung nang Yogya, tak titipi oleh oleh nggo ibumu ya?”*

*“ Kados badhe mampir wonten Pekalongan budhe, manggihi kanca kampus, badhe srah srahan prekawis mahasiswa?”*

*“ Ya ora apa apa. Apa wis duwe sir siran kono ta Pram ?”*

*“ Dereng budhe. Namung kanca kanca kampus biasa kemawon kok”.*

*“ Sing ati ati ya Pram, nek golek pasangan urip. Ora mung kanggo awakmu dhewe, uga kanggo keluwarga, utamane bapak ibumu. Aja pisan pisan gawe gelane bapak ibumu”.*

*“ Njih ngestokaken dhawuh pakdhe kaliyan budhe, sampun pun dhawuhi kathah kathah. Badhe kula estokaken sak estu. Benjang enjang dalem nyuwun pamit, bidhal enjang”.*

*“ Ya sing ati ati ya le. Awakmu ki putra tunggal. Bapak ibumu mesthi pengin cedhak terus karo kono”.*

Sesuke Pramana budhal numpak bis umum. Soale nek numpak bis malam budhale mesthi bengi, tekan Yogja esuk. Karepe dheweke numpak bis umum wae, tekan Pekalongan isih awan, mengko mampir nang omahe Rosa. Alamate ana nang kampung Kraton. Sakdawaning dalan, Pram mung ngalamun selak kepingin ketemu kenalane sing jenenge Rosa. Rasane kangen banget kaya wis tepung raket suwe banget.

Tekan Pekalongan wis awan kira kira jam setengah siji. Wetenge krasa luwe, mula leren dhisik nang rumah makan nang kompleks terminal. Jarene petugas terminal sing

kondhang ya Rumah Makan Bu Nani nang kutha. Ning merga wektune wis nylepek, dheweke trima makan siang nang kompleks terminal wae. Sengaja dheweke pesen cumi karo kerang di oseng oseng. Segane panas pulen, sambele pedhes. Rasane nikmat banget. Bubar makan siang dheweke pengin adus merga awake krasa pliket kabeh. Banjur adus sedhela, nyewa kamar mandhi nang terminal, salin nganggo pakeyan resik, clana ireng karo hem warna putih. Alamate Rosa diduduhke nang sopir becak. Becak enggal budhal menyang kampung Kraton, panggonane Rosa. Tekan kampung Kraton, ana omah gedhe, latare amba gilar gilar, omahe wong tuwane Rosa. Ing palataran akeh taneman kembang sepatu lan kembang bouginvila. Ana bocah lanang sing mbukakke pager pekarangan, terus Pramana ngomong nek nggoleki ibu Rosalina Wulandari.

*“ Ibu Rosalina dereng kondur, sekedhap malih. Manga lenggah wonten ruang tamu ngajeng”.*

*“ Kula Pramana, saking Yogya, diaturke nek kancane ibu Rosa”.*

Pram nunggu sakwetara ana pendhapa, karo ndeleng taman sing endah lan asri kebak kembang manekawarna. Warna abang lan ungu akehe, nang ati gawe tentrem lan seneng. Ora suwe bapake Rosa metu, nemoni.

*“ Panjenengan sinten nak ? Enten sesambetan menapa kalih anak kula Rosa?”*

*“ Kula tepanganipun Rosa, Pramana saking Yogja, nembe tepangan sakwetawis dinten kepengker Bapak”.*

*“ Oo ngaten kula Setiawan, bapake Rosa. Dientosi mawon, sekedhap malih sampun wangsul. Saking pabrik wonten Pesindon”.*

*“ Ooh ngaten bapak. Menapa tebih saking mriki ? Menawi pareng kula susul kemawon dhateng pabrik”.*

*“ Mboten sisah nak, sekedhap malih sampun wangsul. Kaliyan Iwan adhik ipun. Mangga dipun sekecakaken njih”.*

*“ Injih Bapak, menawi kepareng kula entosi wonten njawi kemawon, radi isis”.*

Pramana banjur ngenteni nang njaba, lungguh ana taman. Angin semribit ngurangi rasa sumuk. Pekalongan pancen hawane panas nek awan. Iki wis wanci sore, angin seka laut mulai krasa lambat lambat. Nang sisihe omah gedhe ana paviliun cekli. Tinata kanthi asri lan resik. Omah gedhe karo pavilliune dicet putih resik. Ana pembantu putri sing lagi momong karo ndulang bocah putri cilik nang berandhane paviliun. Pembantu lanang sing mbukakke lawang mau lagi nyirami taneman kembang ing petamanan. Dheweke mung ndeleng wae saka kadohan. Atine ora jenjem, ora sabar anggone ngenteni.

Ora sakwetara suwe, ana mobil mlebu pekarangan. Ana piyayi loro, kakung putri medhun saka mobil. Ora pangling, sing putri Rosa, raine mangar mangar kepanasen. Rambute ngombak ngawe awe keterak angin sore. Katon menawa Rosa kaget banget meruhi Pramana wis ngenteni nang taman. Gageyan dheweke mbagekke tamune lan ngenalke adhine lanang sing nyopiri, Iwan. Pram semana uga ora kurang kagete meruhi Rosa ing wayah sore, katon ayu lan anggun. Pakulitane

putih resik, lencir dhuwur, rambute ngandhan andhan. Pram ora sadhar sakbubare salaman banjur ngrangkul kenceng.

*“ Ketemu maneh Rosa. Aja kaget ya. Aku seka Bandhung arep mulih Yogja, mampir niliki sliramu”.*

*“ Matur nuwun banget kersa niliki aku. Aku nyuwun pamit tak reresik awak dhisik ya. Ora enak awake nek seka pabrik, rasane pliket kabeh”.*

*“ Ora apa apa, mangga nek arep reresik awak dhisik. Tak enteni nang kene wae. Aku mau ya mentas adus nang terminal”.*

Pramana nunggu nang ruang tamu maneh. Lamat lamat krungu swara bocak cilik, bengok bengok ngundang ibune. “.... Mami.... Mami..” Pram mung nggagas, sapa ya sing diundang mami iki. Apa ana sedulure Rosa sing duwe putri cilik ya. Atine mung senak senik nunggu Rosa rampung le dandan. Senajan mengkono atine wis krasa lega isa ketemu maneh karo Rosa, Rosa Wulandari, wanita sing tansah nggodha atine. Ketemu karo Rosa, Pram saya mantep anggone duwe pepenginan dhuwur, ing donyane dhiplomasi lan hubungan internasional. Kayadene pepenginan nggayuh lintang.





Bab 5

## Mendhung Angendanu

**P**ramana isih ngenteni Rosa ana ruang tamu kanthi sabar. Ning sak jroning ati, ora isa diselaki nek atine goreng, dheg dhegan. Rasa seneng campur bingung arep ketemu Rosalina Wulandari sing tansah nggodha atine. Pikirane ngrambyang tekan ngendi endi, ndeleng manuk emprit pada ngoceh ing antarane rumpun bouginvila lan kembang sepatu sing endah ing taman. Kok manuk manuk kuwi anane mung seneng thok ya. Pikirane ragu ragu, piye mengko le arep crita karo Rosa, apa sing ditakokke, apa sing arep diomongke. “*Rosa..... Rosa.....atiku bingung*”. Ora suwe Rosa wis rampung seka anggone resesik karo dandan. Nganggo pakeyan warna putih seka sutra, resik, luwes lan peni. Kulite katon putih alus, eseme ngujiwat nggodha ati. Deweke kamitenggengan meruhi Rosa, katon sulistya lan anggun, kaya dewi Supraba sing dicritakke ki dhalang nang pewayangan. Mung iki dudu wayang. Kanyatan sing ora isa diselaki, Rosa sing ayune gawe getering ati.

*“ Kok malah ngalamun mas Pram, ana apa ?. Kaya durung kenal wae karo Rosa”.*

*“ Ketemu sliramu kaya ketemu widadari medhun seka kayangan”.*

*“ Ah ora susah ngelantur mas. Awake dhewe wis kenal, mung durung suwe. Kanggoku aku wis krasa tepung raket karo njenengan”.*

*“ Bener sliramu Rosa, awake dhewe wis kenal raket ning durung suwe. Sliramu durung ngerteni aku sak wutuhe. Semono uga aku”.*

*“ Bener mas Pram ngendikamu, durung cukup wektu lan kesempatan nggo crita. Aku isih pengin crita akeh. Njenengan kudu tak aturi priksa kahananku sak benere, mundhak dadi pitakonan nang ati”.*

*“ Apa maksudmu Jeng? Aku bingung. Sing tak suwun awake dhewe isa sesambungan terus mengarep. Embuh mengkone, dilakoni wae kaya melu ilining banyu”.*

*“ Mas Pram, aku nyuwun duka nek ora ndadekke renamu. Aku durung crita sak durunge. Aku pengin panjenengan ngerti menawa aku wis warandha, single mother, wis udakara meh telung tahun iki. Aja dadi atimu ya mas. Ning aku pasrah njenengan wae tumrap sesambungane dhewe”.*

Pramana kaget setengah mati krungu kandhane Rosa. Dheweke ora bisa omong babar pisan. Blangkemen dadakan. Ora siap krungu pawarta kaya mengkono. Unjal ambegan bola bali, karo nrawang langit sore sing semburat abang. Pikirane nglangut, kudu omong apa.

*“ Apa sing kok karepke jeng ? Sliramu wis urip dhewekan “*

*“ Ora dhewekan mas, aku karo anak ku Tita Karlina, umur telung tahun. Kuwi sing ngancani uripku saiki lan sak teruse”.*

*“ Genahe piye ta Jeng ?”*

*“ Iya mas piye maneh. Aku nikah karo Dhedhi bapake Tita, telu setengah tahun kepungkur. Dheweke sarjana mudha sak fakultas karo aku. Asline seka Pekalongan kene. Dheweke budhal nang Amerika kanthi sidhem rikala Tita umur telung sasi”.*

*“ Kok ora melu budhal sisan nang luar negeri jeng. Ngapa kudu pisahan?”*

*“ Critane dawa mas. Dheweke lunga uga tanpa pamitan babarpisan. Jarene sibuk wektu semana. Telung sasi nang luar negeri, banjur nulis nek dheweke seleh, mundur, ora isa urip bareng maneh. Terus tak urus surat surate, resmi pisahan”.*

*“ Hmmm. Crita pengalaman urip manungsa pancen maneka warna. Saben wong duwe lelakon dhewe dhewe nang dalaning urip Jeng”.*

*“ Iya mas gegayuhanku mung pengin nggedhekke Tita lan nggulawentah ben uripke kepenak ing mbesuke. Aku ora kena mung nggelani nasib, kudu berjuang ke dhepan”.*

*“ Bener banget ngendikamu jeng. Muga muga tansah diparingi dalam padhang karo sing Gawé Urip”.*

*“ Donga lan pangestumu tetap tak suwun kangmas. Aku pasrah menawa panjenengan gela tumrap sesambungane awake dhewe. Pancen durung ana ikatan babar blas. Ning aku matur nuwun banget nek sesambungan kekancan iki isa terus”.*

Pramana meneng suwe. Atine bingung lan judheg. Terus kudu ngapa nek ngene iki. Kelingan ngendikane budhe Sunarti, aja pisan pisan gawe gela wong tuwane, utamane ibune. Dheweke putra tunggal, putra kesayangan keluarga ningrat sing dikenal banget dening masyarakat Ngayogyakarta. Piye le arep matur rama ibune? Wedi banget nek gawe gela ibune. Ora mentala menawa ngelingi mengko reaksine ibune nek dheweke matur blaka suta. Mbak Suni, pembantune Rosa karo nggendhong Tita, dadakan matur nek Pramana karo Rosa diaturi dhahar dhisik, wis dienteni bapak karo ibu Setiawan. Ora lali Tita ditepungke karo Pram, salim karo ngesun tangane Pram, “ *Ini oom Pramana ya Tita*”. Tita mung ngguyu latah meruhi kancane ibune mau.

Nang meja makan Pram mung akeh menenge. Sing crita akeh malah bu Setiawan. Pak Setiawan uga ora akeh ngendikane. Bu Setiawan sajake kepranan karo solah bawane Pramana sing anteng mibawani, nuduhake sikap ningrate sing ora isa ditutupi. Rosa uga ora akeh crita, mung dheweke ketok banget le ngladeni Pramana, perhatian banget karo priya Ngayogyakarta sing gagah iku.

*“ Nak Pramana, mbok wis timbang terus nang Yogja kewengen, nyare kene dhisik wae wengi iki. Sesuk esuk isa neruske laku”.*

*“ Injih ibu janipun mboten wonten rencana nyipeng wonten Pekalongan menika”.*

*“ Iya ora apa apa, ning nek ora kesusu mbok wis nginep kene dhisik. Leren sesuk esuk budhal esuk kan awan wis tekan Yogja”.*

*“ Iya mas Pram, apa ana acara sing kudu dihadiri sesuk nang Yogya. Nek ora ana ngapa kesusu, nginep kene sewengi wae”.*

*“ Ya ben sing mutusi nak Pramana ta bu, aja dipeksa. Sing ngerti rak malah nak Pramana, isa ora nginep sewengi”.*

Bubar makan sore, Pramana lungguhan karo Pak Setiawan lan ibu Setiawan nang pendhapa. Rosa nang paviliun momong Tita. Ibu Setiawan akeh nakoni larah laraha Pramana le kenal karo Rosa, uga prekara keluwargane Pramana nang Yogyakarta. Pramana ya matur apa anane, nek bapake ngasto nang Pemdha, lan ibune pengurus organisasi wanita sisan dadi perancang busana nasional. Pak Setiawan crita prekara perusahaane sing didegke wiwit tahun sewidakan, pas regeng regenge industri tenun lan bathik. Perusahane maju terus merga di urusi dhewe kanthi profesional. Ananging kepeksa mandheg le ngurusi rikala kondisi kesehatane mundur. Diteruske bu Setiawan, dibantu putrane Iwan karo Rosa. Tahun tahun iki perusahaane sakperangan gedhe diurus Iwan karo Rosa. Iwan ngurusi prodhuksi, dene Rosa ngurusi pemasaran. Pak Setiawan ora njlentrehke critane Rosa le bebrayan, ning mung ngendika kanthi cetha menawa dheweke seneng dene Pram kekancan karo Rosa.

*“ Aku karo ibu, seneng dene nak Pramana isa tepung lan sesambungan karo anakku Rosa. Ning ya sing ati ati wae, aja kesusu ya nak mundhak kegelan ing tembe mburi. Aja nganti ana pihak sing diuntungkan lan dirugikan, kudu padha padha untunge. Aja nganti ana sing menang lan sing kalah. Kudu padha padha menang”.*

*“ Injih bapak saha ibu. Kula kaliyan Jeng Rosa nembe tetepangan sekedhap. Nembe mlampah majeng sesambetan kanthi sareh. Duka mangke kadospundi sak lajengipun namung pasrah kemawon”.*

Pramana dadi ragu. Pikirane goreng enake mulih langsung nang Yogya bengi iku apa nginep nang Pekalongan dhisik,

sisan ben isa omongan karo Rosa prekara sesambungane ing tembe ngarep. Bubar Tita bubuk, Rosa nemoni Pramana maneh sing isih lungguhan karo bapak ibune nang pendhapa. Rosa nimbrung anggone padha rembugan.

*“ Sidane mas Pram arep nyare kene ta? Wis kewengen iki nek arep kondur”.*

*“ Jane pengin terus mulih nang Yogja, ora ana rencana arep nginep Jeng”.*

*“ Ngene wae, pindhah nang paviliun wae le ngobrol ya mas. Nuwun sewu bapak karo ibu, mas Pram tak jak nang paviliun. Mengko nek arep kondur, ben tak terke nang bis malam wae”.*

*“ Iya sing ati ati, nek arep terus nang Yogja ya aja kewengen mundhak ora kumanan enggon nang bis”.*

Pramana karo Rosa banjur pindhah nang paviliun. Mbak Suni nyiapke unjukan jahe karo pisang goreng nang paviliun. Wong loro banjur lungguhan nang kamar tamu. Pak Setiawan lan bu Setiawan, mlebu nang ruang tengah omah indhuk, mirsani tv.

*“ Mas Pram mesthi keganggu banget critaku mau ya? Ora sah digalih banget banget. Aku sesambungan kekancan wae wis seneng banget. Dilakoni wae wong loro mlaku bebarengan kekancan. Ora ana ikatan antarane awake dhewe sementara iki. Statusku pancen single mother, ora isa diowahi apa dibaleni”.*

*“ Iya jeng padha padha mlakune, sesambungan kekancan, embuh mengko dadine, Sing Gawe Urip sing pirsas. Menungsa mung sakderma nglakoni”.*

Omong omong sak utara durung isa ngilangi anggone bingung lan judheg. Kaya ana mendhung sing mbuntu pikirane. Isane mung sambat piya piye nang atine. Dheweke banjur mikir, tinimbang mulih kanthi pikiran abot, enake nginep dhisik nang Pekalongan wae.

*“ Jeng aku sajake kok pengin nginep dhisik, ben rada padhang pikiranku. Iki isih buneg pikirku. Ben padhang dhisik mengko lagi mulih nang Yogya”.*

*“ Iya mas, bebas wae aku wis matur bapak ibu, nek mbokmenawa njenengan arep nyare kene. Wis disiapke kamar tidhur nang paviliun. Mung ibu weling kudu isa njaga lan ati ati”.*

Pramana neruske anggone crita karo Rosa nganti wanci bengi. Ora sadhar nganti meh tengah wengi. Rosa crita prekara perusahaanane, kadhang kadhang nyinggung uripe karo Dhedhi ndhisike.

Pramana crita akeh prekara donyane organisasi mahasiswa ing Ngayogyakarta sing kebak prastawa nasional. Banjur mlebu mapan turu nang kamare dhewe dhewe. Pram isih kethap kethip angel anggone arep ngeremke mripate. Wengi kang sepi lan nglangut. Kadhangkala krungu ana swara walang nang taman. Ana jago kluruk mratandhani nek wis parak esuk. Isih ngantuk layap layap nalika lawange menga. Rosa ngundang jenenge lirih.... *“Isa sare mas Pram?”*

*“ Isa turu sedhela, iki lagi wae tangi Jeng”.*

*“ Tak gawekke teh karo madu kersa mas?”*

Rosa mbalik nyiapke teh karo madu. Diwenehke nang meja cilik ing sisihe tempat tidur. Embuh sapa sing miwiti, ngerti

ngerti wong loro wis padha nggegem tangane kanthi kenceng. Pramana nyruput teh sing diladekke Rosa. Ngerti ngerti Rosa wis sumendhe nang dhadhane. Pramana otomatis ngrangkul Rosa kenceng. Rosa diarasi kanthi lembut. Semono uga Rosa, wis suwe ora tau dirangkul priya, rasane kaya mabur nang awang awang bareng dirangkul Pram. Wong loro bareng sumrambah jagating katresnan. Mung isih padha isa le ngerem lan nahan aja nganti kebablasen nerak wewaler. Swara jago kluruk kumandhang mecah kahanan. Uga nggugah kesadharane wong loro sing lagi nandhang katresnan.



## Mangu-mangu

**R**ubar sarapan esuk dikancani Rosa, Pramana enggal-enggal nyuwun pamit budhal mulih nang Yogja. Jane dheweke arep diterke dening Iwan, adhike Rosa, nanging sidane Rosa dhewe sing ngeterke nyetir mobil menyang terminal bis ing dhaerah Gamer. Ora adoh seka dhaerah Kraton panggonane Rosa. Pram nalika nyuwun pamit karo pak Setiawan lan ibu Setiawan, diweling supaya asring mampir nang Pekalongan. Dheweke atur wangsulan, ngestokake dhawuh sak wayah wayah menawa ana kesempatan. Nanging nang njero atine, Pram bingung, mangu mangu nyipati nek sakjane Rosa wis warandha. Ewasemana dheweke ora isa ninggalake sesambungan batin karo Rosa ngono wae, senajan lagi sedhela. Aja ninggal gelandhang colong playu. Esuk mau bubar tangi turu, nyatane dheweke ngrangkul lan ngarasi Rosa kanthi rasa tresna sing jero.

Bingung piye anggone matur bapak ibune, pakdhe Naryo karo budhe Sunarti sing lagi wae paring wejangan pas nang Bandhung wingi. Uga karo kanca kancane nang kampus.

Senajan babarpisan ora dadi pepenginane, dheweke sadhar nek populer lan akeh sing kenal nang kampus, aktivis mahasiswa lan anggota pengurus Dhewan Mahasiswa. Dheweke uga ngerti menawa akeh mahasiswi junior sing kepecut karo dheweke, senajan ora tau ditanggapi. Mesthi bakal dadi pawarta anget lan bahan gossip. Aktivis mahasiswa, idola kampus kok nikah entuk randha, kaya kaya kurang perawan wae.

*Ah ora perduli omongane uwong, aku dudu sapa sapa, mung wong biasa, nduweni hak nemtokke uripku, milih pasangan uripku.*

*“ Mas Pram, iki wis tekan terminal lo, kok malah ngalamun ki piye? Arep terus munggah bis, apa arep omong omong dhisik, aku manut”.*

*“ Iki jam pira Rosa ? Aku pengin tekan Yogya ngepasi nek bapak wis kondur kantor, bubar jam loro awan”.*

*“ Isih akeh wektu mas. Nek setuju isa omong omong nang rumah makan nang terminal karo ngunjuk kopi. Kopi kene akeh jenise sing khas, asli dhaerah Pekalongan, sing paling kondhang seka tlatah Pungangan, Doro, kidul kana”.*

*“ Iya aku kok ora tau krungu nek Pekalongan dhaerah penghasil kopi”.*

*“ Ketinggalan jaman njenengan, perkebunan kopi nang dhaerah Pekalongan wis kawiwitan saka tahun sewu pitung atusan, sing miwiti Adipati Djajadiningrat jaman semana. Kopi Robusta sing akeh”.*

Wong loro banjur mara nang salah sijine rumah makan nang terminal. Isih tutup, lagi bukak mengko jam sanga. Mula trima

mlebu nang warung cilik wae anggere resik. Ana warung bukak, ning isih sepi durung ana pelanggan sing teka. Pram karo Rosa milih lungguh nang bangku kayu dawa, ngadhepi meja sing isine gorengan warna warna. Rosa lungguhe mepet nang sisihe Pram, kaya kaya wis ora gelem pisah. Semono uga Pram, dheweke krasa nyaman dilendheti Rosa. Banjur pesen kopi rong gelas. Nang dhaerah liya biasane nek ngladekke wedang kopi biasane nganggo cangkir. Ning nang warung kono merga kebiasaan nang Pekalongan, kopine diladekke nang gelas gedhe, tur legine ora mekakat. Kanggone wong njaba, mbokmenawa mbatin iki kopi apa kolak kok legine nyethek. Rosa gageyan pesen, aja kakehan le menahi gula.

*“ Mas Pram apa gela bareng ngerti aku wis dudu perawan maneh ? Digawe sing penak wae. Aja nganti kepeksa sesambungan karo aku”.*

*“ Arep digelani apane, wong kabeh wis kelakon, ora isa diputer maneh lakuning urip”.*

*“ Lha kok kendel wae, kaya wong bingung”.*

*“ Iya aku pancen lagi bingung, piye le matur bapak ibuku, matur pabdhe karo budheku nang Bandhung. Lagi wae wingi nampa wejangan warna warna seka pabdhe karo budhe”.*

*“ Digalih kanthi sareh mas. Aja kesusu, ora ana sing ngoyak oyak. Aku setya ngenteni nganti mas Pram mantep. Upamane panjenengan tida tida lan gela, aku isa nampa lan mangerteni. Ora bakal nuntut apa dene nyalahke. Dalane dhewe dhewe kari nglakoni wae”.*

*“ Hemmm. Muga muga diparingi banyu bening lan pratandha sing terang kanggo mlaku nang tembe mbesuke. Aja nganti gela ing tembe mburi”.*

*“ Iya mas, digawe sing paling kepenak wae kanggone awake dhewe wong loro. Nek pepesthene sing Gawe Urip ora marengake awake dhewe urip bareng, ya kudu ditampa kanthi ikhlas lan sabar”.*

Rosa ujar mengkono karo kaca kaca mripate. Senajan dheweke ujure jare pasrah, nampa lan ikhlas menawa sesambungane ora isa terus, ning katon banget nek dheweke mikir jero. Ana rasa kuwatir lan wedi kelangan nang njero atine. Pram saya keranta ranta ndelengke kahanane Rosa, ana rasa eman lan mesakke. Rada sak untara wong loro banjur meneng menengan, pikirane padha nglambrang adoh. Mung tangane sing padha nggegem kenceng, Rosa lendhetan nang bahunne Pram, sinambi wola wali unjal ambegan landhung. Dumadakan ana bis jurusan Jakarta Yogja, lagi mlebu terminal, kernete bengak bengok nawakake sapa sing arep melu, isih ana lungguhan. Pram kaget krungu swara klakson bis. Sak nalika eling nek kudu budhal mulih nang Yogja.

*“Dhik aku nyuwun pamit tak mangkat dhisik ya. Kae ana bis arep nang Yogja”.*

*“ Iya mas, kirim kabar ya mas nek tekan Yogja. Senajan mung kekancan mengkone, aku ya trima kok. Semangat uripku bali maneh kaya mbiyen bareng ketemu njenengan”.*

*“ Iya dhik, andum slamet ya. Muga muga diparingi lancar sak kabehane. Mengko aku kirim kabar seka Yogja. Nek sliramu nang Yogja, aja lali ngabari dhisik ben isa ketemu”.*

Pram gageyan ngadeg arep nututi bis sing lagi mandheg. Tanpa dinyana dheweke ngrangkul Rosa kenceng banget. Kaya kaya wis ora bakal ketemu maneh. Wong loro rangkulan mesra dideleng ibuke sing duwe warung. Mbokmenawa ibuke iku ya mbatin, wah sajake iki nganten anyar.

*" Sugeng tindak ya mas. Ati ati nang ndalan".*

*" Sliramu sing ati ati. Muga muga enggal ketemu maneh. Durung ngerti kapan isa ketemu maneh Jeng. Wis ya....".*



Sak dalam dalam, pikire Pram ora isa semeleh. Mung mikir piye iki penake. Arep ninggal Rosa, dheweke dhewe wis kadhung tresna. Ora bakal isa nglalekke wanita sing jenenge Rosalina Wulandari iku. Embuh sebabe. Ning nek terus sesambungan, gedhe cilike ngancik sesambungan serius kanggo bebrayan, piye le ngadhepi kanyatan urip. Piye le matur bapak ibune, piye le nerangke nang paktihe lan budhe Naryo. Apa maneh nek mbayangke le dadi bahan gossip lan caturan nang kampus ing kalangane para kanca mahasiswa ?

Rute bis sing ditumpaki ora liwat Semarang, nanging nyidhat seka Weleri menggok nengen banjur liwat Sukorejo, Ngadirejo, Parakan, Temanggung terus mlebu Secang. Antarane Weleri Temanggung dalane enggak menggok liwat dhaerah pegunungan sing endah lan asri, mung dalane ora patiya amba, dalam kelas propinsi. Mlebu Secang, Magelang Yogja, dalane jembar lan rame, dalam negara antar propinsi. Atine Pram sangsaya nglangut meruhi pemandhangan sing endah nang tlatah pegunungan. Atine ngambra ambra, mbayangke nek isa dolan bareng karo Rosa, mubeng mubeng liwat dalam dalam sepi iku. Apa isa ya mbesuke ? Bingung, ning jane kabeh mau gumantung marang dheweke dhewe, arep terus sesambungan lan bebrayan karo Rosa apa ora.

Metu seka Temanggung Pram keturon. Nang bawah sadhare mung kebak impen bebarengan karo Rosa mubeng mubeng nang tlatah sing endah iku. Gandhengan karo Rosa, mung wong loro tanpa ana wong liya sing ngganggu. Mendah kaya ngapa senenge mbesuk nek isa bareng wong loro terus saklawase. Urip tentrem, seneng, kebak pengangen angen. Ya saiki mung angen angen wae, durung dadi kanyatan, durung

ngerti apa isa dadi kanyatan. Bareng tangi ngerti ngerti wis tekan Secang, lakune bis luwih banter tumuju Magelang terus Yogja. Bis mandheg sedhela nang Munthilan menahi wektu kanggo para penumpang arep tuku oleh oleh. Ora lali Pram tuku wajik karo jadah karemane bapak ibune. Dheweke dhewe tuku gethuk sing kondhang saka Magelang.

Tekan Yogja wis wayah awan. Meh jam loro. Dheweke medhun nang terminal THR, Taman Hiburan Rakyat, cedhak karo omahe nang kampung Nagan. Medhun seka bis terus numpak becak liwat njeron beteng, alun alun kidul, mlebu nang kampung Nagan. Dheweke wis apal banget karo kampung iku. Prasasat wiwit lahir nganti gedhe, uripe nang kampung Nagan. Daleme bapak ibune, latare amba, ana wit sawo gedhe gedhe nang plataran. Mlebu plataran wis dipethukke dening Parjan. Pak Parjan karo yu Siyem sakloron, asale seka Semin Gunung Kidul, wis ndherek bapak ibune mataun taun. Prasasat wis kaya anggota keluarga wae.

*“ Lho Gus Pram, kok siang siang nembe rawuh, nitih menapa niki wau?. Biasane nek saking Bandhung, rawuhe gasik enjing uthuk uthuk, mawi bis menapa sepur”.*

*“ Bapak ibu nang endi pak Jan, tulung gawanku diberesi ya. Karo ana oleh oleh wajik karo jadah tulung diladekke bapak karo ibu”.*

*“ Keng rama dereng rawuh, sajake nglembur menika. Dene keng ibu wonten kamar. Sampun wongsal wangsul ngendika, kok Pram durung mulih ya”.*

*“ Iya matura nek aku wis teka ya. Aku tak reresik awak dhisik nang kamar mandhi. Sumuk awak rasane pliket kabeh”.*

Pramana enggal enggal mlebu kamar mandhi, sisan adus ben seger awake. Pengin enggal enggal ketemu ibune. Mung lunga sedhela, sak wetara dina, ning rasane wis kangen banget karo keng ibu. Ibune asmane Raden Ayu Ambarwati, putri ningrat seka Mangkunegaran. Pramana senjata dadi aktivis mahasiswa, nek nang ngomah isih asring manja karo ibune. Ibune pancen luwes, ayu, lencir, grapyak piyayine. Aktif nang organisasi wanita. Isih akeh kegiyatane, uga dadi perancang model busana Jawa lan Nuswantara. Diaturi pak Jan menawa putrane Pram wis teka, bu Ambarwati seneng banget. Gageyan metu seka kamar, ngenteni Pram nang ruang tengah karo nyetel musik ringan. Pramana bubar adus enggal nemoni ibune. Ibune dirangkul kenceng, kaya nek dheweke ngrangkul ibune nalika isih cilik ndhisik.

*"Ibu sehat sehat ta bu?. Bapak durung kondur?"*

*"Bapakmu durung kondur, sajake tekan sore merga ana rapat anggaran nang kantor ngendikane. Kadingaren kok awan lagi teka ta lik, biasane seka Bandhung kan esuk uthuk uthuk kae".*

*"Iya bu aku numpak bis seka Bandung tengah wengi mau. Aku mau tuku jadah karo wajik lho bu".*

*"Aku mung senak senik atiku ngenteni tekamu, kok mulur. Pakdhe Naryo karo Budhe Sunarti kabare piye lik. Sehat sehat ta?"*

*"Salam seka pakdhe karo budhe bu, kabar keslametan ora kurang apa apa. Aku iya dingendikani akeh akeh karo pakdhe lan budhe".*

*"Lha piye dhawuhe pakdhe prekara gaweyan nek wis lulus mengko?"*

*“ Aku dingendikani akeh akeh prepara hubungan internasional lan dhiplomasi bu. Saya mantep arep nglamar nang Dheparlu. Ning ya arep nglebokke lamaran nang Pemerintah Dhaerah, endi sing ketampa mengko gampang dipilih”.*

*“ Nek nang Dheparlu apa njur tugase menyang njaban rangkah kaya pakdhemu mengko? Lha nek aku karo bapakmu kangen terus kepriye?”.*

*“ Dipikir mengko Bu. Sing penting lulus dhisik, terus nglamar, muga muga ketampa. Minggu ngarep iki arep ngurus syarat syarat pendhadharan bu. Aku kok wis luwe, masak apa bu ? Ngenteni bapak rawuh dhisik apa ora ya?”.*

*“ Siyem mau masak jangan gori karo lele dimasak kecap. Saben dina tak kon masak karemanmu, nek mbokmenawa kono teka”.*

*“ Aku tak maem dhisik ya bu. Mau arep maem nang ndalan kok rasane pengin maem nang ngomah. Kangen masakan omah”.*

Pram enggal makan siang ditunggoni ibune. Dheweke seneng nek pas maem ditunggu ibune. Kebiasaan wiwit cilik, nek maem mesthi ibune nunggoni karo crita. Awan iku semana uga, ibune ngendika crita akeh akeh karo nunggoni Pram makan siang. Pram anak tunggal, dheweke cedhak banget karo ibune. Uga cedhak karo bapakne, nanging merga pak Rianto gawane meneng, ora akeh ngendikane, banjur ora isa crita akeh karo Pramana.

*“ Pram aku wingi ketemu bu Leni Setyawati, ibune Reni kae lho. Dheweke takon piye lemu kuliah? Tak wangsuli nek wis meh pendhadharan wulan iki. Njur kono diarep arep didhawuhi dolan rana lho”.*

*“ Iya bu aku suwe ora dolan rana, sakwene Reni mlebu koskap, praktek klinik nang rumah sakit kan ora mesthi nang ngomah. Sesuk sesuk nek sela tak dolan rana”.*

*“ Reni wanita modern, pinter, calon dhokter. Aku kok tansah salut lan seneng nek ana wanita pinter”.*

*“ Iya bu, jaman saiki wanita karo priya kan kedhudhukane wis padha. Kesempatane ya padha nggo nggayuh karier”.*

Bubar makan siang Pram pamitan karo ibune nek ngantuk, pengin turu sedhela nang kamar. Sinambi ngenteni bapake, pak Rianto kondur. Kaya adat saben angger dheweke arep mlebu kamar, mesthi ngaras astane ibune. Pram cedhak banget karo ibune. Semono uga bu Ambarwati sayang banget karo putra tunggale iku. Rasane kuwatir nek bubar lulus, Pramana terus nyambut gawe adoh.

+++++

Sak wise ditekani dening Pramana, lan nyritakke kahanane dheweke sing sakbenere, Rosalina Wulandari wis lega atine. Kabeh wis dijilentrehake marang Pramana, menawa dheweke statuse wong tuwa tunggal, utawa single parent. Embuh mengko putusane Pramana tumrap sesambungane wong loro, ya dienteni wae. Pasrah wong nyatane kabeh wis kelakon, ora isa dibaleni maneh. Ning sak jroning ati, dheweke tansah ngarep arep tekane Pramana nang lakuning uriipe. Dheweke pengin bebarengan mlaku karo Pramana nuju pungkasaning laku. Embuh lah isane mung ngarep arep. Pas bubar makan malam mau, ibune ndhedhes takon apa sesambungane antarane dheweke karo Pramana wis serius?. Bu Setiawan sajake krasa cocok karo priya sing jenenge Pramana nggo

kanca urip putrine. Wong tuwa mesthi pengarep arepe ya muga muga putra putrine isa bahagia ing tembe ngarepe.

*“ Durung ana kepasthian kok bu. Isih sifate pendhekatan wae. Ya penginku sih muga muga isa terus. Ning kan ibu ya ngerti dhewe kahananku saiki. Mung pasrah lan dedonga wae bu, nek aku ngarep arep banget ndak malah kegelan mengkone”.*

*“ Iya sih, sing wis kelakon ya wis ben liwat wae, ora susah digawe gela. Sing penting tembe ngarep kudu luwih ati ati, lan bali nang dalaning urip kanthi optimis. Nek kono bahagia lan seneng, bapakmu karo ibumu kan ya melu seneng”.*

*“ Iya bu aku ngerti nek bapak, gela banget marang kahanan sing tak alami. Mula aku ya usaha sak pole ben isa bali normal, urip seneng lan bahagia. Aja kakehan digalih bu”.*

*“ Ibumu karo bapakmu isane mung melu ndongakke muga muga dalammu nang ngarep padhang ya ndhuk. Aku pengin meruhi kono kasil nglakoni urip kepenak lan bahagia. Dongane wong tuwa”.*



## Lerem Dhisik

**R**ada sak untara Pramana anggone turu sore. Sajake kesel tenan mentas numpak bis seka Pekalongan. Meh jam lima sore lagi tangi. Terus mapan adus ngresiki awak, banjur salin pakeyan sing resik. Bapake, pak Rianto wis lenggahan karo bu Ambarwati ana pendhapa ngarep. Hawane isis wayah sore. Angine semilir ndilalah nang plataran ana wite sawo kecik gedhe gedhe karo wit jambu air, marahi eyup ing wayah awan. Pramana enggal atur salam karo ngaras astane bapake.

*“ Piye lik acaramu nang Bandhung kan lancar lancar wae ta?”.*

*“ Injih pak, pakdhe Naryo karo budhe Sunarti, sehat sehat wae. Aku ya dingendikani werna werna karo pakdhe lan budhe”.*

*“ Iya sokurlah, wong tuwa isane kan mung mangestoni karo ndongakke. Kono dhewe sing kudu berjuang ben isa nggayuh sing kok pengini. Aja pisan pisan mung njagakke. Aku karo ibumu ya ora*

*isa menehi sangu akeh. Sekolahmu nganti tamat universitas kudu isa dadi modhal gedhe kanggo kariermu ing mbesuke”.*

*“ Injih pak, minggu ngarep iki wis arep nyiapke persyaratan2 kanggo pendhadharan lan nglamar gaweyan. Karo golek surat rekomendhasi seka dosen ku”.*

*“ Golek dhosen sing ngerti kono. Aja angger golek surat rekomendhasi. Mungkin ora saben dhosen ngerti apa gunane surat rekomendhasi. Aku pengalaman maca rekomendhasi kanggo para calon pegawai sing nglamar nang Pemdha, isine rekomendhasi kok ora mendhukung sing diwenahi rekomendasi”.*

*“ Oo iya Pram, mumpung ibumu kelingan, aja lali pesene bu Leny Setyawati, kono diarep arep dolan rana ya”.*

*“ Injih Bu, kapan kapan tak selakke dolan rana nemoni Reni. Nek dheweke lagi ora jaga nang rumah sakit”.*

*“ Terus acaramu dina dina iki apa lik? Ora usah kakehan metu nek ora perlu ya. Lagi akeh dhemam berdharah kayane”.*

*“ Injih pak, paling paling nang kampus ngurus persyaratan nggo pendhadharan”.*

*“ Kapan tanggale sing pasthi le pendhadharan, ben aku isa ngejokke cuti nggo teka nang upacara pendhadharan”.*

*“ Nganti saiki kok durung diumumke. Biasane minggu ke tiga wulan Oktober. Mengko tak golek informasi maneh pak”.*

*“ Kok kadingaren kono seka Bandhung tekane awan, biasane kan esuk esuk kae tha? Apa mandheg nang ndalan?”*

Pram rada kaget didangu bapake prekara wektune le teka nang Yogja. Pancen biasane dheweke mesthi teka esuk, numpak sepur apa bis. Pikirane was was gek gek budhene wis ana kontak karo bapak ibune, kapan le budhal seka Bandhung. Dheweke wiwit cilik wis diajari jujur, matur apa anane, aja pisan pisan goroh, ngumpetke prekara sing dudu sak benere. Rada keteter Pram didangu prekara iku. Mula banjur enggal enggal pamitan nek arep ngrampungsi gaweyane nang kamar. Bu Ambarwati dhewe ya nyipati nek solah tingkahe Pramana kok ora kaya biasane. Nek bubar lunga adoh biasane mung ngglibet ibune, kaya pengin ngesokke le kangen. Kok iki mau kaya ana sing ditutupi, rada ngendhani pitakonan seka bapak ibune.

*“ Ya wis kana nek arep istirahat dhisik Pram. Nek ana apa apa matur bares karo bapak ibumu ya lik. Ben wong tuwamu isa mratelakake sing kira kira paling apik kanggo awakmu”.*

*“ Injih Bu, nek ana apa apa sing baku aku mesthi matur bares, kaya adat saben”.*

*“ Bener lik, aja nganti ana sing ditutupi, apa maneh nek prekara sing gegayutan karo uripmu mbesuk”.*

*“ Injih bu mangestokke dhawuh”.*

Pramana rumangsa kaya kepepet krungu ngendikane ibune mau. Batine kebak pitakonan, apa bapak ibune wis entuk firasat prekara dheweke le sesambungan karo Rosalina Wulandari ya. Nang kamar Pram mung kethap kethip, arep maca buku pikirane nglambrang tekan ngendi endi ora isa konsentrasi, arep turu ya ora isa. Banjur nyetel radhio, ngrungokke lagu lagu seka radhio Retja Buntung. Kancane

akeh sing dadi penyiar nang radhio iki. Wis sakwetara suwe radhio iki aktif nang Yogja, wiwit tahun 1967 nalika dheweke isih ana SMA nang de Britto. Kancane dolan Placidus Sudiby, omahe cedhak seka kampung Nagan ya isih aktif dadi penyiar. Kuliahe nang Mangkubumen, banjur pindhah Ekonomi nang Bulaksumur.

Kelingan kanca kancane cedhak, dipetani siji siji, kira kira endi sing isa disambati dijak mbat mbatan prekara sesambungane karo Rosa. Dibyo kanca cedhak apa isa ditakoni ya ?. Entek entekane dipupus krentege arep crita karo Dibyo, mengko nek bocor malah dadi bahan gossip nang radhio, acara dhunia anak mudha. Kelingan kanca kanca aktivis nang Dhewan Mahasiswa, sapa ya sing isa dijak sambatan. Biasane nek diskusi apa rapat Dhewan Mahasiswa, mung padha ngeden swarane, ngegas kabeh. Rada cedhak ana kancane jenenge Buyung Basa seka kompleks Ngasem, biasane ngerti banget psikologi mahasiswa. Lha ning dheweke dhewe durung tau pacaran apa isa menehi pertimbangan. Senajan kancane akeh, kabeh mau mung kanca nang organisasi, sak perangan gedhe urusan mahasiswa lan politik, di sambati urusan asmara malah isa bubar kabeh dheweke, isa dadi sasaran tembak. Entek entekane pikire tumuju marang kanca lawas, kanca wiwit SMP, Reni Widowati, saiki isih ko-skap nang rumah sakit, calon dhokter. Ibune Reni kanca rakete ibune.

Dina sesuke, esuk esuk Pramana wis budhal menyang kampus, ana ing Pagelaran, ora patiya adoh seka omahe. Dheweke numpak pit seka Nagan nang Pagelaran. Fakultas Ilmu Sosial Politik utawa sing kondhang jenenge FISIPOL Universitas Gadjah Mada, diwiwiti tahun 1955, sakdurunge isih dadi siji karo Fakultas Hukum. Mbokmenawa pakdhe

Naryo mahasiswa angkatan tahun tahun wiwitan FISIPOL. Dina iku Pram ngrampungsi syarat syarat administrasi dinggo pendhadharan wulan ngarep. Karo nemoni dhosen pembimbinge golek surat rekomendhasi nggo nglamar gaweyan nang Dhepartemen Luar Negeri ing Pejambon Jakarta. Dhosene priyayine gagah mibawani, asmane pak Herqutanto, ora mung mligi nang kampus ananging pengalamane ora mekakat nang babagan dhiplomasi. Nalika Pram matur nek arep nglamar nang Dhepartemen Luar Negeri, katon seneng penggalihe. Tanpa angel angel surat rekomendhasi wis entuk dina iku uga, seka dosen favorit. Muga muga nambah bobot lamarane nang Dheparlu.

*“ Muga muga awakmu mbesuk dadi dhiplomat kampiun ya mas, mbela kepentingane bangsa lan negara”.*

*“ Matur nuwun bapak, nyuwun pangestu kemawon “.*

*“ Iya muga muga sukses, tak dongakke”.*

Bubar nemoni dhosen pembimbing dheweke mampir nang sekretariate Korps Dewan Mahasiswa [KODHEMA] ketoke lagi rame ana diskusi. Pramana klebu anggota pengurus Dhewan Mahasiswa nang Universitas Gadjah Mada, dadi akeh sing kenal dheweke. Wose nang dhiskusi mau disebutke , menawa para activist mahasiswa kuciwa gedhe merga pamarentah nganakke program latihan militer WALAWA [Wajib Latih Mahasiswa] karo setengah meksa. Aparat keamanan nang endi endi nganakke operasi mbrantas rambut gondrong sing dianggep dening mahasiswa kayadene memaksakan kehendhak lan nglanggar hak azasi manusia. Bocah gondrong nek kecekel langsung digundhuli. Ndadekke

hubungan mahasiswa karo aparat keamanan saya panas nang kutha kutha gedhe sak indhening Indonesia. Nanging dhiskusi mau nyepakati nek durung perlu nggelar demo ndak marahi kahanan saya panas. Para pengurus organisasi mahasiswa di wanti wanti supaya tansah waspada lan ngawat awati kahanan politik sing saya panas.

Wanci awan Pram mulih nang ngomah. Istirahat sedhela merga mengko sore pengin dolan nang omahe Reni kaya sing didhawuhke bu Ambarwati esuk mau. Pikirane isih ora isa owal seka bayangane Rosa. Nek diarani bingung ya isih bingung, piye carane le arep maju. Ning nek ditakoni apa isa pisah ninggal Rosa, kok rasane ora kuwawa atine, ora tegel gawe cuwane wanita ayu iku.

++++++

Jam setengah lima Pramana mlaku ngetan tumuju Ngadisuryan, arep dolan nang panggonane Reni Widowati. Reni wis tepung suwe amarga ibune Pram karo ibune Reni, padha padha pengurus organisasi wanita. Pram dhewe wis kenal Reni wiwit SMP ndhisik, dudu sak angkatan ning beda rong tahun ana SMP lima cedhak stadion Kridosono. Sore iku Pram nganggo hem werna putih lengen dawa, karo celana werna ireng. Pram dedeg piyadege pancen gagah lan rupane bagus kaya bapake, Raden Mas Rianto Djojokusumo. Ora maido nek akeh kenya nang kampus sing padha kepencut karo dheweke. Ya mung dheweke ora seneng bregajulan, ora seneng pacaran.

Omahe Reni ana pinggir dalan gedhe nang kampung Ngadisuryan. Latare amba ana wit witan mlinjo karo pelem

sing wis gedhe gedhe. Ibune Reni ora ngasto nanging aktif dadi pengurus organisasi kewanitaan bareng bareng karo ibune Pram, bu Ambarwati. Pram mlebu pekarangan sing sepi lan resik kanthi ati ati, banjur mejet bel nang ruangan ngarep. Ora suwe ana asisten rumah tangga putri sing mbukakke lawang.

*“ Mbak Reni wonten ndalem ?. Kula kanca sae, Pramana, badhe kepanggih”.*

*“ Mangga pinarak mas. Pun entosi sekedhap”.*

Pram ngenteni kanthi sareh. Omah krasa sepi mung krungu swarane manuk puter nang mburi. Dheweke ngenteni nang ruangan ngarep. Ruang sing ditata asri, akeh taneman hias nang pot nang ruangan iku. Reni duwe kesenangan ngopeni kembang nang pot. Ora let suwe Reni metu. Praupane katon semringah, meseme manis ngerti nek tamu sing teka iku Pramana. Pramana ngematke anggone mandeng Reni. Gawane anteng nanging grapyak. Nek mesem untune katon putih miji timun. Solah bawane Reni pancen alus, ora akeh guneme. Katon menawa wanita pinter. Rambute sak bahu ngandhan ngandhan. Dedeg piyadege lencir dhuwur. Senajan rupane ayu, nanging Pramana ora tau ana rasa sir siran nang ati, menawa ketemu Reni. Reni nggegem tangane Pramana kenceng suwe banget. Mbokmmenawa gemes merga suwe ora ketemu karo kanca raket siji iku. Aktivis mahasiswa sing digandrungi mahasiswi putri nang kampus.

*“ Mas Pram kok kadingaren kersa tindak rene. Wis suwe lho ora mampir rene. Pungkasan wis pirang sasi kepungkur”.*

*“ Iya Jeng, saksuwene awakmu ko skap aku pancen arang mrene. Lha wis kono kan ya ora nang ndalem terus , sok sok ngedhur tekan wengi nek lagi jaga. Aku ora apal jadwal lehmula jaga”.*

*“Iki lagi wae bubar stasse nang BagianTHT ana rumah sakit Mangkuwilayan”.*

*“ Cedhak banget ya nek ngono le ko skap”.*

*“ Kala kala uga kudu nang Purworejo karo Magelang, nang klinik rawat jalan. Piye panjenengan wis rampung durung mas? Nek pesta lulusan aja lali ngundang aku ya”.*

*“ Kok sepi banget apa bapak ibu tindakan dhik ?”*

*“ Lagi nang Wonosari, kondangan ana sedulur sing duwe gawe mantu. Aku mung karo pembantu wiwit wingi. Bapak ibu nyare nang Wonosari. Mungkin kondur mengko bengi, nek ora ya sesuk esuk yake”.*

Pramana karo Reni asyik ngobrol nganti wayah repet. Ana wae sing diomongke wong loro iku merga suwe ora ketemu. Pramana akeh crita babagan kahanan donyane mahasiswa nang kampus. Kebak kegiatan lan akeh usrege amarga kuciwa kawicaksanaan pamarentah tumrap peran militer nang masyarakat sipil. Militer kakehan campur tangan nang urusan sipil. Akeh jabatan sipil sing diisi dening militer, jare dwifungsi kanggo njaga stabilitas. Mbelgedhes, anggepane para mahasiswa. Reni akeh crita prekara le koskap menehi layanan sak wernane pasien. Ora mung nang rumah sakit ning ya kudu mlebu metu kampung, kunjungan keluarga pasien. Pendhidhikan dhokter ditujokke marang kesehatan

komunitas, mawa upaya pencegahan penyakit lan promosi perilaku urip sehat.

*“ Mas Pram panjenengan sidane wis ana calon sing tetap durung? Aja diomongke sing belum tetap”.*

*“ Lho durung tetap piye ta. Aku ora tau duwe pacar tidak tetap”.*

*“ Lha kono jare populer nang kalangane mahasiswi lho mas. Tenin aku kerep krungu”.*

*“ Aja ngono lah, aku ya mahasiswa biasa. Dudu sapa sapa. Ya mung melu aktif nang Dhewan Mahasiswa wae. Ora ana istimewa. Lha mas Andi piye kabare?”.*

*“ Mas Andi ya apik apik wae. Bubar dhines nang Puskesmas kae saiki lagi nglakoni pendhidhikan spesialis bedhah. Sesambunganku ya durung ana owah owahan, padha dene le ngenteni. Karomaneh sesambunganku karo mas Andi kok rasane formal banget. Kurang luwes, kurang relaks”.*

*“ Aja enten entenan. Kudu ana kepasthian. Aja nganti kelangan momentum. Jamane saiki akeh saingan lho Jeng”.*

*“ Iya lah aku karo ngenteni lehku rampung ko skap, ora perlu kesusu. Kono dhewe piye mas Pram apa wis ana sing mantep”.*

Pram ditakoni kaya mengkono mung unjal ambegan. Dheweke meneng suwe kelingan sesambungane karo Rosa, sing dheweke dhewe lagi goreng lan bingung. Arep mbat mbatan ya karo sapa maneh. Kanca sing paling raket ya mung Reni. Pengin curhat njaluk panemu seka Reni, wis ancang ancang seka ngomah, kok bareng adhep adhepan, rasane blangkemen ora isa ngomong.

*“ Mas Pram kok njur kendel wae ki piye. Nyuwun ngapura nek aku kleru omong lho”.*

*“ Ora dhik, tekaku mrene jane pancen pengin njaluk panemumu. Aku lagi bingung lan goreh ngadhepi kedadeyan sing nembe wae tak alami pas lunga nang Bandhung wingi. Aku butuh panemu sakdurunge matur bapak ibuku”.*

*“ Prekara apa ta mas, nek panjenengan ngira aku isa atur panemu, ya mangga dingendikake wae. Aku ora bakal mbukak wadimu babarpisan”.*

Pram banjur nyritakake kedadeyan sing dialami antarane dheweke karo Rosalina Wulandari wiwit pisanan nganti entek entekan. Tapis gusis kabeh dicritakke, disokke nang Reni. Reni ngrungokke kanthi sabar. Mung sok sok nrambul takon nek menawa ana perangan sing kurang cetha. Sak wise dicritani Pram nganti tuntas, Reni unjal ambegan dawa karo meneng suwe. Pramana ya ngenteni kanthi sabar. Wong loro meneng menengan mung krungu swarane angin nang plataran.

*“ Mas Pram aku isa ngerti sikape Rosa, dheweke duwe hak nganggo mbangun uripe maneh. Nek mas Pram wis mantep ya terus wae. Prekara le arep ngaturi bapak ibu lan kanca kanca isa dipikir tahap kapindho. Sing penting aja tida tida, aja bingung, kudu mantep atine. Iki prekara tembe ngarep, saklawase urip”.*

*“ Aku isih bingung, tida tida karo goreh atiku. Kok prosese cepet banget. Ning ninggal Rosa, kayane kok ora bakal isa”.*

*“ Aku ngerti mas. Nek isih goreh lan ragu ragu,mbokmenawa mandheg sedhela, lerem dhisik anggone mlaku. Ngenteni nek wis ana pepadhang nang njero atimu”.*

*“ Matur nuwun banget panemumu, arep tak estokake. Ben isa luwih tenang le ngangkahi lan mutusi”.*

Angin sing nerak gegodhongan nang wit witan ing plataran nggawa swara kemresek lembut. Wayah sore sing endah wis sinaput wengi. Pramana enggal enggal pamit. Dheweke nyalami nggegem tangane Reni kanthi kenceng. Tanpa nyana ngrangkul Reni karo mbisiki,

*“ Matur nuwun ya dhik, aku manut panemumu, tak lerem dhisik sakwetara wektu”.*





Bab 8

# Bandhung Kobar

**P**ramana dina dina iki pengen lerem ora mikir dhisik sesambungane karo Rosa, kaya sing diusulke Reni. Ana benere. Nek pancen isih ragu ragu ya luwih apik lerem dhisik ora usah kesusu mutusi. Senajan ta wayangane Rosa, saben wektu mesthi teka nang alam pikire. Ana rasa bingung, dheg dhegan, kangen, tresna lan sayang campur adhuk dadi siji. Dina dina sakbanjure, wektune luwih akeh kanggo ngurusi persiapan pendhadharan, lan ngurusi kegiatan organisasi Dhewan Mahasiswa. Arang arang metu seka ngomah. Luwih akeh mung nang kamar maca buku buku sing ana sambung rapete karo dhiplomasi lan hubungan internasional.

Pas sakwijining awan, bubar makan siang, dadakan dheweke krungu ana pawarta saka radhio mahasiswa. Ngabarake menawa Bandhung lagi geger. Para mahasiswa padha rame medhun nang dalan dalan, protes amarga ana mahasiswa ITB sing tiwas dikeroyok taruna kepolisian bubar acara pertandhingan persahabatan bal balan nang kampus. Wartane isih durung gamblang, isih warna warna versine. Ndilalah ana

salah sawijining anggota Dhewan Mahasiswa sing lagi wae mulih seka Bandhung dina iku. Nggawa warta menawa Bandhung lagi gawat, kobar gerakan protes mahasiswa. Pengurus Dhewan Mahasiswa kudu ketemu nemtokke sikap.

Pram diampiri kancane, padha padha anggota Dhema, jenenge Madhani. Gageyan lunga nang kampus. Kahanane lagi gawat, gerakan protes mahasiswa nang Bandhung, sak wayah wayah isa mrambat nang Yogja. Awan iki ana rapat dadakan arep ngrembug piye sikape mahasiswa Yogja tumrap kedadeyan ing Bandhung sing wis nggawa pepati. Pram nyuwun pamit ibune, nek arep nang kampus ana wigati sing kudu dirembug. Dheweke diboncengke bromfits karo Madhani tumuju kampus. Tekan kampus wis nyedhaki wayah sore, kanca kanca wis padha kumpul. Anggota Dhewan Mahasiswa lan wakil wakil seka fakultas sak njeroning Universitas Gadjah Mada. Ruang rapat kebak lan swasanane tegang. Ora suwe rapat dibukak dening wakil ketua, jenenge Maslan. Embuh Ketuane menyang endi, mbokmenawa lagi nang luar kota.

*“ Para sedulur, ketrima banget tekamu sore iki. Rapat iki pancen dadakan, acarane mung siji. Ngrembug prastawa tragis nang Bandhung. Bandhung lagi geger, ana kanca mahasiswa seka ITB tiwas, dadi korban. Ayo kita simak laporane kancane dhewe, Tjiptardja sing lagi wae teka seka Bandhung. Tak elingke, senajan awake dhewe kabeh panas atine, nanging sirah kudu tetep adhem. Hidhup Indonesia, Viva Mahasiswa. Ayo sedulur Tjiptardja”.*

Tjiptardja banjur maju nerangke larah larahe kedadeyan nang Bandhung.

*“ Matur nuwun kanca kanca kabeh. Aku nembe wae lunga menyang Bandhung, ana keperluan pribadi. Lagi arep mulih, ana kedadeyan prastawa tragis iku, tanggal 6 Oktober wingi. Ana pertandhingan persahabatan bal balan antarane mahasiswa ITB karo taruna kepolisian. Bubar pertandhingan swasana panas tanpa kendhali amarga Taruna Kepolisian kalah. Para taruna terus ngamuk pas ninggalke kampus ITB, sak wetara taruna malah padha nggawa senjata api. Salah sijining mahasiswa, jenenge Rene Louis Conrad, liwat ngarep kampus numpak udhug Harley Davidson. Sial kanggone Rene, dheweke dikroyok lan dianingaya dening para taruna. Akeh seksi sing nyumurupi, Rene dikroyok, ditembak terus diseret munggah nang truk digawa lunga. Sore iku uga kanca kancane Rene terus padha nggoleki. Jenazahe Rene ketemu nang gudhang kantor polisi. Tatu arang kranjang ditambah ana luka bekas tembakan. Prastawa iki gamblang dudu padudon utawa dredah, ananging penyiksaan lan rajapati, mahasiswa tanpa senjata dadi sasaran. Nyalahi jiwa Panca Sila lan kamanungsan. Para taruna rumangsane dadi warga negara kelas siji. Mahasiswa Bandhung esuk mau medhun nang dalan dalan. Bandhung sepi nyenyet kaya kutha mati. Cukup semono sing perlu tak laporke. Mangga dirembug sikape dhewe mahasiswa marang prastrawa tragis iku. Viva mahasiswa, viva Indonesia” .*

Swasana ruangan dadi goreng, ana sakwetara sing nggebrak meja muntap nesune. Atine padha panas, jaya bang mawinga winga, krungu warta taruna kepolisian kok ora duwe jiwa satriya. Polah tingkah biadab lan sewenang wenang marang mahasiswa sing tanpa senjata. Sakwetara peserta mulai bengok bengok, ajak ajak supaya medhun nang ndalan, protes kedadeyan mau. Pimpinan rapat banjur nuthuk palu wola wali, njaluk supaya peserta tenang. Pimpinan rapat kanthi swasa gemeter nampa laporane Tjiptardja.

*“ Matur nuwun laporan warta mu sedhulur Tjip. Sakdurunge neruske le rembugan. mangga kita bebarengan ngeningke cipta lan ngaturake donga kanggo kanca Rene Louis Conrad sing wis dadi korban laku sewenang wenang lan biadab seka taruna kepolisian ing Bandhung”.*

Kabeh peserta rapat banjur padha ngeningke cipta kanthi khidmat. Swasana tintrim lan tegang. Pimpinan rapat, banjur neruske anggone rapat. Nanging swasana wis panas, para peserta wis ora jenjem, wis kobong atine. Wis padha pating brengok karepe dhewe.

*“ Wengi iki kita kudu mutuske langkah langkah sing kudu dijupuk minangka tindak lanjut prastawa barbar kuwi”.*

*“ Medhun nang dalan, medhun nang ndalan dhemo , unjuk kekuatan. Aja pisan pisan mundur nglawan kezoliman lan kebiadaban. Kompak maju terus, aja wedi karo aparat keamanan”.*

Para peserta rapat padha pating brengok rame, wis ora isa dikendhaleni dening pimpinan rapat. Madhani klebu mahasiswa sing paling senior nang kono antarane mahasiswa sing lagi emosi iku. Dheweke nggebrak meja, njaluk supaya peserta rapat bali tenang maneh. Sak nalika meneng. Swarane Madhani banter mibawani ngebaki ruangan.

*“ Tak jaluk kabeh kudu tenang. Aja nggugu karepe dhewe. Saiki nek ana usul diucapke sing maton, aja mung bengak bengok ora karuwan”.*

Ana anggota Senat Mahasiswa seka Fakultas nywara usul. Kabeh meneng ngrungokke.

*“ Aku Buyung Basa seka MamaConga, Complex Ngasem. Aku usul awake dhewe gawe pernyataan terbuka, disiarake bengi iki utawa paling lat sesuk esuk. Wose mratelakake dhuka cita lan dhukungan sarta solidaritas marang kanca kanca nang Bandhung. Prastawa kuwi kudu diurus kanthi transparan lan oknum sing terlibat, diseret nang pengadilan”.*

Para peserta padha saur manuk... setuju.... setuju. Bubar iku ana maneh sing maju, Sutomo seka fakultas hukum.

*“ Aku Tomo, nyengkuyung usule kanca Buyung. Ditambah ngirim perwakilan marang Bandhung bengi iki uga. Ndherek belasungkawa karo golek info seka tangan pertama. Nek setuju diputusi, sapa sing arep dipasrahi gawe keterangan pers wengi iki, terus digawa nang koran rame rame, karo nang RRI. Terus sapa sing kapatah budhal nang Bandhung wengi iki?”.*

Sajake peserta kabeh sarujuk marang usulan loro mau. Maslan Wakil Ketua Dhema, gageyan bali neruske rapat maneh. Dheweke ngumumake.

*“ Aku usul rong prekara. Siji, kanca Madani lan Sutomo, mimpin tim sing gawe Pers Release, dikirim nang koran lan radhio wengi iki. Loro, Pramana, Buyung Basa lan sedulur Tjiptardja mangkat nang Bandhung wengi iki uga. Ketemu karo kanca Dhema ITB, nyatakke dhukungan lan dhuka cita. Nek isa nemoni keluwargane Rene, ndherek belasungkawa marang wong tuwane almarhum. Setuju kanca kanca ? “*

*“ Setuju.... setuju.....setuju”.*

*“ Nek ora ana usulan maneh. Rapat rampung tekan sak mene dhisik. Dak jaluk sampeyan kabeh tetap njaga kahanan, aja emosi, aja gawe kahanan tambah kisoruh. Digilir anggone jaga nang sekretariat, nunggu pawarta sakbanjure. Njaga komunikasi lan koordinasi, antarane pengurus Dhewan Mahasiswa. Viva Mahasiswa. Viva Indonesia”*

Pramana gageyan mulih. Barengan karo Buyung lan Tjiptardja, boncengan skuter. Wengi iki kudu budhal menyang Bandhung. Untung ana sepur sing budhal Bandhung wayah tengah wengi. Tekan Bandhung wayah esuk udakara jam wolu nek ora telat. Pram tekan ngomah banjur matur bapak ibune, nyuwun palilah menawa arep budhal nang Bandhung wengi iki uga, ketemu karo kanca kanca saka ITB karo layat mahasiswa ITB sing tiwas. Pak Rianto karo bu Ambarwati kaget banget dipamiti putra tunggale sing banget disayang. Bu Ambarwati ngrasakke was was gek gek mengko ana apa apa, kahanan lagi goreh lan panas.

*“ Ya maem dhisik ngger, mengkho ben diterke sopir pak Parman. Ben dheweke diparani pak Jan sak iki wong omahe mung cedhak mburi kono”.*

*“ Njih Bu karo ngampiri kancaku mengko. Rombongan sing nang Bandhung ana wong telu”*

*“ Ya ora apa apa sing ati ati wae. Pirang dina nang Bandhung?”*

*“ Ora suwe bu, nek wis rampung acarane ya mulih. Paling rong dina. Embuh isa mampir nang daleme pakdhe Naryo apa ora”.*

Pram banjur maem dhisik, ditunggoni ibune. Pak Rianto nang ruang tengah mirsani TV. Warta prekara huru hara nang Bandhung ora akeh disiarka. Mung cekak aos disebut ana kerameyan mahasiswa protes nang Bandhung. Jamane jaman sensor, kabeh disensor panguwasa, nyiarake berita wae ya ora isa bebas. Jam sepuluh Pram wis rampung anggone tata tata. Mung nggawa ransel siji isi salin. Dheweke ngrangkul ibune nalika pamit. Uga ngaras astane bapake. Bu Ambarwati ora isa nutupi rasa sedhik lan kuwatire. Pesene alon karo nahan napas.

*"Ati ati ya ngger', tak dongakke lancar kabeh"*

Jam sepuluh luwih sethithik, budhal ngampiri Tjiptardja nang Suronatan terus Buyung Basa nang Jagalan Beji. Isih cukup wektu nang stasiun ngenteni sepur. Ngrungokke radhio nang rumah makan, ning ora ana warta sing penting. Sajake radhio barang ya wis disirep kabeh dening panguwasa.

Kadingaren sepur tekane nang Bandhung ora telat. Jam setengah wolu wis tekan stasiun Bandhung. Wong telu padha resesik awak dhisik nang kamar mandhi stasiun. Bandhung adheme ora mekakat. Ora wani adus. Mung raup, sikatan, karo ganti pakaian resik. Ora lali nganggo jaket almamater warna abu abu, lengkap karo simbol universitas temempel ana dhadha. Sak durunge budhal tumuju kampus, leren dhisik sarapan nang rumah makan ing njerone stasiun. Ngombe kopi rasane nyamleng nang hawa adhem. Bubar sarapan langsung numpak taksi nang kampus ITB.

Akeh mahasiswa padha kumpul nang lapangan lan dalam dalam sak ubenging kampus. Rombongan wong telu iku njujug nang kantor sekretariat Dhewan Mahasiswa. Udakara ana wong sepuluh nang ruangan kono. Sakwise ngucapke salam kenal lan salam peseduluran, tata cara langsung nang inti masalahe. Pram lan Buyung minangka jurubicara seka Yogya.

*“ Tekaku sak konco marang Bandhung, makili lan nggawa swarane kabeh mahasiswa Gadjah Mada, ngaturke rasa sedhik kang tanpa upama amarga tiwase kanca Rene Louis Conrad. Kita kabeh ngrasakke kesedhikan lan kelangan kanca amarga tingkah barbar tanpa kamanungsan. Nyulihi sak kabehing mahasiswa pawiyatanku, kita tansah anyengkuyung lan menahi dhukungan langkah langkah sing wis diputuske dening kanca kanca Dhema ITB. Aja pisan pisan kember lan mundur. Dalaning perjuangan isih dawa. Kanggo nasibe nusa lan bangsa Indonesia ing tembe ngarep, kita nyawiji nglawan kesewenang wenangan lan napsu angkara murka”.*

Pramana ngucapke pratelan kanthi tatag, cekak aos, senajan swarane ndredeg amarga nahan emosi. Wakil Mahasiswa ITB banjur aweh wangsulan uga cekak aos.

*“ Ketrima banget panyengkuyung lan dhukunganmu kanca kanca seka Kampus Biru ing Ngayogyakarta. Aku mung njlentrehake urutane kedadeyan prastawa sing tragis iku. Pertandhingan kekancan bal balan dianakke nang kampus ITB. Sak suwene pertandhingan, swasana pancen wis wiwit panas amarga loro lorone rombongan padha pating brengok ngurak tim lawan. Bubar perthandhingan sing dimenangke kesebelasan ITB, para taruna padha emosi ngamuk, sak perangan nganggo senjata api. Ana sakwetara mahasiswa sing nandhang luka tembak. Rene Louis Conrad, babar pisan ora melu nonton pertandhingan. Dheweke lagi mubeng*

*mubeng kutha liwat ngarep kampus. Dheweke dikroyok, ditembak seka mburi nganti dadi lan ambruke, terus diseret munggah truk lan digawa lunga. Kanca kanca saka ITB padha meruhi kedadeyane iku. Banjur nggoleki ana ngendi Rene Louis Conrad digawa. Wengi iku udakara jam wolu bengi, Rene ditemokke nang gudhang Poltabes Bandhung ing dalan Merdheka. Tatu arang kranjang kari raga tanpa nyawa. Upama Rene digawa nang rumah sakit nalika lagi nandhang tatu, mbokmenawa isih bisa ketulungan. Ora ana tandha tandha pitulungan, malah kosok baline penyiksaan. Rene Louis Conrad, dadi korban penyiksaan lan rajapati, tanpa rasa kamanungsan. Pengorbane Rene ora isa ginambarake nganggo tetembungan menungsa sing ngugemi rasa kamanungsan. Aja nganti pengorbanane Rene muspra, kita tansah kompak bebarengan ngadhapi pangwasa sawenang wenang. Bravo ITB, bravo Indonesia”.*

Bubar rampung ngujarke pratelan mau, tuan rumah manggakake menawa ana sing arep nambahi. Swasana sidhem kasaput rasa sedhik. Buyung banjur nambahi.

*“ Mangga kita bebarengan ngawal kasus iki, supaya ana pemeriksaan transparan lan independen. Sapa wae sing melu katut nang prastawa raja pati iki kudu diadhepke nang pengadilan. Aku njaluk supaya tetep ngendhani anarkhi lan laku nang njaban hukum. Para pangwasa kuwi isa gawe gawe alasan tumindak luwih represip lan luwih brutal”.*

Sak bubare pertemuan karo anggota Dhema ITB, rombongan banjur diterke niliki panggonane Rene ditembak lan dikroyok. Akeh mahasiswa kumpul nang kono, uga akeh karangan bunga wis diselehake kanggo ngormati almarhum. Pram sak konco banjur nyebar kembang melati, mawar, kanthil lan

kenanga, nglambangake rasa sayang marang almarhum. Bareng bareng ngeningke cipta nang kono.

*" Sedulur Rene, muga muga sliramu wis istirahat kanthi tentrem nang swarga saiki. Menungsa menungsa duraka iku wis ora isa nyiksa sliramu maneh. Pangurbananmu ora bakal muspra. Kekejeman lan kadurakan ora bakal langgeng. Kita kabeh saiyek saeka praya nglawan menungsa menungsa sing tansah mentingake kekuatan lan kekerasan. Kamanungsan bakal menang"*

Bubar ngeningke cipta, ana wartawan asing sing nyedhaki. Jare seka Radio Australia, takon piye tanggapane marang prastawa sedhah iku. Pramana menehi pratelan cekak aos.

*" There are no appropriate words to describe this barbaric and coward murder. We will keep demanding that those who are responsible must be brought to justice. Oppression and arrogance of this military regime will not last forever"*.

Wong telu dikancani dening salah sijining anggota pengurus Dhema ITB, banjur numpak mobil tumuju omahe almarhum nang Bandhung sisih lor. Akeh warga lan mahasiswa kumpul nang omahe almarhum. Rombongan ditemoni dening tantene almarhum Rene, iya adhike bapake Rene, Tante Luisa. Pram amakili kabeh mahasiswa seka Ngayogyakarta ngaturke belasungkawa marang keluarga kanthi pinuwun, muga muga keluarga tansah diparingi tabah lan sabar dening Sing Gawe Urip. Kita kabeh melu ngrasakke rasa sedhah kaya sing dirasakke keluarga. Swarane Pram kedher nalika ngetokke tetembungan iku. Dheweke melu kaca kaca, nalika nyipati tante Luisa nangis. Tante Luisa dirangkul, kaya nek ngrangkul ibune kae.

Wis awan nalika kabeh rencana wis dilakoni. Wong telu banjur pisah sowang sowang karo ngenteni sepur nang Yogya mengko bengi. Tjiptardja arep mampir nang nggone kangmase nang Sangkuriang sing dadi dhosen nang ITB. Pram karo Buyung arep mampir nang daleme pakdhe Naryo nang dhaerah Dhago. Mengko bubar maghrib ketemu nang stasiun, sepure budhal jam pitu bengi.

+++++

Tekan daleme pakdhe Naryo, Pram karo Buyung Basa langsung didhawuhi makan siang. Pakdhe Naryo, budhe Sunarti nembe wae rampung dhahar siang. Mbak Ayu uga nemoni nang kono, ndilalah bank e bukak mung setengah dina marga ana rame rame protes mahasiswa.

*“ Wah kok wis cepet balik maneh nang Bandhung Pram ? Bapak ibumu ora apa apa ta. Mas iki uga kanca kuliah, sapa asmane?”*

*“ Menika Buyung Basa pakdhe, saking kedhokteran, kanca wonten organisasi mahasiswa. Menika nembe kemawon dhateng ITB, layat kaliyan pados info saking sumber utama”.*

Buyung nyoba nerangke marang pakdhe Naryo. Budhe Sunarti ndangu Pram prekara acarane Pram mampir nang Pekalongan ndhisik.

*“ Pram ndhisik pas mulih kae sida mandheg Pekalongan dhisik. Ana gegayutan penting nang kana ya?. Muga muga lancar ya”.*

*“ Matur nuwun budhe, nyuwun pangestunipun”.*

*“ Nek ngono apa ana rencana mampir Pekalongan maneh iki mengko?”*

*“ Mboten budhe, menika mangke dalu badhe wangsul Yogja mawi sepur, lajeng mampir sowan mriki rumiyin kaliyan ngentosi sepur”.*

*“ Ya ora apa apa, mengko nek arep leren dhisik nang kamar ngarep ya”.*

Buyung banjur pamit menyang kamar ngarep. Arep istirahat dhisik amarga awake kesel banget. Mbak Ayu sempat ngobrol sedhela karo Buyung nang ruang ngarep. Dene Pramana arep matur pakdhene karo budhene dhisik, ana kawigaten sing perlu diaturke pakdhene. Dheweke matur nek wis lengkap syarat syarat sing arep dinggo nglamar. Wis entuk surat rekomendhasi seka dosen pembimbing. Mung kari ngenteni pendhadharan disik rong minggu engkas. Bubar pendhadharan dheweke arep sowan pakdhene sisan nang Jakarta nglebokke lamaran. Uga matur pakdhene nek bapak ibune wis maringi palilah dheweke nglamar nang Departu.

*“ Ya sokur ta Pram, nek bapak ibumu wis nyatujoni. Aja pisan pisan nglirwakke wong tuwa sing wis nggulawentah wiwit cilik”.*

*“ Kula njih matur menawi mangke ugi badhe nglebetaken lamaran dhateng Pemdha. Mangke pun putusaken ing wingking menawi saged katampi”.*

Budhe Sunarti wanti wanti aja nglirwakke dhawuhe wong tuwa, apa maneh nganti gedhe cilike gawe gelane wong tuwa. Marahi sial mengko ing tembe ngarep. Pramana jane arep matur prekara sesambungane karo Rosa, nanging dipikir pikir

dheweke durung siap. Ora perlu kesusu, isih ana dina. Dina dina pungkasan iki dheweke lagi leren anggone mikir sesambungane karo Rosa, apa maneh lagi rame kahanan kampus.

Jam enem sore, sak wise padha istirahat, Pram karo Buyung nyuwun pamit menawa arep budhal menyang stasiun mulih menyang Yogja. Ora lali ngaturake panuwun dene wis dililahke leren nang daleme pakdhene. Nang stasion ketemu karo Tjiptardja. Wong telu bareng bareng mulih Yogja wengi iku uga. Amarga kesel, sakdawaning laku mung padha turu wae.





Bab 9

## Surat Saka Rosa

**N**gancik stasiun Tugu, Ngayogyakarta, wis parak esuk. Jam papat liwat sethithik. Wong telu angler anggone turu sak dawaning laku seka Bandhung. Isih peteng lan sepi ing kutha Yogja. Jane isa langsung numpak becak, nanging dipikir pikir, apike kok nggenteni ben padhang dhisik. Keri keru iki akeh kedadeyan rampokan sing dialami para penumpang sepur, pas numpak becak seka stasiun. Sisan neruske le turu sing durung tuntas. Kira kira setengah enem, lagi sowang sowang numpak becak. Buyung numpak becak nang jurusan Jagalan Beji. Pram karo Tjiptardja dadi siji sak becak, nuju ngidul liwat Suranatan, terus tumuju kampung Nagan.

Tekan ngomah wis padhang. Pak Parjan, kaya adat saben nek esuk mesthi sing dicandhak dhisik nyapu latar. Sakwetara wektu dinggo nyapu latar gilar gilar sak mana ambane. Bapak ibune, pak Rianto lan ibu Ambarwati, uga wis padha wungu,

lagi lenggahan nang pendhapa ngarep. Bubar mlaku mlaku esuk nang sak ubenging pekarangan. Pramana gageyan anggone ngaturi salam bapak ibune. Durung sempat crita, wis selak nyuwun pamit arep nang mburi dhisik. Rampung resik resik awak, Pram nuju nang kamare. Pak Parjan gita gita anggone marani.

*"Gus menika wau wonten serat nembe kemawon dhateng kala wingi".*

*" Iya suwun ya pak Jan, tulung kamarku kok resiko ya. Karo kok godhoge banyu anget tak nggo adus".*

Rada dheg dhegan atine Pram ndulu ana surat kanthi amplop warna kuning nang mejane. Diwaca alamat pengirim, mung katulis, Kanca Pekalongan. Wah genah iki saka Rosa, Rosalina Wulandari, sing dina dina iki dheweke lagi nyoba ora arep mikir dhisik. Lha ning wong sambung rapete karo rasa, ora gampang arep ora mikir babar pisan. Kadhankala, mak nyut pikirane ngleyang kepikiran wanodya ayu gandhes luwes sing jenenge Rosa. Karo ngenteni banyu panas, dheweke mbukak layang kuwi alon alon.

*" Kangmasku Pram sing tansah tak kurmati. Muga muga layang iki tekan nang astamu ora telat. Aku ana rencana dadakan arep nang Yogya akhir wulan iki. Ana urusan sing kudu tak rampungi babagan usahaku. Panjenengan apa ana wektu nek awake dhewe ketemu, ora ketang mung sedhela. Aku kangen nemoni sliramu, karo pengin nyuwun panemumu marang usaha sing arep tak wiwiti nang Yogya. Nang Yogya aku nginep nang Hotel Bahagia ing jalan Pajeksan cedhak Malioboro. Sak bubare jam nem, aku wis bali nang hotel. Ananging yen mbokmenawa panjenengan lagi sibuk merga urusan pendhadharanmu, ora susah digalih. Suk liya wektu isih isa ketemu maneh. Saka aku sing kangen, Rosa".*

Ngungun rasane Pram maca surat iku. Bayangane Rosa sing ayu bali cetha wela wela nang atine, marahi tambah kangen rasane. Dheweke cepet ndeleng tanggalan. Rosa sesuk wis tekan Yogja, embuh jam pira ora kasebut nang surat iku. Ning dheweke mesthi isa nemoni nang hotel Bahagia sesuk. Esuk iki kudu cepet cepet menyang kampus, menahi laporan kasile lunga menyang Bandhung nemoni para pimpinan mahasiswa nang ITB. Ora suwe pak Jan wis ngandhani nek banyune panas wis disiapke nang kamar mandhi. Pramana alon alon menyang kamar mandhi, adus, nanging batine isih kebak mbayangke Rosa. Arep ketemu Rosa nang Yogja, apa sing arep diomongke ya? Piye nek nganti bapak ibune ngerti, kamangka durung mbukak babar blas sesambungane karo Rosa, marang bapak ibune. Sedhela maneh ana sing ndhodhog lawange, Yu Siyem menahi weruh menawa Pram dienteni bapak ibune dhahar sarapan nang ruang makan. Pak Rianto biasane bubar jam setengah wolu wis budhal kantor dideherekke sopir. Esuk iku sajake pengen krungu critane Pram, piye anggone nang Bandhung.

*“ Piye anggonmu lunga nang Bandhung, lancar lancar wae ta lik?”*

*“ Injih lancar lancar wae bapak ibu. Tekan kana wingi esuk terus nang kampus, ketemu pengurus Dhewan Mahasiswa. Wah critane nggegirisi prekara kedadayan tragis sing ngenani Rene. Dheweke dikroyok, dianingaya dening taruna polisi nganti dadi lan tiwase. Jisime ketemu nang gudhang sak wetara jam sakwise dheweke diangkut truk polisi”.*

*“ Apa kono ya layat nemoni keluwargane? Mendah sedhihe ya kelangan anak tunggal, wong tuwane Rene”.*

*“ Iya bu, nang kampus ngeningke cipta karo ndeleh kembang nang panggonane Rene ambruk dikroyok. Terus layat nang panggonane Rene, ketemu keluwargane ning ora ketemu ibune. Isih kerep semapat ibune. Ora isa ditemoni. Bubar acara layat aku karo Buyung mampir nang daleme pakdhe Naryo, karo ngenteni istirahat sakdurunge nang stasiun”.*

*“ Pakdhe karo budhemu kan ya sehat sehat ta lik? Wis rada suwe aku karo ibumu ora ketemu pakdhemu. Kangen nek crita, ora ana kendhate”.*

*“ Iya pak, pas mampir rana, pakdhe ya ngendika macem macem. Ndangu aku terus prekara lamaran nang Dheparlu. Arep digawani surat kanggo kancane nang kana”.*

*“ Ya apik, kok estokke dhawuhi pakdhemu. Ning kudu duwe plan B. Ya dongaku muga muga ketampa, upama ora kudu wis duwe pilihan alternatif”.*

*“ Injih bapak, tak estokke”.*

Bu Ambarwati ora isa ngumpetke rasa was was e marang Pram amarga kahanan lagi panas. Mahasiswa padha metu nang ndalan protes kasus mahasiswa Bandhung sing tiwas. Kamangka Pram mesthi melu rame rame nang kampus iki.

*“ Pram sing ati ati ya ngger mengko nek urusan mahasiswa gegayutane karo kasus Rene iku. Aku jan samar tenan, nek para mahasiswa padha medhun nang ndalan dhemo, banjur ora terkendhali, mesthine aparat ya bakal bertindak keras. Ati ati tenan ya le”.*

*“ Njih bu, awan iki arep nang kampus rapat kasile kunjungan menyang Bandhung iki. Sak bisa bisa mahasiswa kudu luwih ati ati. Nek kepancing isa ana kurban maneh mengko”.*

*“ Iya sing ati ati tenan ya. Ya wis nuli leren dhisik sakdurunge mangkat nang kampus”.*

Esuk iku Pram ngrasakke sarapan enak, ana tahu goreng, sambel kecap, karo sayur seger. Ora keru ana gudheg. Meja makan prasasat dadi panggonane dheweke isa wawan rembug karo wong tuwane. Pakulinan wiwit cilik. Pram banjur bali nang kamar. Maca surat seka Rosa, dibolan baleni tanpa ana bosene. Dheweke leleh leleh nang tempat tidhur. Mengko awan budhal menyang kampus. Pram kelingan welinge ibune sing wanti wanti kudu tansah ati ati. Dheweke ngerti banget nek ibune tansah was was dina dina iki. Mula dheweke ya mesthi ngati ati nek arep ngudharke situasi mahasiswa marang ibune. Siji durung rampung kok wis ana prekara liya, Rosa teka nang Yogya. Nek ibune ngerti apa ora tambah anggone bingung? Surat disimpen kanthi primpen nang antarane buku bukune nang rak.

+++++

Rapat pengurus lan perwakilan mahasiswa nang kampus, kaya adat sabene, mesthi swasanane rada ribut, kadhangkala malah saya ndadra dadi rame. Sing ora pengalaman mesthi aras arasen arep melu. Kerep tanpa rumusan kesimpulan sing cetha. Pramana wis apal prekara iki. Untunge dheweke pancen sinau tenan prekara dinamika organisasi dan negosiasi. Dadi karo isa ngetrapke kawruh sing disinaoni karo kedadeyan nang alam kanyatan. Rapat kapimpin dening Ketua Dhema sing wingenane absen, jenenge Tunggal Birowo. Pram wis

tepung suwe ananging ora cedhak banget, omahe cedhak Pakualaman. Wong wongane anteng, mibawani, tingkah polahe tansah sareh ora kesusu.

*“ Sedulur sedulur ku. Agendha rapat awan iki, ngrungokke laporane tim sing kajibah menyang Bandhung, karo ngrembug tindakan sak banjure sing kudu dilaksanake . Apa ana usulan agendha liya ? Nek ora ana mangga kanca Pram isa ngudharke laporane” .*

Pramana lungguhe jejer karo Buyung Basa lan Tjiptardja ana ngarep. Wong telu wis rembugan prekara apa sing perlu dilaporke, ora susah kedawan dawan. Pram tumuli maju lan ngudharke laporane.

*“ Sedulur sedulur ku sing tak kurmati. Matur nuwun marang kapitayan marang aku wong telu. Bubar rapat kepungkur, kita langsung budhal menyang Bandhung numpak sepur. Tekan Bandhung langsung nemoni kanca kanca Dhema ITB lan sakwetara perwakilan mahasiswa. Kita entuk briefing langsung seka Dhema lan mahasiswa sing nyekeni langsung kedadeyan tragis iku. Kaya sing wis dilaporke sedulur Tjip wingi, kasus Rene terang menawa kasus penganiayaan, pengeroyokan lan raja pati. Dudu kasus padudon utawa dredah antarane mahasiswa karo taruna kepolisian. Pengeroyokan, penganiayaan lan pembunuhan titik. Terang cetha wela wela sak kabehane ora perlu tida. Kita kabeh kudu nyengkuyung lan menahi dhukungan marang perjuwangane kanca kanca ITB. Kita uga ngeningke cipta lan nabur kembang nang panggonane Rene ambruk lan diseret munggah truk nang ngarep kampus. Bubar iku menyang panggonane almarhum, nemoni keluwargane, ngaturke ucapan dhuka cita kang tanpa upama gegayutan karo tiwase Rene. Iki sing isa tak laporke. Sedulur Buyung apa Tjip menawa arep nambahi mangga. Viva Indonesia. Viva mahasiswa” .*

Buyung karo Tjiptardja gentenan anggone menehi tambahan. Wose para mahasiswa Ngayogyakarta nyengkuyung perjuwangane para mahasiswa nang Bandhung. Ora tinggal glanggang mlayu merga wedi karo tindakan represip aparat. Ananging aja nganti kejawab dadi tindakan anarkhis, sing isa kanggo alasan pihak keamanan matrapke tindakan brutal. Aja nganti ana korban sing ora perlu. Birowo banjur nerusake anggone mimpin rapat, ana usul seka sakwijining perwakilan mahasiswa.

*“ Matur nuwun sedulur sedulur Pram, Tjip lan Buyung. Laporanmu wis lengkap dinggo dhasar nggawe rencana tindakan sakbanjure. Apa ana usulan lan komentar kanca kanca?”*

*“ Aku Madhani seka Fakultas Hukum. Dina iki mau nang koran ana tulisan sing muat wawancara karo Jendral Sarwo Eddhi. Nang kono pak Sarwo Eddhi mratelakakke nek insidhen Bandhung, dadi pratandha mundure sesambungan generasi mudha sipil karo militer. Butuh upaya sing serius lan wektu suwe kanggo mbaleke sesambungan lan rasa percaya ing antarane generasi mudha kuwi. Aku usul menawa awake dhewe ngirim perwakilan nemoni bapak Sarwo Eddhie piye ?”.*

Krungu usulan kaya mangkono para peserta rapat dadi usreg, sebageyan gedhe nganggep nek pertemuan karo pak Jendral ora ana paedaha. Madhani nyoba nerangke nek tujuwane jane kanggo nggolek media penghubung sing isa nyambungke pihak mahasiswa karo pihak keamanan. Ananging para mahasiswa mau nggekeng nek ora perlu ana upaya negosiasi karo panguwasa. Taruna taruna sing melu ngroyok Rene, kudu diadili. Kudu ana proses pemeriksaan sing bebas lan

transparan. Birowo banjur ngudhar ringkesane pertemuan awan iku”.

*“ Sakwetara iki, kita sarujuki langkah langkah terusane gegayutan karo prekara kasus Rene Louis Conrad sing tiwas diperjaya taruna kepolisian nang Bandhung. Sepisan, kita kabeh ndhukung perjuwangane kanca kanca nang Bandhung. Loro, para pelaku sing melu ngroyok Rene kudu diproses hukum lan digawa nang pengadilan. Telu, kudu ana pemeriksaan sing independen lan transparan. Papat, njaga komunikasi lan koordinasi antarane perwakilan mahasiswa nang Ngayogyakarta, aja nganti ana gerakan sing mlaku dhewe dhewe. Lima, unjuk rasa lan protes dhamai nang kampuse dhewe dhewe. Apa ana tambahan sedulur sedulur ?”*

*Sarujuk..... sarujuk. Viva mahasiswa..... Viva Indonesia*

+++++

Rampung rapat Pram enggal enggal metu, numpak sepedhahe bali ngidul liwat Malioboro. Tekan prapatan Pajeksan, dheweke ragu. Hotele mesthi nang dhaerah iki. Ora kepikiran dawa, dheweke banjur menggok nengen. Plang Hotel Bahagia katon ana sisih tengen dalan. Hotel utawa benere ya losmen ana pinggir dalan. Ora gedhe banget. Dheweke banjur medhun lan nyandharke sepedhane nang pager njaba hotel. Pram mlebu takon nang resepsionis.

*“ Apa bener ibu Rosa Wulandari wis pesen kamar nang kene?”*

*“ Bener ibu Rosa asring nginep kene. Wis lengganan prasasat saben rong sasi teka mrene”.*

*“ Apa bener menawa sesuk arep teka saka Pekalongan ?”*

*“ Iya mas, iki malah nembe wae teka. Awan iki mau. Saiki mbokmenawa lagi istirahat ana kamare. Sajake kok durung bisa ditemoni saiki mas. Mengko wae nek wis tangi”.*

Pramana banjur mara marang kamar nomer nem. Mung pengin ndeleng nek mbokmenawa Rosa ora turu. Dheweke nothok lawang alon alon. Ora ana jawaban. Mungkin bener Rosa lagi istirahat. Turu sore. Jarene arep teka tanggal akhir bulan, kok saiki wis teka. Gek gek ana prekara sing wigati. Pram banjur lungguh nang ruang ngarep, ngenteni wae, lagi jam telu. Sedhela engkas mesthi wis tangi. Pegawai hotel sak bubare resik resik wanci awan, nyapu karo ngepel, ya mung padha lungguhan nang ngarepan. Ngenteni nek ana tamu teka. Biasane tamu akeh teka ing wayah sore. Ning iki kok isih sepi.

Pramana takon takon karo pegawai, sejarane hotel Bahagia iku. Hotel iki wis madeg suwe wiwit tahun patang puluhan. Wis bola bali ganti pemilik lan manajemen. Saiki sing kagungan asmane bapak haji profesor dhoktor Rosyidi, menteri agama RI kang kapisan. Pengelolaane dipasrahke karo keponakane pak Rosyidi, ibu Jirganah garwane pak haji Pramono. Ibu Jirganah kagungan toko bathik Margaria ana ing Malioboro. Ibu Jirganah lan pak Pramono kala kala uga asring tindak hotel ngecek samubarange. Kebersihan uga administrasine. Saben dinane sing nglakokke ana mahasiswa Conga, isih sedulure pak Pramono. Dheweke pesen kopi karo pegawaine hotel. Nanging tetep ora isa ngilangi anggone theklak thekhluk nunggu tangine Rosa. Tanpa sadhar Pram nganti keturon nang ruang tamu mau. Swarane kendharaan liwat dalan Pajeksan sing rame ora ngganggu anggone keturon. Ngimpine bakal ketemu karo Rosa sing ditresnani.



## Boutique

**A**wan mau Rosa nembe wae teka saka Pekalongan, terus mlebu nang hotel lengganane, Hotel Bahagia nang jalan Pajeksan, sisih Malioboro. Saking kesele, dheweke keturon sedhela. Pekalongan Yogja pancen ora cedhak, paling ora butuh wektu limang jam nek lakune lancar. Tangi tangi wis wayah bubar ashar. Cepet cepet adus dhisik, awake ora enak krasa pliket kabeh amarga keringeten. Bubar adus, dandan sak cukupe, arep metu nang ngarep tuku minuman lan makanan kecil kanggo sedhyan nang kamar. Lagi wae tekan ruang tunggu ngarep resepsionis, dheweke kaget banget meruhi wong sing di kangeni kok wis nang kono. Pram keturon nang kursi tamu ana pojok sisih tengen. Ketoke le turu angler banget. Kaya kaya ora percaya karo sing disawang, dheweke gage gage nyedhaki.

*“Mas Pram.... Mas Pramana. Wungu mas. Panjenengan kok malah sare nang kene iki mau ana apa?”*

Pramana uga ora isa nutupi anggone kaget, nyumurupi Rosa wis nang ngarepe. Rosa Wulandari sing kerep teka nang

pikirane, awan bengi, sing dheweke lagi nyoba arep leren dhisik anggone mikir. Pengin lerem dhisik. Tanpa sadhar dheweke ngrangkul Rosa kanthi lembut.

*“ Rosa..... Iya aku keturon ngenteni sliramu. Mau seka kampus ana rapat, terus mampir kene. Mung arep takon nang resepsionis, malah dikandhani nek kono wis teka”.*

*“ Kebeneran banget mas. Ana wigati sing perlu tak aturke njenengan iki. Mbok karo ngunjuk kopi sore nang ngarep kono ya mas ?”*

Wong loro banjur alon alon metu seka hotel, nang dalam Pajeksan. Isih rada rame sore iku. Toko toko isih pada buka. Ana butik enceng encengan nang ngarep hotel. Ora gedhe nanging kok katon regeng. Sing duwe jenenge Ardiyanto. Rosa ngejak mampir dhisik nang butik iku. Ana sakwetara mudha mudhi sing lagi gentenan masrahke rancangan awal bathik katulis nang mori putih. Mbokmenawa wae mahasiswa STSRI ASRI, Sekolah Tinggi Seni Rupa Indonesia. Mung sedhela nang butik iku, ibu ibu sing ngurusi butik lagi report nemoni para mudha iku lan ngecek design bathike, ora isa ditakoni.

Wong loro terus mlebu nang rumah makan Tiong San nang dalam Pajeksan sisih kulon, kidul ndalan. Pesen cap cay lan fuyung hai telur campur sayuran. Seger nggo makan sore. Angine semribit lembut wis suda le sumuk. Pram pesen es degan kopyor, dene Rosa pesen es buah. Nikmat rasane sore sore ngombe minuman segar. Mbokmenawa sisan dinggo ngedhemke swasana batin saka rasa kangen sing kobar nang atine dhewe dhewe. Pranyata minuman es iku ya ana pengaruhé marang Rosa lan Pram. Padha lereme, padha tentreme, wis isa ketemu adu arep maneh. Sorot mripate

nrawang lembut pandeng pandengan ora ana kendhate, karo tangane padha gegeman kenceng.

*“ Priye critamu mas Pram, rasane suwe banget ngenteni layangmu, esuk sore tak enteni, kok ora ana sing teka. Tak kira wis emoh ketemu aku maneh”.*

*“ Aja ngono ah. Tekan Yogya kan suasana kampus lagi panas merga ana mahasiswa ITB sing tiwas, di perjaya karo taruna kepolisian bubar tandhing persahabatan bal balan. Dina iki esuk mau lagi teka seka Bandhung terus rapat nang kampus. Angkahku nek wis rada lerem, aku arep nang Pekalongan”.*

*“ Jane ora perlu teka nang Pekalongan lho. Sing penting kanggoku ana pawarta layang wae. Nggo ngeyem eyemi atiku nek njenengan ora ninggal aku. Lha aku njur mung nebak nebak pirang pirang dina iki. Mula tak wanekke teka rene wae sisan ana wigati sing perlu tak rembug”.*

*“ Ana wigati apa ta Jeng?. Aku ngrungokke apa sing kok ujarke. Muga muga isa mbiyantun”.*

*“ Iya mas, wis suwe tak rencanake, aku pengin duwe butik nang Yogya. Sepisanan mungkin ora susah gedhe ora apa apa. Sing penting kanggo promosi lan mbangun image dhisik”.*

*“ Lha terus rencanamu piye?”.*

*“ Wis ana sak wetara pilihan lokasi mas, penake nang endi sing prospek e apik ya?”*

*“ Tak pikir ana Yogja iring kidul wae, sing akeh disaba turis. Nang lor ya ora apa apa, ning mbokmenawa rada suwe le berkembang”.*

*“ Iya aku pengen golek swasana sing katon Yogya asli, ana latare amba karo wit witan nang ngarepan. Malah wis ana sing nawani iki, siji nang Ngadisuryan, sijine nang Wijilan. Aku nyuwun pertimbanganmu mas apike sing endi”.*

*“ Apike aku tak melu ndeleng lokasine dhisik. Ben mantep le aweh panemu ora mung grambyangan”.*

Wong loro mbanjurke anggone makan sore karo wawan rembug. Ngalor ngidul sing dirembug, nanging babarpisan ora nggepok karo sesambungan pribadine. Kaya kaya wong loro isih nyingkiri nek kudu gawe putusan sing ora kepenak. Mula apik lerem wae ora sah dirembug dhisik. Sing penting isih tetap sesambungan kekancan raket. Janjian nek esuke arep ketemu maneh, awan wae soale esuk Rosa isih kudu nemoni toko toko pelanggane. Pramana isih kudu nang kampus. Bubar makan sore, Pram ngeterke Rosa bali nang hotel. Pram ngrangkul lan ngarasi Rosa kanthi lembut nang kamar hotel. Terus pamitan mulih. Jane nang njero ati, isih pengen barengan wong loro ngentekke wengi.

Pramana tekan ngomah wis wanci surup. Pak Rianto karo ibu Ambarwati isih lenggahan sore ana pendhapa. Bu Ambarwati gageyan le nyapa putrane. Dheweke tansah sumelang menawa Pram mulih telat. Kahanan lagi goreng nang njaba.

*“ Kok nganti sore awakmu Pram? Ibumu mung senak senik ngenteni kono”*

*“ Njih bapak ibu, bubar rapat nang kampus mau nemoni kanca seka luar kota. Pengin ketemu, nganti wis kirim layang sak durunge”.*

*“ Sapa kuwi Pram kok sajak penting banget?”.*

*“ Kenalan bu, pengen bukak butik nang Yogya, khusus bathik jarene. Dheweke pengusaha bathik saka Pekalongan”.*

*“ Ooo ngono ta. Kapan kapan nek ana wektu aku pengen kenal. Aku isih seneng ngrancang pakeyan saka bathik”.*

*“ Iya bu, mengko mesthi tak tepungke”.*

Pram tansah bingung menawa mikir le arep matur bapak ibune prekara sesambungane karo Rosa. Ning iku kanyatan, nek dheweke arep terus karo Rosa, mesthi kudu wani blakasuta matur bapak ibune. Ora isa mung laku meneng menengan nang mburi. Uga marang kanca kancane. Nganti wayah iki durung ana siji sijiya sing diwenehi weruh, kejaba Reni kancane sinarawedi. Liyane isih ketutup rapet. Ora bakal Reni mbukak wadine dheweke nang liyan, apa maneh marang bapak ibune. Mung tansah kelingan sarane Reni, nek isih ragu ya leren dhisik, lerem dhisik. Aja cepet gawe putusan. Ning ora gampang. Bayangane Rosa terus teka nang pikire. Iki mau ketemu sedhela wae wis ora isa ngerem, rangkulan kanthi rasa tresna sing jero.

+++++

Esuke Rosa kaya adat sabene. Nemoni toko toko langganane. Bathik sing ditinggal nang toko toko sebageyan wis payu. Dheweke ngumpulke pepayone bathik saka toko toko mau. Ora ludhes payu kabeh ning ya lumayan mesthi kepayon. Kudu sabar ngumpulke pepayon bathik mau saka sithik. Amarga dipasarke nang kutha kutha liya kaya Solo, Semarang, yen dikumpulke ya krasa. Rosa duwe pepenginan duwe butik nang kutha kutha mau. Iki lagi ngrintis sing ana Yogja. Muga muga lancar lakune. Dheweke sing ngurus pemasaran, adhike

Iwan sing ngurusi produksine nang Pekalongan. Bapak ibune, bapak lan ibu Setiawan wis ora aktif melu ngurusi. Nanging nalika krungu menawa Rosa pengin mbukak butik nang Yogya, priayi sepuh sak loron iku melu semangat maneh, mikir perusahaan bathike.

Jam rolas awan Rosa wis rampung anggone mubeng. Wis balik nang Hotel Bahagia maneh sakwise makan siang nang rumah makan Tiong San cedhak hotel. Isa istirahat dhisik sak durunge diampiri Pramana. Awan iku dheweke maca maca berita Yogja, nggoleki warta prekara modhel modhel pakeyan bathik sing kondhang nang Yogja. Lukisan bathik ana pelukis kondhang jenenge Amri Yahya. Mesthine isih akeh perancang modhel bathik sing aktif nang Yogja. Soale ora ana kendhate mesthi ana modhel bathik kotemporer sing metu nang pasaran. Dheweke nggoleki fashion designer bathik sing aktif.

Jam loro awan, Pramana teka nang hotel numpak bromfiet ngampiri. Arep ndeleng lokasi sing bakal dinggo butik dening Rosa. Dheweke luwih mantep nampa panemu seka Pram, ora arep diputusi dhewe. Milih antarane sing nang Ngadisuryan apa nang Wijilan, loro lorone nang njeron beteng. Muga muga pilihane ora mleset mengko. Ora ngerti ngapa kok dheweke pengin banget panemu seka Pramana. Putusan kanggo tembe ngarep, jangka panjang. Kudu ana panemu seka wong sing ditresnani, senajan durung mesthi, angel gampang seneng susah dilakoni wong loro. Muga muga kaleksanan ing tembe ngarep, urip bareng karo wong sing ditresnani lan sing nresnani.

Alon alon wong loro boncengan bromfiets nuju kidul liwat Ngampilan, ngliwati Pojok Beteng Kulon, mlebu njeron

beteng, Taman Sari tekan kampung Ngadisuryan. Ana omah modhel joglo, ora nang pinggir dalam gedhe, rada mlebu sithik ning mobil isa mlebu longgar. Pekarangane amba, ana wit witan eyup nang pekarangan, wit jambu air karo kepel. Sajake dalem pangeran maune ning ora patiya kopen. Wong loro nemoni sing jaga ndeleng omah indhuk lan pekarangan.

*“ Omah iki mibawani, swasana asri lan sepi senajan ora nang pinggir dalam gedhe. Aku seneng kaya nggawa hawa tentrem Jeng”.*

*“ Padha mas karo sing tak rasakke, ning awake dhewe kudu mikir calon pengunjung sing bakal teka. Apa menarik kanggone mereka?”*

*“ Ya iki mung seka rasa ku wae, panggonan iki isa nawakke swasana tentrem, ayem, asri lepas sedhela seka ramening urip nang kutha. Mungkin mengko isa ditambahi kaya panggonan minum lan istirahat nang sisih wetan iku. Panggonane kan isih jembar”.*

*“ Iya mas muga muga cocok karo sing dikarepke. Mengko ndeleng lan isa mbandhingke sing nang kampung Wijilan “.*

Sak bubare ndeleng lokasi kanthi tlesih nang Ngadisuryan, wong loro alon alon boncengan liwat Alun Alun Kidul, mlebu Langenastran banjur ngalor nuju kampung Wijilan. Swasana luwih rame. Panggonan sing ditawakke nang pinggir dalam gedhe, omah modern kanthi petamanan sing asri nang halaman. Wong loro mlebu nemoni sing jaga karo ndeleng tlesih perangan bangunan. Omber ruangan ruangane. Bubar ndeleng lokasi iku wong loro padha leren nang salah sijining kafe sing akeh sumebar nang dhaerah kono. Pesen minuman seger, es juice buah, karo nyamikan ringan.

*“ Piye mas Pram nek manut panemumu panggonan iki?”*

*“ Rumangsaku bangunane representatip, nanging halamane terbatas nggo taman kabeh, dadi wong teka kudu parkir nang pinggir dalan”.*

*“ Dalane uga luwih rame nang kene. Wong mlebu nang gedhong ora lepas seka swasana rame nang ndalan”.*

*“ Iya padha karepku. Ora isa nawakke ketenangan nang pengunjung. Beda beaya kontrake piye?”*

*“ Nang kene njaluke luwih dhuwur tinimbang Ngadisuryan, soale nang dhaerah bisnis sing wis dadi”.*

*“ Nuwun sewu, aku kok luwih mantep nang Ngadisuryan wae ta dhik. Mbokmenawa perlu beaya nggo nambah daya tarik, perlu cet warna sing cocok wong cet e wis surem warnane”.*

*“ Iya mas cocok karo pengiraku. Aku mantep wis ana panemu kapindho seka njenengan. Beaya kontrake ya luwih pas karo modhal sing ana. Mungkin pisanan tak kontrak rong tahun dhisik, mengko mlaku sedhela tak perpanjang nganti limang tahun apa sepuluh tahun”.*

*“ Aku mung isa ndhukung dhik. Ora isa melu mlebu nang bisnis ne. Ora duwe modhal”.*

*“ Ora apa apa mas, kanggoku ngene wis cukup. Marahi aku mantep. Papi mami kapan kapan ya tak jak mreng ben mirsani dhewe. Arep tak sedhiyani kamar sing apik ben krasan nang Yogja”.*

*“ Donga dinonga dhik. Isaku mung ndhukung wae. Nakhodhane kan sliramu”.*

Wong loro banjur balik liwat Alun Alun Kidul, Ngadisuryan, Nagan, terus ngalor lewat Ngampilan balik nang dalan

Pajeksan. Ngliwati gang gang nang njero kampung. Tekan hotel wis wayah sore. Rosa pengin Pram medhun sedhela. Ngeterke tekan kamar hotel. Tekan njero, Rosa gapyuk anggone ngrangkul Pramana karo kaca kaca mripate.

*“ Aku mantep banget mrangguli sikepmu sing tansah ndhukung aku mas Pram. Nyuwun pangestumu muga muga kabeh lancar ya”.*

*“ Iya donga lan pamujiku terus nang sliramu Jeng, muga muga kasil ing tembe ngarep. Semangat terus”.*

Pramana ngrangkul Rosa kanthi rasa sing jero. Rasa tresna sing ora isa digambarke nganggo tetembungan. Dina dina ngarep isih dawa. Isih ketemu maneh, bakal mlaku bebarengan sak teruse.



# Pepadhang ing Dalan Rumpil

**R**osa nang Yogja wis ana sakwetara dina. Kudu mberesi urusan sing diperlokke kanggo miwiti usaha butik. Nyiapke panggonan, idin lan samubarange, nggolek perancang sing cocok karo konsumen, lan mengkone piye anggone promosi marang para pelanggan. Atine wis mantep milih lokasi nang Ngadisuryan merga disengkuyung dening Pramana. Dheweke pengin ngrampungni urusan dhewe aja nganti gawe repote Pramana. Mung nek ana prekara sing marahi ragu ragu dheweke pengin njaluk panemu marang Pramana, sing wis lengket nang atine. Dina dina iku Rosa wis gawe kesepakatan karo ding duwe omah. Keluarga ningrat seka kraton Ngayogyakarta. Putra putrane wis dha nang Jakarta, pasangan priyayi sepuh, pengin pindhah nang omah sing ora gedhe ben ora repot le ngopeni. Sidane di kontrak telung taun. Wis tandha tangan perjanjian disekseni punggawa desa.

Rosa sisan karo ngurus idin usaha lan sak panunggalane. Jane krasa rada ribet. Birokrasine mbulet nang perijinan. Mulai seka tangga teparo, RT, RW, dhukuh, kelurahan lan kecamatan. Terus nang kantor Balaikota. Wis ngadhep nang kantor Balaikota, entuk keterangan saka petugas tumrap syarat syarate. Ribet banget, Rosa ora yakin nek isa nembus nang Balaikota dhewekan. Persyaratan surat wis lengkap kabeh, kari nglebokke nanging, ana luwih sepuluh kursi sing kudu diliwati lan menahi tandha tangan dinggo ngetokke idin. Kamangka pikirane Rosa, usahane dheweke jane ya mendhukung program pamarentah nggo nggerakke usaha kecil lan pariwisata.

Kesel anggone mikir, buneg. Mula pengin leren dhisik. Golek sisik melik maneh nek mbokmenawa ana sing isa nglantarke. Dheweke maca maca majalah bab mode lan bathik sing akeh terbit nang Yogya. Akeh jeneng perancang busana lan bathik kapacak nang majalah majalah iku. Ana perancang senior asmane Ambarwati, Raden Ayu Ambarwati Djojokusumo. Rancangan rancangane katon anggun, nganggo bathik klasik apa bathik kontemporer. Wah iki cocok kanggo bathik pesisiran kaya saka Pekalongan, sing biasane warnane moncer lan rame tinimbang bathik Solo lan Ngayogyakarta. Bayangane nek isa nyedhaki perancang ibu Ambarwati iki, isa gawe rancangan rancangan bathik klasik Ngayogyakarta lan bathik pesisiran. Bathik pesisiran saka Pekalongan durung entuk kelas kaya dene bathik Yogja Solo. Mbokmenawa amarga arang perancang seka dhaerah kana. Rosa kalah cacak menang cacak banjur nyoba tilpon nomere ibu Ambarwati. Paling ora isa takon takon dhisik kahanan bathik klasik Yogja Solo.

*“ Sugeng siang ibu. Nuwun sewu ngganggu wekdal panjenengan. Menapa menika ibu Ambarwati Djojokusumo “?*

*“ Leres kula Ambarwati. Wonten prekawis menapa njih Jeng?”*

*“ Ibu Ambarwati, kula Rosalina Wulandari saking Pekalongan. Usaha ing babagan bathik. Waleh waleh menapa, menika badhe nyobi bikak butik wonten Yogja, menapa saged badhe ndherek konsultasi. Penjenengan kasebat salah setunggiling perancang busana bathik senior ing kitha mriki ibu “.*

*“ Oo ngaten njih. Lha saenipun dospundi menawi namung saking tilpun kok kirang prayogi, kirang lugas. Saenipun tatap muka kemawon”.*

*“ Mangga kula ndherek ibu. Kula nyipeng sakwetawis dinten wonten Hotel Bahagia, ing jalan Pajeksan celak Malioboro. Menawi kedah sowan ndalem mboten menapa, kula nyuwun alamatipun”.*

*“ Griya kula wonten kampung Nagan Jeng, radi tebih saking Malioboro. Menawi mboten kaworatan kula saged pun teraken sopir dhateng hotel”.*

*“ Mangga ibu, kula ingkang matur nuwun sanget. Kula siang menika sampun mboten wonten acara”.*

Rembungan nang tilpun antarane Rosa karo bu Ambarwati senajan mung sedhela, sajake dadi lan gayenge. Bu Ambarwati ndilalah pancen aktivis perancang busana bathik. Kegiatane neng endi endi. Ana pengusaha sing arep buka butik nang kutha Yogja, rasane seneng lan kebak pengarep arep. Busana bathik kanggone bu Ambar ora mung dadi obyek profesi wae, nanging uga klengenan sing jero kanggo nglestarekake warisan budhaya nenek moyang. Ora suwe bu Ambar wis

tekan hotel, langsung mlebu nang ruang tamu. Ngendika karo sing jaga menawa ana janji karo bu Rosa saka Pekalongan. Ora suwe Rosa enggal metu. Ngaturi salam marang bu Ambarwati.

*“ Matur nuwun sanget ibu, kersa tindak mriki manggihi kula. Senajan nembe sepisan anggen kula tilpun”.*

*“ Iki mbak Rosalina Wulandari ya? Ayune ora mekakat. Aku tak balik ngoko wae ya mbak. Lha sliramu ki sak anakku umur umurane”.*

*“ Kasinggihan ibu. Kula remen sanget ibu sampun kersa paring semangat kaliyan kula ing babagan bathik. Perusahaan kula wonten Pekalongan, ndamel bathik bathik corak pesisiran ibu. Sakwetawis menika ugi pun sebar wonten tlatah Jawa Tengah, Yogja kaliyan Solo. Ibu ngasto wonten babagan menapa?”*

*“ Aku wis ora aktif mbak. Ndhisik ethok ethoke wartawan dhong isih enom. Banjur nyinaoni rancangan busana bathik. Saiki isih ngurusi organisasi wanita nang Yogja. Apa sing arep kok wiwiti nang Yogja mbak ?”*

*“ Kados ingkang kawula aturaken kala wau ibu. Kula niat badhe bikak butik wonten kitha Yogja. Sampun wonten panggenanipun ing Ngadisuryan, bekas dalem pangeran namung radi kirang krimat. Sampun kontrak tigang tahun menika. Mila kula kumawantun matur ibu, wonten kalih prekawis”.*

*“ Iya mbak aku seneng krungu rencanamu gawe butik nang Yogja, isa melu ngramekke donyane busana nang kutha kene uga pariwisata. Nek aku isa mbiyantu tak ewangi. Rencanamu piye mbak ayu?”*

*“ Ngaten ibu, babagan rancangan busana, kula kok gadhah pangajeng ajeng, kangge nyengkuyung bathik pesisiran sageda pikantuk panggenan lan nami kados bathik bathik klasik Ngayogyakarta lan*

Surakarta. Mbok menawi wonten butik menika mangke saged kapacak rancangan klasik Ngayogyakarta lan Solo, ugi rancangan bathik pesisiran kados saking Pekalongan”.

“ Wah iku narik banget mbak. Nek isa mengko tak sebarne nang kalangan ibu ibu organisasi wanita. Mesthi narik kawigaten. Dhukungan logistik apa ana masalah mbak?”

“ Sementara menika dereng satus persen aman perkawis permodhalan. Mangke kula matur bapak ibu ing Pekalongan. Bapak ibu kala rumiyin sampun dangu usaha bathik. Ananging amargi wonten alangan ingkang mboten saged kula aturaken, Bapak lajeng gerah, ibu lajeng kamba. Mbokmenawi menawi usaha butik menika saged muter, Bapak Ibu kula saged semangat malih. Dereng yuswa sanget. Namung kenging alangan sekedhik kala semanten. Ingkang ngupayani perusahaan ing Pekalongan namung kula kaliyan adhik. Kula pemasaran, adhik kula prodhuksi. Karyawan wonten seket langkung”.

“ Ya muga muga lancar nak ayu. Sing ati ati ya, aja nganti mleset, apa maneh klebon wong sing culika, isa geseh mengko. Lha prekara sijine mau apa?”

“ Nuwun sewu ibu namung badhe nyuwun pitedah. Prekawis idin kok ribet sanget. Wiwit RT, RW, kelurahan lan kecamatan sampun sedaya. Ananging kala wingi dhateng Balai Kota kok syaratipun radi kirang terang. Sampun manggihi petugas, naming tetep kirang terang tur kok kados mboten saged pun jangkepi”.

“ Oo ngono ta. Aku ora ngerti babagan formalitas idin mbak. Ning bapak kan ngasto nang kantor Balai Kota, mengko tak takokne. Sokur nek sliramu isa ketemu sisan. Sesuk sore ngono bubar kantor mengko tak ature. Nek wis mesthi sesuk ben dipapag sopir wae ya”.

*“ Matur nuwun sanget ibu. Beja kemayangan kula siang menika. Kados pikantuk kanugrahan saking Gusti, saged tepang kaliyan ibu Ambarwati”.*

*“ Ben tambah ngerti karo sliramu, aku tak takon ya mbak. Sliramu isih legan apa wis krama ?. Usahamu ki rumangsaku butuh tenaga, wektu lan pengalaman. Ora saben wong isa nglakoni kanthi sukses”.*

*“ Nuwun sewu ibu, kula sampun gadhah momongan umur tigang tahun, putri. Ananging kula njih legan, alias single parent. Sedaya menika namung kangge tembe ngajeng anak kula Tita, ibu. Sampun gilig angkah kula”.*

*“ Ya muga muga tansah kasil perjuwanganmu. Aja kendhat le usaha. Wanita Indonesia, wanita perkasa. Tak dhampingi ora ketang mung wujud panemu”.*

*“ Lha menika ingkang baku ibu. Wawasan kaliyan pengalaman. Kula matur nuwun sanget”.*

*“ Wis ndungkap surup aku tak mulih dhisik ya mbak. Anakku lanang siji, wis meh lulus pawiyatan luhur minggu minggu iki”.*

*“ Ndherekaken ibu. Benjang enjang kula sowan”.*

Sore iku Rosa rumangsa mak plong, lega banget. Wis ana dalan senajan durung mesthi. Mikir wis sak wetara dina ora ana kemajuan kok iki ana kesempatan emas. Dalane kaya kaya wis mbukak. Ana kanugrahan apa kok nganti entuk panemu lan dhukungan kaya ngendikane bu Ambarwati mau. Dheweke pengin cepet cepet crita nang Pramana prekara perkembangan iki. Muga muga surup mengko Pramana teka. Diantu antu nganti maghrib Pram kok ora ketok. Mbokmenawa lagi sibuk nang kampus. Mahasiswa padha unjuk rasa damai nang

kampus. Sing ati ati ya mas Pram, aku pengen crita sing nyenengke karo njenengan.





## Kebukak

**E**suk-esuk Pramana wis diampiri kanca-kance ne. Ana jip loro isi wong wolu, kabeh nganggo seragam organisasi kampus. Esuk iku nuju marang kutha Magelang, arep nemoni Gubernur Akademi Militer, Jendral Sarwo Eddhie Wibowo. Akademi Kepolisian isih ana ing wilayah tanggung jawabe Komandhan Jendral. Kampus pendhidhikan akademi militer diarani kasatriyan. Ning jane ora pantes disebut kasatriyan, wong isine pengecut, wanine mung kroyokan. Tahun 69 asisten senior saka fakultas teknik UGM dikroyok nang kampus AAU. Kamangka asisten mahasiswa iku klebu sing mandhegani kelompok sing nggawe roket GAMA. Tahun iki, Mahasiswa ITB, Rene Louis Conrad dikroyok nganti dadi lan tiwase. Isih dadi taruna kok wis adigang adigung, sesongaran kaya bromocorah. Pengin ngerti jan-jane kurikulum pendhidhikane apa ora ditanemke sifat sifat satriya ?

Dina wingine wis janji karo Wakil Gubernur nek arep ana delegasi mahasiswa mara nang kampus AKMIL Magelang. Tekan Magelang isih esuk udakara jam setengah sanga.

Rombongan tekan gapura penjagaan dicandhet dening petugas keamanan, ditakoni apa ana surat tugas ? Ketua rombongan, Tunggal Birowo nyoba nerangake menawa wis kontak karo Wakil Gubernur Bidhang Pendhidhikan lan disetujoni arep ketemu Gubernur esuk iki jam sanga. Ngenteni sakwetara, banjur ana petugas protokol sing nemoni. Wose ngandhani nek Gubernur ana acara esuk iki. Birowo sangsaya mrekitik atine. Lha wingi kan wis disepakati, kok mencla-mencla ki genahe piye. Dheweke banjur ngomong tegas.

*“ Kita kabeh teka rene nggawa mandhat saka kanca-kanca mahasiswa saka sakwetara perguruan tinggi nang Yogja. Kanthi etiket apik ngajokke rasa prihatin lan protes marang pimpinan militer. Nek ora isa ditampa ya ora apa apa. Ning ora bakal tanggung jawab nek mahasiswa padha medhun demo nang dalan-dalan. Mangga laporna Wakil Gubernur. Pejabat tinggi militer ora pantes mencla-mencla”.*

Petugas mau banjur kontak atasane nganggo walkie talkie. Let sedhela ana perwira teka nang penjagaan, manggakake rombongan supaya mara nang ruang tunggu, ngenteni acara Gubernur sing sedhela maneh rampung. Ana ruang tunggu ditemoni Wakil Gubernur Bidhang Pendhidhikan, solah tingkahe sopan lan ramah, mbokmenawa pengin ngusadani situasi sing kebacut ora kepenak.

*“ Apa adhik adhik wis dhahar sarapan? Seka Yogja mesthi esuk banget. Nek durung apike sarapan dhisik”.*

Tunggal Birowo wis kebacut anyel, angel anggone arep ngowahi irama omongane.

*“ Ana kanca mahasiswa sing tiwas diperjaya taruna kepolisian nang Bandhung pak. Kita kabeh lagi prihatin, rene iki arep nduduhke rasa*

*prihatin lan protes marang pihak militer, ora arep golek sarapan. Ora perlu digawe gawe ben katon ramah”.*

Pramana ndeleng gelagat ora apik. Dheweke mbisiki Birowo, piye nek mandhat Ketua Rombongan dipasrahke marang Maslan apa Buyung Basa. Birowo sarujuk lan njaluk Buyung Basa nggenteni anggone dadi Ketua Rombongan.

*“ Bapak Wakil Gubernur, nuwun sewu senajan aku kapatah dadi Ketua Rombongan, nanging ndeleng prastawa wiwit mau nang penjagaan, aku ora legawa ngudhar rembug karo bapak bapak. Aku mung isa rembugan karo wong sing isa dipiyandel, ora molah-maleh omongane. Ketua rombongan wektu iki tak pasrahke marang sedulur Buyung Basa. Mangga sedulur Buyung Basa”.*

Wakil Gubernur sajak ketampek raine krungu omongane Tunggal Birowo. Ora maido Birowo dudu wong sak baene. Dhewe keturunan saka trah Bondan Kejawan, trah dhinasti Majapahit sing paling tuwa, ora isa disepelke sak kepenake. Untunge Birowo omonge ora nganggo emosi, dheweke mibawani pancen. Bagus gagah, gedhe dhuwur. Ora suwe Gubernur wis rampung acarane, siap nampa delegasi mahasiswa nang ruang pertemuan utama. Rombongan wong wolu mau banjur dimanggakke pindhah nang ruang tamu. Gubernur lengkap karo pimpinan teras akadhemis. Kabeh Wakil Gubernur karo pejabat-pejabat sak ngisore lengkap ngestreni. Uga ana sakwetara wakil taruna. Tanpa acara protokoler Gubernur langsung mulai pambagya.

*“ Sugeng rawuh kabeh adhik-adhik delegasi mahasiswa, kita diparingi kesempatan ketemu lan wawan rembug dina iki. Sak durunge aku nyuwun sepurane dene ana salah paham prekara acara*

*esuk iki. Lagi ana briefing karo para perwira wiwit mau jam wolu, iki lagi wae rampung. Muga-muga salah paham iki isa dikoreksi”.*

*“ Matur nuwun pak Gubernur. Kita teka mrene kanthi mandat penuh saka mahasiswa Ngayogya karta. Nduduhke keprihatinan lan protes mahasiswa prekara prastawa nang Bandhung. Ananging kok mau durung-durung nang penjagaan wis dialang-alangi, kamangka wingi wis ana kesepakatan karo Wakil Gubernur. Amarga prastawa iki, pimpinan rombongan uga pimpinan dhewan mahasiswa, sedulur Tunggul Birowo, ora gelem wawan rembug maneh, pimpinan rombongan dipasrahke aku, Buyung Basa”.*

Pak Gubernur Sarwo Eddhie ora kaget krungu ujare Buyung Basa. Kanthi sabar dheweke wiwit ngarahke acara.

*“ Apike kok padha kenalan dhisik saka pihak akadhemis lan mahasiswa, banjur mengko lagi rembugan inti prekarane. Sepisan maneh aku njaluk sepurane. Tak suwun Ketua Dhema ya kersa dadi ketua delegasi maneh. Kabeh wis jelas, ana seling surup nang jam acara”.*

Pak Gubernur banjur ngenalke rombongane siji-siji kanthi tuntas. Ana taruna telu sing melu nang pertemuan iku, salah sijine jenenge Prabowo Subianto, putrane Begawan Ekonomi Prof. Dr. Sumitro Djojohadikusuma. Buyung Basa lan Maslan ganti-ganti le nerangke sapa-sapa sing makili mahasiswa lan kelompok mahasiswa ngendi wae sing diwakili. Bareng tekan acara inti, Buyung Basa lan Maslan maca pernyataan ganti-ganti sing wose, ngajokke protes keras tumrap prastawa kroyokan sing marahi tiwase mahasiswa ITB, Rene Louis Conrad, lan nuntut ana pemeriksaan independen lan transparan, lan sok sapa wae sing terlibat nang prastawa raja pati iku kudu diadili.



Ora ana diskusi, Gubernur mung nyatakke rasa sedhik dene nganti ana korban, lan njaluk ngapura tumrap prastawa mau. Muga-muga ing tembe ngarep swasana cepet bali pulih maneh, uga sesambungan antarane mahasiswa lan taruna.

Bareng wis meh ditutup acarane, saka delegasi mahasiswa, Tunggal Birowo ninggal piweling sing tegas lan cetha. Wibawane katon cetha, ora mung amarga pimpinan organisasi mahasiswa, nanging amarga turunane trah Bondhan Kejawan.

*“ Bapak bapak jendral dan pimpinan teras akadhemis. Aku sak konca mrengse kanthi ati resik, maksud lan etiket apik. Aja nganti ana sing gawe kisoruh saka pihak militer. Nek tuntutan sing diwacakke mau dilirwakke, aku ora isa nanggung nyegah kanca-kanca mahasiswa metu seka kampus lan demo sak dalan-dalan. Aku sak kanca wis cukup sabar lan cukup ngupayani nyegah tindakan anarki. Matur nuwun, nyuwun pamit”.*

Rikala pamitan rombongan mahasiswa mung diwakili dening Buyung Basa lan Madhani salaman karo kabeh tim Akadhemis. Tunggal Birowo ngetokke le protes, dheweke ngajak Maslan wakile mung nyalami Gubernur karo Wakile. Liyane ora disalami babar pisan. Embuh apa karepe. Buyung Basa karo Maslan ya kaget kok Birowo nganti ngono sikap le protes. Suthik lamun tumindak. Rombongan banjur langsung mulih menyang Yogya, ora mampir-mampir nang dalan. Swasana emosi isih kegawa. Pramana rencanane mulih seka kampus arep mampir nang Losmen Bahagia, wingi ora sempat mampir merga rapat nganti surup. Dina iki diniyati arep mampir. Kangen karo Rosa, kangen sak kabehane.

+++++

Bubar mubeng nemoni para pelanggane lan ngumpulke dhuwit setoran, Rosa cepet cepet mulih menyang hotel. Banjur adus resesik awak amarga krasa sumuk ora enak. Dheweke sore iki arep ketemu karo mitra anyar, ibu Ambarwati Djojokusumo. Malah sore iki ya arep ditemokke karo garwane bu Ambarwati sing dadi pejabat teras nang kantor Balai Kota. Pengarep arepe, muga muga lancar, beres kabeh lagi arep ngomong marang Pramana. Dheweke sak bisa bisane aja nganti gawe repote Pramana mundhak ngganggu acarane.

Jam papat persis dheweke wis dipethuk sopire pak Rianto. Rosa nganggo rok bathik kepara rada dawa tekan ngisor dhengkul, karo nganggo scarf uga saka bathik. Katon anggun cocok karo pakulitane sing putih lumer. Rambute disanggul, marahi tambah anggun. Pikirane Rosa jane dheweke nek ana acara patemon karo mitra ngene iki seneng nek dikancani Pramana. Rasane luwih mantep lan tentrem ana sing ngayomi lan menahi panemu. Tekan dalem Nagan, Rosa wis dienteni ibu Ambarwati karo pak Rianto ana pendhapa. Ndilalah angine semilir lembut, mula le lenggah ana berandha ngarep sisan karo ngematke manuk anggone padha ngoceh. Kabeh berkas wis digawa pisan nang njero tas kerja. Rosa ngaturi salam marang bu Ambarwati karo pak Rianto. Arep ngrembug rencana gawe butik. Rosa uga wis duwe ngengrengan pembeayaan barang, soale wingi di takokke bu Ambar.

*“ Kangmas, wanodya ayu iki mbak Rosa, Rosalina Wulandari. Pengusaha bathik saka Pekalongan. Wingi nilpun aku terus rembugan prekara rencanane arep bukak butik nang Yogja. Aku wis rembugan akeh akeh prekara mode bathik klasik Yogja Solo, dheweke*

*pengin promosi bathik pesisiran ben ketampa kalangan atas mengkone”.*

*“ Wah apik banget, muga muga lancar kabeh. Nek ana alangan nang Balai Kota, mengko tak bantu ben ora muter muter urusane”.*

*“ Matur nuwun sanget bapak ibu. Kula kados pikantuk kanugrahan ageng dene saged kepanggih kaliyan ibu. Kala wingi manggih alamatipun ibu saking majalah mode. Ibu Ambarwati satunggaling perancang busana bathik senior wonten Yogja mriki. Mila kula lajeng matur kathah kathah prekawis butik menika”.*

*“ Ya alon alon dhisik sing penting mlaku. Rencanamu wis kok gawe lengkap mbak Rosa?. Prekara rancangan busana bathik mengko aku isa mbiyantu, uga akeh kanca kanca perancang anyar kene. Bathik klasik Yogja Solo, produk sing alus alus akeh isa digoleki. Kono isa milih dhewe. Dene bathik pesisiran mbak Rosa kan malah luwih ngerti sing alus tur pasokane isa ajeg”.*

*“ Njih ibu bapak kok kados kados kepanggih ibu lajeng sedaya cetha wela wela anggen kula badhe mlampah. Mugi mugi papi mami saking Pekalongan ugi saged mbiyantu. Rencana modhal injih sampun wonten langkung saking sepalih. Cekap kangge miwiti rumiyin”.*

*“ Iki sembranan ya nek ora akeh banget aku isa melu saham ora kuwi. Anakku wis meh lulus pawiyatan luhur wulan wulan iki ora butuh biaya maneh.*

*“ Njih ibu mangke saged karembag kanthi tlatos. Sedaya sampun kula siapaken”.*

*“ Ora sah akeh akeh mbak Rosa, celenganku ya ora akeh banget kok”.*

*“ Kasinggihan ibu, taksih wonten slot modhal antawisipun 40 % mbokmenawi. Mangke saged pun pirsani”.*

*“ Iya aku mengko tak rembugan karo bapak lan anakku. Kangmas pareng ya nek aku melu usaha nggo celenganku dhewe. Ora ngrusuhi panjenengan karo anak lanang”.*

*“ Gedhe cilike modhale pira sih mbak Rosa? Aku ben isa ancang ancang”*

*“ Etangan kasar mbokmenawi namung tigang yuta ibu. Kula kaliyan papi mami mbokmenawi sampun saged ngempalaken antawis meh kalih yuta. Namung kirang sekedhik”.*

*“ Ora pelu kesusu le mutusi ya mbak. Nek mung kurang sakmono tak kira aku ana. Ning aku kudu rembugan karo Bapak lan anakku”.*

*“ Ooh iya nak Rosa, sesuk nek ngurus idin nang Balaiikota, nemonana pak Karman, nang biro usaha kecil, ben dipernahke dheweke. Kandha wae nek seka pak Rianto ya”.*

*“ Sementara ngono dhisik apa ya mbak Rosa. Mengko dirembug maneh. Isih akeh wektu”.*

Dadakan Pramana teka numpak bromfiets mlebu nang halaman. Mlebu omah seka pintu samping, ora liwat pendhapa. Bapak ibune lagi ana tamu nang pendhapa. Ora kepenak nek arep liwat pendhapa mundhak ngganggu. Karepe arep terus adus nang mburi. Nanging ibune kok nimbali rada seru. Kepeksa menggok bali menyang ngarep maneh. Metu nang pendhapa, ambune parfum melathi lembut nyocok irunge.

*“ Pram iki lo tak tepungke mbak Rosa, pengusaha bathik saka Pekalongan”.*

Pramana karo Rosa padha kagete. Meneng ora isa omong sak nalika. Mung njegreg padha menenge. Bareng ilang kagete padha padha nywara.

*“Mas Pram”.....“ Rosa kok nang kene?”*

Bu Ambarwati karo pak Rianto uga ora kurang kagete. Ngendika saur manuk *“ Wis dha tepung ta?”.*

*“ Njih ibu, sampun nate kepanggih kaliyan mas Pramana. Wonten bis malam”.*

Swasana bali sepi maneh. Kabeh meneng nuruti perasaane dhewe dhewe. Pram pengin banget ngrangkul Rosa sing katon ayu banget sore iku. Ning kabeh kudu di ampet. Pram gageyan pamit arep adus dhisik. Mengko Rosa arep diterke dhewe wae nang hotel.





## Blakasuta

**P**ramana gageyan nang kamar mandhi. Atine bingung, kok Rosa nganti gathuk karo bapak ibune ki larah laraha piye. Lha kok malah ngaku nek wis kenal dheweke nang bis malam barang. Kamangka dheweke durung nate matur karo bapak ibune, menawa duwe sesambungan karo Rosa. Mung tau rasan karo ibune nek ana tepungan seka Pekalongan sing pengin bukak butik nang Yogya. Ibune malah pengin dikenalke. Ya mung kuwi sak kelingane. Lha iki mau kok malah Rosa wis gathuk dhewe karo wong tuwane. Njur piye le arep matur blaka prekara sesambungane karo Rosa? Bubar adus dheweke ganti nganggo hem lengen dawa warna putih. Alon alon bali metu menyang pendhapa.

*“ Nek wis rampung anggone rembugan, Rosa tak terne dhewe wae nang hotel Bu. Pak Parman ben mulih dhisik ?*

*“ Iya Pram, bapak ibu wis rampung le rembugan karo mbak Rosa iki. Jane nek ora kesusu sisan makan malam dhisik, ben disiapke Siyem sedhela”.*

*“ Lha mangga mbak Rosa kesusu ora. Aku ndherek wae bu”.*

*“ Iya mbak Rosa, ora kesusu ta, makan malam sisan nangkene. Ben tutug le ngobrol mumpung ana Pram iki”.*

Rosa sakjane rumangsa seneng isa terus omong omong karo makan malam. Dheweke rumangsa cedhak karo pak Rianto lan bu Ambarwati, pasangan sing katon rukun lan padha padha anggone ngemong. Nanging dheweke ndeleng Pramana dadi tida. Sajake Pramana ora siap menawa mengko didangu larah laraha anggone kenal karo Rosa.

*“ Matur nuwun sanget bapak ibu. Kula taksih wonten pepanggihan malih menika. Kaliyan ingkang kagungan dalem Ngadisuryan, badhe ngaturi uang muka rumiyin”.*

*“ Ya nek ngono ben diterke Pram wae. Aku ora ngira babar blas nek sliramu wis padha kenal”.*

*“ Nak Rosa, nek arep nang kantor Balai Kota, iki tak gawani memo duduhna pak Karman sing ngurusi perijinan usaha kecil ya”.*

*“ Matur nuwun sanget bapak, nyuwun pangestu mugimugipun paringi gancar wonten Balaikota”*

Pak Rianto maringi memo nang njero amplop warna putih marang Rosa. Rosa ngaturke panuwun, terus pamitan. Jane isih seneng terus wawan rembug, nanging dheweke pengin cepet cepet njlentrehake karo Pramana, larah-laraha ketemu karo ibu Ambarwati lan pak Rianto mau. Alon-alon mobil disopiri Pramana metu seka plataran. Wong loro isih meneng menengan rikala munggah mobil. Ben ora ngetokke nek wis raket ana ing ngarepe pak Rianto lan bu Ambarwati.

*“ Critane ki piye ta dhik kok sliramu malah nemoni bapak karo ibu?. Kamangka aku durung nate matur prekara sesambunganku karo sliramu”.*

*“ Ngene lo mas. Bubar panjenengan karo aku niliki omah nang Ngadisuryan kae kan urusan syarat syarat perijinan wis tak lengkapi wiwit RT, RW, kelurahan karo kecamatan. Kesel lehku ngurus. Bareng tekan kantor Balai Kota, sangsaya bingung aku, urusane ribet. Sore sore aku maca maca pawarta lokal Yogya prekara modhe lan busana bathik. Aku nemu nomer kontak perancang busana bathik senior, ibu Ambarwati. Tak tilpun awan iku uga, banjur sorene malah tindak hotel ketemu karo aku. Dina iki mau aku dipethuk sopir, neruske le rembugan lan ditepungke pak Rianto sing ngasto nang kantor Balai Kota”.*

*“ La kok ora menehi weruh aku dhik?. Kagetku setengah mati mau mrangguli sliramu wis gathuk karo bapak ibu?”*

*“ Aku ngenteni njenengan dina wingi kok ora mampir nang hotel. Karepku nek wis urusan karo calon mitra usaha ngene iki aku pengin kok dhampingi kangmas”.*

Tekan hotel Pramana ora langsung ninggal Rosa ngono wae. Dheweke pengin rembugan dhisik piye enake le ngadhepi wong tuwane, amarga wis kebukak sesambungane. Wong loro banjur menyang rumah makan Tiong San, makan malam. Durung patiya rame isa rembugan wong loro kanthi kepenak. Rosa milih mi kakap karo minuman kelapa mudha. Pram uga seneng mi kakap, ning dheweke pesen minuman saporila. Rasane kok luwih nges ngombe saporila nek barengan karo wong sing ditresnani. Saporila luwih cocok kanggo wong sing lagi nandhang kasmaran, kaya dheweke karo Rosalina Wulandari. Karo ngenteni pesenan siap, mulai rembugan

kanthi sareh. Senajan ana rasa gela nang jroning ati prekara kedadeyan sing mentas dialami, ananging Pram ora ngudharake marang Rosa. Nyipati yen Rosa kaya lagi seneng atine, amarga anggone ketemu karo bapak ibune, Pram ora mentala ngetokke apa sing dirasakke nang ati. Rosalina Wulandari sing ayu, gandhes luwes merak ati, aja nganti kegelan. Dheweke wis ganti pakeyan, celana jin karo kaos T shirt kencing, katon mranani nang ati. Pram isane ya mung nggegem kencing tangane Rosa.

*“ Ana apa mas kok sajak katon goreng panjenengan? Apa gela karo aku amarga nggonku ketemu bapak ibu. Nyuwun pangapuramu mas nek ora kepranan, babar pisan ora sengaja”*

*“ Ora apa apa kok Jeng, mung aku bingung le arep matur blaka karo bapak ibuku mengko”*

*“ Ora susah digawe abot mas. Aku manut njenengan. Nek perlu aku melu matur bapak ibu apa anane. Nek njenengan isih tida sesambungane awake dhewe, ya ora susah matur mesthekke dhisik ta”.*

*“ Lha kok ngono ?”*

*“ Kabeh gumantung panjenengan. Aku ora nyuwun pepesthen saiki. Sing penting isa kekancan cedhak terus. Mung aku wis rembugan karo ibu prekara kerja sama usaha, ora isa dak tarik mundur”.*

*“ Aku ora nyelaki nek nresnani sliramu wiwit sepisan ketemu dhisik. Mung rumangsaku kok kaya ana wewatesan adoh sing misahke awake dhewe ya”.*

*“ Ora susah digawe abot, kabeh mung gumantung panjenengan. Manut ilining banyu wae mengko tekan ngendi”.*

*“ Nek ngono ngene wae Jeng. Sesuk sore barengan matur bapak ibu awake dhewe”.*

*“ Aku siap sak wanci wanci, ananging lehku rembugan prekara usaha tak teruske karo ibu Ambarwati. Wis kasep ambyur, ora isa mundur maneh mas”.*

Wong loro neruske anggone makan malam. Ora isa suwe mengko ndak dadi pitakonan nang ngomah. Bubar makan malam, balik nang hotel. Pramana ngeterke Rosa nang kamare. Dheweke ngrangkul kenceng Rosa karo ngarasi kanthi lembut. Kasaput rasa tresna sing jero ora isa digambarke nganggo tetembungan. Mung ana rasa sir siran nang njero ati, rasa sing marahi tentrem lan seneng.

+++++

Kampung Nagan wis sepi nalika Pram mulih saka ngeterke Rosa. Dalan dalan ing kampung Nagan pancen sepi ing wayah bengi. Mung swara angin sing ajek teka, nerak wit witan sak dawaning dalan lan pekarangan. Bapak ibune lagi mirsani televisi nalika Pramana mlebu ngomah. Ibune tansah wigati banget karo putra tunggal sing banget disayangi.

*“ Pram, maema dhisik wae. Aku mengko pengin rembugan karo bapakmu karo kono Pram. Kedadeyan ora direncana aku ketemu Rosa, kok ndilalah kono ya wis kenal”*

*“ Aku wis maem nang Tiong San karo Rosa”*

*“ Ya wis nek wis salin, mengko mreneya aku pengin rembugan karo awakmu karo bapakmu”.*

Pramana terus mara nang kamare, ganti pakeyan malam, sarung karo kaos blong warna putih. Muga muga ora ditlesih mengko karo ibune, prekara sesambungane karo Rosa. Rada dheg dhegan. Wis digawekke teh anget karo yu Siyem.

*“ Kangmas Rianto karo anakku Pramana. Aku pengin ngudharke rencana sing wis tak pengini suwe banget. Aku njaluk pamrayoga saka kono prekara iki.”*

*“ Ana apa ta ibune iki kok sajak resmi banget. Awake dhewe ngrungokke dhisik wae ya Pram”.*

*“ Ngene lo kangmas, aku jan jane wis suwe duwe pepenginan gawe butik iku. Sak bubare mandheg dadi wartawan, kesibukanku mung nang babagan rancangan busana karo urusan organisasi wanita. Ndilalah kok sakwetara dina kepungkur, Rosa kuwi kontak aku njaluk pertimbangan nek arep gawe butik nang Yogya. Aku rembugan karo dheweke lan tak wenehi wawasan werna werna”.*

*“ Iya dheweke jare mantep pengin bukak butik nang Yogya karo Solo bu”.*

*“ Maune ya mung rembugan piye apike ben lancar le mulai, karo takon takon piye carane ngupayani ben bathik pesisiran isa moncer nang donyane busana Nuswantara. Banjur aku takon rencana investasine utawa rencana begrootinge. Jare sak undere 3 yuta. Rosa karo papi lan mamine isa kumpul modhal udakara meh rong yuta. Karepku nek kangmas setuju, aku isih duwe celengan luwih sak yuta, tak melu nglebokke modhal, dadi isa melu ngurusi lan ngembangke”.*

*“ Apa wis kok pikir tenang Jeng. Aku mung gumantung marang sliramu, nek kecongah ya mangga sisan nggo kegiyatan. Toh sedhela maneh aku ya pensiun”.*

*“ Ibu apa wis dipenggalih tembe ngarepe bu. Nek kira kira ora nggawe beban ya aku mung ndherek bu”.*

*“ Angen angen ku mengko kan Rosa sing ngawasi manajemen. Pelaksana saben dinane isa golek wong. Aku isa konsentrasi nang rancangan busanane karo promosine wae”.*

*“ Ya bu, mangga dirembug luwih mateng karo Rosa, kabeh kene mung nyengkuyung nek panjenengan wis mantep. Duwit sak yuta ya ora abot banget. Muga muga lancar ing mbesuke. Sokur nek dalem nang Ngadisuryan arep dipindhah tanganke, isa di ijoli sisan”.*

*“ Iya kangmas, karepku nek panjenengan wis sarujuk, aku arep neruske le rembugan karo Rosa sesuk sore. Mangga nek kersa ndampingi le rembugan”.*

*“ Nuwun sewu bapak ibu, aku karo Rosa ya pengin matur sithik sesuk”.*

*“ Iya ora apa apa mengko sisan makan malam wae bubar rembugan usaha ya. Ya wis nek ngono sesuk jam papat dheweke ben dipethuk pak Parman. Bubar rembugan mengko makan malam sisan. Kono isa neruske rembug Pram.*

Pramana rumangsa rada lega ora ditlesih sesambungane karo Rosa. Malah kok ana rencana usaha antarane ibune karo Rosa. Iki usaha serius kudu ditekuni. Pram rumangsa ora bakal isa melu ngurus usaha iku. Pepenginane dheweke tetep nang bidhang ilmune, Hubungan Internasional lan Dhiplomasi. Dheweke pengin cepet cepet nglebokke lamaran nang Dheparlu. Mung kari ngenteni pendhadharan. Mumpung isih ana wektu, pengin mbantu Rosa anggone ngurus idin perusahaan.

+++++

Esuke Pramana ngeterke Rosa ngurus idin nang kantor Balai Kota. Wong loro budhal rada esuk. Sarapan soto dhisik nang cedhak kono. Jam wolu luwih sithik wis tekan kantor langsung nggoleki kantore pak Karman sing kawenang perijinan usaha kecil. Surat cekak seka pak Rianto diduduhke. Isine jane mung cekak 'Mohon dibantu' ning pengaruhe jan ngedab edabi. Pejabat sing maune solah bawane rada ngedir dirke wewenange, bareng maca pesen cekak iku katon luwih ngajeni. Kabeh berkas wis diserahkan nang kantor Balai Kota. Kari ngenteni proses sak banjure, mbokmenawa ya sakwetara minggu maneh.

Bubar saka kantor Balai Kota, wong loro boncengan bromfiets menyang kampus ing pagelaran. Ngurus mbokmenawa wis ana tanggal sing maton nggo pendhadharan. Mampir nang kantor organisasi mahasiswa, ana sakwetara kanca nang kana. Dheweke ngenalke Rosa marang kanca kancane. Madhani lan kanca kanca liyane padha kaget, wong ora tau crita pacaran kok ngerti ngerti wis nggandheng wanodya ayune uleng ulengan ki entuk nang endi. Dheweke mung menehi weruh nek wis ngadhepi pendhadharan, mbokmenawa ora isa aktif terus nang organisasi. Kanca kancane padha ngelikake, ora apa aktif terus nang organisasi mahasiswa senajan wis lulus, wis dudu mahasiswa maneh. Pramana ora isa sarujuk. Ora cocok karo prinsip, wis ora duwe status mahasiswa kok isih dadi pengurus organisasi mahasiswa, njur manggon nang asrama mahasiswa nganti taunan. Nang Bagian Pendhidhikan Pramana diwenehi weruh menawa pendhadharan arep dianakke telung minggu maneh. Syarat syarat e wis lengkap wis dipasrahke kabeh. Atine krasa nglangut, dheweke nang

kampus Pagelaran wis meh nem taun. Kebak kenangan sing ora sithik. Sedhela engkas statuse wis dudu mahasiswa maneh. Pengangguran. Rampung kabeh urusane, dheweke ngeterke Rosa nang jalan Pajeksan.

*“ Jeng mengko jam papat arep dipapag pak Parman, sopire bapak kae. Saiki rencanamu apa? Perlu tak kancani apa isa tak tinggal ?*

*“ Nek panjenengan ora repot. Mbok aku dikancani dhisik mas. Awan mengko isa kok tinggal. Dhewekan nang hotel ora kepenak tamune akeh priya”.*

*“ Iya nek ngono tak kancani. Mengko jam jam loro tak tinggal ya Jeng”.*

Rosa rumangsa seneng atine. Dina dina pungkasan iki kok ana kedadeyan sing ora kanyana nyana sing marahi gampang anggone arep bukak butik nang Yogya. Patemone karo bu Ambarwati kaya wis diatur karo Sing Gawe Urip, mbukak dalan ruwete ngurus idin nang Balaikota. Ndilalah kok bu Ambarwati ki ibune Pramana, priya sing ditresnani, sing lagi turu nang bed sebelah. Senajan Pramana sajake ora sreg dene Rosa ketemu ibune, dheweke wis siyap ngancani Pram ngudharke kanti blaka marang bapak ibune mengko sore. Dheweke uga leren ngliyep nang bed sebelah sing kosong, sak wise ngrangkul lan ngesun priya gantheng sing lagi anteng turu.

+++++

Jam papat Rosa wis siyap dipethuk pak Parman sopire pak Rianto. Dheweke nganggo pakeyan warna biru langit, terusan

tekan wetis meh kaya pakeyan malam. Rambute disanggul nang mburi, katon anggone anggun. Pramana wis ndhisik mulih mau jam loro. Awan iku wong loro lerem sedhela nang hotel. Tekan kampung Nagan hawane wis kepenak. Angin sore semribit lembut. Wit witan ngeyupi plataran seka sorote srengenge ing wayah awan. Atine krasa tentrem mlebu plataran iku. Pak Rianto karo ibu Ambarwati wis ngenteni nang pendhapa ngarep. Bu Ambarwati gita gita anggone mapag Rosa.

*“ Arep lungguhan nang berandha njaba apa arep nang njero pendhapa iki mbak Rosa. Neruske le rembugan wingi. Nek nang njaba dikancani angin karo swara manuk. Nang njaba kene wae ya mengko pindhah njero nek wis surup. Iki Bapak ya lagi wae kondur. Pram isih nang kamar sajake. Mengko rak metu. Piye urusane dina iki lancar lancar wae ta?”*

*“ Injih ibu, berkas sampun pun pasrahaken sedaya, namung kedah ngantosi sakwetawis minggu. Mbokmenawi wonten peninjauan lokasi rumiyin”.*

*“Iya muga muga diparingi lancar. Ngene mbak Rosa, aku wis rembugan karo bapak lan Pramana prekara usaha butik kuwi. Sidane aku nyepakke sak yuta”.*

*“ Matur nuwun sanget ibu , mangke kula damel formalitasipun sedaya. Akte lan sakanunggalanipun. Ugi serat serat perjanjian ibu. Mugi mugi lajeng saget kawiwitan”.*

*“Mengko nek kok tinggal mulih nang Pekalongan, pasrahna aku sing kudu tak urusi. Aku ben diewangi Pram, wong dheweke ya wis ora ana kegiatan nang kampus, mung nunggu pendhadharan”.*

Pak Rianto sing wiwit mau meneng wae banjur nrambul melu rembugan. Prekara lokasi usahane.

*“ Mbak Rosa, lokasine wis mesthi nek nang Ngadisuryan kuwi ya? Wis kaiket perjanjian durung”.*

*“ Sampun saestu Bapak, nanging nembe kula aturi uang muka kemawon. Dereng perjanjian kontrak”.*

*“ Upama isa dirembug, timbang dikontrak, nek pareng digenteni wae kok apike di takokke sisan. Tak kira kok regane ya durung larang nang kono, nek sing kagungan pengin omah sing luwih cilik ora ribet le ngopeni”.*

*“ Njih Bapak benjang enjang kula rembag. Ingkang kagungan sampun sepuh, langkung wolung dasa tahun”.*

*“ Iya mbak Rosa, sing rencana butike enggal dirampungke. Termasuk perjanjian pendhirian usaha bersama mau”.*

Nalika rembugan wis gilig, Pramana nyedhaki nimbrung anggone padha rembugan. Ibune gageyan menahi weruh marang Pramana.

*“ Pram, ibumu sida melu usaha kompanyon karo mbak Rosa. Kabeh mengko ben dirampungke ubarampene. Kono makili ibumu melu ngurus karo mbak Rosa ya”*

*“ Ndherek ngestokke ibu. Muga muga lancar. Sakteruse mengko mbokmenawa aku ora isa melu ngurusi. Aku pengin nyambut gawe nang bidhangku”.*

*“ Ora apa apa Pram. Bapak ya ora mungkin melu langsung ngurusi langsung usaha, senjata iku usaha keluarga. Pegawai Negeri sipil, akeh aturan sing kudu di anut”*

*“ Apike kok endang pindhah njero wae wong wis surup, karo nggenteni makan malam. Ben disiyapke Siyem.*

Anggone padha rembugan banjur pindhah mlebu nang pendhapa. Pram ora jenak atine. Piye le arep matur bapak ibune prekara sesambungane karo Rosa. Dheweke ora akeh guneme, wong wola wali mandeng Rosa sing katon ayu, gandhes luwes. Rumangsa mantep ana Rosa sing ndhampingi dheweke.

*“ Piye Pram karo mbak Rosa. Apa ana sing arep kok aturake bapak ibumu. Matura bares wae ana apa”.*

Pram ketok rada abot anggone matur. Alon alon karo mbrabak banjur matur apa anane.

*“ Bapak ibu sing tak sayangi. Nyuwun pangapura dene aku durung matur blaka. Wis sakwetara wulan iki aku ana sesambungan raket karo Rosa. Kenal nang bis malam pas aku nang Bandhung arep sowan pakdhe Naryo ndhisik kae”.*

Pak Rianto kari bu Ambarwati kendel sakwetara wektu. Pikirane ngleyang nang endi endi, mung duga duga karepe Pramana kepriye. Putra tunggal sing banget disayangi, sesambungan karo wanita single parent. Banjur Rosa nrambul nambahi ature Pramana kanthi sareh.

*“ Bapak ibu sekaliyan, kepareng kula ndherek matur nambahi ingkang sampun dipun aturaken mas Pramana. Waleh waleh menapa sakjanipun kula kaliyan mas Pram sampun sesambetan raket ngantos sakpriki. Gumantung dhateng mas Pram kersanipun kangge tembe ngajeng, kula namung ndherek kemawon”.*

*“ Lha angkahmu wong loro kepriye mbak Rosa?”. Bu Ambar nyela aweh dalan anggone padha matur.*

*“ Kula ndherek kajengipun mas Pram ibu, menapa kemawon sampun siyap”.*

*“ Pramana karo mbak Rosa, aku karo ibumu terima kasih kono wis blak blakan matur prekara sesambunganmu wong loro. Kabeh mau gumantung marang kono sakloron. Isaku ya mung mangestoni, kabeh gumantung marang rencanamu wong loro. Nek durung ana kapesthen ya nunggu dhisik. Mengko nek wis ana krenteg lan putusan sing mantep, kari matur wae”.*

*“ Njih matur nuwun sanget bapak ibu, dalem Rosa namung ndherek kemawon. Kula ngentosi kamantepanipun kangmas Pramana”.*

*“ Nek isa bubar pendhadharan wis ana rembug gilig saka kono wong loro”.*

*“ Ngestokaken dhawuh bapak ibu. Tigang minggu malih mas Pram sampun pendhadharan. Menawi dhangane ing penggalih kangge mas Pram lan bapak ibu, kula pengin ndherek acara wisuda”.*

*“ Iya ora apa apa mbak Rosa, rembugen karo Pram ya”.*

Bu Ambarwati mung kendel wae. Senajan dheweke rumangsa cocok lan seneng karo Rosa, ning nek prekara sesambugane antarane Pramana karo Rosa, isih bingung le arep njawab. Ya disrantekke dhisik wae, ora perlu kesusu. Nggarap usahane dhisik wae. Mengko sesambungan antarane Rosa lan Pramana isa dipikir karo mlaku. Wong papat tumuli dhahar kembul. Ora akeh sing dirembug. Mung padha meneng menengan wae. Bubar makan malam, Rosa diterke mulih nang hotel dening Pramana. Pas nang kamar hotel Rosa wis rumangsa ora ana

beban, lega atine, kari nunggu piye karepe Pram.

*“ Matur nuwun ya mas Pram, awake dhewe wis matur blak blakan karo bapak ibu. Saiki kabeh gumantung marang mas Pram. Ora susah kesusu. Aku tansah sabar ngenteni pepesthen mu”*

Pramana isih meneng wae. Ora ngerti apa sing dipikir. Mung dheweke ngrangkul kenceng Rosalina Wulandari, karo mbisiki.

*“ Awake dhewe bareng terus nang tembe ngarep ya Jeng. Tresnaku sundhul wiyati. Muga muga langgeng sak lawase”.*



## Pendhadharan

**A**wan iku Rosalina nembe teka saka Pekalongan. Dheweke sengaja ora numpak bis nanging diterke sopire, pak Jono. Ana acara penting kanggone Pram lan dheweke sing kudu ditekani. Acara pendhadharane Pram, lulus sarjana saka FISIPOL UGM jurusan Hubungan Internasional. Bangga banget dene Rosa isa melu acara pendhadharan iku. Pendhadharan arep dilaksanakke dina Sabtu ngarep nang kampus Pagelaran. Atine ngrembaka seneng dene isa ndhampingi Pram ana ing acara pendhadharan. Sakjane dheweke pengin ngajak anake si Tita. Ananging ibune, bu Rina Setiawan ngelingake aja ngajak Tita ndhisik. Kuwatir mbokmenawa bapak ibune Pram durung siap ngadhepi kahanan menawa Rosa wis duwe momongan. Isa wae Pram uga durung mantep menawa dideleng wong gegandhengan karo randha sing wis duwe momongan. Luwih becik ati-ati dhisik, ora susah kesusu. Diajak ndhampingi Pram nang acara pendhadharan mratandhani yen sesambungane ora mung nang tetembungan wae, ning luwih saka iku dheweke digadhang-gadhang bakal dadi pendhamping urip sakteruse.

Sakwetara minggu wingi, Rosa luwih akeh nang Yogja, ngurusi persiapan kanggo bukak butik. Senajan kesel nanging atine seneng. Rosa rumangsa mongkok dene Pram tansah mbantu anggone ngurus persiapan tanpa kendhat. Omah Ngadisuryan wis diresiki lan dicet maneh, gilar-gilar katon asline, mibawani lan bakal gawe tentrem lan seneng sing ngenggoni. Dikebaki warna ijo karo kuning, katon endah. Wis ana tenaga sing jaga omah, pak Ponimin saka Gunung Kidul karo sisihane yu Gemi. Isih kudu di permak sithik kanggo butik sing perangan pendhapa ngarep, nanging wis isa di nggoni. Pendhapa iku sing bakal dinggo butik. Ana limang kamar gedhe nang omah indhuk, banjur teratag rambat nang mburi sing nyambung karo dhapur. Antarane omah indhuk karo dapur ana pelataran ora patia amba, ning ana taman lan kolam ikan sing asri ngresepake. Nang iring wetan ana paviliun dipisahke plataran amba sing akeh wit-witane, wit jambu air, wit pelem lan wit kepel. Wit kepel biasane nang daleme kerabat keraton, soale isa marahi kringet lan turas ambune wangi. Dadi pratandha nek dharah biru turas lan kringete wangi, senajan wangine ya saka buah kepel iku.

Rosa miwiti nginep nang omah Ngadisuryan. Maune ya rada mangu-mangu wong omahe gedhe banget nek kanggo rumah tinggal. Pramana prasasat saben dina mara nang Ngadisuryan, mrenah mrenahke sing dandan-dandan lan resik-resik. Bu Ambarwati karo pak Rianto uga wis wola-wali nindaki nang Ngadisuryan, mirsani anggone persiapan kanggo butik. Pak Rianto karo bu Ambarwati sakloron sangsaya raket hubungane karo Rosa. Nyipati dhewe menawa Rosa pancen wanita sing ulet, trengginas lan cekat-ceket gaweyane. Persiapan butik mung kari nunggu perijinan, nyiapke panggonan pendhapa, karo milih rancangan-rancangan

busana sing bakal kanggo unggulan. Bu Ambarwati wis nyiapke sakwetara rancangan. Barang-barang liyane wis dikumpulke, mung kari nata mengko nek arep pembukaan. Uga akeh kain tradisional saka tlatah Nuswantara liyane. Pak Rianto isih rembugan karo sing kagungan dalem nek mbokmenawa omah arep di pindhah tangan. Rama Notodihardjo sekalian sing kagungan dalem saiki manggon nang Patangpuluhan, ora adoh saka Ngadisuryan. Daleme luwih cilik tinimbang dalem Ngadisuryan, ning ya ora cilik banget wong isih ana halamane nggo tanaman buah-buahan barang. Ketoke kok anggone rembugan antarane pak Rianto lan Rama Notodihardjo, jarene Pram wis ana kemajuan, senajan durung tuntas.

Sore iku Pram niliki nang Ngadisuryan. Ngerti menawa Rosa bakal teka dina iku. Seneng rasane nek isa cedhak karo Rosa. Dheweke teka numpak pit langsung metu lawang butulan mlebu nang omah indhuk. Rosa lagi istirahat leyehe-leyeh nang kursi males. Nganggo kaos karo ngisoran pendhek. Rada kaget nalika nyumurupi Pram wis mlebu nang ruang tengah. Durung sempat mbagekke, Pram wis ngrangkul kenceng karo ngesun lembut.

*“Kapan leh mu teka yang? Kok gasik temen?”*

*“Iya mas lagi wae, budhal saka Pekalongan jam pitu mau. Selak kepingin weruh anggone persiapan”.*

*“Wis rampung kok sak perangan gedhe. Mung kari nunggu tatanan pendhapa iki mengko. Wis wola wali digambar kok durung ana sing sreg ibu. Mengko kok rembug karo ibu wae Jeng, kaya apa sing dipengini. Sing nggarap kan manut wae”.*



BamCar  
2.021

*“ Iya mas, dipikir kanthi sareh wae. Ana agendha penting kagem panjenengan, pendhadharan terus kudu nang Jakarta nglebokke lamaran nang Dheparlu. Nek pareng sih aku pengen melu nang Bandhung karo Jakarta. Mulih saka Jakarta, mampir Pekalongan dhisik, banjur bali Yogja, nyiapke peresmian butik”.*

*“ Ooh iya kabare bapak ibu karo Tita nang Pekalongan piye ?”*

*“ Bapak ibu sehat-sehat. Biasa wong dudu fisike sing marahi. Papi mami ngerti nek aku gawe butik nang Yogja kok melu semangat. Kapan-kapan pengen mreng. Suk wae nek pembukaan sisan karo ngajak Tita”.*

*“ Sarujuk jeng. Mumpung aku isih longgar aku isih isa ngewangi. Mengko nek wis entuk gaweyan wektune kan ora isa bebas”.*

Wong loro banjur jagongan nang teratag rambat, ngadhepi taman lan kolam. Akeh iwak hias nang kolam iku. Ana wit kepel nang tengah taman karo rumpun bougenville warna ungu. Wong loro anane mung rasa seneng lan tentrem. Padha le ngarep-arep urip bareng tumuju tembe ngarep.

+++++

Dina Sabtu sing bakal dadi pangeling-eling kanggone Pram. Dina iku dheweke bakal diwisuda, lulus dadi sarjana sosial bidhang hubungan internasional. Rumangsa seneng akhire wis rampung jejibahane dadi mahasiswa. Wis dadi sarjana. Batine sarjana kan kudu mandhiri. Bubar wisuda butuh wektu sakwetara sakdurunge cekel gawe. Sing paling diwedeni nek nganti kesuwen le golek gaweyan. Nang majalah mahasiswa Gadjah Mada, dheweke maca tulisane salah siji seniore seka Fakultas Sastra, Anhar Gonggong, judhule ‘ **Nganti Ketemu**

**Nang Stasiun Senen**". Isine ya ngudharke rasa prihatin bubar lulus sarjana, ora gampang golek gaweyan. Meh kabeh lulusan padha golek gaweyan nang Jakarta. Ana sing untung cepet cekel gawe. Ana sing ketiban sial, ora entuk gaweyan nganti suwe, sok isa taunan. Iki sing paling diwedeni.

Tekan dina pendhadharan, esuk-esuk Pram methuk Rosa saka Ngadisuryan. Rosa wis dandan ngundang perias. Jane isa wae nek Rosa diampiri karo budhal mengko karo bapak ibune. Ananging dheweke njaga banget aja nganti gawe gelane ibune. Ben Rosa sing mara nang omah Nagan. Rosa nganggo kebaya warna ijo pupus karo ngisoran bathik wahyu tumurun. Katon anggun lan ayu, pancen pawakane dhuwur lencir. Anggone make up ora nyolok, mung manda manda, malah katon praupane lembut ayu semanak. Bu Ambarwati rada kaget nyumurupi penampilane Rosalina Wulandari.

*"Wadhuh mbak Rosa, ayune uleng-ulengan kaya widodari. Pantes banget nganggo kebaya. Mengko nek butike wis dadi, malah isa melu mragakke dhewe rancangan rancangan busanane ya mbak".*

*"Namung biasa kemawon kok kula ibu. Matur nuwun sanget saged ndherek ngestreni pendhadharanipun mas Pram".*

*"Iya nak, kabeh gumantung karo Pram lan awakmu dhewe. Kene wong tuwa mung tut wuri handayani".*

Alon-alon Pramana nyopiri mobil menyang kampus Pagelaran. Kampus kebak kenangan. Luwih limang taun suwene nang kampus iki nimba ilmu. Akeh wit sawo kecil nang plataran amba. Ruangan ruangan jembar kanggo kuliah. Maune ruang ruang iku kanggo pisowanan keraton. Banjur tumuju nang aula utama, papan wisuda. Wis rame swasanane

regeng. Hawane mung seneng, para wisudhawan lan keluwargane. Kanca kancane Pramana, padha cingak nyumurupi Rosalina Wulandari wanita ayu gandhengan karo Pramana. Ora tau ana warta nek pacaran kok ngerti ngerti wis gandhengan karo wanodya ayu. Bejane wong dhewe-dhewe ora isa dimereni.

Pramana nganggo seragam toga, katon gagah mibawani. Dheweke, Rosa karo bapak ibune, pak Rianto lan bu Ambarwati banjur lungguh nang kursi sing wis ditandhani. Para calon wisudhawan lan keluwargane wis teka kabeh. Acara kawiwitan kanthi khidmat. Pram kajibah makili kanca kanca wisudawan menahi sambutan. Wose ngaturke panuwun marang para dhosen lan para pegawai pawiyatan dene wis diwenehi kesempatan nimba ilmu nang kampus perjuwangan. Dheweke uga mratelakake menawa sak suwene sinau, ora mung ilmu sing di undhuh, ning ora kalah penting uga nilai-nilai kamanungsan, kerakyatan, nasionalisme lan kabudayan. Kabeh mau bakal dadi sangu kanggo ngrengkuh karier ing tembe ngarep. Ilmu tanpa kamanungsan ora bakal gawe karaharjan tumrap masyarakat. Pram uga ngelingake kanca kanca wisudawan menawa perjuwangan kanggo kebebasan warga masyarakat lan karaharjan isih adoh, kudu tetep diperjuwangke.

Puncaking acara wisuda nalika para wisudawan siji-siji diundang maju, kucire dipindhah saka sisih kiwa nang sisih tengen dening Dhekan. Sambutan pelepasan wisudawan dening dhekan, profesor Herqutanto, mantep isine motivasi supaya para wisudhawan ora mung golek gaweyan, nek isa ya mbiyantu nyiptakke lapangan kerja. Isa nyengkuyung upaya nggo karaharjaning masyarakat. Nalika ana kesempatan para

tamu undhangan menehi selamat marang para wisudawan, Rosa ngetutke nang mburine pak Rianto lan bu Ambarwati. Bu Ambarwati ngrangkul karo ngarasi putrane sing disayang. Rosa kok ya katut banjur ngrangkul Pram karo ngaras kanthi lembut, gawe cingake kanca-kancane Pram.

Bu Ambarwati karo pak Rianto mongkok lan trenyuh mirsani putrane wis lulus. Rumangsane kok cepet temen, putra tunggal sing mentas diemong lan disayang, kok ngerti-ngerti wis lulus universitas. Sak banjure terus nyambut gawe, terus omah-omah, kaya durung tanek le nggulawentah putra tunggal sing disayangi kuwi. Muga-muga karier nang ngarep lancar lan uripe seneng tentrem karo wong sing ditresnani. Bubar acara wisuda, pak Rianto, ibu Ambarwati karo Pram enggal mulih menyang Nagan. Bu Ambarwati katon meneng wae, angen-angene isih ngambra-ambra mikirke nek ditinggal putrane. Mung kewetu anggone ngudarasa.

*“ Muga-muga uripmu tentrem lan seneng ing tembe ngarep ya lik, bebarengan karo wong sing kok tresnani, lan sing nresnani awakmu”.*

*“ Kabeh wis ana dalane bu, ning ya kudu berjuang, aja patah semangat ya Pram”.*

*“ Mbak Rosa aja kesusu mulih ya. Makan siang dhisik iki. Sore sorenan mengko nek sela mbok rembugan prekara persiapanane butik. Arep nang ngomah kene apa nang Ngadisuryan?”.*

*“ Dalem ndherek kemawon ibu, mbokmenawi sonten jam sekawan kula sowan mriki malih”.*

*“ Aku pengen ndeleng pendhapamu, pengen nyandra apike piye mengko rancangan ruang butik”.*

Awan bubar makan siang Rosa balik menyang Ngadisuryan. Pram sing ngeterke. Tekan Ngadisuryan swasanane sepi. Rosa banjur ganti pakaian, pakaian omah nganggo kaos karo celana cendhak. Pengin leyeh leyeh sedhela. Mengko jam papat ana janji karo bu Ambarwati. Sak durunge Pram mulih, Rosa isih sempat ngudhar. *“ Mas tak baleni ya le nyalami. Mau nang acara, isin aku arep mesra. Rosa banjur ngrangkul lan ngesuni Pram sak kemenge. “Muga muga mlaku bareng terus ya mas”.*





Bab 15

*Persiapan*

*Bukaan Butik*

*S*

akwise pendhadharan Pram pengin enggal enggal budhal menyang Jakarta, nglebokke lamaran nang Dhepartemen Luar Negeri, kaya welinge pakdhe Naryo lan budhe Sunarti. Ananing isih kudu nyiapake salinan ijazah sing perlu dilampirke nang berkas lamaran. Butuh wektu sedina apa rong dina, amarga salinan ijazah kudu disahke lan ditanda tangani dening dhekan kanthi cap resmi fakultas. Sedina sakwise pendhadharan dheweke ngurus pengesahan salinan ijazah nang Fakultas, karo nang kantor Balai Kota nakokke idin butik uwis mudhun apa durung. Ana senenge amarga isa wira wiri lunga bareng karo Rosalina Wulandari. Saben dina runtang runtung wong loro, paribasan kaya mimi lan mintuna. Bu Ambarwati mung sok mbatin, kok Pram wis lengket temen karo Rosa ya. Piye maneh arep dikapakke, wong tuwa ora isa apa apa.

Bareng berkas kanggo lamaran wis lengkap, Pram banjur matur bapak ibune menawa arep budhal Jakarta, karo mampir Bandhung nemoni pakdhe Naryo. Wis diwanti wanti kudu nang Bandhung, arep digawani layang katebelece nggo

nemoni kancane pakdhe Naryo, pak Hartadi nang Dheparlu, nek mbokmenawa isa mbantu. Pak Rianto lan ibu Ambarwati uga nyetujoni nek kudu enggal enggal masrahke lamaran. Dina Minggu ngarep iki, angkahe Pram arep budhal menyang Jakarta liwat Bandhung. Mung dheweke isih ragu le arep matur bapak ibune, menawa Rosa pengin ngancani nang Jakarta.

*“Bapak ibu nuwun sewu, menawa Rosa pengin ngancani aku nang Jakarta, apa prayoga?”*

*“Gumantung awakmu wong loro ngger. Ning apa perlu runtang runtung wong loro?. Soale isih mampir sowan pakdhemu barang. Lehemu arep matur prekara Rosa piye? Bapak ibumu durung matur pakdhe Naryo, pekara sesambunganmu karo Rosa”*

Ibu Ambarwati banjur ngendika kanthi sareh, maringi panemu.

*“Pram, nek awakmu rumangsa pancen kudu dikancani Rosa ya ora apa apa ngger. Ning pikiren dhisik kanthi gamblang, apa paedahe lan apa rubedane. Upama mengko mbak Rosa ben nemoni ibumu ngono piye?”*

*“Njih bu, mengko Rosa ben matur dhewe karo ibu”*

Pramana ora tau madoni dhawuhe bapak ibune, tansah manut apa sing dingendikakke. Dheweke dhewe isih ragu ragu apa perlu nang Jakarta wong loro. Le arep matur pakdhe Naryo karo budhe Sunarti kepriye. Kamangka nang Yogja Rosa uga isih akeh tanggungan ngurusi persiapan nggo peresmian butik sedhela engkas. Nganti titi wanci iki kabeh mlaku lancar, kari nunggu idin saka Pemdha karo nyiapke ruangane nang omah

Ngadisuryan. Pram seneng isa mbantu Rosa anggone nyiapke butik. Dongane muga muga tansah lancar urusane.

+++++

Awan iku bu Ambarwati rembugan karo Rosa prekara uba rampe kanggo persiapan peresmian butik. Kabeh wis temata kaya sing direncanakake. Telung minggu apa lat late patang minggu wis isa di resmekke. Nek idin wis metu, lagi isa diresmekake, istilah kerene launching. Ning butuh wektu nggo nyiapke acara pembukaan, sapa sapa sing arep diundang. Sisan dene kanggo promosi ing kalangane warga pelaku lan penggemar batik ing Yogja, Solo lan Jawa Tengah.

*“ Mbak Rosa, persiapane sing durung kaleksanan nggo butike apa wae? Muga muga wis lancar kabeh ora ana alangan ya”.  
“ Sampun sedaya ibu, namung ngentosi idin resmi butik saking kantor Balai Kota. Mbokmenawi minggu minggu punika sampun medal. Rancangan ruang ugi sampun rampung kados ingkang dipun kersakaken ibu”.*

*“ Awake dhewe durung ngrembug rencana acara peresmiane mengko lo, kapan wektune, sapa sing diundang, lan apa isi acarane”.*

*“ Leres ibu menika kedah pun rembag kanthi tlatos. Badhe pun ayahi piyambak menapa badhe pados penyelenggara profesional ibu?”.*

*“ Apike kok ya njaluk tulung karo penyelenggara wae, mengko ben urusan undhangan, pranata cara, tata panggung lan liya liyane diurusi penyelenggara. Aku ya pengin ngisi fashion show mengko tak ngajak kanca kanca sing minat”.*

*“ Injih ibu, kula ugi kedah rembagan kaliyan mas Pram, mbokmenawi wonten pamanggih mangke”.*

*“ Iya ning dheweke kudu enggal enggal nang Jakarta, apa isih ana wektu. Apike sak durunge Pram budhal, mengko dirembug bareng ya”.*

*“ Ibu kula badhe matur, punapa kula kepareng ngeteraken mas Pramana dhateng Jakarta?”*

*“ Iya mbak Rosa wektune nylepeg banget, apa ora keponthal ponthal mengko nek kok tinggal nang Bandhung karo Jakarta. Apike dirembug tenan karo Pram, akeh paedahe apa rubedane. Dheweke wis siap durung ngenalke sliramu marang pakdhene karo budhene, kangmas Naryo karo mbakyu Sunarti. Priyayi sakloron kuwi gedhe pengaruhe marang Pram wiwit cilik”.*

*“ Injih ibu, mangke kula rembag malih kaliyan mas Pram. Menawi mboten dhateng Bandhung Jakarta, mbokmenawi kula kedah dhateng Pekalongan rumiyin tuwi Tita kaliyan papi mami, ibu”.*

*“ Iya mengko dirembug karo Pram ya mbak. Oo iya jenenge butik iki mengkone apa?”.*

*“ Pun penggalih rumiyin ibu, Shinta, Srikandhi, utawi Ken Dhedhes, Tunggadewi”*

*“ Shinta karo Srikandhi legenda saka Indhia. Ken Dhedhes karo Tunggadewi saka Jawa. Mengko nyuwun pirsu Bapak karo Pram ben mantep”.*

+++++

Esuk iku Pram menyang kampus ana Pagelaran Keraton Ngayogyakarta. Njupuk salinan ijazah sing wis di sahke

dening Dhekan FISIPOL. Kabeh wis temata persis kaya sing dikarepake. Ora perlu kesusu, ora perlu nubras nubras. Alon alon waton maton. Pramana digedhekke lan digulawentah nang tlatah Ngayogyakarta, sing wis biasa nuruti tuntunan klasik budhaya Jawa. Para manggalaning praja ing Jakarta asring duwe panganggep menawa priyayi Yogja kuwi mesthi alon alias lamban, kanthi sesanti alon alon waton kelakon. Ananging panganggep kuwi jane mung panyandra saka njaba wae, ora ndeleng njerone. Karepe alon alon waton klakon, duwe teges luwih jero. Ora kena grusa grusu, kabeh kudu direncana kanthi teliti lan maton utawa basa moderne konsisten. Lha piye mengko nek kesusu mlaku nubras nubras, ning nang tengah dalan cilike macet, gedhene malah gawe gendra.

Pram menyang kantor dhekan, nek mbokmenawa dhekan, pak Herqutanto lagi lodhang wektune. Dheweke diwenehi weruh nek pak Herqutanto, lagi wae bubar anggone rapat. Isa nemoni Pram, mung ora isa suwe suwe. Pram banjur mlebu nang ruang dhekan, ngaturake panuwun lan nyuwun idi pangestu anggone arep nglamar nang Dheparlu.

*“ Rebat cekap bapak dhekan. Badhe ngaturaken gunging panuwun sampun dipun parengaken ndherek sinau wonten pawiyatan perjuwangan punika. Kula mboten badhe kesupen dhumateng tuntunan lan nilai nilai pawiyatan UGM ingkang luhur. Ugi nyuwun pangestu, estu badhe dhateng Jakarta, nglamar wonten Dhepartemen Luar Negeri”.*

*“ Mas Pram, aku mung isa ndonga muga muga awakmu diparingi berkah dening sing Maha Kuwasa, isa ditampa nang Dheparlu. Nek ketampa aja mung dadi birokrat, pegawai negeri sipil, ning dadiya*

*dhiplomat sing isa nyengkuyung kepentinganane bangsa lan negara. Ngelingana nek kampus iki kampus perjuwangan, kampus kebangsaan lan kampus kerakyatan, mbelani kepentingan warga masyarakat liwat kaidah keadilan sosial”*

Bapak Herqutanto salah sawijining dhosen sing disegani, jembar wawasane, jembar kalangane. Bubar lulus FISIPOL, nate sekolah penerbang nang Yugoslavia. Uga nate dadi atase kebudhayaan ing salah sijining negara adidaya. Tansah konsisten anggone kampanye ing kalangan politisi MPR menawa jabatan presiden kuwi perlu dibatesi rong periodhe wae, aja terus terusan. Pram uga ngetokke unek uneke nek akeh kedadeyan pelanggaran hukum, ning kok dirampungke nganggo cara cara politik sing nguntungake panguwasa.

*“Kedadosan tiwasipun mahasiswa ITB, Rene Louis Conrad, ingkang dipun perjaya taruna Akadhemi Kepolisian ingkang nembu kedadosan, mratelakaken wontenipun arogansi kekuasaan dening aparat. Adigang adigung adiguna, sesongaran ngedir diraken pangwasa lan kekiyatan. Mugi mugi enggal pun proses hukum kanthi adil”.*

Ora suwe dheweke ngadhup dhekan. Kudu nemoni pengurus organisasi mahasiswa barang. Pamitan lan resmi mundur saka kepengurusan. Alasane ya maton, wis ora duwe status mahasiswa, aja nganggo fasilitas mahasiswa. Dheweke ngajokke surat pengunduran diri lan pamitan karo Pengurus, muga muga perjuwangan organisasi mahasiswa isa terus nyuwarakake kepentingan wong cilik, aja nglirwakake nilai kamanungsan lan keadilan sosial. Kantor organisasi mahasiswa lagi sepi ora ana sing tunggu. Surate dilebokke nang kotak pos. Sesuk mesthi wis tekan sing dituju.

Bubar saka Pagelaran Pram langsung nuju dalem Ngadisuryan. Muga muga Rosa wis nang kana, soale mau esuk lagi nemoni ibune. Atine tansah krasa seneng menawa arep ketemu Rosa sing ditresnani. Alon alon anggone numpak pit, mlaku ngidul menyang Ngadisuryan. Liwat dalan dalan ciut ning regeng Rotowijayan, Taman Sari nganti Ngadisuryan. Rosa lagi wae rampung anggone mernah mernahke nata pendhapa sing bakal dinggo ruangan butik. Praupane katon seneng kanthi esem ngujiwat ndulu priya sing ditresnani wis ketok ana ngarepe. Solah tingkahe tansah mesra marang Pram.

*“ Piye mas nek ruang utama sing dienggo butik kaya ngene rancangane ?. Kombinasi warna kuning karo ijo mengkone”.*

*“ Rumangsaku kok pas banget kombinasi warnane, rada digawe lembut. Ben menahi kesan tentrem lan seneng marang pengunjung”.*

*“ Mau ibu ndangu arep diparingi brand name apa butike?. Ana patang pilihan mas. Shinta utawa Srikandhi njupuk saka legenda India, dongeng Ramayana karo Mahabharata. Utawa Ken Dhedhes lan Tunggadewi, tokoh wanita Jawa”.*

*“ Aku kok luwih nyaman sing jeneng nyata saka Jawa wae. Ken Dhedhes riwayatke kebak cidra, culika lan wutahing ludira turun temurun, senajan dudu dheweke sing nglakoni. Mbokmenawa Tunggadewi saka jaman Majapahit apa Pramodhawardhani saka jaman Medhang, mengko diaturke bapak ibu”.*

*“ Oo iya mas, aku mau didhawuhi ibu rembugan karo njenengan, prekara aku perlu melu nang Jakarta apa ora”*

*“ Iya Jeng mbokmenawa kudu dipikir tenan, paedahe lan resikone lunga wong loro nang Jakarta. Senajan aku ya seneng kok kancani”.*

*“ Mau ibu ya ndangu aku mengkono mas. Apa maneh mau ya rembugan prekara persiapan peresmian butik. Isih akeh sing durung ketandangan”.*

*“ Awake dhewe lagi bisa mutusi wektu peresmiane nek idin seka balaikota wis mudhun. Sesuk awake dhewe mara nang Balaikota. Mengko langsung golek dina sing apik kanggo peresmian”.*

*“ Apike kok aku ora susah melu menyang Jakarta mas. Mung aku kudu mulih dhisik nang Pekalongan, niliki Tita wis meh rong minggu tak tinggal. Sokur nek seka Jakarta mengko isa ngampiri aku nang Pekalongan”.*

*“ Ngono uga apik wae dhik. Aku ya ora suwe nang Bandhung karo Jakarta. Paling suwe telung dina. Jane ya seneng kok kancani. Ning durung siap le arep matur pakdhe Naryo karo budhe Sunarti”.*

Pram enggal pamitan mulih. Ora lali dheweke ngrangkul Rosa lan diaras kanthi lembut. Banjur numpak pit tumuju nang omahe ing kampung Nagan. Cedhak saka Ngadisuryan, lewat dalam sepi sing ngliwati Rumah Sakit Mangkuwilayan. Pas liwat ngarep rumah sakit, dumadakan ana swara alus ngundang jenenge .... *“ Mas Pram, mas Pram”.* Swara sing dheweke wis apal suwe. Tibake Reni Widowati, lagi metu seka rumah sakit barengan karo kanca-kancane. Lagi kelingan menawa Reni, lagi ko skaap nang rumah sakit iku. Dheweke mandheg karo nyekeli pite. Rada kaget ketemu dadakan karo Reni.

*“ Mas Pram, awakmu nang endi wae kok ora tau ketok. Jarene ibu wis wisuda ya. Selamat ya mas. Muga muga tansah lancar sak teruse. Mbok mampir dolan nggonku nek ana wektu”.*

*“ Iya Jeng, Minggu ngarep iku arep menyang Jakarta golek gaweyan, mung antarane telung dina”.*

*“ Mbok aku dikenalke calonmu, mbak Rosa sing mbok critakke kae ta mas. Jare ibu arep buka butik nang kene ya?”*

Pram kaget di takoni warna warna. Kanthi kesusu anggone aweh wangsulan, sak kenane.

*“ Iya kapan kapan mengko mulih saka Jakarta tak dolan nggonmu. Kapan anggonmu sumpah dhokter?”*

*“ Isih perlu ngrampungke koskaap sak siklus maneh, siji setengah sasi, banjur ujian ujian. Mbokmenawa telung sasi engkas mas”.*

*“ Ya wis muga muga lancar ya jeng. Donga dinonga. Katur salam kagem bapak ibu”.*

*“ Iya mas ati ati ya. Tenan mengko mulih Jakarta nang nggonku ya. Tak critani mengko”.*

+++++

Jam setengah lima sore iku, Rosa wis teka nang dalem Nagan. Pak Rianto lan bu Ambarwati wis nunggu ana pendhapa. Rosa mung nganggo T shirt tipis warna soklat lembut karo clana jeans modhel cut bray, modhel pakaian sing umum nang kalangane bocah enom. Dheweke langsung ngaturi salam marang pak Rianto lan bu Ambarwati.

*“ Piye mbak Rosa le persiapan butike?. Muga muga ora ana alangan ya”*

*“ Pangestunipun bapak, mboten wonten alangan punapa punapa. Namung nyrantos idin kemawon. Benjang enjang badhe kula sambangi dhateng kantor Balai Kota”.*

*“ Iya ditakokke nang pak Karman. Biasane dheweke mesthi ngurus tenanan nek wis sanggup”.*

Bu Ambarwati banjur nimbali Pram, diajak bareng rembugan nang pendhapa. Sore iku akeh sing kudu dirembug lan diputusi. Wis nylepeg wektune soale Pram arep lunga nang Jakarta. Apike pak Rianto karo bu Ambarwati, sakloron ora gelem mutusi dhewe sepihak, ananging mesthi ngajak rembugan bareng. Rosa miwiti anggone matur kanthi alon.

*“ Bapak ibu, kula sampun rembagan kaliyan mas Pram, mboten estu tumut dhateng Jakarta. Badhe nyiapaken kangge peresmian butik kemawon”.*

*“ Oo ya wis nek ngono. Isih ana urusan liya sing kudu dirampungke. Apa wae sing kudu diputuske sore iki ?”*

*“ Kangmas, aku mau wis rembugan karo Rosa prekara jenenge butik kuwi. Ana sakwetara pilihan. Shinta lan Srikandhi apa Ken Dhedhes lan Tunggadewi. Siji saka legenda India, sijine saka sejarah Jawa”.*

Bu Ambarwati miwiti anggone rembugan prekara jeneng butik. Pram banjur nrambul matur.

*“ Nek aku kok seneng nganggo jeneng saka Jawa wae ben katon asli. Mung Ken Dhedhes sejaraha kurang apik, aja dinggo mundhak marahi apes. Tunggadewi wae apa Pramodhawardhani nek kepareng”.*

*" Aku sarujuk karo Pram, jenenge nganggo jeneng tokoh wanita saka sejarah Jawa. Ning apa ora kedawan nek Tunggadewi apa Pramodhawardhani ?. Idealisme ngangkat budhaya asli apik. Ning kudu ndeleng segi praktis gampang orane kanggo nyebarke jeneng kuwi " .*

Bu Ambarwati banjur nengahi usul.

*" Nek angel le arep milih, ora susah kesusu. Isih isa nunggu sedhela. Pilihane apa wae sing awake dhewe mantep. Mengko di coba nang kalangane ibu ibu, endi jeneng sing paling gampang sumebar. Tunggadewi, Pramodhawardhani, Tribuana ?"*

*" Dinten peresmian saged pun pesthekaken menawi idin sampun mandhap. Mbokmenawi peresmian saged antawis tigang minggu utawi sekawan minggu malih, betah wekdal kangge persiapan. Benjang enjang kula pados info prekawis idin kaliyan mas Pram".*

*" Nuwun ya mbak Rosa, aku sementara iki tak mikir kira kira acarane piye ya nggo pembukaan. Aku ya mikir pengen gawe fashion show pisan, ora susah gedhe gedhe".*

*" Piye nek sesuk sore diteruske le rembugan. Ben sisan mesthekke dina lan tanggale. Sokur nek wis ana pihak penyelenggara utawa EO sing isa dihubungi. Golek sing wis pengalaman tur sing prigel ora ribet".*

Sore iku akeh prekara sing dirembug. Ananging ora kabeh diputusi. Sing penting maton apa tindak lanjut sing kudu dilakoni. Kabeh wis gamblang. Alon alon waton maton. Pram banjur ngeterke Rosa mulih nang Ngadisuryan, boncengan numpak bromfit. Mubeng mubeng dhisik sak ubenging beteng. Wayah sore kang endah. Angin semilir lembut. Wong

loro katon rukun nlusur sak dawaning dalan kanthi seneng.  
Dongane muga muga isa langgeng mlaku bareng sak teruse.



# Menyang Jakarta Liwat Bandhung

**T**suk mau Pramana karo Rosa ngurus idin butik nang kantor Balai Kota. Idin resmi kanggo butik wis ana, kari golek dina sing apik kanggo peresmian, karo milih jeneng sing paling pas. Rembugan pungkasan sing kepungkur ana pilihan jeneng Pramodhawardhani, Tribhuana lan Tunggadewi. Arep ditakokke nang ibu ibu komunitas bathik, endi sing paling pas. Sakdurunge Pram budhal menyang Jakarta, kabeh kudu wis dirampungke rembugane, ben persiapan isa dimulai dening panitya penyelenggara utawa event organizer, EO. Rosa dhewe kudu mulih nang Pekalongan dhisik, niliki anake Tita karo ngaturi pirsu bapak ibune anggone arep mbukak butik nang Ngayogyakarta. Bubar saka Balai Kota, wong loro mulih nang dalem Ngadisuryan, nata nata ruangan sing bakal kanggo butik. Sorene mengko arep rembugan kaya adat sabene karo bu Ambarwati lan pak Rianto. Bubar tata tata banjur istirahat sedhela karo makan siang, tuku soto nang cedhak Plengkung Gadhing. Sakwise makan siang, Pram leren

nang ruang tengah, dene Rosa mlebu nang kamar, salin nganggo pakaian padinan.

Pram keturon nang sofa ing ruang tengah. Wis sakwetara dina dheweke kurang turu. Pendhak wengi maca maca golek info prekara Dhepartemen Luar Negeri. Ngimpi mbayangke nek wis ketampa nang Dheplu, banjur tugas nang luar negeri dadi dhiplomat. Mendah kaya ngapa senenge Rosa lan bapak ibune. Nang impen awan, lamat lamat krungu ana swara alus ngundang jenenge. *'Mas ... mas Pram'*. Jebule Rosa wis lungguh ana sofa ngelus elus dhadhane. Pram sak nalika banjur ngrangkul wanodya sing ditresnani iku, diarasi kanthi lembut lan mesra. Ora suwe amarga ana swara para pekerja padha bubar ane mulih. Sakwise sepi, Pram pengin adus dhisik ben mengko mulih wis krasa seger. Langsung isa rembugan karo bapak ibune. Sore iku kudu nuntaske rembug sakdurunge budhal menyang Jakarta.

Adus sinambi rengeng-rengeng, awake krasa kepenak sakwise isa turu ora ketang mung sedhela. Adus banyu adhem gawe seger nang awak. Nalika lagi andhukan, lawang kamar mandhi dithothok rada seru saka njaba. Gageyan Pram nggubetke andhuk nang awake. Lawang dibukak, Rosa wis ngadeg nang ngarep lawang.

*"... Mas aku ya tak adus ya, samar nek kok tinggal mulih bubar adus". Pram ora isa njawab mung ngiyani wae ... "iya mangga dhik sisan le siram". "... matur nuwun mas, nuwun sewu ya awake dhewe wis padha le janji urip bareng sak teruse, ora apa-apa nek mung adus bareng".*

Kamitenggengen Pram meruhi pandulu kang endah ing ngarepe. Kaya wong ngimpi ora sadhar sing diweruhi ki tenan

apa mung ayang-ayang. Meruhi endahe wanodya ayu tanpa ageman, adus kanthi alus nang ngarepe. Atine mung ndedonga atur panuwun dene wis diparingi kanugrahan nresnani lan ditresnani wanodya ayu kuwi. Nalika Rosa andhukan, Pram lagi bali eling maneh, nek dheweke wong loro karo Rosa lagi nang kamar mandhi bareng. Tanpa dipikir, dheweke banjur ngrangkul Rosa kenceng banget karo ngarasi kanthi lembut. “... *Jeng aku tresna sliramu sak lawase*”. Rosa ora akeh guneme mung wangsulan lirih “.... *mas Pram.... Mas Pram*”. Ah muga-muga ing mbesuke anane mung seneng kaya awan iki, urip bareng karo wanodya ayu sing ditresnani lan nresnani dheweke.

Sakwise pamit karo mbok Giyem lan pak Ponimin, asisten rumah tangga sing kajibah mbantu nang omah kono, wong loro boncengan sepedha arahe ngulon nang kampung Nagan. Ngliwati rumah sakit Mangkuwilayan. Lali menawa jam jam kuwi wayahe petugas padha mulih, wis ngancik wayah sore. Ana rombongan ko ass nganggo pakaian putih putih mlaku methukake lakune Pram karo Rosa sing lagi enak enak boncengan sepedha. Reni ana ing antarane rombongan sing nganggo pakaian putih putih iku. Pram enggal enggal ngerem sepedhahe, medhun karo ngawe Reni.

*“ Lho kok ketemu maneh nang kene Reni, lagi arep mulih iki ?”*

*“ Iya lah mas, dalane kan ya mung iki ta. Wah iki mbak Rosalina Wulandari mas?. Tepungke mbak, aku Reni sedulur lawas karo mas Pram”.*

Rosa rada glagepan disapa kanthi dadakan ngono. Dheweke durung tau dicritani dening Pramana, prekara Reni. Nanging

dheweke nyoba tetep tenang kaya ora ana apa apa wae, etkok ethok ora keganggu babarpisan.

*“ Njih aku Rosalina Wulandari, pacangane mas Pramana. Panjenengan calon dhokter njih ?”*

*“ Isih kudu ko skaap sak siklus maneh mbak. Seneng banget isa ketemu lan kenal karo mbak Rosa. Mbok kapan kapan dolan nggonku sakloron ya mbak. Mas Pram janji arep ngejak njenengan nang nggonku. Tak enten enteni, malah ketemu ora sengaja nang ndalan”.*

*“ Iya bubar saka Jakarta mengko ketemu ngobrol bareng. Karo mas Andhi sisan ya”.*

*“ Iya mas muga muga mas Andhi isa diselani. Jaga terus awan bengi, nganti aku ora kumanan wektu”.*

Wong loro, Pram karo Rosa banjur neruske laku mangulon. Omahe Reni ya nang kampung Ngadisuryan, mung beda dalan, nang pinggir dalan gedhe. Rosa mung mikir, sapa ya wanita ayu calon dhokter iki, kok Pram ora tau crita. Metu rasa was was nang atine, mengko gek gek ana wanita liya. Kabeh banjur dipupus. Ora sah dipikir, sing penting aku tansah cedhak nang sandhinge mas Pram. Tekan dalem Nagan, bapak ibune wis siap lenggahan nang pendhapa kaya adat sabene. Ora lali karo unjukan teh kenthel anget legi manda manda. Bu Ambarwati sajak kaget nyipati putrane kok wis raket temen karo Rosa. Gageyan anggone mbagekake.

*“ Kene mbak Rosa. Wis tak enteni karo bapakmu. Tak kira Pram malah isih lunga iki mau”.*

*“ Njih ibu kaliyan Bapak, siang kalawau kita dhateng kantor Balai Kota sesarengan, lajeng ngatur ruangan ingkang kangge butik. Wonten ingkang nyambut damel”.*

Pak Rianto banjur nrambul ngendika prekara sing kudu diputuske sore iku.

*“ Sore iki kudu dirembug sisan. Ana sakwetara prekara sing kudu diputuske. Kapan dina lan tanggale anggone arep diresmekke, apa isi acarane, sapa wae sing diundang, sapa sing dipasrahi dadi panitya penyelenggara, apa jenenge butike. Apa ana maneh sing kudu dirembug sore iki?”*

*“ Kados sampun sedaya bapak, mbokmenawi mangke ugi kedah pados pegawai ingkang saged pun pitados. Mboten kathah nanging kedah ingkang sampun pengalaman”.*

*“ Nang ajaran Jawa klasik nek miwiti samubarang apike saka tengah, mula aku usul milih Kliwon wae, dina Selasa Kliwon sak durunge ganti wulan. Isih ana wektu telung minggu nggo persiapan mesthine cukup ya. Isa disepakati ya”.*

*“ Dalem ndherek kemawon Bapak. Mas Pram saha ibu kadospundi ?”*

*“ Aku ya sarujuk mbak Rosa, dina apik iku. Prekara jeneng wingi wis tak takokke karo ibu ibu komunitas bathik. Ana pilihan telu, Pramodhawardhani, Tribhuana apa Tunggadewi. Ning aku malah dielingke kanca kanca nek jeneng jeneng iku wis dinggo pengusaha batik liya. Apike kok golek jeneng liyane wae”.*

Pak Rianto rada goreh mireng ngendikane bu Ambarwati. Dheweke ora ngira nek golek jeneng ki angel. Wis padha dinggo jeneng wong liya luwih dhisik. Pak Rianto banjur

mundhut pirsu Pramana, apike piye. Pram ora wani sembarangan, amarga jeneng ki bakal dinggo sak teruse.

*“ Ketoke jeneng jeneng pilihan kok wis di nggo wong liya luwih dhisik. Timbang mengko marahi gendro nek milih tanpa dhasar, mbok wis di jenengi wae butik Ambarwati & Wulandari utawa Butik AW. Apa ibu karo Rosa setuju, ana dhasare nganggo jeneng pemilike”.*

*“ Iya ngene wae, sementara jeneng kuwi sing dipilih, butik Ambarwati & Wulandari, sesuk tak takokke kanca kanca sepisan maneh. Muga muga nganggo jeneng iki ora ana pepalang. Piye mbak Rosa, sarujuk ta?”.*

*“ Injih ibu dalem ndherek kemawon. Sauger bapak ibu ugi sampun mantep”.*

Bu Ambarwati rumangsa wis mantep karo pilihan jeneng butik, “Ambarwati & Wulandari”. Nuduhake nek penggerak lan pemilik butik priyayi wanita. Marahi mongkok kanggone para aktivis perempuan sing uga akeh aktif nang babagan batik. Bu Ambarwati durung mutusi jeneng kuwi sak nalika, amarga pengin ngrungokke panemune pak Rianto. Dheweke ora gelem maju nek ora ana dhukungan saka garwane, pak Rianto. Ana siji sing kudu diputuske yakuwi sapa sing arep dijaluk dadi panitya penyelenggara utawa event organizer. Bu Ambarwati mundhut pirsu marang Pram.

*“ Pram, ana info sapa sing isa dipasrahi dadi panitya penyelenggara? Kudu sing wis pengalaman nganakake acara nang babagan batik”.*

*“ Ibu mesthine wis tepung ana event organizer sing wis pengalaman, asmane ibu Arini. Liyane ana sakwetara, ning sing kerep disebut kok ibu Arini. Aku ana nomer tilpune”.*

*“ Iya Pram beneran banget aku kerep melu acara sing dianakke dening ibu Arini, mengko tak jake rembugan karo bapakmu dhisik. Bubar awakmu saka Jakarta isa dirembug luwih rinci”.*

Pak Rianto rada kendel sak utara. Nyoba ngeling eling apa sing durung dirembug.

*“ Aku karo ibumu mengko tak rembugan sapa wae sing arep diundang nang acara pembukaan butik. Mengko nek Pram teka saka Jakarta lan Rosa saka Pekalongan isa diganepi maneh nek isih ana sing kliwatan”*

Bu Ambarwati isih pengin ketemu karo Rosa lan karo Pram dhewekan, ana sing arep dingendikakake.

*“ Mbak Rosa mengko makan malam nang kene sisan ya, ben disiapke Siyem. Ning sakdurunge aku pengin ketemu empat mata karo mbak Rosa dhewekan. Bubar iku karo Pram, dhewe dhewe wae”.*

Bu Ambarwati banjur ngajak Rosa semingkir nang iringan pendhapa. Ana prekara wigati sing pengin dingendikake karo Rosa tanpa ana Pram. Alon alon anggone ngendika marang Rosa.

*“ Mbak Rosa, aku wis nyipati dhewe sesambunganmu karo Pram sing sangsaya raket. Bisaku mung dedonga muga muga kono sakloron diparingi dalan sing padhang adoh saka rubeda lan ruwet rentenging sesambungan asmara. Senajan sesambunganmu karo anakku dhewe sing banget tak tresnani, ning wanti wantiku mbak Rosa kudu isa njaga aja nganti keablasen. Kudu isa njaga kehormatan lan ajining wanita. Awakmu ngerti dhewe, apa sing dikeparengke apa sing ora sak durunge resmi urip bebrayan”.*

*“ Matur nuwun ibu paringipun pangandikan tansah badhe kula estokaken. Kula sampun tresna sanget kaliyan mas Pram, ning mboten badhe meksa kangmas supados enggal enggal damel putusan. Kula sabar ngentosi ngantos kangmas Pram sampun gilig pamanggihipun”.*

*“ Iya terima kasih mbak Rosa, ning sajake anakku Pram kok wis ora isa pisah karo sliramu. Ya sing ati ati wae ya”.*

Bu Ambarwati banjur ganti nimbali Pram, diparingi pitutur sing wose meh padha karo sing dingendikakake marang Rosa. *“Pram anakku ngger, ibumu wis nyipati sesambunganmu karo mbak Rosa sing sangsaya raket. Kabeh gumantung marang kono sakloron mengkone, ibu karo bapakmu mung isa ndedonga. Nanging awakmu kudu isa njaga martabat keluwarga ya, aja nganti kebablasen anggonmu sesambungan karo mbak Rosa. Kudu ngormati harkat lan martabat perempuan. Aja nggampangke peh Rosa wis tau omah omah. Ora ana bedane perawan karo randha, kudu kok kurmati martabat lan harga dirine”.*

Pramana mung njegrek nampa pitutur saka ibune. Dheweke ngerti menawa ibune salah sijine aktivis perempuan nang Yogja. Dheweke isane mung semaur kanthi alon.

*“ Njih bu aku ngestokke dhawuhe ibu. Tak ati ati tenan sesambunganku karo Rosa”.*

+++++

Dina Minggu, Pramana kudu budhal nang Bandhung dhisik terus nang Jakarta. Rosa kudu mulih menyang Pekalongan. Bis malam Bandhung Express jurusan Bandhung budhal saka Yogja jam lima sore. Rosa budhal esuk tumuju Pekalongan

numpak mobil disopiri pak Jono. Bareng dipikir maneh, ngapa kok ndadak mangkat dhewe dhewe. Paling ora isa barengan karo Pram tekan Pekalongan, bengine Pram isa neruske laku nang Bandhung nganggo bis.

*“ Mas Pram, sisan wae njenengan karo aku bareng tekan Pekalongan. Mengko bengi isa diterke nang terminal bis neruske laku nang Bandhung nganggo Bandhung Express. Di tilpon wae agene nek le munggah nang Bandhung saka Pekalongan”.*

*“ Iya ya malah isa leren dhisik nang Pekalongan. Numpak mobil tekan Pekalongan kan ya kira kira setengah dina. Sore isa leren, bengi disambung bis”.*

*“ Karomaneh kan isa ketemu papi karo mami. Sok nakokke njenengan kok suwe ora ana kabar”.*

*“ Trima kasih Rosa, paling ora ana wektu limang jam sak mobil bareng nek arep sendhenan karo rangkulan ya”.*

Jam setengah wolu wis budhal alon alon saka Yogja. Ora liwat Semarang, nanging liwat dalan tembus, Temanggung, Parakan, Ngadirojo, Sukorejo, Weleri terus Batang. Dalane luwih sepi senjata ora amba kaya nek liwat Semarang. Pemandhangan alam saka Parakan, Ngadirojo, Sukorejo tekan Weleri isih endah alami. Hawane adhem. Marahi nang ati krasa tentrem lan seneng. Ora kaya jaman ketemu sepisanan nang bis malam Bandhung Express, rikala semana wong loro tansah grupyuk anggone ngobrol, nanging dina iku sak dawaning dalan mung akeh menenge. Rosa ora kendhat anggone sumendhe nang baune Pram, suwalike Pram tansah ngrangkul Rosa kanthi lembut lan mesra. Tangane padha dene

anggone ngremet alus. Kala kala Rosa kewetu anggone unjal ambegan karo nywara lirih..... Mas Pram.

Liwat alas Roban wis kepara awan, swasanane adhem kiwa tengening dalam amarga keyupan wit witan jati sing umure wis atusan taun. Alas Roban katelah sisa sisa alas jati kuna sing maune ngebaki pantai laut Jawa. Ewon taun kepungkur sak dawaning pantai pulau Jawa sisih lor wis dikebaki alas jati saka alam. Akeh sing padha nganggep nek alas jati iku sing nandur Landa. Salah gedhe, Landa ora nandur jati, mung gawe aturan nek alas jati kuwi dadi duweke pamarentah kolonial, warga ora oleh negor lan dodol kayu jati. Liwat alas Roban banjur mlebu tlatah kabupaten Batang. Leren sedhela makan siang nang sate Subali sing kondhang. Pram lan Rosa pesen minuman saparila nggo ngancani maem sate. Minuman saparila jare khusus kanggo pasangan sing lagi nandhang katresnan. Isa marahi tambah mesra jarene.

Tekan Pekalongan wis meh jam siji. Pramana nemoni pak Setiawan lan bu Setiawan, ngaturke salam kesModule karo nyuwun pangestu nek arep budhal nang Jakarta nglamar nang Dhepatemen Luar Negeri. Dene Rosa langsung diraket dening Tita sing wis kangen banget karo ibune, banjur kangen kangen nang kamar nganti keturon. Pram mlebu nang kamar tamu arep leren dhisik, mengko bengi budhal Bandhung saka terminal Pekalongan. Angler anggone turu amarga saking kesele. Tangi tangi wis ngancik wayah sore, nang sebelah ana Rosa turon miring tangane ngrangkul Pram. Pram mbales ngrangkul lan ngarasi Rosa kanthi mesra. Rasane kaya mabur nang awang awang rangkulan karo wanodya sing ditresnani. Suwe suwe bareng sangsaya ndadra anggone padha lelangen asmara, Rosa ngelingake. “ Mas

*ditahan ya, aja diteruske dhisik, eling ngendikane ibu wingi".*  
Saknalika Pram eling welinge ibune, mandheg ora wani terus.

Jam sanga bengi Pram budhal nang terminal bis. Diterke Rosa, Tita karo Iwan adhine Rosa. Rasane abot arep lunga dhewe menyang Bandhung terus Jakarta. Pengin dikancani Rosa, nanging ya mung dibatin wae. Rosa mung weling cekak nalika dheweke arep munggah bis. "*Mas saka Jakarta mampir kene ya, mengko bareng mulih Yogja. Ati ati ya mas*". Pram ora lali ngaras tangane Rosa, salaman karo Iwan lan ngelus pipine Tita karo ujar '*Hi sweet little girl*'. Rosa trenyuh krungu ujure Pram, senajan mung cekak aos ning maknane jero.



## Crita

# Saka Bedhono

*K*adkara jam lima esuk Pramana wis tekan Bandhung. Saka terminal bis banjur menyang daleme pakdhe Naryo nang dhaerah Dhago Atas. Tekan kana wis padhang, Pakdhe Naryo karo budhe Sunarti wis lenggahan nang ruang tamu ngarep. Pram ngaturke salam, terus ndherek lungguhan sedhela nang ngarepan, senjata rada adhem kanggone Pram sing biasa karo hawa Yogja.

*“ Iki langsung saka Yogya Pram, kok esuk banget wis teka?”*

*“ Injih Pakdhe kaliyan Budhe, saking Yogja mampir dhateng Pekalongan sekedhap lajeng pun sambet bis Bandhung Express. Salam taklim saking bapak ibu kagem Pakdhe kaliyan Budhe “*

*“Iya Pram bapak ibumu ya sehat sehat kabeh ta? Bapakmu wongge serius banget nek nyambut gawe. Wis meh pensiun, mbok rada disuda digawe sareh. Gaweyan ora bakal ana enteke Pram”.*

*“ Kasinggihan Pakdhe, mangke kula aturaken Bapak. Rencana badhe teras dhateng Jakarta, nglebetaken lamaran dhateng Dheparlu. Siang mangke bidhal dhateng Jakarta, mawi Suburban 4848”.*

*“ Iya Pram tak dhukung. Aku wis nyiapke surat kanggo kancaku sing isih aktif nang Dheparlu, pak Hartadi. Aku wong loro tau bareng nang front Banaran jaman gerilya ndhisik”.*

Bu Sunarti sing mau kendel wae banjur nrambul, takon larah-larahe kok ndadak mampir Pekalongan ana apa.

*“ Ibu mu isih aktif nang organisasi karo nang babagan busana Nuswantara ya Pram? Aku kok krungu awakmu mampir ana Pekalongan ki genahe apa ana kanca istimewa nang Pekalongan? Mbok crita sing tuntas ta lik”.*

*“ Kasinggihan Budhe, panci kula badhe matur Pakdhe kaliyan Budhe mangke menawi sampun temata sedaya. Taksih radi ribet wekdal wingi wingi. Ibu nembe nyiapaken mbikak butik wonten Yogja, kompanyon kaliyan Rosa saking Pekalongan menika. Mila kula kedah cepet cepetan wangsul amargi badhe mbiyantu persiapan punika”.*

*“ Kok kompanyon karo Rosa saka Pekalongan sapa kuwi?”*

*“ Lha menika Budhe kaliyan Pakdhe ingkang badhe kula aturaken. Rosalina Wulandari menika pengusaha bathik saking Pekalongan. Wonten Yogja manggihi ibu kaliyan bapak, kok lajeng rembagan gilig badhe mbikak butik sesarengan”.*

*“ Rosalina ki ya wanita kancamu sing kok ampiri nang Pekalongan kuwi?”*

*“ Injih Budhe, kula sampun tepang sakderengipun piyambakipun sesambetan kaliyan Ibu lan Bapak. Dospundi larah larahipun, Rosa*

*suwau konsultasi kaliyan ibu prekawis badhe damel butik menika. Kula malah mboten mangertosi kok malah terus sarujuk badhe kompanyon. Bapak ugi nyarujuki”.*

*“ Ya wis ana dalan sing diparingke dening sing Kuwasa. Saiki larah laraha kono karo Rosa kuwi piye ?”*

*“ Injih pakdhe budhe, kula tepang kaliyan Rosa rikala badhe dhateng Bandhung tigang wulan kepengker. Namung tepangan kadosdene kanca biasa kala semanten ananging lajeng sumrambah dados sesambetan serius. Dereng matur bapak kaliyan ibu, kula dereng siap badhe matur. Kula blakasuta kaliyan bapak ibu sak sampunipun ibu gadhah sesambetan kaliyan Rosa prekawis kompanyon batik menika”.*

*“ Lha kok ora siap wektu iku ana apa. Apa ana sing aneh?”*

Pramana meneng sedhela le arep matur, nata ambegan dhisik karo nata ukara. Alon alon dheweke matur pakdhe karo budhene.

*“ Nuwun sewu Pakdhe kaliyan Budhe, Rosa statusipun ibu tunggal, single mother kaliyan putri umur tigang tahun. Ndilalah Rosa saking keluwarga keturunan saking garis ibu. Mila kula ngatos atos sanget anggen kula badhe matur bapak kaliyan ibu”.*

Pakdhe Naryo karo Budhe Sunarti kaget dadakan krungu ature Pramana sing kaya ngono. Loro lorone kendel suwe, nrawang langit nang njaba. Akeh kedadeyan sing ora kanyana nyana dadi kanyatan. Esuk iku prunane, Pram kok ngaturke kanyatan sing ora tau kepikir babarpisan. Putra tunggal pethingan, sesambungan serius karo randha. Ananging kabeh ora isa diselaki, wis kedadeyan piye maneh, kudu ditampa. Lakuning urip wis ana dalane dhewe dhewe. Diparingi dalan

karo Sing Gawe Urip. Pakdhe Naryo karo Budhe Sunarti gentenan anggone ngendikan. Wose ya mung weling kudu ngati ati le nglakoni nek wis dadi kamantepan. Wong tuwa isane ya mung ndongakke ben apik tembe ngarepe. Aja nganti kegelan amarga kesusu gawe putusan.

Pramana nuli pamitan menyang mburi dhisik. Omah sepi mung pakdhene karo budhene sing nang ndalem. Mas Adhi putrane mbarep pakdhe Naryo, nyambut gawe dadi pilot, uripe nang Jakarta, mung kala kala mulih nek pas liburan. Dene mbak Ayunita, mung ketemu sedhela amarga kudu cepet cepet budhal kantor, dheweke nyambut gawe nang salah sijining bank ing kutha Bandhung. Bubar resik resik awak nang mburi, Pramana leren sedhela pengin ngliyep nang kamar. Awan mengko budhal nang Jakarta. Nyuwun palilah budhene nganggo tilpun, pesen tiket nang agen Suburban 4848. Awan mengko arep dijemput nang alamat kono.

Isa ngliyep sedhela ana kamare mas Adhi. Ngerti ngerti tangi wis awan. Wis ilang kesele isa turu sedhela. Kelingan Rosa, upamane mangkat bareng wong loro, mesthi malah ribet nek mampir kene. Ora isa turu sak kamar, mbok arepa mung leren sedhela. Untung sidane budhal dhewekan. Pram banjur tata tata sisan, karepe arep nyuwun pamit, karo nyuwun surat saka pakdhe Naryo kanggo pak Hartadi.

*“Nuwun sewu pakdhe kaliyan budhe, dalem estu bidhal siang menika dhateng Jakarta. Supados saged dumugi Jakarta sonten mangke”.*

*“Kok kesusu temen ta Pram, makan siang dhisik wae. Nang Jakarta mengko nginep nang endi. Tak jupukke surat nggo pak Hartadi ya, wis tak siapke kok?”*

*“ Matur nuwun pakdhe, kula biasanipun nyipeng wonten Wisma Seniman, Taman Ismail Marzuki”.*

Pakdhe Naryo njupuk surat nang kamare. Budhe Sunarti nunggoni anggone Pram makan siang. Pakdhe karo Budhe wis ndhisik le dhahar awan. Alon alon budhe Sunarti nlesih prekara sesambungane karo Rosa.

*“ Dadi bapak karo ibumu ya wis nyarujuki sesambunganmu karo wanita Pekalongan kuwi? Nek uwis ya aku melu seneng. Aja nganti dadi sangganing pikiran bapak ibumu”.*

*“ Dereng saged matur budhe. Bapak ibu namung ngendika, menawi namung saged paring donga lan pangestu ngaten. Ananging sesambetanipun ibu ugi bapak kaliyan Rosa, kados kados sangsaya raket”.*

*“ Ya welingku awakmu sing ati ati. Sing isa njaga sak kabehane. Aku karo pakdhemu ya melu seneng, nek awakmu urip seneng, mulya karo wanita sing kok tresnani lan sing gemati karo awakmu. Wong isa duwe pepenginan manekawarna, Sing Gawe Urip sing mrenahake dalane”.*

*“ Kula njih sampun matur Bapak ibu menawi kula sampun mboten saged pisah kaliyan Rosa. Kula dereng nate gadhah sesambetan kaliyan wanita sanes. Nembe sepindhah kaliyan piyambakipun, sampun cekap budhe, mboten pengin nyobi sanesipun”.*

Pakdhe Naryo metu saka kamar karo ngasto surat amplopan sing kudu diaturke pak Hartadi. Nang njaba ana tulisan gedhe, **Bedhono - Setia Sampai Akhir**. Pramana ora ngerti isine, uga ora ngerti karepe tulisan nang njaban surat iku.

*“ Iki sumpah setiane aku sak kanca kompi tentara pelajar sing ana Banaran jaman semana, nalika nyipati kanca kancaku sing dipimpin Kresna dadi korban tentara Gurkha karo Inggris nang Banaran, tahun 1945. Aku ora tegel crita, pak Hartadi muga muga isa crita luwih cetha nek ana wektune. Salamku kanggo pak Hartadi”.*

Pakdhe Naryo nyritakke prekara tragedi Banaran karo kaca-kaca. Ora tau isa ndungkap kanthi lengkap. Kaya kaya ora kuwawa, ora tekan arep crita. Mula banjur diuncalke pak Hartadi nek mbokmenawa kersa crita.

+++++

Bubar makan siang, Pramana enggal enggal nyuwun pamit amarga mobil sing methuk wis teka, Suburban 4848. Ora lali nyuwun donga pangestu karo Pakdhe Naryo lan Budhe Sunarti, ben lancar lamarane nang Dhepartemen Luar Negeri. Mobil kanthi lancar metu saka kutha Bandhung, awan iku lalu lintas ora patiya rame. Rute nang Jakarta bakal liwat Padalarang, Cianjur, terus Puncak. Jare sopir kira kira butuh wektu antarane limang jam. Pemandhangan sak dalam dalam tansah asri. Hawane hawa pegunungan, ora krasa panas babar pisan. Pramana setengah ngantuk karo nikmati pemandhangan endah sak dawning dalam.

Bapak bapak sing lungguh nang jejere seneng crita, ana wae sing dicritakke. Dhomisiline nang Padhang, nembe wae niliki putrane mbarep sing kuliah nang Universitas Pajajaran jurusan pertanian, jare wis tahun ke telu. Bareng ngerti menawa Pram nembe wae lulus saka Pagelaran, anggone crita saya gayeng. Grapyak semanak, crita tanpa kendhat. Asmane pak Hilman, alumnus Fakultas Hukum UGM ing Pagelaran. Wis senior adoh tinimbang Pram, mbokmenawa sak angkatan karo

dhosen pembimbing, pak Herqutanto. Pak Hilman uga ngerti Pakdhe Naryo senajan ora srawung raket, kacek sakwetara taun sak wise pakdhe Naryo. Tau dhines nang kantor kejaksanaan, nanging banjur mengundurkan dhiri sakwise sak wetara taun. Kudu ngurusi usaha keluarga tinggalane wong tuwa, perkebunan kopi. Saiki perusahane wis moncer, kebon karet lan kebon kopi ambane ora mekakat, udakara wis ewonan hektar, sumebar ana sak indhenging pulau Sumatra.

*“Pepenginanku ben anakku gelem neruske perusahaan keluarga iki. Bocah enom saiki cita citane akeh pengin golek pengalaman nang endi endi mas Pram”.*

*“Injih kasinggihan, mbokmenawa amarga pergantian jaman, generasi enom pengin golek pengalaman anyar. Aku nang Jakarta pengin golek dalam karier, nglamar nang Dhepartemen Luar Negeri”.*

*“Wah apik mas Pram, tugase isa nang endi endi mbesuke. Muga muga kasil, mumpung isih enom. Aku ndhisik bubar lulus terus nyambut gawe nang kantor Kejaksanaan. Mung sakwetara taun, banjur mandheg ganti ngurusi usaha keluarga”.*

*“Aku jane rada was was, anakku senajan kuliahe lancar, dheweke aktif nang organisasi mahasiswa kampus. Swasana lagi ora aman nang Bandhung. Ibune njaluk supaya aku niliki dheweke kon ati ati”.*

*“Leres bapak. Swasana lagi ora kepenak. Regim militer represif sikape nang mahasiswa. Pembunuhan mahasiswa ITB, Rene Louis Conrad, di tutup tutupi, kamangka perbuatan kriminal satus persen”.*

Pak Hilman crita akeh pengalamane wiwit lulus seka

Pagelaran, nyambut gawe nang Kejaksaan, nganti pindhah profesi dadi pengusaha. Profesi kapindho dadi pengusaha wis dilakoni punjul rong puluh tahun. Klebu wis kasil nek manut ukuran awam. Laku Bandhung Jakarta udakara meh enem jam ora krasa suwe, ana wae sing dirembug. Pas leren nang Puncak, Pram ditraktir dening pak Hilman, nasi Padhang karo jeruk anget, rasane nikmat banget. Ora krasa kikuk senajan lagi kenal sepisanan. Pram percaya, nglakoni urip kuwi paribasan kaya mlaku nang dalam sing dawa sing ora ana enteke. Ketemu kenalan anyar, kanca anyar, padha asung salam lan padha ngendikan sedhela kanggo tukar pengalaman, terus sowang sowang neruske lakune dhewe dhewe. Ketemu pak Hilman sing isa dianggep senior e, senjata mung sedhela Pram entuk piwulang nyata saka pengalamane pak Hilman anggone ngrambah kariere. Mlebu Jakarta wis liwat magrib, ngeterke pak Hilman nang Hotel Indonesia. Pak Hilman nyalami Pramana kanthi akrab karo ngendika “... *All the best young gentleman man, pursuit your dream. Peace and happiness*”.

Tekan Taman Ismail Marzuki wis liwat wektu isha. Swasanane isih rame, sajake ana rombongan tamu saka luar kota. Pram kerep nginep nang wisma sing jane mligi dibukak kanggo para seniman saka dhaerah. Bubar nang resepsionis pesen kamar, Pram langsung njujug nang kantin, amarga jam wolu biasane kantin wis tutup. Menu sing dikangeni, jangan asem Betawi karo daging empal. Rasane seger banget nganti awak kemringet. Bubar makan malam, mlebu nang kamar terus mara nang kamar mandhi, adus. Untung wis sepi ora perlu antre. Bubar adus Pram ngecek dokumen dokumen sing wis disiapke, klebu layange Pakdhe Naryo kanggo pak Hartadi. Pengin langsung turu, sesuk esuk kudu tangi gasik, nanging swara wong main voli nang pekarangan mburi ramene ora

jamak. Ana rombongan saka Medhan jare resepsionis mau. Ana rasa kangen mbayangke Rosa, nanging arep tilpun ndadak kudu metu golek kios tilpun umum. Awang awangen metu wayah bengi nang Jakarta.

++++

Dina Selasa Umanis utawa Selasa Legi muga muga diparingi berkah lancar sak kabehane. Esuk esuk Pramana wis tangi terus adus. Jam nem kliwat wis sarapan nang kantin. Sega goreng Betawi karo kopi. Kantin isih sepi durung ana tamu sing sarapan. Ragu ragu arep sisan metu saka penginepan, esuk iki apa mengko awan nek wis rampung urusan nang Pejambon dhisik. Bareng dipikir pikir, dheweke arep check out awan wae, nek urusan nang Dheparlu wis beres. Jam setengah wolu, Pram numpak taksi nuju nang Pejambon, kantor Dhepartemen Luar Negeri. Jam wolu wis tekan, isih rada sepi, mbokmenawa isih akeh pegawai sing kejebak macet nang ndalan. Dheweke takon nang Satpam, nggoleki kantore pak Hartadi. Pram nduduhke KTP ne. Bareng ndeleng KTP ne sikape Satpam dadi grapyak semanak.

*“ Pramana Enggar Kusuma RM, panjenengan saka Yogja njih mas. Aku asline ya Yogja, saka Wonosari. Apa wis ana janji karo pak Hartadi?”*

*“ Durung janji nanging aku nggawa memo kanggo pak Hartadi”.*

*“ Mangga kantore nang lantai loro, ketemu karo sekretaris wae, mau wis rawuh, muga muga lancar”.*

Satpam banjur kontak sekretarise pak Hartadi mratelakake nek ana tamu sing pengin ngadhup pak Hartadi. Pram enggal

enggal nuju nang lantai loro. Ketemu sekretarise pak Hartadi lan menehke layang saka Pakdhe Naryo. Kantore katon asri, temata lan resik. Ruang tunggune di lengkapi hiasan dhindhing manekawarna saka sak indhening Nuswantara. Bareng maca alamat nang layang mau, sekretaris katon semanak.

*“ Pak Hartadi lagi briefing esuk, sedhela engkas wis rampung. Panjenengan apa isih sedherek karo pak Sunaryo Djajokusumo, duta besar nang Hongaria tahun sewidakan?”*

*“ Injih ibu, aku kapernah keponakan karo Pakdhe Naryo. Matur nuwun”.*

*“ Lenggah dhisik ya mas, sedhela engkas pak Hartadi wis rampung anggane briefing “.*

Ora watara suwe pak Hartadi wis balik nang ruangane. Priyayine gagah, katon sehat, rikmane putih. Mbok menawa sak umurane karo bapak Pramana, pak Rianto Djajokusumo. Bareng dilapori menawa ana layang saka kancane, pak Naryo saka Bandhung, layang enggal enggal diwaca. Pram banjur di wenehi weruh supaya mlebu. Priyayine grapyak semanak. Pram ngaturake salam kanthi alus.

*“ Mas sampeyan nek ngono putrane adhike mas Naryo sing nang Yogja ya, sapa asmane lali aku”.*

*“ Kasinggihan bapak, asmanipun bapak Rianto Djajokusumo”.*

*“ Jaman revolusi aku nang Yogja, pindhah pindhah bareng karo pakdhemu. Wis mantep pengin nyambut gawe nang Dheparlu ya mas? Aku sak angkatan karo pak Herqutanto”.*

*“ Ngaten bapak, menika pembimbing kula”.*

*“ Berkas lamarane wis lengkap ? Nek wis langsung dipasrahke nang Kepegawaian ya. Tak gawani orek orek iki. Ora kesusu mulih kan? Mengko jam makan siang ketemu maneh ya, balik rene mengko makan siang nang restoran”.*

Kanthi layang memo saka pak Hartadi, Pramana banjur ngadhep nang Biro Kepegawaian. Berkas lamaran dipasrahke. Petugas mriksa berkas, memo saka pak Hartadi diselipke nang berkas lamaran. Mengko mesthi kawaca dening atasane Kepala Biro sing tanggung jawab perkara penerimaan pegawai anyar. Sakwise kabeh berkas lamaran dipriksa lengkap, petugas menahi surat tanda terima pendaftaran. Pram diwenehi weruh menawa kudu nunggu pemberitahuan, ujian tulis.

*“ Tunggu pengumuman ujian seleksi ya mas. Iki tandha terima berkas lamaran. Wis lengkap”.*

*“ Apa isih suwe le ujian bapak ?”.*

*“ Mbokmenawa antarane patang minggu maneh. Alamatmu kan wis ana nang berkas ta?”*

*“ Wis ana alamat lengkap nang bekas lamaran. Nuwun sewu, iki kartu namaku nek mbokmenawa panjenengan isa menahi weruh liwat tilpun uga. Mung samar nek surat pos tekane telat”.*

*“ Iya matur nuwun, aja lali maca bahan bahan P4 lan Wawasan Nusantara ya mas”.*

Pram banjur ngulungke kartu namane. Karo amplop nggo beaya interlokal nek panggilane wis dikirim. Mbokmenawa

aneh kanggone sing durung mangerteni. Nanging rikala jaman semana surat katebelece, layang memo wis dadi pakulinan. Mbokmenawa akeh owah owahan ing mbesuke. Pram banjur ngenteni nang perpustakaan, maca maca sejarah Dhepartemen Luar Negeri lan sejarah dhiplomasi RI.

Jam rolas awan Pramana bali nang lantai 2, nemoni pak Hartadi. Piyambake wis siap, wong loro banjur mara nang restoran. Sekretaris wis pesen panggonan ana ruang eksekutip, ben isa ngobrol kepenak. Ruang makan iku ditata apik lan asri. Tatacara makan diatur kaya kaya table manner menawa ana jamuan makan dhiplomatik. Pram rada kikuk jane, nanging solah bawane pak Hartadi sing grapyak, sumanak, isa gawe lereme atine. Pram manut wae. Mung tatacarane durung biasa dheweke. Pisanan metu sop dhisik, ana sop jangung, jamur apa asparagus. Milih sing gampang sop jagung. Batine sop kok ndhisiki menu utama. Bubar sop menu utama, dheweke milih semur sapi ladha hitam. Banjur lagi desert, dheweke milih es krim. Pak Hartadi karo crita alon alon.

*“ Pakdhe mu kahanane apik apik wae ta mas? Wis sakwetara suwe ora ketemu aku. Aku bareng pak Naryo sakwetara taun jaman revolusi. Piyambake sak ndhuwurku beberapa tahun, ning aku kekancan kenthel. Aku mbokmenawa sak umuran karo ramamu. Tau ketemu karo ramamu, jaman kuliah nang Yogja mung beda fakultas”*

*“ Ngaten bapak. Bapak ugi meh pensiun menika. Sakwetawis wulan malih mbokmenawi”.*

*“ Pakdhemu njaluk aku nyritani apa maknane Bedhono – Setia Sampai Akhir. Crita sedhik nalika awake dhewe tugas nang Banaran. Ana sak kompi tentara pelajar nang front Banaran. Aku sak regu karo pak Naryo”.*

*“ Punika kedadosan tahun pinten njih ?”*

*“ Kayane kok ndungkap pungkasane tahun 1945. Nalika tentara sekutu ditarik mundur saka Magelang nuju Ambarawa. Sak dalam dalan sing diliwati akeh pendhudhuk sipil sing dadi korban”.*

*Jaman semana aku sak regu lagi ana tugas kirim warta nang markas gerilya ing dhaerah Sumawana. Jare arep ana konvoi Sekutu liwat Banaran. Biasane rombongan tentara pelajar ora ngadhang konvoi kanthi frontal, mung nganakake gangguan ben pasukan musuh ngerti nek isih ana pasukan ing pihake RI. Embuh maune sing ada ada sapa kok pemudha karo pendhudhuk setempat negori wit witan dinggo barikade nang desa Bedhono. Pas konvoi liwat ing wayah sore, ana sing nyerang truk konvoi nganggo granat nganti kobong. Tentara sekutu sing isine sebagian pasukan Gurkha ngamuk. Kresna nganten anyar karo kanca kancane wong pat likur, mung nggawa bedhil patang iji, kejepit saka mburi dening pasukan Gurkha sing metu dalan sepur. Wong patlikur tiwas kabeh ana jurang. Esuke Sekutu isih ngamuk. Pak lurah, putrane pak lurah, bapak Kresna ditangkep lan di pancung nang plataran kelurahan. Kresna isih nganten anyar nalika semana mentas wae krama karo putrine pak lurah”.*

*“ Lajeng dospundi sak sampunipun ?”.*

*“ Aku karo pakdhemu sak rombongan mulih nalika pasukan Sekutu wis lunga dina sesuke. Akeh korban pendhudhuk sipil, uga kanca tentara pelajar lan pasukan gerilya. Kanca kanca TP banjur gawe ada ada kango pangeling eling Bedhono – Setia sampai akhir iku”.*

*Pramana ora lali ngaturke panuwun marang pak Hartadi sing wis maringi pituduh werna werna. Weline pak Hartadi, kudu melu ujian tulis lan ujian tatap muka mengkone, aja nganti*

bolong. Muga muga wae isa ketampa, ora bisa mesthekake. Pram banjur nyuwun pamit, arep terus budhal awan iki numpak sepur. Balik menyang wisma nang TIM dhisik, mbayar panginepan karo njupuk tase. Saka penginepan langsung nuju nang stasiun Senen. Rada bingung arep numpak sepur nang Yogja, apa nang Pekalongan. Kelingan pesene Rosa, nek dheweke ditunggu mampir nang Pekalongan, dheweke banjur golek tiket jurusan Pekalongan. Bakal ketemu Rosalina sing ditresnani, sing tansah teka nang pikire, gawe atine sir siran, berbunga bunga, kebak wewayangan sing endah endah.





## Sesambungan

## Wis Pedhot

**T**eka saka Ngayogyakarta, Rosa mung isa leren sedhela. Dina Senen dheweke leren ngurusi gaweyan. Dina Selasa wis wiwit sibuk maneh ndeleng produksi batik sing motife wis dipilih sak durunge. Iwan adhine sing kajibah mligi ngurusi produksi. Iwan nyambut gawene serius wiwit esuk nganti sore saben dinane. Rosa ora saben dina nang pabrik, gaweyane asring kudu mubeng nemoni pelanggan. Wis ana telung dina iki Rosa nang Pekalongan, wiwit kepikiran ngantu antu kok Pram durung teka saka Jakarta. Gek gek ana masalah, apa isih kudu nglengkapi berkas lamaran, saengga ora isa cepet cepet ninggal Jakarta ? Sakwijining sore mbak Suni, asisten rumah tangga sing gaweyane momong Tita lapor nek ana tamu arep pengin ketemu karo Rosa. Tamu iku isih nunggu nang gapura ngarep ditemoni Satpam.

*“Sapa tamune ? Apa ana gandheng cenenge karo urusan bathik ?”*

*“Mboten ngertos bu kok kados mboten urusan bathik ngaten criyose. Asmane pak Dhedhi”.*

Rosa kaget banget krungu jeneng kuwi di sebut. Mbak Suni diprentah supaya nggawa Tita nang ruangan njero. Satpam aja oleh manggakke tamune mlebu. Setengah panik ngadhepi kahanan kaya ngono kanthi dadakan, banjur mlebu nang omah indhuk nggoleki ibune, bu Rina Setiawan.

*“ Bu bu kok jarene Suni, ana tamu jenenge Dedhi pengen nemoni aku, enake piye ya mi?”*

Bu Rina ora kurang kagete nanging nyoba tetep sareh aja nganti gawe kagete pak Setiawan. Pak Setiawan ringkih banget fisik lan emosine menawa krungu prekara Dhedhi.

*“ Aja dimanggakke dhisik Rosa nek awakmu ora siap. Papahmu karo aku terus terang ya durung siap ketemu dadakan kaya ngene. Ben ditemoni adhimu Iwan wae karepe apa ngono ya ?”*

Untunge Iwan wis mulih, bubar adus lagi istirahat nang kamare. Banjur diundang karo bu Rina.

*“ Nang ngarep ana tamu, Dhedhi arep nemoni mbakyumu. Rosa karo aku dalah bapakmu ora siap ketemu. Tulung temonana nang njaba lan gaweya rencana sing aman kanggo mbakyumu karo Tita nek arep ditemoni”*

*“ Injih bu apike aja ditanggapi emosional, ning kudu manut jalur hukum mundhak ana apa apa tembe mburine”.*

Rosa banjur ngajak Tita mlebu nang ruang paviliun. Bu Rina ya ngetutke nang paviliun mundhak gawe kagete pak Setiawan. Iwan kanthi tatag metu nang ngarepan nemoni tamu sing jenenge Dhedhi. Dheweke dhewe isih gethem gethem nek kelingan, bapak ibune le jatuh amarga Dhedhi ninggal Rosa karo anake nang luar negeri tanpa pamit. Tamu mau tenan

Dhedhi sing tau nglirwakake kuwajibane nang mbakyune Rosa karo ponakane. Pirang pirang taun lunga tanpa pamitan babar pisan. Iwan sengaja endha nalika Dhedhi ngajak salaman.

*“ Awakmu lunga ninggal anak bojo tanpa pamit pirang pirang taun, ana apa dadakan teka mrene ?”*

*“ Aku pengin ketemu mbakyumu Rosa karo anakku. Arep njaluk maaf marang Rosa karo keluwarga kene kabeh”.*

*“ Iya matur nuwun, ning apike kabeh kudu nganggo prosedhur. Ora isa digawe entheng masalahe. Ben mbak Rosa didhampingi karo penasehat hukume, mengko isa diatur liwat penasehat hukum nek arep ketemu”.*

*“ Lho kok kaya ngono Iwan? Aku teka kanthi etiket apik pengin silaturahmi lan njaluk ngapura kesalahanku kepungkur”.*

*“ Iya awakmu duwe hak nemoni Tita anakmu, ning ana prosedur sing dilindhungi hukum. Kita manut prosedhur hukum wae, ben diatur karo penasehat hukume mbak Rosa. Prekara aku karo bapak ibu, wis ora ana sambung rapete maneh. Awakmu sing culika. Apa kono tau ngerti ajure uripe bapak ibuku merga kono. Mangga mengko nek wis siap penasehat hukume, ben dikabari”.*

*“ Iya aku mung nang Pekalongan rong minggu iki. Tak enteni ”.*

Iwan katon anggone tegas ora ana kompromi. Dheweke kuwatir menawa bapake isa kumat maneh nek krungu prekara iki. Mula paling aman ya diserahke wae liwat penasehat hukum nek Dhedhi pengin weruh anake, wong wis mataun taun ditinggal lan ditelantarake. Iwan banjur marani ibune

karo mbakyune nang paviliun. Njlentrehke anggone rembugan karo Dhedhi.

*“ Mbak Rosa sesuk kontak pengacaramu kae ben sing ngatur wektu lan tatacara nek Dhedhi pengen ketemu Tita. Dheweke arep mulih nang luar negeri sakjroning rong minggu iki. Aku sementara ora isa nampa nek Dhedhi arep nemoni papi karo mami. Dipikir pikir dhisik. Uga terserah mbak Rosa, apa arep menahi wektu kanggo patemon karo Dhedhi”*

*“ Sarujuk aku Iwan, ora susah nyanggupi patemon antarane Dhedhi karo bapak ibumu. Semono uga, apike Rosa aja nampa ketemu Dhedhi dhisik. Prekara Tita ben diatur pengacara wae sing aman”.*

+++++

Pram sidane numpak sepur jurusan Semarang, tekan Pekalongan wis jam sepuluh bengi. Budhal saka stasiun Senen jam papat sore mau. Sak suwene laku saka Jakarta tekan Pekalongan, Pram luwih akeh turune. Ora sempat tilpun marang Rosa, muga muga ora gawe kaget mengko. Saka stasiun langsung nuju omahe Rosa, numpak becak. Hawane wis krasa adhem kegawa angin wengi saka laut. Tekan panggonane Rosa, swasanane wis sepi mamring. Pram njaluk tulung jagabaya supaya matur bu Rosa menawa dheweke wis teka saka Jakarta.

Rosa lagi wae mapan turu, isih lamat lamat durung angler. Nalika kamare didhodhog, kaget sak nalika, nanging bareng ngerti nek Pramana sing teka, atine malih dadi seneng sumringah . Wis kangen karo priya sing ditresnani iku. Rosa gageyan tangi lan njaluk supaya Pram dimanggakke mlebu nang paviliun wae. Bareng ketemu Pramana, Rosa langsung

ngruket ngrangkul. Ora kaya adat sabene, sepisan iki Rosa nangis mingsek mingsek nang dhadhane Pramana. Ana sanggan pikiran sing abot pengin dijlentrehke marang kekasihe. Pramana banjur pamit nang kamar mandhi dhisik, dene Rosa nyiapke wedang anget kanggo Pram.

Bubar adus Pram salin nganggo pakeyan sing resik bali nang ruang tamu. Rosa uga wis dandan nganggo pakeyan malame sing disenengi saka sutra warna ungu, ngetokke anggone anggun lan ayu senajan mripate isih katon mbendhul mentas nangis. Dheweke pengin ngetokke uneg-uneg e ati marang Pramana, ning durung isa kewetu. Pram nyruput wedang teh anget sing disiapke Rosa, wiwit omongan karo ngrangkul Rosa.

*" Muga muga kabeh lancar sak unkurku Rosa, ora ana masalah sing serius ya".*

*" Iya mas ora ana apa apa sakwise njenengan budhal kae. Mung sore iki mau kok ana prekara dadakan sing aku karo mami orang nyangka babar blas".*

*" Ana apa Jeng, aku isa mbantu apa?".*

*" Aku terus terang, aja gawe atimu ya mas. Dhedhi mau dadakan teka pengin ketemu Tita karo aku. Jare pengin ketemu papi mami barang pengin njaluk ngapura".*

Pram rada njola krungu tembungé Rosa, ning tetep digawe sareh, aja nganti katon anggone kaget.

*" Hmm terus piye reaksimu Rosa ?"*

*“ Aku karo mami ora siap ketemu, apa maneh papi. Mung ditemoni Iwan nang ngarep. Iwan ora manggakake dheweke mlebu, dikandhani nek aku, mami karo papi, ora siap ketemu. Urusan nemoni Tita, arep diurus karo pengacara sesuk, ora isa ketemu langsung. Nyingkiri nek mbokmenawa ana apa apa sing ora apik”.*

*“ Ya digawe sareh wae, ning sing ati ati. Sesuk nemoni pengacaramu kanggo urusan Tita. Dene sliramu, gumantung marang kono arep kok temoni apa ora. Nek ketemu apa sing arep diomongake. Aku siap nek kudu ngancani sliramu. Apike aja ketemu papi mami dhisik”.*

*“ Aku durung bisa mikir arep tak temoni apa ora. Mung kanggo Tita sesuk awake dhewe nang pengacara wae dhisik. Upama aku nampa ketemu Dhedhi, aku njaluk kok kancani mas. Wis ora ana sambung rapete, ketemu Dhedhi dhewekan. Wis cuthel sesambunganku karo dheweke ora susah diudhar udhar maneh”.*

*“ Ora susah dipikir abot, ning kudu ati-ati aja nganti kecolongan, amarga ora ana sing ngerti kahanan sing sak benere. Aku setuju nek patemone Tita karo Dhedhi disupervisi pengacara. Nek ana apa apa luwih aman”.*

*“ Lha aku kudu cepet cepet nang Yogja, ana masalah ngene iki piye? Apa isa ninggal Tita nang kene apa diajak nang Yogja wae ya mas?”*

*“ Sesuk ngenteni sarane pengacara wae. Aja kesusu kok putusi”.*

Pram banjur pamitan mlebu kamar arep istirahat dhisik. Wis ngantuk banget rasane. Ora lali ngrangkul Rosa kanthi lembut karo nggegem tangane. Anane Dhedhi mlebu nang pikirane. Dudu masalah abot, ning mesthi isa ngganggu persiapane peresmian butik Wulandari & Ambarwati. Embuh dipikir sesuk wae, ora perlu ngebot boti le arep turu.

+++++

Esuk esuk Rosa wis kontak karo pengacarane sing ndhisik ngurus proses pisahane karo Dhedhi. Wose pengin ketemu konsultasi piye genahe nek Dhedhi pengin niliki Tita. Pengacara Anita SH wis pengalaman nangani prekara kaya ngono. Dheweke menehi wektu jam setengah sanga isa ditemoni nang kantore. Rosa nemoni pengacarane dikancani adhine Iwan. Dene Pram ngenteni nang omah wae. Sakwise njlentrehake kedadeyan wingi sore dening Rosa karo Iwan, pengacara Anita SH menehi weruh larah laraha saka babagan hukum.

*“Senajan wis pisahan, Dedhi pancen sisih duwe hak legal kanggo nemone anak kandhunge, Tita. Prekara dheweke wis tau ninggal gelanggang, nlantarke anak bojo, mung dadi pertimbangan wae, sepira suwene dheweke bakal diwenahi wektu lan kesempatan nemoni anake. Anake ora ngerti nek dheweke ki bapake, mbokmenawa ya nek dipeksa malah isa marahi stress kanggone bocah. Proses alamiah butuh wektu suwe, bocah ora bisa dipeksa supaya cedhak karo bapake, wong durung nate ketemu babar pisan”.*

*“ Terus penake piye sikapku karo Dhedhi, bu Anita ?”.*

*“ Diwenahi kesempatan meruhi Tita ora apa apa, aku isa ndhampingi dadi seksi mengko. Aja pisan pisan ana langkah sing marahi bocah malah tertekan”.*

*“ Sapa sing kudu menghubungi Dhedhi?”*

*“ Apike dhik Iwan wae, janjian tempat lan wektune, mengko aku apa asistenku isa ndhampingi njenengan. Saya cepet saya apik ben enggal rampung masalahe”.*

*“ Matur nuwun bu Anita, nek isa sore iki coba ya. Sokur nek panjenengan dhewe isa nyekseni”.*

Urusan karo Dhedhi banjur dipasrahke Iwan, ben diatur. Nek isa sore iki sisan, amarga Rosa kudu cepet mulih nang Ngayogyakarta. Tita mbokmenawa bubar ditemoni Dhedhi terus arep diajak nang Yogja wae. Ninggal Tita nang Pekalongan, Rosa rumangsa ora mantep senajan ana adhine lan ibune sing isa ngawat awati. Balik nang ngomah Rosa banjur rembugan karo Pram prekara hasile le nang pengacara esuk mau. Rosa njaluk Pram ngenteni dhisik dina iki, aja kesusu mulih menyang Yogja. Bubar nemoni Dhedhi, isa budhal nang Yogja bareng bareng, mung mundur sedina saka rencana. Pram nyanggupi isa nunggu nganti prekara patemon karo Dhedhi rampung.

*“ Apa sliramu ana rencana arep ketemu karo Dhedhi, jeng ?”.*

*“ Babar pisan ora. Tita ben dimong karo mbak Suni. Iwan ben ndhampingi mengko sore. Bu Anita apa asistene mengko ya teka minangka seksi lan menehi weruh Dhedhi samubarange”.*

*“ Diusahakke muga muga ora ana tetembungan utawa tindakan sing gawe wedine Tita mengko”.*

*“ Ya mengko diatur sing apik. Paling paling wektune ora luwih setengah jam”.*

Ora let suwe Iwan wis tilpun saka pabrik nek acara karo Dhedhi wis kapesthen, mengko sore jam setengah lima. Bu

Anita uga isa arep nyekseni, upama nganti ana acara dadakan arep ngirim asistene. Iwan uga wis ninggal weling nang Dhedhi, wis diwales nek dheweke isa nekani patemon sore iku. Rosa karo Pram, banjur metu makan siang, ana soto tauto sing jarene kondhang nang Pekalongan. Kaya adat sabene, Pramana pesen saparila dene Rosa pesen es degan karemane. Wong loro omong omong kanthi sareh senjata lagi ngadhepi prekara serius mengko sore. Wayah awan Pekalongan hawane panas, rasane sumuk nang awak. Raine Rosa katon menger menger abang kepanasen. Ananging malah katon ayune. Dheweke nganggo dhuwuran warna putih, kaos T shirt sing ora ketat banget.

*“ Suni tak kon siap siap nyepakke saline Tita, nek kudu budhal nang Yogja mengko apa sesuk. Pak Jono, sopir ya wis siap, penake budhal mengko bubar patemon apa sesuk esuk mas ?”*

*“ Menawa budhal mengko, tekan Yogya tengah wengi. Nek budhal sesuk tekan Yogja awan. Loro lorone ora kepenak kanggoku”.*

*“ Lha kepiye penake ? Mengko nari sopire ben menyesuaikan mas”.*

*“ Biasane aku mulih tekan Yogya parak esuk nek saka Bandhung apa Jakarta. Tau teka awan ndadak nerangke karo bapak ibu saka ngendi. Upama budhal wengi wae ben teka Yogja kira kira bubar subuh piye Jeng?” Aku isa ganti nyopiri mengko”.*

*“ Iya mengko di putuske sak bubare patemon mas. Sing penting wis siap”.*

Bubar makan siang, Rosa pengin ngajak mulih nang ngomah. Nanging Pram pengin weruh kantor lan pabrik bathike. Nalika isih mahasiswa, dheweke tau mlebu nang pabrik bathik ana

Yogja pas kerja lapangan, ndeleng kahanan lingkungan kerja para buruh bathik. Tekan pabrik ditemoni Iwan, sing tansah mandhegani kerjane pabrik. Sak wise dikelola Iwan karo Rosa, wis akeh sing di apikke, bangunane lan fasilitas kerjane. Senajan luwih cilik nek dibanding rikala isih jaya jayane pas dikelola Pak Setiawan karo bu Rina, ananging kondhisi lingkungan lan fasilitas kerja tambah apik. Ana udakara 50 tenaga, sebagian ana sing digarap nang ngomah. Pram saya salut marang usahane Rosa karo Iwan anggone bantingan nguripke perusahaan sing maune wis meh kollaps amarga gerahe pak Setiawan. Krisis isa diatasi alon alon. Wis ana rencana perluasan. Klebu bukak butik nang Ngayogyakarta iku.





Bab 19

## Ketemu Mantan Sisihan

**W**ayah sore srengenge wis gumlewang ing langit sisih kulon. Hawa panas sing sedina mau nggawa rasa sumuk nang tlatah Pekalongan wis wiwit ilang. Angin sore wiwit semribit nggawa sawab saka laut, nglonggarake rasa sesek nang dhadha. Jam papat, Rosa wis rampung anggone ngedusi lan nyalini Tita, amarga Dhedhi arep teka sore iku. Jam papat luwih sithik, bu Anita wis teka karo asistene, priya rosa, gagah gedhe dhuwur. Mbokmenawa kanggo jaga jaga menawa ana kedadeyan gendra sing tanpa dinyana. Wis pengalaman puluhan tahun nangani prekara mantan sisihan. Suni uga wis siap wiwit mau merga dheweke sing bakal kajibah momong Tita saksuwene ditemoni Dhedhi. Iwan semono uga wis wiwit mau mulih gasik siap siap ana ngomah. Dheweke sing bakal adhep adhepan rembugan karo Dedhi. Jam setengah lima luwih kliwat sethithik, Dedhi wis teka dikancani pengacarane. Bu Anita minangka wakile Rosa enggal mbagekake karo miwiti anggone rembugan. Dene Rosa, bapak ibune, lungguh nang ruang mburi. Pramana istirahat nang kamare, ora kepengin nyekseni patemon antarane Rosa karo Dhedhi.

*“ Panjenengan sing asma pak Dhedhi njih, sugeng rawuh. Aku Anita, pengacara, dijuluk dening bu Rosalina Wulandari, nemoni panjenengan. Ana gegayutan apa sing isa tak bantu? ”.*

*“ Terima kasih bu Anita, aku Dhedhi Sumaryono, mantan sisihane Rosa Wulandari. Aku wingi teka rene kanthi tujuan pengin nemoni anakku karo ibune, arep njaluk pangapura, nanging ora ditampa ”.*

*“ Injih terus rawuhmu sore iki arep ana perlu apa, nyuwun tulung dijlentrehke sing cetha, ora susah kedawa dawa ”.*

Bu Anita wiwit nlesih apa kekarupane Dhedhi anggone mara marang panggonane Rosa. Dedhi bisik bisik sedhela karo pengacarane, banjur aweh wangsulan. Solah bawane ora tenang babar pisan. Setengah kamosolen anggone mangsuli.

*“ Sepisan aku pengin weruh anakku Tita. Kaping pindho aku kepengin ketemu ibune Tita, Rosalina Wulandari. Kaping telune aku kepengin nemoni keluwargane Rosa ”.*

*“ Iya panjalukmu sepisan isa tak upayakke sore iki ketemu Tita, ananging aja nganti ana tembung lan tumindak sing isa marahi bocahe wedi. Panjalukmu kaping pindho, aku tak takon dhisik karo bu Rosalina Wulandari. Panjaluk kaping telu, mas Iwan iki isa makili keluwarga Pak Setiawan karo ibu Rina ”.*

*“ Iya aku sarujuk lan ora bakal tumindak utawa ngujarake tetembungan sing ora kepenak kanggone bocah ”.*

Iwan banjur nrambul anggone caturan, tinimbang mengko saya nggladrah agendhane patemon. Bubar iku dheweke banjur pamitan nang mburi karo bapak ibune.

*“ Bu Anita, nuwun sewu, kaya sing wis tak omongke karo pak Dhedhi wingi, nek bapak ibuku ora siap nemoni. Bapak ibu kepara ora fit nemoni pak Dhedhi. Nuwun sewu aku pamitan ngancani bapak ibu nang mburi”.*

*“ Iya mas Dhedhi, panjenengan wis krungu dhewe wangsulane mas Iwan. Aku tak nemoni bu Rosalina dhisik prekara penjalukmu sing nomer siji karo loro”.*

Bu Anita banjur mlebu nemoni Rosa dalah pak Setiawan karo bu Rina. Sakwise aweh salam banjur njlentrehake.

*“ Mas Iwan wis menehi weruh menawa bapak ibu Setiawan ora siap lan ora kersa nemoni Dhedhi. Ora perlu metu nemoni. Pak Dhedhi njaluk niliki Tita karo ketemu bu Rosa. Apike ora ketang sedhela ditemoni wae, tak dhampingi”.*

Alon alon Rosa nuntun Tita banjur metu menyang pendhapa ngarep. Mbak Suni melu amarga isih ndulang Tita. Nalika meruhi Rosa karo anake Tita, Dhedhi ora isa nutupi gorenging atine. Raine pucet, tangane ndredheg. Dene Rosa nyoba tatag, mandeng Dhedhi kanthi kalem. Dhedhi njawil pipine Tita karo ngacungke tangane ngajak salaman Rosa. Rosa nanggapi kanthi adhem, salaman entheng tanpa greget.

*“ Wulan aku njaluk sing gedhe pangapuramu, wis ninggal sliramu karo Tita wektu semana. Aku dhewe lagi ngalami krisis wektu iku. Muga muga sliramu isa ngerti lan menehi pangapura sing gedhe”.*

Rosa unjal ambegan sedhela, raine mbrabak abang, nata ati sedhela banjur aweh wangsulan.

*“ Kabeh wis berlalu, wis kliwat, ora perlu dieling eling maneh. Awakmu ninggal aku karo Tita tanpa pamit. Layangmu sing pungkasan isih tak simpen sing medhotake sesambungane awake dhewe wong loro. Tak anggep wis cuthel. Aku emoh ngeling eling maneh. Nuwun sewu mbak Anita, nyuwun tulung di ngendikakake status hubunganku karo dheweke”.*

*“ Pak Dedhi, bener apa sing dingendikakake mbak Rosa mau, sakwise njenengan tinggal nang luar negeri tanpa rembug, mbak Rosa jane isih ngenteni wartamu nganti pirang pirang sasi. Nalika nampa layangmu sing wose wis seleh, medhot sesambunganmu karo mbak Rosa, mbak Rosa banjur konsultasi karo aku. Atas persetujuan keluarga, mbak Rosa ngajokke gugat cerai nang Pengadilan Agama amarga ditinggal wis meh setahun. Aku sing ndhampingi rikala semana. Kopi akta cerai wis tak i kirim nang alamatmu ing Pekalongan kene”.*

*“ Apa ora isa ditinjau ulang bu Anita?”. Mosok durung tau ketemu adu arep kok langsung diputuske ngono wae ta?”*

*“ Wis memenuhi prosedhur hukum. Wis ana dhasar tertulis saka layangmu. Keputusan pengadilan agama wis jelas. Nek arep njaluk ditinjau ulang ya, mangga njaluk kesepakatan saka mbak Rosa”.*

Rosa banjur aweh rembug sepisan maneh, nandhesake apa sing wis diomongke mau.

*“ Keputusan wis final, wis cuthel ora susah dirembug maneh, ndak malah gawe susahe sedulur. Njenengan apa ora isin narik keputusanmu sing wis kok sebutke nang layang mau. Surate isih tak simpen lo”.*

Dhedhi banjur bisik bisik karo pengacarane. Dheweke meneng sedhela, unjal ambegan banjur nyuwara.

*“ Nuwun sewu bu Anita, aku duwe alasan ngapa ngirim surat medhotke sesambungan karo anak bojoku jaman semana. Aku saiki njaluk dianakke test DNA kanggo Tita, ibune karo aku”.*

*“ Wah masalahe malah tambah ribet. Test DNA ki menawa mbak Rosa nuntut njenengan melu nanggung beaya panggulawentahe Tita. Kan ora babar pisan. Prekara hasil test iku menawa arep kanggo nglengkapi suratmu sing medhot kuwajibanmu minangka bojo lan bapa, kudune kan digawe rikala semana. Karomaneh wis ana keputusan pengadilan sing ngidinke pisahan ta. Aja diwolak walik lah”.*

*“ Kan mung pengin njlentrehake masalahe wae ta bu. Aja dinilai sepihak”.*

*“ Jane nek njenengan ana kecurigaan rikala semana, ya test DNA dhisik, hasile piye lagi gawe putusan medhot iku. Aku pendhampinge mbak Rosa, ora isa nampa penjaluke pengacaramu. Piye ngono ta mbak Rosa?”.*

*“ Iya bu Anita, the case is closed. Cuthel, sing mulai dudu aku, nanging saka pak Dhedhi. Sing luwih penting ben isa mlaku sesowangan dhewe dhewe kanthi apik kanggo tembe ngarepe Tita karo aku. Muga muga pak Dedhi isa nampa lan mangerteni. Aku ya duwe hak nggayuh masa dhepanku, karo masa dhepane Tita”.*

*“ Apike patemon cukup semene dhisik pak Dhedhi. Njenengan wis gamblang posisine mbak Rosa karo keluwarga. Ora isa dipeksa”.*

Bu Anita banjur munggel patemon, mundhak ngambra ambra. Dhedhi karo pengacarane enggal enggal pamitan mulih.

Nalika metu saka pendhapa, ndilalah Pram lagi wae mulih mlaku mlaku saka ndalan. Ora isa diendhani ketemu gapyuk karo Dhedhi senjata ora disengaja. Rosa weruh Pram mlaku ana plataran, banjur mlayoni metu, ngrangkul priya sing ditresnani lan sing diarep arep bakal nglindhungi dheweke karo Tita. Dheweke ngantu antu anane Pram nang sisihe rikala ngadhapi reribet abot ngene iki.

*“ Pak Dhedhi, tulung ditepungke kangmas ku Pramana Enggar Kusuma. Kanca uripku nang tembe ngarep. Kita wis mantep bakal urip bareng”.*

Dhedhi karo Pramana padha padha kagete. Ora isa ngapa ngapa. Mung padha ngulungke tangan salaman karo nyebut jenenge. Dhedhi kanthi nggregel isih isa nyebut sapa dheweke.

*“ Aku Dhedhi bapake Tita, mantan sisihane Wulan. Seneng isa ketemu sampeyan”.*

*“ Padha padha mas. Aku Pramana Enggar Kusuma. Apike ora usah diungkit ungit maneh. Sing penting kabeh mlaku nang dalane dhewe. Donga dinonga ben entuk dalan padhang nang tembe ngarep”.*

Pram isih ngematke lakune Dhedhi metu saka plataran. Nang atine dheweke isa mbayangke remuke atine Dhedhi sing pengin balen urip karo Rosa nanging ora ditampa. Mesakake weruh Dhedhi mlaku kanthi lungkrah metu saka plataran. Batine, muga muga enggal entuk dalan sing kepenak, piye maneh, dheweke ya ora bisa apa apa. Kabeh wong duwe masalah dhewe dhewe. Rosa enggal enggal nggandheng Pram supaya mlebu nang ruang njero. Wektu makan malam.

Swasana makan malam sidhem, ora ana sing cemuwit, apa maneh ngrembug kekadayan sore mau.

Bubar makan malam jane wis siap arep budhal menyang Yogja. Nanging Pram njaluk supaya budhal wengi wae ben tekan Yogja wayah parak esuk. Tita sidane diajak pisan menyang Yogja, Rosa rada was was ninggal Tita nang Pekalongan. Sinambi tata tata pakeyane Tita, Rosa mbukak laci sing isi layang layang lawas. Dheweke pengin maca layang saka Dhedhi sing dikirim sama Amerika kira kira telung taun kepungkur sing wose, medhot sesambungan karo dheweke lan Tita. Nek kelingan surat iku atine kaya di ejur ejur. Sakwise tekan luar negeri, Dhedhi mung kirim surat cekak aos nek ora sempat niliki sakdurunge budhal amarga wektune nylepeg banget. Nem sasi sakbubare layang pisanan mau, ngirim layang sing kapindho, layang kang pungkasan.

*“ Wulan ibune Tita. Maaf ya lagi sempat nulis layang iki. Kabarku apik apik nang West Lafayette. Mung sibuk melu kuliah. Aku njaluk ngapura, kudu blaka suta marang awakmu. Aku wis rumangsa ora cocok, urip bebarengan karo awakmu. Mula padha donga dinonga wae, awake dhewe pisah, mlaku dhewe dhewe nang tembe ngarep. Salam kanggo Wulan karo Tita.*

Rosa durung nate crita prekara layang iku marang Pram. Nanging bareng Dhedhi ngudhal udhal prekara anggone pisahan mau, dheweke pengin crita kabeh karo Pram, mundhak Pram kegawa marang kandhane Dhedhi mau ngapa kok ngirim layang kuwi. Pramana bubar makan malam istirahat nang kamar, ngenteni budhal menyang Yogja wengi iku. Arep budhal kira kira tengah wengi mengko. Isih ana

wektu sakwetara kanggo leren. Sopire, pak Jono uga wis wiwit sore mau dikon mulih dhisik ben istirahat nang ngomahe.

Rosa bubar tata tata pakeyane Tita sing arep digawa nang Yogja, banjur marani Pram nang kamare. Alon alon dheweke nyritakke nganti tlesih anggone ketemu karo Dhedhi sore mau. Uga kekarepane Dhedhi arep test DNA kanggo Tita. Pramana mung anteng ngrungokke critane Rosa. Uga nalika Rosa nduduhke layang sing dikirim Dedhi telung taun kepungkur, dheweke mung maca sak tleraman tanpa komentar apa apa. Kaya kaya Pram pengin ngendhani aja nganti kegawa dredah antarane Rosa karo Dhedhi. Ya mung mangsuli kanthi sareh karo ngrangkul Rosa, supaya sabar lan ati ati.

*“ Ora susah diungkit ungit maneh dhik. Sing penting tembe ngarep, ati ati ben ana dalan sing kepenak kanggo urip luwih tentrem lan seneng”.*

Pramana ngrumangsani nek dheweke pancen tresna tenan marang Rosa, ora isa pisah maneh karo wanodya ayu merak ati iku. Uga wis rumangsa mantep bebarengan nglakoni dalaning urip karo Rosalina Wulandari. Mung dheweke rumangsa ragu ragu menawa mengko ne isih tansah ana prekara antarane Rosa karo mantan sisihane, sing gedhe cilike bakal nyeret dheweke. Ora amarga dheweke wedi ngadhepi, ananging wong tuwane dalah sedulur sedulure, mesthi padha ora seneng menawa dheweke nganti kedawa dawa katut urusane Rosa karo mantan sisihane. Dheweke wis nyadhari nek tresna kudu luber, ditampa apa anane kanthi iklas kahanane Rosa. Kudu wani ndhadhagi, nanging piye bapak ibune, apa ya ora dadi beban pikirane wong tuwa?

Jam setengah rolas bengi, kanthi disopiri pak Jono, Pram, Rosa, Tita karo sing momong mbak Suni budhal alon alon menyang Yogja. Pram lungguh ana jok ngarep jejer sopir. Karepe Rosa, jane pengen lungguh jejer nang mburi karo Pram, Suni karo Tita isa lungguh nang ngarep. Nanging Pram ndunungake menawa bocah cilik aja lungguh nang ngarep, kanggo keamanan lan keselamatan. Pramana akeh menenge sakjroning laku. Pikirane nglambrang adoh nang langit sing kebak lintang. Kala kala unjal ambegan karo nggremeng ngundang jenenge Rosa. Rosa mung ndonga muga muga ora ana owah owahan saka Pram marang dheweke, sakwise patemon karo Dhedhi mau sore.





## Mantep Wrip Bareng

**T**ekan Yogja wis wayah esuk, langsung njujug Ngadisuryan. Rosa, mbak Suni karo Tita medhun ana omah Ngadisuryan. Dene Pram diterke sopir, pak Jono, terus mulih nang Nagan. Pak Parjan pembantu rumah tangga sing wis mataun taun ndherek nang Nagan, lagi resik resik ana latar ngarep. Bapak ibune, pak Rianto karo bu Ambarwati, durung metu saka kamar, mbokmenawa durung wungu. Pak Jan gita gita anggone methukke Pramana.

*“ Gus Pram, nembe rawuh ta? Sampun dipun ajeng ajeng keng ibu wiwit kala wingi”.*

*“ Iya pak Jan, rada mulur lehku nang Jakarta, urusane durung rampung. Bapak ibu apa durung wungu ?”*

*“ Dereng sami wungu. Kala ndalu ngantos dalu anggenipun ngendikan wonten ruang tengah menika”.*

*“ Ya wis ora apa apa. Aku njaluk banyu anget, tak adus dhisik. Mengko aturna nek aku nembe wae teka”.*

Pramana banjur adus dhisik karo ngenteni bapak ibune. Bubar adus nemoni bapak ibune, sing lagi ngunjuk kopi ana ruang ngarep. Ngaturi salam, terus ndherek jagongan. Bu Ambarwati gageyan anggone ndangu putrane, piye urusane nang Jakarta anggone nglamar gaweyan.

*“ Urusanmu beres nang Jakarta ngger? Muga muga ora ana alangan ya, wis tak enteni wiwit wingi karo ramamu”.*

*“ Pangestune kabeh lancar bu. Aku mampir Bandhung nggawa surat saka pakdhe Naryo kanggo kancane, pak Hartadi sing isih ngasto nang Dheparlu. Ooo iya bapak ibu pikantuk salam saka pakdhe Naryo lan budhe Sunarti”.*

Pak Rianto uga selak pengin ngerti piye le nglamar gaweyan nang Jakarta. Upama ana alangan kudu ana pilihan liya ndhaftar nang Yogja wae.

*“ Terus lamaranmu nang Jakarta piye ngger?. Ana sing isih kurang?”*

*“ Kabeh wis beres bapak, wis ditampa dening Personalia. Nunggu panggilan test tertulis, bubar iku nek lulus lagi ana wawancara”.*

*“ Iya muga muga lancar ya, ndonga wae. Manut tatacara sing ana wae, muga muga isa ketampa”.*

*“ Injih pak, pak Hartadi ya maringi orek orekan nang Kepala Biro Personalia, muga muga ana perhatian. Sing penting mengko maju test tertulis, muga muga lulus. Lagi test wawancara. Syarat syarat kabeh wis tak lebokke”.*

*“ Iya ngger, aja lali mikir kemungkinan liya ya. Ya pangarep arepku muga muga lancar kabeh nang Jakarta. Ning apike ya kudu siap siap pilihan liya”.*

*“ Injih pak ngestokake dhawuh. Iki nunggu panggilan ujian tulis”.*

Bu Ambarwati ngelingake anggone persiapan kanggo acara peresmian butik Ambarwati & Wulandari. Isih akeh sing kudu dirembug. Banjur ndhawuhi Pramana supaya sore iku isa ketemu bareng bareng karo Rosa.

*“Wingi aku wis ketemu karo calon panitya penyelenggarane Pram. Durung tak putusi nanging wis ana rembugan wiwitan prekara gedhe cilike acara mengko. Mengko sore Rosa diajak rembugan rene kaya biasane ya”.*

*“ Njih bu, dheweke tak kira ya wis pengin banget ngrampungke persiapan acara pembukaan mengko. Minggu iki acara karo dhaftar undhangan muga muga isa dikirim dening penyelenggara”.*

*“ Iya wingi bu Arini sing bakal dadi panitya penyelenggara uga wis nemoni aku. Butuh acara lengkap, dhaftar undhangan, ubarampe sing perlu disiapke”.*

*“ Kabeh wis ana bu, mengko sore dirembug pungkasan terus ben digarap EO, isih cukup wektune. Rosa esuk iki mbokmenawa lagi isirahat. Tita putrine iya melu nang Yogja”.*

*“ Oo ya Pram, pas awakmu nang Jakarta kae ndilalah aku ketemu karo bu Leni Setyawati, ibune nak Reni. Dheweke nakokke kabarmu. Angger ketemu kok mesthi nakokke awakmu”.*

*“Iya terus ibu ngendika piye?”*

*“Iya tak wangsuli nek kabarmu apik apik, wis lulus, lagi golek gaweyan. Dheweke uga crita menawa Reni wis meh lulus dhokter, wulan wulan iki. Welingku ya ngger, sak upamane awakmu ketemu Reni, sing ati ati. Aja kebacut tembungmu, ndak marahi salah pangerten. Aja menahi pengarep arep babar pisan, awakmu wis sesambungan serius karo Rosa”.*

*“ Mboten bu, Reni ya wis ngerti prekara sesambunganku karo Rosa. Malah dheweke ya wis kenalan, ketemu ora sengaja karo Rosa nang ndalan”.*

Bu Ambarwati mikir banget aja nganti ana prekara sing ora kepenak antarane Pramana karo Reni. Senajan wis srawung karo Reni suwe, nek pancen tresnane karo Rosalina Wulandari, ya kudu diantepi. Priya ora apik nek ngumbar janji rana rene karo wanita. Krungu ngendikane ibune, Pram kaya dielingke nek dheweke tau omong karo Reni nek arep nemoni Reni sakwise mulih saka Jakarta. Dheweke nyoba tilpun Reni, mung nakokke kabar keslametan wae. Reni lagi libur bubar ko skaap nang Bagian THT nem minggu.

*“ Mas Pram njenengan janji arep ketemu aku karo mbak Rosa lho. Pengin ngobrol bareng karo dheweke. Aku seneng kenalan karo mbak Rosa wektu iku pas ketemu nang ndalan. Anggun tur ayu, cocok banget dadi pendhampingmu mas”.*

*“ Iya dhik Reni, iki isih repot banget persiapan pembukaan butik. Mengko nek ana wektu direncana ketemu bareng. Suk nek acara pembukaan butik tak undang ya. Persiapan panggonane wis rampung”.*

*“ Aja lali ya mas. Mumpung aku lagi libur minggu iki. Salam kanggo mbak Rosa”.*

+++++

Omah sing bakal kanggo butik cedhak karo omahe Reni nang Ngadisuryan. Mung beda dalan wae. Reni kerep liwat omah iku, pekarangane amba kebak wit witan marahi katon eyup. Sore iku bubar adus Reni karepe mung arep mlaku mlaku nang Alun Alun Kidul, golek angin karo nonton ibu ibu akeh sing padha momong anake. Ora sengaja pas liwat omah iku dheweke meruhi Rosa karo mbak Suni lagi ndulang Tita nang ngarepan. Wis kasep weruh saka kadohan, Reni banjur menehi salam kanthi ngawe awe. Rosa sepisanan rada pangling meruhi ana wanita sing ngawe awe dheweke saka ndalan. Bareng diematke lagi sadhar menawa iku Reni, sing ketemu minggu wingine nang ngarep rumah sakit Mangkuwilayan. Dheweke enggal males ngawe awe karo ngadeg saka anggone lungguh, terus ngampirke Reni kanthi grapyak.

*“ Mampir dhisik dhik Reni. Arep nang endi iki sore-sore?”*

*“ Mung mlaku mlaku golek angin mbak, nang Alun Alun kono. Biasane akeh ibu ibu padha ndulang Balitane. Aku seneng le ngematke, menikmati swasana sore sing adhem”.*

*“ Iya dhik, aku durung tau mlaku mlaku rono. Tita lagi iki nang Yogja. Esuk mau teka saka Pekalongan karo mas Pramana”.*

*“ Iya mbak tak antu antu panjenengan karo mas Pram dolan nggonku ya. Pengin ngobrol nganti tanek. Ora tau ana kesempatan ngobrol karo mas Pram. Mau dheweke tilpun ngabarke nek wis teka saka Jakarta”.*

*“ Sore iki aku arep nang daleme mas Pram, rembugan prekara persiapan pembukaan butik. Jane nek njenengan sela ya ora apa apa sisan nggabung”.*

*“ Wah aja mbak Rosa, wong lagi ana rembugan serius kok aku melu, malah bingung. Salam wae kanggo mas Pram”.*

*“ Sliramu wis suwe cedhak karo mas Pram, jeng Reni?”*

*“ Wiwit cilik wis cedhak. Prasasat kaya sedulur. Aku ngerti banget kebiasaane. Mas Pram wis tak anggep kaya kangmasku dhewe.”*

Rosa rada kaget krungu omongane Reni, batine rada njola kok Pramana ora tau crita nganti tuntas prekara Reni, calon dhokter sing ayu merak ati iki. Batine ngakoni nek Reni pancen ayu lan lantip. Ora kakehan basa basi.

*“ Mas Pram sok sok crita prekara sliramu, ning ora tau tuntas dhik”.*

*“ Ora aneh mbak. Aku karo mas Pram ora ana sesambungan istimewa. Mung paseduluran sing kenthel wiwit cilik”.*

*“ Iya dhik, gamblang kanggoku. Aku nembe tepung mas Pram sakwetara wulan iki. Mung rasane kaya wis suwe banget”.*

*“ Aku mendhukung banget sesambungan antarane mbak Rosa karo mas Pram. Mas Pram ora bakal culika, dudu sipate dheweke. Nek ana resiko sesambungan karo liyan, dudu saka mas Pram, nanging saka wanita liya iku. Nuwun sewu kudu tlaten le ngancani mas Pramana mbak”.*

*“ Iya matur nuwun dhik, panyandramu. Tak ati ati banget”.*

*“ Kaping pindhone, dheweke nekuni banget anggone ngrungkepi penggayuhe. Aja nganti ketambahan sanggan mikir prekara sing dudu tanggung jawabe”.*

*“ Karepmu kepriye dhik Reni?”*

*“ Mas Pram katon tegas mitayani nang njaba, ngadhepi apa wae. Dheweke activist mahasiswa. Pengalaman ngadhepi prekara sing abot abot. Nanging ora pengalaman ngadhepi prekara pribadhine. Aja nganti ditinggal dhewekan mbak lan aja nganti keseret nang prekara sing ora penting banget”.*

*“ Matur nuwun, kapan kapan diteruske ya dhik. Aku iki ya kudu nang Nagan rembugan prekara persiapan pembukaan butik. Mengko undhangane tak kirimke, isa teka ya kira kira rong minggu maneh”.*

*“ Iya mbak nek pas ora jaga mesthi teka aku. Daag daag Tita”.*

+++++

Jam setengah lima Rosa mlaku menyang Nagan. Alon alon karo nikmati semilire angin sore. Dalan dalan sepi mung kadhangkala ana mobil lan sepedha motor sing liwat. Sing akeh sepedha, bel kring e saut sautan gawe rame. Senajan sepedha ning ya tetep kudu ati ati, mlaku nang pinggir. Dalan sepi kaya ngene wae isih kerep ana kacilakan lalu lintas, senajan dudu kacilakan abot. Ora suwe Rosa wis tekan daleme bu Ambarwati. Lagi lenggahan ana pendhapa ngarep karo garwane, pak Rianto Djojokusumo. Rosa rumangsa seneng lan ngungun nyipati kahanane urip bebrayan antarane pak Rianto lan bu Ambarwati. Rukun lan padha dene le nresnani, kaya mimi lan mintuna. Lagi srawung sedhela karo pasangan iku, nanging rumangsane kok kaya wis sesambungan suwe. Rosa

pengin dheweke isa urip bebrayan sing langgeng kaya Pak Rianto lan bu Ambarwati. Bu Ambarwati gita gita anggone nyalami Rosa.

*“ Lagi teka esuk mau ya mbak Rosa. Muga muga tansah lancar sak kabehane nang Pekalongan. Papi karo mami sehat sehat ya?”.*

*“ Injih ibu, pangestunipun. Papi kaliyan mami ugi mboten kirang menapa. Sampun ngatos atos sanget”.*

*“ Sore iki muga muga isa mutusi sakwetara rencana magepokan karo pembukaan butik. Rumangsaku wis ora ana masalah. Kari mutusi acara, dhaftar undangan, uba rampe sing diperlokke. Perijinan wis arep diurus dening panitya, bu Arini. Sesuk sore rapat karo dheweke”.*

*“Injih kasinggihan ibu, kados sedaya sampun dipun serat kaliyan mas Pram. Sampun kula rembag nalika wonten Pekalongan”.*

Pak Rianto banjur nimbali Pramana sing lagi wae bubar adus. Wiwit awan mau Pram mung nang kamar wae, turon karo maca maca. Sajake lagi nyiapake anggone arep ujian tertulis nang Dheparlu. Rada telat anggone tangi sore iku. Ngerti ngerti kok krungu swarane Rosa karo ibune, lagi rembugan nang ngarepan. Pram banjur gabung. Ora lali nyalami Rosa sing sore iku nganggo ngisoran kuning lan dhuwuran kaos warna ijo pupus, dadi katon ayune. Rosa mesem lembut marang Pram, nggegem tangane kenceng banget kaya wis suwe ora ketemu.

*“ Pram, sesuk bu Arini karo punggawane arep rene. Butuh rencana acara karo dhaftar undhangan, arep terus diedharke”.*

*“ Injih bu, wis tak siapke kabeh. Nyuwun mengko dipirsani, nek ana owah owahan tak owahane dhisik sak durunge nang bu Arini”.*

*“ Aja nganti ana sing kliwatan ya Pram. Kok teliti kanthi tlesih. Semono uga samubarang sing dibutuhke. Aku arep ngundang kanca kanca saka kantor Balai Kota. Aja nganti ana sing nguciwani”.*

*“ Injih bapak. Mengko dipirsani dhaftare nek mbokmenawa ana tambahan. Aku nyuwun pirsapa sing arep peragaan busana wis diputuske karo ibu?. Tulung dingendikakke karo Rosa ya bu”.*

*“ Aja kuwatir Pram, ibu mengko tak rembugan karo mbak Rosa uga”.*

*“ Njih ibu, bibar rembagan mangke kula njih badhe matur kaliyan ibu. Wonten prekawis ingkang kula badhe nyuwun priksa”.*

Pak Rianto, bu Ambarwati, Rosa karo Pramana banjur ngrembug rencana pembukaan butik Ambarwati & Wulandari. Siji siji dirembug tlesih lan di putusi. Acara, dhaftar undangan, uba rampe, peragaan busana lan sak panunggalane. Jam setengah enem wis rampung anggone padha rembugan, wis tuntas kabeh kari masrahke nang panitya, Bu Arini karo punggawane, sesuk sore. Pramana bali mlebu nang kamare karo ngenteni Rosa anggone rembugan karo ibune. Dene pak Rianto metu nang plataran ngarep, ngisis nikmati angin lembut wayah sore. Bareng mung adhep adhepan wong loro, Rosa enggal matur marang bu Ambarwati.

*“ Nuwun sewu ibu, menawi kula badhe ngresahi sekedhik prekawis sesambutan kula kaliyan mas Pramana”.*

*“ Iya mbak ana apa. Aja kok ndhem dhewe nek ana masalah. Wong tuwa isane ya mung nyengkuyung karo ndedonga”.*

*“ Menapa ibu pirsas sesambetan antawisipun mas Pram kaliyan mbak Reni?”*

*“ Aku ngerti Reni Widowati, putrine pak Hartono karo bu Leni, cedhak omahmu nang Ngadisuryan kono. Pancen keluwarga ku karo keluwargane bu Leni wis kaya sedulur wae. Pramana raket karo Reni, wis kaya kakang adhi wae. Ning rumangsaku kok ora ana sing istimewa”.*

*“ Leres njih bu, mboten wonten sesambetan istimewa aantawisipun mas Pram kaliyan mbak Reni. Kula namung gadhah pangentha entha mbokmenawi wonten sesambetan istimewa”.*

*“ Aja kok gawe pikiran mbak. Nek awakmu ana rasa ragu ragu, ya kok genahke nang Pram dhewe wae. Dheweke ora bakal ngapusi lan culika. Aku karo bapak wis wola wali blaka suta, kabeh gumantung awakmu wong loro. Sing padha padha anggone ngemong”.*

*“ Matur nuwun sanget ibu, kula ndherek dhawuhipun ibu. Namung sok sok ajrih menawi kecalan mas Pram. Gagal sepindhah raosipun mboten kantenan bu”.*

*“ Iya kabeh mau kudu disangga wong loro. Padha padha anggone njaga. Senajan Pram mesthi manut karo bapak ibune, aku ora tekan nek arep mrentah dheweke tumrap sesambungane karo awakmu. Kabeh gumantung awakmu wong loro”.*

Rosa rasane mak plong isa sambat karo bu Ambarwati. Dheweke ora isa bebas sambat karo mamine amarga alasan kesehatan. Seneng banget isa ngudharke isining atine. Rosa banjur marani Pramana nang kamare, njaluk diterke mulih. Wong loro alon alon mlaku bebarengan liwat dalan sepi bali nang Ngadisuryan. Ora akeh omongan sak dawaning laku,

mung gandhengan tangan mlaku bebarengan. Kaya sing di  
impi impi wong loro isa urip bebarengan ing tembe ngarep.



# Bukaan Butik Ambarwati & Wulandari

**W**ektu sing tansah diantu antu dening Rosa, bu Ambarwati dalah pak Rianto, lan Pramana wis tekan titi wanci. Bukaan butik Ambarwati & Wulandari. Wis direncana kanthi mirunggan, malah bakal dirawuhi bapak lan ibu Walikota Ngayogyakarta barang. Dina Minggu esuk uthuk uthuk Pramana wis ribet nang dalem Ngadisuryan, panggonane Rosa, mriksa lokasi sing bakal kanggo acara jam sepuluh dina iku. Mau bengi tendha, panggung lan meja kursi wis ditata, dening panitia sing dipandhegani dening punggawane bu Arini. Pram esuk iki pengin mriksa menawa kabeh samubarange wis siap temata kanthi apik, ora ana sing kurang apa apa. Dheweke sore mengko kudu budhal nang Jakarta, amarga sesuk arep ujian tulis nang Departemen Luar Negeri. Surat undhangane lagi ditampa wingi sore. Rosa isih ana mburi, mbokmenawa isih ngeloni Tita. Lagi mangsa bedhidhing, hawane adhem ing wayah esuk. Bareng ngerti menawa Pram wis ribet nang ngarep mriksa papan acara, dheweke enggal enggal nyusul.

Isih nganggo pakeyan malam tipis, warna putih semrawang, gawe kagete Pram.

*“ Mas wis mau ya ? Kok ora nggugah aku dhisik. Rada kerinan aku”.*

*“ Iya sengaja esuk esuk mrenges karo mlaku mlaku. Kabeh wis tak cek, kayane ora ana sing kurang. Mengko jam jam wolu mbokmenawa panitya wis padha teka. Ben dipriksa sepisan maneh”.*

*“ Ngunjuk lan sarapan nang kene ya mas, ben disiapke Gemi. Aku tak adus dhisik”.*

*“ Aku jane kesusu jeng, kudu nyiapke sing arep tak gawa nang Jakarta mengko sore. Mau bengi maca maca nganti wengi”.*

*“ Isih ana wektu mas, aku kan ya pengin glenikan lungguh bareng wong loro ta. Entenana sedhela aku tak nang kamar mandi dhisik ya”.*

Pram lungguh nang ngarepan ngenteni Rosa rampung anggane adus. Ngalamun pikirane nglambrang, kaya ngimpi kok cepet temen proses sesambungane karo Rosa. Wiwit kenalan nang bis nalika budhal Bandhung udakara telung sasi kepungkur, ngrembaka dadi sesambungan katresnan sing tansah nancang ati. Kaya wis diatur dening Sing Gawe Urip, dheweke ora suwala mung pasrah kayadene melu ilining banyu. Pramana sadhar menawa Rosa dudu pilihan sing paling paling apik lan ideal kanggone keluwarga. Rosa dudu prawan legan, nanging warandha nggawa anak siji, si Tita. Ananging rasa katresnane ora isa dipunggel, ora bakal mundur maneh. Mundur ateges culika, tinggal glanggang colong playu. Bakal gawe sedhihe Rosa. Wis diantepi tresnane karo wanodya ayu sing jenenge Rosalina Wulandari. Mung

pandongane muga muga aja keseret kadohan marang prekarane Rosa karo mantan sisihane sing wis kliwat. Dalane urip bareng kudu resik tanpa eri sing bisa dadi beban sakjroning urip bebrayan. Ora let suwe Rosa wis rampung anggone adus. Nganggo kaos tipis karo ngisoran celana pendhek, durung sempat dandan nanging ora nyuda rupane sing ayu, ngresepake lan merak ati. Ora lali Rosa ngrangkul lan ngaras kanthi lembut.

*“ Ayo mas di unjuk kopine. Terus dhahar wae cepet cepetan tak kancani”.*

*“ Iya terima kasih Jeng. Muga muga mengko kabeh mlaku lancar ya”.*

*“ Iki dina sing tak impi impi, mbukak butik didhampingi mas Pram. Bapak ibu lan papi karo mami bebarengan ngestreni acara”.*

*“ Lha papi mami saiki nang endi Rosa kok durung katon?”.*

*“ Isih durung wungu sajake. Papi ora isa wungu gasik nek esuk sak bubare gerah ndhisik kae. Kudu sabar. Mengko jam wolu tak kira wis siap kabeh”.*

*“ Aku kok rada senak senik ya Jeng. Muga muga lancar kabeh ora ana apa apa mengko”.*

*“ Kabeh wis disiapke mas Pram, ora susah kepikiran ndak malah bingung. Dilakoni wae, nek ana apa apa ya mengko dipikir carane mrantasi”.*

Wong loro banjur sarapan bareng, lawuhe gudheg sing wis disiapke dening mbak Gemi. Bapak ibune Rosa, pak Setiawan lan bu Rina, wis sakwetara dina rawuh nang Yogja, dikancani Iwan. Pengin ngestreni acara peresmian butik. Kanggone pak

Setiawan lan bu Rina, acara iki penting amarga mratandhani gumregahe keluwarga sak bubare ambleg amarga diculikani mantan mantu, ya mantan sisihane Rosa, Dhedhi Sumaryono. Pandongane aja pisan pisan Dhedhi Sumaryono, nganti ngganggu katentremane Rosa lan keluwarga maneh. Rosa wis ana sing bakal ndhampingi uripe. Pak Setiawan karo bu Rina mula mantep banget rawuh nang Yogja, ngestreni acara bukaan butik, karo ketemu calon mantune, Raden Mas Pramana Enggar Kusuma .

Bubar sarapan Rosa gageyan siap siap amarga wis janji karo tukang rias sing bakal ndandani dheweke. Esuk iku tukang rias sing disiapke bu Arini ngrias bu Ambarwati dhisik, terus ganti ndandani Rosa. Sakwise pamitan, Pramana mlaku tumuju nang dalem Nagan. Ngliwati omahe Reni, sedulure sinarawedi sing lagi maca koran Kedhaulatan Rakyat ana ngarepan. Pramana ngawe awe aweh salam, karo ngundang Reni. Gita gita Reni marani Pramana nang ngarep regol.

*“ Kok esuk esuk liwat kene ana apa mas Pram?”*

*“ Iya dhik lagi wae mriksa persiapan nggo acara bukaan butik mengko jam sepuluh”.*

*“ Ooo iya meh wae lali, aku karo bapak ibu iya bakal teka mas. Ibu wis wola wali anggone crita prekara acara iku”.*

*“ Iya tak arep arep banget tekamu. Aku ya njaluk tulung ya dhik, atiku senak senik ora kepenak. Kamangka Rosa karo ibu mesthi sibuk banget mandhu acara iki mengko”.*

*“ Lha apa ana sing isih kurang persiapane? Aku isa mbantu apa mas?”*

*“ Kabeh wis siap Reni, mung tulung ngancani nek mbokmenawa ana apa apa ing tengahe acara. Rosa kan mesthi ribet banget ora isa keganggu mengko”.*

*“ Iya mas aku siap, tak teka ndhisiki sak durunge acara wiwit. Aku tak takon karo mbak Rosa nek mbokmenawa ana sing isa tak bantu”.*

*“ Muga muga kabeh lancar ora kurang apa apa. EO ne bu Arini karo punggawane wis pengalaman akeh babagan acara kaya ngene. Mung atiku kok isih sumelang wae”.*

*“ Wis ora sah kakehan digalih mas. Nek ana masalah ya mengko diatasi. Aja dadi pikiran”.*

++++

Jam wolu esuk kabeh anggota panitia wis padha teka nyiapke ubarampe sing bakal kanggo acara bukaan. Bu Arini pancen wis pengalaman nganakke acara kaya ngono, samubarang di siapke kanti premana, wiwit saka panggonan, panggung, pengeras suara, gamelan lan waranggana, listrik, pasugatan, acara, tata lenggah tamu, pranata cara, perias, keamanan lan sak panunggalane. Ngagem kebaya ora ngalangi anggone temandang, trengginas cekat ceket tanpa wigah wigih. Kabeh wis dipriksa esuk iku. Ora ana sing kurang. Lenggah para tamu penting wis di tata, aja nganti ana tamu sing kleleran, apa maneh tamu VIP. Para waraga among tamu kabeh wis dikethik sapa wae tamu penting sing kudu lenggah nang kursi VIP.

Pramana uga wis siap ngecek sing pungkasan lan koordinasi karo bu Arini, nek mbokmenawa isih ana sing kurang. Welinge marang bu Arini, supaya Rosa karo ibu Ambarwati kareben mligi konsentrasi nang lakuning acara wae, aja nganti

keganggu prekara logistik maneh. Nek ana prekara logistik lan ubarampe sing kudu diatasi, kabeh dipasrahke bu Arini. Nek ana prekara sing sak njabane acara, Pram njaluk supaya dheweke diwenehi weruh. Reni sing wis teka luwih gasik, banjur ditepungke karo bu Arini.

*“ Bu Arini, menika kanca kula mbak Reni. Kula suwun saged ndherek ngawat awati lampahing tata acara. Menawi wonten menapa menapa ingkang mboten wonten susunan acara, kula suwun kita saged koordinasi kangge mrantasi njih”.*

*“ Kasinggihan dhimas Pramana. Mangga jeng Reni saged mirsani kanthi premana lampahing tata cara. Menawi wonten ingkang radi rendhet, kula pun elikaken”.*

*“ Injih matur nuwun bu Arini, kula namung sak dermi ngawat awati lampahing acara supados lancar sedaya. Mbokmenawi kula mangke gabung kaliyan para sedherek ingkang nampi tamu kemawon”.*

Reni njlentrehake marang bu Arini, apa sing dheweke isa mbiyantu, mung ngawat awati wae lakuning tata cara. Reni banjur diwenehi dhaftar susunan acara dening bu Arini.

*“Kok mbak Rosa durung katon mas? Ning wis beres kabeh ya persiapane?”*

*“ Rumangsaku kabeh wis temata, iki mau lagi tak cek karo EO bu Arini. Sliramu ngawat awati ben lakuning upacara lancar pas karo sing nang acara. Mbak Rosa sajake lagi dipaesi nang njero. Sedhela engkas rak rampung”.*

*“ Iya mas aku tak monitor lakuning acara. Nek ana apa apa aku lapor njenengan apa bu Arini. Mbak Rosa karo bu Ambarwati ben mligi konsentrasi nang lakuning acara”.*

Sedhela maneh Rosa wis rampung anggone dandan, banjur lungguh nang ruang tengah. Pram karo Reni mara nang ruang tengah. Reni gita-gita anggone aweh salam.

*“Mbak Rosa, selamat ya, akhire butik wis sida diresmekke dina iki. Aku melu seneng ndeleng rencana acarane”.*

*“ Dhik Rosa, Reni tak jaluk melu ngawat-awati lakuning tata cara. Dadi sliramu karo ibu isa konsentrasi nang lakuning acara. Reni isa mlayu mlebu-metu dadi penghubung karo ngawat-awati lakuning acara”.*

*“ Matur nuwun dhik Reni, tulung melu ngawat awati nek mbokmenawa ana apa apa ya. Mas Pram tansah sumelang nek ana masalah sing ngrendheti acara”.*

*“ Mbak Rosa, njenengan anggun lan ayu banget ngagem kebaya. Mengko kudu ditepungke dening pranata cara karo para tamu ya ? Tak kethike pranata cara, kan karo kanggo promosi”.*

*“ Matur nuwun dhik, aku karo bu Ambarwati ya melu peragaan busana mengko. Muga-muga ora ana sing geseh. Nek ana apa apa diatasi karo mas Pram lan bu Arini ya”.*

*“ Njih mbak Rosa, muga-muga lancar kabeh”.*

Rosa mung nggagas muga-muga acara mlaku kanthi lancar. Ora mikir liya-liya, kabeh wis dipasrahke karo EO, Bu Arini. Nek ana apa apa mesthi Pramana isa mrantasi gawe. Pramana dikancani Reni nggo ngawasi lakuning upacara. Dheweke ya ora ana pikiran apa apa, mung rada kaget. Kok Pramana katon cedhak karo Reni ya? Aaaah ora susah sujana, pasrah wae, muga-muga ora ana sing perlu dikuwatirake antarane

Pramana Karo Reni. Wis padha diwasa mesthi ngerti tanggung  
jawabe dhewe-dhewe.



Ndungkap jam sepuluh, para tamu wis padha rawuh. Kursi wis meh kebak, udakara ana wong satus seket luwih. Pak Rianto Djojokusumo karo bu Ambarwati rawuh gasik, mangayubagyo lan nyalami para tamu, kanthi renaning penggalih. Kelakon kagungan butik senajan patungan karo Rosa. Semono uga pak Setiawan karo bu Setiawan sekaliyan wis lenggah nang panggonan pasamuwan. Iwan adhike Rosa ngancani bapak ibune. Tita diemong mbak Suni, lungguh bareng karo si oome, Iwan. Mung kari sakwetara tamu undhangan VIP sing durung katon, kaya bapak lan ibu Walikota sekaliyan. Akeh tamu sing ngrawuhi, para punggawa kantor Balai Kota, komunitas perancang batik kancane bu Ambarwati, wakil paguyuban penggemar batik Ngayogyakarta lan Surakarta, wakil paguyuban trah Kasultanan lan Kasunanan, trah Mangkunegaran lan trah Pakualaman, ibu ibu Dharma Wanita, ibu Ir. Larasati Suliantoro, pelukis bathik Amri Yahya lan sak panunggalane. Gamelan wirama pambagyo sugeng rawuh, ditabuh lirih ngiringi rawuhe para tamu minulya, kanthi swara rengeng rengeng waranggana winasis sing gawe tentrem lan senenge ati sok sapa sing ngrungokke.

Rikala bapak lan ibu Walikota wis rawuh, pranata cara enggal enggal miwiti acara. Ngaturke panuwun marang para tetamu awit dhanganing penggalih nglegakake ngrawuhi pasamuwan bukaan butik Ambarwati & Wulandari. Uga ngenalake ibu Ambarwati Djojokusumo lan Rosalina Wulandari, wanita loro sing kagungan butik lan sing kagungan kersa dina iku. Bu Ambarwati lan Rosa banjur maju bebarengan munggah ana panggung sing kalambaran babut warna abang mbranang. Ngagem kebanyak kembar warna lembut ijo pupus, lan jarik corak Sida Asih kanthi warna putih campur ireng. Katon

anggun, merak ati kaya widodari kembar medhun saka kayangan gawe lan cingake para tetamu. Swara keplok saka para tamu gawe swasana tambah gayeng mratandhani panyengkuyung marang kibrahe wanodya ayu loro beda generasi iku, sing prasasat kaya ibu lan putrine.

Bu Ambarwati sing pidhato atur pambagyo lan panuwun. Ora lali nyuwun pangestu supaya ing tembe ngarep butik isa ngrembaka lan murakabi kanggo nglestarekake bathik ing madyaning generasi nom ing jaman modern iki. Kanthi mongkog, bu Ambarwati uga nepungke mitra bisnise, pengusaha bathik saka Pekalongan, Rosalina Wulandari, sing ayune gawe cingake para tamu. Durung padha ngerti menawa antarane bu Ambarwati lan Rosalina Wulandari jane ana sesambungan istimewa amarga Wulandari dadi pacangane Pramana, putra tunggale bu Ambarwati. Pak Rianto dalah putrane Pramana, rumangsa bangga nalika meruhi dhukungan saka para tamu marang kibrahe bu Ambarwati lan Rosalina Wulandari.

Pranata cara kanthi trapsila uga ngaturi para tokoh bathik Ngayogyakarta lan Surakarta, gentenan munggah panggung maringi sesorah ringkes prekara bathik. Tokoh bathik kaya ibu Ir Larasati, lan pelukis bathik Amri Yahya, padha paring pangandikan pambagyo slamet muga muga butik Ambarwati & Wulandari isa moncer ing tembe ngarep, nambah regeng pelestarian warisan budhaya leluhur Nusantara. Acara mlaku kanthi lancar, sok diselingi gamelan lan kidung lirih dening waranggana gawe swasana saya ngresep nang ati. Pungkasan acara sambutan, ibu walikota maringi pangandikan lan nabuh gong kaping telu mratandhani peresmian butik. Maringi slamet dene ana ibu ibu, kaya bu Ambarwati lan Rosalina

Wulandari, gelem cancut taliwondo, miwiti usaha butik sing gawe bathik tambah bawera.

Pranata cara banjur ngaturi yen acara sak banjure peragaan busana bathik saka komunitas bathik Ngayogyakarta, Surakarta lan Pekalongan. Swasana tambah regeng, ganti ganti para peragawan lan peragawati mragagake rancangan bathik saka perancang perancang kondhang. Bu Ambarwati lan Rosa uga melu peragaan bathik, kreasine bu Ambarwati dhewe, gawe cingak lan gumune para tetamu. Rancangan lan kreasi kreasi endah sing bisa ngangkat popularitas bathik.

Tanpa dinyana, ing tengah tengahing peragaan busana, anggota panitya sing kajibah nampa tamu, lapor marang bu Arini, yen ana tamu priya loro saka Pekalongan, pengen ketemu karo bu Rosalina Wulandari. Bu Arini kaget, amarga priya loro iku ora ana ing dhaftar tamu. Gageyan bu Arini marani tamu loro kuwi, ana perlu apa, amarga sing kagungan dalem lagi ana acara. Priya loro kuwi omong blak blakan, jenenge Dhedhi Sumaryono karo penasehat hukume, kudu ketemu Rosa wektu iku uga. Bu Arini menehi wangsulan tegas menawa Rosalina Wulandari ora isa diganggu, lagi ana tengah tengahing acara. Bu Arini banjur nemoni Pramana karo Reni, ngandakake menawa ana tamu jenenge Dhedhi Sumaryono, njaluk kudu ketemu karo Rosalina Wulandari wektu iku uga. Pramana banjur mrenahake bu Arini karo Reni.

*“ Bu Arini karo Reni, tulung diatasi njih. Rosa ora isa diganggu, lagi ana tengahing acara. Tamu loro iku ora ana janji babar blas sak durunge. Nek mbokmenawa pengen weruh Tita, ben wae di wenahi kesempatan nang ruang tamu paviliun kae. Tulung Reni ngancani mbak Suni karo Tita nang paviliun. Aja pisan pisan Tita diajak metu*

*saka ngomah iki. Bu Arini tulung ndhawuhi salah sijining Satpam, supaya ngamanke paviliun”.*

*“ Iya mas Pram wong wongku saka panitya tak kethike supaya siap lan ngati ati. Ayo mbak Reni aku dikancani”.*

Acara peragaan busana mlaku terus gonta ganti para peragawan lan peragawati mamerake rancangan busana kang edi peni. Para tamu kaya kena sihir anggone mirsani peragaan dening para pawongan peragawan gagah lan peragawati sing luwes, ayu lan merak ati. Sedhela sedhela swara keplok rame semringah pratandha seneng. Ora ana sing nggraita babar pisan menawa lagi ana tamu sing isa gawe gesehing acara. Reni karo bu Arini marani tamu loro mau, Dhedhi karo pengacarane. Omonge cekak aos, nanging tegas.

*“Nuwun sewu bu Rosa isa isa diganggu, lagi ana tengahing acara. Panjenengan uga ora gawe janji menawa arep nemoni dheweke. Menawa arep nemoni Tita, putrine Rosa, isa tak aturi wektu lan panggonan ana paviliun”.* Dhedhi banjur aweh wangsulan.

*“ Aku pengen ketemu loro lorone, Tita lan ibune. Wektuku ora akeh amarga kudu terus budhal nang Jakarta”.*

Reni banjur nrambul anggone rembugan kanthi alus. *“Nuwun sewu bapak, Bu Arini wis ngendika nek mbak Rosa ora isa diganggu. Nek arep ketemu Tita, tak atur nang paviliun wae. Mangga nang paviliun wae. Panjenengan sing pengacara mesthi paham masalah hukum, aja meksa lan aja gawe gendra”.*

Dhedhi Sumaryono, penasehat hukume, karo Reni tumuju marang ruang tamu ana paviliun iring wetan. Ana ruang tamu kosong sing isa di nggo nemoni. Mbak Suni karo Tita dikanthi

Satpam ngetutke nuju ruang paviliun. Reni enggal enggal miwiti rembug.

*“ Bapak bapak, iki Tita putrine mbak Rosa, mangga arep ngendika apa marang dheweke. Mbak Suni, Tita dikanthi aja nganti pisah karo kono ya”*

*“ Matur nuwun mbak, nanging Tita ora kenal aku. Kudune ibune sing ngenalke karo aku”.*

*“ Bapak, kita wis menahi wektu kanggo panjenengan nemoni Tita, mbokmenawa ya urusan panjenengan piye carane ngenalke nang Tita, dudu tanggung jawabe mbak Rosa”.*

Patemon nang ruang tamu paviliun babar pisan ora lancar, kikuk sak kabehane. Dhedhi nyoba nyapa Tita, nanging bocah umur patang taun iku ora isa lulut karo dheweke. Ora nggumunake, durung tau ketemu bapake wiwit bayi dadi ora kenal babarpisan. Sesambungan batin ora isa dipulihke dadakan, butuh proses lan wektu. Ora suwe Dhedhi karo penasehat hukume banjur pamitan.

*“ Terima kasih ya mbak aku isa ketemu Tita. Nanging aku tetep penging ketemu ibune Tita, Rosalina Wulandari, mengko kapan kapan, sampekna marang dheweke”.*

*“ Iya bapak mangga, kabeh gumantung marang mbak Rosa, ora isa dipeksa. Ora ana kuwajiban hukum kanggone mbak Rosa. Hak panjenengan meruhi lan niliki Tita wis dikabulke. Andum slamet bapak bapak”.*

Reni wis biasa menahi informasi marang pasien, dadi ora kikuk ngomong karo Dhedhi. Dhedhi karo pengacarane banjur ninggalake pekarangan metu regol ngarep. Reni karo Tita lan

mbak Suni bali nang panggonan pasamuwan. Peragaan busana isih regeng durung entek. Tita seneng banget meruhe ibune nang panggung karo para peragawati liyane. Ana papat peragawan lan rolas peragawati sing maju nganggo kreasi pakaian bathik manekawarna. Bubar peragaan busana banjur diteruske dhahar awan andrawina sinambi ramah tamah. Bu Ambarwati lan Rosa akeh nampa ucapan selamat saka para tamu. Acara lancar nganti rampung, ora ana gangguan babarpisan. Ing sela selaning acara makan siang, Pram mbisiki Rosa menawa ana prekara sithik ning wis isa diatasi.

*“ Dhedhi karo pengacarane mau teka arep nemoni sliramu Jeng”.*

Rosa kaget krungu warta mangkono.

*“Banjur piye mas, aku tengah tengahe peragaan mau, ora isa diganggu”.*

*“ Iya mula bu Arini, aku karo Reni, gawe putusan dhewe. Mengko tak critani nek wis rampungan”.*

*“ Iya mas aku pengin ngerti kahanan sing sak benere, saka njenengan karo Reni”.*

Bubar acara makan siang, tamu tamu padha kondur. Bu Ambarwati karo Pak Rianto nguntapke lan nyalami para tamu ana ing regol ngarep. Pak Setiawan karo bu Rina istirahat nang njero dalem. Para anggota panitya wis sowang sowang mulih. Bu Ambarwati lan Rosa ora lali ngaturke panuwun marang bu Arini lan caos kenang kenangan bathik kanggo kabeh anggota panitya. Para petugas sing kajibah lagi padha mberesi ubarampe nganti resik. Kabeh wis rampung kanthi lancar. Rosa banjur ngawe Pram karo Reni supaya tumuju nang

paviliun. Rosa pengin ngerti piye mau larah laraha Dhedhi pas teka dadakan tanpa warta iku. Pram njlentrehake kanthi sareh.

*“ Aku rembugan karo bu Arini, nek sliramu ora isa diganggu, lagi ana tengah tengahing acara, ora isa ninggal. Nek Dhedhi arep niliki Tita, ben wae disedhiakke ruangan nggo patemon nang kene. Reni, mbak Suni karo Tita tak kon nang paviliun kene, dikawal Satpam. Patemon nang paviliun, Reni sing isa nyipati dhewe, embuh kaya ngapa kahanane”.*

*“ Iya mbak Rosa, aku kan ora ngerti larah laraha. Nalika nang ruang kene patemon blas ora lancar, kikuk. Tita ora kenal pak Dhedhi. Pak Dhedhi njaluk supaya mbak Rosa sing ngenalke dheweke marang Tita. Aku ya mung njawab, mbak Rosa ora isa diganggu. Pak Dhedhi panjenengan dhewe sing kudu ngenalke sliramu marang Tita, tanggung jawabmu dhewe dudu tanggung jawabe liyan. Dheweke katon gela banget. Aku ya blak blakan karo pengacarane, supaya dipikir saka segi hukum, kuwajiban lan hake apa, aja meksa, wong wis diwenahi wektu lan kesempatan ketemu Tita, ya wis. Pas pamitan mulih, pak Dhedhi isih kewetu, dheweke tetep penging ketemu mbak Rosa”.*

*“ Iya matur nuwun banget dhik Reni karo mas Pram, iki masalahku saka masa lalu. Ketrima banget dene isa diatasi”.*

*“ Aku matur blaka mbak Rosa, panjenengan kudu ati ati. Kesanku pak Dhedhi ora pengin niliki Tita, ning jane pengin ketemu mbak Rosa. Tita mung kanggo batu loncatan. Mbak Rosa tak suwun tetep teguh lan tegas”.*

Rosa ngungun krungu critane Reni. Rumangsane Dhedhi mung penging katemu darahe dhewe Tita, ora arep ketemu dheweke. Ora ana kuwajiban hukum dene kudu nemoni

mantan sisihan sing wis resmi pisahan. Ana rasa kuwatir nang njero atine nek kanyatan mau gawe gorehe Pramana. Reni ngelingake dheweke kanthi gamblang. Tanpa dipikir dawa, dheweke banjur ngrangkul Reni.

*“ Matur nuwun ya dhik Reni, awakmu wis ngelingake aku. Masalah sing wis kepungkur karo Dhedhi kok kaya kaya tansah teka wae”.*

Tanpa wigah wigih Rosa banjur ngrangkul Pramana karo sambat.


*“ Matur nuwun mas Pram, panjenengan sabar isih ngancani aku. Muga muga masalah enggal liwat saka uripku, aku wis emoh ketemu Dhedhi”*

*“ Iya dhik sing tabah lan kuat. Kok lalekke beban masa lalu sing wis liwat. Sing penting tembe ngarep dilakoni kanthi ati ati”.*

Pram enggal enggal pamitan amarga kudu siap siap budhal nang stasiun Tugu. Sore iku kudu budhal nang Jakarta. Rosa rumangsa gela amarga durung tuntas anggone pengin sambat karo priya kekasihhe. Pengin omong akeh karo Pram, ngetokke uneg uneging ati. Embuh kapan isa ana wektu, amarga sore iku Pram budhal menyang Jakarta.



## Ujian Pegawai



**L**ore iku Pram nembe wae bubar adus. Lagi wae mulih saka Dalem Ngadisuryan, sakwise mberesi kabeh acara bukaan butik AW, butik Ambarwati & Wulandari awan mau. Kudu cepet cepet budhal menyang stasiun Tugu, numpak sepur nang Jakarta, sesuk esuk test tertulis nang Dhepartemen Luar Negeri. Durung sempat matur bapak ibune menawa arep budhal nang Jakarta. Ibune ndilalah lagi ana tamu nang pendhapa, ibu Leni Setyawati, ibune Reni. Sakwise salin dheweke alon alon matur ibune menawa arep budhal Jakarta. Bu Ambarwati rada kaget kok dadakan temen.

*“Kok dadakan temen ta ngger, apa ora isa ditundha sesuk sesuk ?”*

*“Mboten ibu, arep ujian tulis nang Deparlu. Surat panggilane lagi teka wingi. Durung sempat matur bapak ibu”.*

*“Oo nek ngono ben diterke pak Parman nang stasiun ya. Wis matur bapakmu ?”.*

*“Injih bu rada kesusu iki. Durung matur bapak, lagi sare iki, nyuwun tulung dipamitake. Nyuwun pamit ugi bu Leni, matur nuwun kala wau rawuhipun”.*

*“ Iya nak Pram. Reni melu bangga mau weruh ibumu karo Rosa anggone manddhegani bukaan butik. Muga muga regeng mengkone’.*

Dadakan Rosa njedhul nang pendhapa, katon kesusu medhun saka mobil, diterke sopir. Gita gita anggone nyalami bu Ambarwati karo bu Leni. Bu Ambarwati ngenalke bu Leni marang Rosa.

*“ Mbak Rosa, ana apa kok katon kesusu?. Iki bu Leni Setyawati, keng ibune mbak Reni sing mbantu nang acara mau”. Rosa enggal enggal ngaturi salam, bu Leni gageyan nyapa Rosa.*

*“ Wah selamat ya mbak Rosa, aku melu bangga anggonmu miwiti usaha karo bu Ambarwati”*

*“ Njih bu matur nuwun sanget, ngaturaken gunging panuwun. Kula Rosa ibu, kala wau siang wonten acara mboten sempat matur kathah. Matur nuwun sanget rawuhipun”.*

Rosa terus matur bu Ambarwati.

*“ Ibu, kula madosi mas Pram, badhe kula dherekaken dhateng stasiun”.*

*“ Oo iya mbak Rosa, tak kira dheweke arep budhal dhewe diterke sopir.”*

*“ Injih bu, suwau rencana makaten, ananging kula betah rembagan kaliyan mas Pram, wonten prekawis wigatos. Mila kula cepet cepetan mlajar mriki”.*

*“ Iya muga muga isa kok rampungke karo Pram ya. Aja pisan pisan ragu nek aku kudu melu mbantu mrantasi. Awakmu wis kaya anakku dhewe”.*

Pram katon kledhang kledhang metu saka kamar kanthi nggawa ransel nang gegere. Rada kaget meruhi Rosa wis nang kono. Mau ora ana rencana apa apa, jane Pramana arep diterke sopir menyang stasiun. Meruhi praupane Rosa sing kaya lagi bingung, Pram wis tanggap sasmita mesthi ana prekara wigati sing arep disambatke.

*“Tak kira sliramu lagi istirahat sore iki, mula aku ora wani ngganggu dhik”.*

*“ Ora mas sisan tak terke wae nang stasiun, karo aku arep matur sithik”.*

*“ Iya jeng, alon alon nek ana masalah diatasi bareng. Aku mung lunga paling rong dina nang Jakarta. Aja sumelang”.* Pramana banjur nyuwun pamit bu Ambarwati lan bu Leni.

*“ Ibu aku gageyan nyuwun pamit njih. Bapak isih sare, nyuwun tulung dipamitke, karo nyuwun pangestune bapak ibu ben ujiane lancar. Nyuwun pamit badhe enggal dhateng stasiun bu Leni, mangga pun sekecakaken kaliyan ibu”.*

Rosa karo Pramana enggal budhal menyang stasiun Tugu, diterke sopire Rosa, pak Jono. Alon alon metu dalan dalan sing wis mulai sepi, kanthi angin semribit wayah sore. Upama ora kesusu, ora ana prekara sing gawe abot nang pikiran, mesthi ngresepake ati mlaku mlaku sakloron sore iku. Nanging Rosa lagi ana bebendhu ing pikirane. Ora kaya biasane kanggone Rosa, dheweke tansah isa mrantasi nek ana prekara dadakan. Ning pisan iki kaya ilang piyandele rikala Pramana, priya sing digadhang gadhang ndhampingi kok budhal nang Jakarta.

*“ Mas Pram aku blak-blakan ya. Bareng kedadeyan mau awan pas acara bukaan AW, kok dadakan Dhedhi teka tanpa janji, aku dadi sumelang banget gek-gek mengko dheweke teka maneh pas njenengan nang Jakarta. Aku nyuwun nasehatmu, manut kudu piye mas. Ora isa mikir blas”.*

*“ Aja sumelang banget banget Jeng, paling aku nang Jakarta kan mung rong dina”.*

*“ Iya sih mas, mikirku ya ngono, ning ati ki krasa was was terus. Iwan sore iki uga balik nang Pekalongan. Papi mami isih keru nang kene. Nek nganti ngerti Dhedhi teka maneh kan isa ndrawasi kanggone papi”.*

*“ Ngerti aku jeng. Aja bingung lan panik. Ngene wae usulku. Sepisan, nek isa ditolak wae upama ditemoni dadakan. Nek ora isa, ya disanggupi ning kudu ngenteni janji wektu dhisik. Karo ngenteni wektu, sliramu isa mikir kanthi sareh. Kaping pindhho, nek dheweke arep ketemu Tita, wis ben wae diwenahi wektu, ning aja oleh diajak metu. Disiapke mbak Suni, Reni kae dikon ngancani, karo pak Jono melu ngancani patemon karo Tita”.*

*“ Lha jare mbak Reni, jan jane Dhedhi mung alasan arep weruh Tita. Dheweke pengine ketemu karo aku mas”.*

*“ Iki malah gampang kan Jeng, dheweke duwe hak nemoni Tita. Ning ora ana kuwajiban saka sliramu kudu nemoni dheweke. Nek sliramu kukuh, ora ana prekara sing perlu dirembug karo dheweke, ya ora susah ditemoni. Kabeh gumantung sliramu”.*

*“ Oo ngono ya mas. Muga muga aja ngambra ambra nang endi endi”.*

*“ Pilihan pungkasan, nek ana apa apa kedadeyan sing ora isa diatasi, apa maneh wis nerak aturan hukum, matura ibuku. Ibu aktivis*

*organisasi wanita lan mantan wartawan mesthi wis biasa ngadhapi prekara kaya ngene kanggo wong liya”.*

*“ Ooh ngono ya, apa apike aku matur ibu sisan?”*

*“ Ora perlu matur ibu dhisik ndak malah dadi penggalihan. Sing penting omong karo Reni wae. Pas awan mau kan dheweke isa mbantu mrantasi tanpa rame rame”.*

Rosa wis rada plong atine bareng di wenehi weruh dening Pram. Tekan stasiun, Rosa melu medhun pengin ngeterke Pram mlebu peron. Nanging dielingke karo Pramana, nek ora susah ngeterke mlebu. Luwih becik cepet cepet mulih wae, sokur nek isa mampir panggonane Reni. Ben dheweke ora kaget menawa mengko Rosa butuh bantuane Reni. Rosa mung manut apa sing dikandhakke Pram. Paribasan abang birune solah tingkahe Rosa anane mung manut karo Pramana, priya sing digadhang gadhang bakal ngancani uripe in tembe ngarep. Ora lali Rosa ngrangkul mesra lan ngaras Pram, karo mbisiki “.... *sing ati ati ya mas nang Jakarta, aku tresna ....*”.

+++++

Sak dawaning laku numpak sepur, Pramana akeh anggone ngalamun, nglambrang pikire nang endi endi. Rasane mung ayam, tentrem, seneng, ana Rosalina Wulandari sing tansah ngantu antu tekane dheweke. Mongkog lan seneng atine ana wanita ayu sing pasrah tresna njaba njero, pengin bebarengan urip sak lawase. Prasasat kaya wong ngimpi. Atine krasa sir siran, kaya mabur nang awang awang nek kelingan Rosalina Wulandari. Menawa cedhak karo Rosa rasane kaya kaya iramaning jantung lan napase wong loro wis nyawiji, kasaput rasa tentrem lan seneng. Semangat uripe makantar kantar

tumuju tembe ngarep sing edi peni gumebyar kaya lintang ing ngakasa. Pramana turu kinanthi impen endah urip bareng karo Rosa. Panyuwune ora kendhat, muga muga ora ana bebendu apa apa sing ngregoni Rosa, saksuwene dheweke nang Jakarta. Mung rong dina apese ya telung dina, enggal bisa cedhak maneh.

Tekan stasiun Senen wis parak esuk. Ora perlu kesusu, isih ana wektu kanggo adus lan ganti pakeyan dhisik. Bubar ganti pakeyan banjur ngombe kopi karo sarapan dhisik, sega goreng karo endhog ceplok. Sakuwise sarapan sorote srengenge wis wiwit padhang, Pramana banjur golek taksi menyang Pejambon. Dalan dalan isih sepi. Ora butuh wektu suwe, jam pitu wis tekan kantor Departemen Luar Negeri ing Pejambon. Banjur lapor marang jagabaya, ngandhakke menawa dheweke arep ujian penerimaan pegawai. Satpam menahi weruh menawa jadwal ujian tulis bakal kawiwitan mengko jam setengah sanga. Bareng maca kartu identitas Pram, Prama Enggar Kusuma RM, jagabaya mau kelingan yen Pram wis tau teka sakwetara wektu kepungkur.

*“ Wah njenengan mas Pramana, saka Yogja ya. Meh wae lali aku. Ujiane mengko lagi jam setengah sanga mas. Isa nunggu nang ruang tunggu. Ujiane nang aula mengko, mangga mengko dicek maneh”.*

*“ Oo matur nuwun, upama karo nunggu ujian nek aku nemoni pak Hartadi nang lantai loro apa isa mas?*

*“ Tak takon sekretarise dhisik ya. Mangga ditunggu”.*

Jagabaya sing grapyak iku enggal nilpon sekretarise pak Hartadi, diwangsuli jare pak Hartadi ana briefing esuk jam wolu. Ning isa ditemoni sedhela wae jam setengah wolu. Pram

enggal enggal tumuju menyang lantai loro nang ruangane pak Hartadi. Bu Mila, sekretarise kanthi grapyak nyalami Pramana, banjur lapor mlebu nang ruangane pak Hartadi.

*“Mangga mas Pram, sedhela wae amarga mengko jam wolu arep ana briefing esuk”.*

*“Matur nuwun ibu, aku mung arep ngaturke salam wae nang pak Hartadi. Ora ana agenda khusus”.*

Pak Hartadi nang kantor mesthi dhines jam pitu esuk wis tekan. Agemane tansah necis, nek ora setelan safari, setelan jas karo dhasi ya ageman bathik. Esuk iku dina Senen, ngagem busana bathik, katon gagah lan sehat. Pramana gageyan anggone ngaturke salam.

*“Nuwun sewu menawi nganggu, bapak. Namung badhe ngaturaken salam kemawon. Bapak tuwin ibu sehat sehat kemawon ingkang kula suwun”.*

*“Iya mas Pram, terima kasih. Awakmu saka Yogya apa saka Bandhung iki?. Bapak ibumu apik apik wae ta?”.*

*“Pangestunipun bapak, rama ibu sae sae kemawon. Kula langsung saking Yogja, enjang menika nembe dhateng mawi Kereta Senja”.*

*“Oo iya mas. Awakmu ujian tulis dina iki ya?. Mengko nek wis beres anggonmu ujian, tulung mampira mrene dhisik. Aja langsung mulih. Ya wis ngono wae, muga muga kabeh lancar. Ati ati le nggarap ujian ya, kok setitekke kabeh pitakonane. Awakmu mesthi wis paham dhewe endi sing paling pas jawabane, ora angel”.*

*“Injih Bapak. Matur nuwun sanget. Mangke kula sowan mriki malih bibar test’.*

Pram enggal enggal metu saka ruangane pak Hartadi. Takon sekretaris panggonan kanggo ujian tulis. Diwenehi weruh menawa ujian tulis dianakke nang ruang aula. Pram banjur tumuju menyang aula. Para pelamar wis padha ngumpul lan antre pendhaftaran ulang. Pramana nuduhake layang panggilan marang petugas pendhaftaran, langsung diwenehi tandha identitas peserta test lan nomer kursine. Sak durunge mlebu ruangan, dheweke mampir nang paturasan. Ngresiki rai dhisik, karo nata nentremke ati. Hawa Jakarta wayah esuk wis krasa sumuk, nang awak ora kepenak. Banjur mlebu ruangan aula sing hawane adhem amarga AC, ruangane resik lan katata kanthi rapi. Wis padha teka peserta test, udakara ana rong atusan pelamar.

Rata-rata peserta ujian padha nganggo klambi putih lan celana ireng, sak perangan ana sing nganggo dhasi. Jam setengah sanga ujian tulis kawiwitan, ana punggawa sing menehi penjelasan kanthi gamblang prekara tatacara ujian tulis. Pitakonan nang ujian manekawarna sumrambah prekara pengamalan Panca Sila, undhang undhang dasar 1945, kewarganegaraan, sejarah perjuangan, politik bebas aktif, GBHN - Garis Besar Haluan Negara, Repelita - Rencana Pembangunan Lima Tahun lan sak panunggalane. Pramana prasasat wis paham nglothok tekan ati prekara kabeh kuwi mau. Anggone nulis tansah ngati ati, kabeh jawaban ditata rapi lan ringkes, ora ngambra ambra nang endi endi. Sakwise mbaleni maca jawabane, kabeh wis kaya sing dikarepke, dheweke banjur takon marang punggawa pengawas apa isa nyerahke jawabane. Pengawas mung nakoni apa jawabane kabeh wis diwaca sepisan maneh, banjur nampa kertas jawaban saka Pramana. Pramana rumangsa manteb isa njawab kabeh pitakonan kanthi ringkes lan gamblang. Dheweke leren

sedhela nang ruang tunggu, nyoba nglremke ati. Alon alon mara nang ruangane pak Hartadi, nemoni sekretaris e, ibu Mila. Pak Hartadi isih rapat nanging ninggal weling kanggo Pram.

*“ Mas Pram, panjenengan jam siji didhawuhi nang lantai 7, iki nomer ruangane. Ana punggawa sing bakal nakoni gegayutan karo surat lamaranmu”.*

*“ Injih bu Mila matur nuwun sanget, muga muga lancar sak kabehane”.*

*“ Bubar saka kana aja langsung mulih, didhawuhi mampir kene dhisik. Bapak pengin ketemu sliramu”.*

Pramana enggal pamitan medhun, pikirane kebak pitakonan ngapa kok kudu nemoni punggawa ing lantai pitu. Gegayutan karo lamarane, jare bu Mila. Mula dheweke kudu sangsaya ngati ati, aja grusa grusu. Dheweke banjur mara menyang kantin, ngisi weteng karo leren. Nyedhaki jam siji awan, dheweke nggoleki kamar mandhi. Pengin resik resik rai ben krasa seger. Salin klambi sing isih resik durung kena kringet. Klambi putih resik. Ora lali masang dhasi ngelingi nek bakal nemoni punggawa resmi. Tumuli nuju nang lantai pitu nang ruangan sing diweling dening bu Mila. Ana petugas priya sing nampa dheweke. Petugas mau banjur nggawa berkas nang map, lan mlebu nang ruang rapat. Pramana dimanggakke mlebu ana ruang rapat. Ana priyayi telu wis lenggah nang ruangan, loro priya lan siji putri. Salah sijine dheweke isih kelingan Kepala Biro Kepegawaian sing dheweke tau ngadhup, pas nglebokke lamaran dhisik.

*“ Sedulur Pramana Enggar Kusuma, iki magepokan karo layang lamaranmu, kita wis nyinaoni lamaran sing kok lebokke sakwetara wektu kepungkur. Kita mung pengin ngerti luwih teliti, larah laraha kok ketarik nglamar nyambut gawe nang Dhepartemen Luar Negeri ki ana apa. Mau wis melu ujian tulis njih, piye panemumu?”.*

*“ Injih matur nuwun sanget, ujian tulis sampun rampung kanthi sae. Kula sampun nyobi atur wangsulan kanthi tlesih lan ringkes Bapak”.*

*“ Oo sokur nek ngono, kita pengin wawan rembug sedhela. Bapak lan ibu iku saka dhirektorat jendral sak jroning Dhepartemen Luar Negeri iki, pengin paring pitakonan marang sliramu, tulung kok aturi jawaban sing manut penemumu paling pas”.*  
*“ Kasinggihan, matur nuwun sanget bapak”.*

Kanthi sareh Bapak lan Ibu punggawa iku gentenan nakoni Pramana. Samubarang sing gegayutan ditakokke wiwit saka riwayat pendhidhikan lan kegiatan nalika mahasiswa, ngapa kok pengin gabung marang Dhepartemen Luar Negeri, rencana tembe ngarepe kepriye, kemampuan bahasa asing, sejarah perjuwangan dhiplomasi wiwit sak durunge kemedhekaan, sakjroning kemedhekaan lan sakwise jaman kemedhekaan. Kabeh isa di wangsuli kanthi apik dening Pramana. Nalika ditakoni prekara politik bebas aktif, dheweke sangsaya mantep anggone atur wangsulan. Kamardikan hak kabeh bangsa. Indonesia kudu nyengkuyung perjuwangan bangsa bangsa nuju kamardikan, perdhamaian lan kesejahteraan warga. Udakara telung prapat jam, wawan rembug wis rampung. Pramana kudu nandha tangani dhaftar hadir. Dheweke ngaturi salam panuwun karo bapak ibu punggawa mau lan diwenehi weruh.

*“ Nunggu wae surat pemberitahuan resmi saka Biro Kepegawaian ya mas Pramana. Sing sabar muga muga kabeh lancar lan apik”.*

*“ Matur nuwun sanget bapak ibu, pun paring wekdal wawan rembag siang menika. Tansah siap menawi pun panggil kangge wawancara malih”.*

*“ Iya sedulur Pramana, mengko Biro Kepegawaian sing mutuske perlu wawancara maneh apa ora. Ditunggu wae sing sabar”.*

Bubar wawancara udakara jam loronan, Pramana enggal enggal tumuju nang kantore pak Hartadi ing lantai loro. Ngaturi pirsa menawa kabeh wis dilakoni kanthi lancar lan apik. Ora lali Pramana ngaturke gunging panuwun marang pak Hartadi, dene wis kersa maringi pituduh lan dhukungan akeh.

*“ Bapak Hartadi, dalem ngaturaken panuwun ingkang tanpa upami sedaya pangandikan lan pamrayogi panjenengan. Gusti ingkang badhe males sedaya kasaenan wau. Kula dalah Bapak Ibu namung saged atur panuwun”.*

*“ Aja kok pikir abot mas Pramana. Wis dadi sumpahku sak kanca nek arep tulung tinulung. Bedhono – Setia sampai akhir. Salam taklimku kagem pakdhe Naryo sekalian karo rama ibumu, dhimas Rianto karo dhiajeng Ambarwati. Plong isa nuhoni sumpahku”.*

Pak Hartadi ngendikane karo kaca kaca. Pram enggal enggal nyuwun pamit arep terus menyang stasiun, golek sepur sing sore iku budhal langsung nang Yogja. Atine wis rumangsa lega lan seneng dene wis bisa ngliwati salah sijining tahap penyaringan kanggo miwiti karier profesi ing tembe ngarep. Pandongane muga muga diparingi lancar ora ana rubeda nang

ndalan. Selak pengin tekan Yogja ketemu kekasihe Rosa lan rama ibune, krasa kangen banget.

+++++

Rosa rumangsa rada lega sakwise bisa rembugan karo Pramana, rikala ngeterke nang stasiun. Kaya sing diwelingke Pram, nalika mulih saka stasiun dheweke mampir ana omahe Reni Widowati. Senajan nang ati ana rasa tida, nanging dheweke manut apa sing dikandhakke Pram, njaluk tulung Reni gegayutan karo prekara antarane dheweke karo Dhedhi. Dheweke banjur crita marang Reni, wose ngandhakke welinge Pramana mau nek mbok menawa Dhedhi teka maneh, Rosa bakal njaluk tulung Reni kaya pas bukaan butik AW. Reni ora akeh pitakonan mung nyanggupi nek ana prekara sing dheweke isa mbiyantu.

Dina kapisan sakwise bukaan, isih akeh tamu padha nekani butik AW. Sak perangan gedhe ya para pegiat lan penggemar batik ing tlatah saindenging Ngayogyakarta dan Surakarta. Butik dibuka jam sepuluh esuk, ana giliran bukak esuk saka jam sepuluh nganti udakara jam telu sore, lan bukak wengi wiwit bubar maghrib jam enem nganti jam setengah sepuluh bengi. Senajan durung mateng anggone latihan wis ana paraga sing jaga butik, gentenan giliran esuk karo sore. Bu Ambarwati karo Rosa, sibuk anggone nemoni para tamu sing pengin ndeleng butik anyar lan sing kepengin blanja. Ndilalah lagi ana promosi suwene rong minggu. Papi lan mamine Rosa, pak Setiawan karo bu Setiawan mung kala kala ndeleng nang ngarep, luwih akeh nang ruang tengah apa nang mburi. Pak Setiawan lan bu Rina rumangsa bangga baget dene Rosa wis bukak butik nang Yogja.

Kaya sing wis disumelangke dening Rosa, pas jam makan siang, jagabaya ngarep lapor menawa ana tamu, priya loro sing arep ketemu dheweke. Tamu kuwi sajak wigati, jenenge Dhedhi Sumaryono, arep ketemu Rosa dina iku uga. Ana babagan penting sing kudu dirembug jare. Kaya sing diwelingke Pram, Rosa awew prentah marang jagabaya menawa dheweke ora isa ditemoni dadakan. Nek pancen penting diwenehi wektu mengko jam setengah lima sore. Dheweke ngethik jagabaya aja nganti tamu diajak mlebu, karo menahi layang supaya diterke nang nggone mbak Reni. Reni diarep arep mengko jam papat nang butik AW. Tamu loro mau ora kelangan akal. Gelem ngenteni nganti sore mengko, nanging pengin ndeleng ndeleng butik AW dhisik.

Saknalika Rosa pucet praupane nalika meruhi Dhedhi mlebu nang butik karo kancane. Ora isa dipenggak amarga saben wong isa wae teka nang butik angger ora gawe gendra. Gageyan dheweke pamitan karo bu Ambarwati.

*“ Ibu dalem nyuwun pamit dhateng wingking sekedhap. Radi mboten sekeca. Nyuwun tulung para paraga pun awat awati”.*

*“ Iya mbak Rosa, awakmu mbokmenawa kurang istirahat, wiwit wingi ngedhur blas ora leren. Nek wis kepenak wae mengko mreneya maneh”.*

*“ Injih ibu mboten dangu wonten nglebet”.*

Rosa banjur ngundang mbak Suni karo Tita, supaya nang njero dhisik, wayahe ndulang. Dhedhi kegelan nggoleki Rosa nang butik, tibake sing digoleki ora ana. Paraga menahi weruh menawa Rosa lagi pamit istirahat nang njero, ora isa diganggu. Banjur ndeleng ndeleng butik sak isine, ning ora tuku apa apa.

Nalika gathuk ketemu bu Ambarwati, bu Ambarwati ora nggraita babar pisan kuwi sapa, rumangsane ya penggemar bathik sing pengin ndeleng karo blanja. Dibagekke kanthi sopan.

*“ Mangga mas, menawi wonten ingkang cocok bathikipun”*

*“ Matur nuwun ibu, kula tepanganipun Rosa saking Pekalongan, jan janipun pengin kepenggih kaliyan piyambakipun”.*

Bu Ambarwati rada njegreg krungu wangsulane tamu iku. Nanging disamudana kaya kaya ora ana apa apa lan pancen ora ngerti sapa priya nom noman sing teka kuwi. Butik panggonan terbuka saben wong oleh mlebu.

*“Nuwun sewu Rosa nembe kemawon pamitan istirahat wonten nglebet, mboten saged pun selani. Mangga menawi badhe ngersakaken menapa, ngendika kaliyan waraga”.*

Dhedhi mung meneng karo mesem, pikirane kaya lagi ora nang kono. Priya loro mau enggal enggal metu saka butik. Sedhela maneh butik wis tutup, bu Ambarwati kondur nang dalem Nagan. Wayah giliran sore mbokmenawa ora rawuh, kejaba mengko nek pak Rianto, kakunge pengin niliki butike. Rosa isih madeg mangu nang kamare. Ngenteni mengko jam papat tekane Reni sing diantu antu bakal isa mbantu dheweke ngadhapi penjaluke Dhedhi. Rosa wis wegah rembugan neka neka karo Dhedhi. Rumangsane wis ora ana prekara baku sing kudu dirembug. Upama mengko Dhedhi teka, nek arep ketemu Tita ya wis ben wae. Ning upama arep rembugan karo dheweke, wis ora ana sing perlu dirembug. Atine wis mantep. Nunggu tekane Reni sing bakal dadi jurubicarane.



## Kalabendhu

**A**ngin sore semribit lembut. Hawan adhem gawe tentreming ati sok sapa wae sing nyipati, ninggalake wayah awan sing panas kebrangas.

Upama ora ana bebendhu ana ngarepe, atine Rosa mesthi wis seneng lan tentrem sore iku. Atine goreh amarga Dhedhi bakal teka. Embuh urusan apa. Rumangsane dheweke wis ora duwe gegayutan karo Dhedhi. Wis pupus cuthel ora ana sing perlu dirembug maneh. Rosa ngandelke pambiyantune Reni Widowati sore iku supaya nengahi apa sing dikarepake dening Dhedhi. Jam papat kurang sithik Reni wis teka. Wanita ayu iki tansah katon tenang lan tembungge metu kanthi teratur ora grusa grusu. Sak jroning ati, Rosa ngalem solah bawane Reni sing merak ati senajan durung kenal suwe.

*“Matur nuwun dhik Reni kersa rawuh. Nuwun sewu aku ngrepoti njenengan maneh wektu iki. Priya sing jenenge Dhedhi mau dadakan teka nang butik. Tak jaluk teka sore iki, ana butuh apa”.*

*“Njih mbak Rosa, apa njenengan arep nemoni sore iki?”*

*“Wis tak pikir dawa sepisan maneh. Ora ana babagan sing kudu dirembug maneh karo dheweke kanggoku. Kabeh wis cuthel. Mula*

*aku pasrah sliramu sing tak suwun dadi juru wicara kaya sing diprenahke mas Pramana".*

*" Iya mbak ora apa apa, aku isa makili njenengan aja kuwatir. Upama Dhedhi arep ketemu Tita, disiapake wae karo mbak Suni".*

Karo nggenteni tekane Dhedhi, Rosa ngajak Reni ngobrol nang berandha samping. Sinambi ngombe teh lan ngrungokke ocehing manuk ing pekarangan. Reni ngerti menawa Rosa lagi goreh atine, kaya wong keweden ngadhepi kahanan magepokan karo Dhedhi.

*" Mbak Rosa, aja digalih abot lah, diadhepi wae kanthi sabar. Mung alangan cilik sing kudu diadhepi, dudu bebendhu gedhe. Ning nek isa ya aja kedawa dawa ndak dadi sanggan pikiran".*

*" Iya dhik karepku ya ngono. Uripku sak suwene iki wis kebak kalabendhu. Untung isa bertahan. Iki lagi nyoba arep tangi maneh. Ketemu karo mas Pramana, semangat uripku kaya pulih maneh, nggedhekke anakku Tita".*

*" Aku ngerti abote sanggan mu mbak Rosa. Aku tau matur ta, nek wis madhep mantep karo mas Pram, aja kesuwen nunggu. Kudu ana inisiatif saka njenengan. Aku ngerti sipate mas Pram wiwit cilik. Dheweke priya sing teguh kaya watu karang. Ora bakal cidra lan culika marang wanita sing ditresnani. Ning mesthi akeh wanita sing golek kesempatan nggodha dheweke".*

Rosalina Wulandari rada gagap krungu tembungé Reni, rumangsane tansah tanggap asih marang Pramana. Kok aja mung nggenteni ki karepe piye ya ? Durung sempat nakokake, petugas jagabaya wis awèh laporan menawa ana tamu priya loro nang ngarep. Rosa awèh prentah supaya dimanggakke wae nang ruang paviliun. Mbak Suni karo ndulang sore Tita

ben melu nang paviliun. Ora lali sopire, pak Jono dijuluk melu ngawat awati. Reni gageyan ngadeg saka anggone lungguh lan nuju menyang ruang tamu paviliun. Dheweke wis siap apa apa sing perlu dikandhakke marang Dhedhi. Ora lali dheweke ngecek perekam suara diktafon nang njero tase, aja nganti kentekan baterai.

Dhedhi teka dikancani priya pengacarane. Nanging rumangsane Reni kok dudu sing ngancani teka wingi pas bukaan butik AW. Tamu priya loro dimanggakake ana ruang tamu paviliun. Mbak Suni karo Tita wis ana kono, uga sopire Rosa pak Jono. Jagabaya wis dikethik supaya aja adoh adoh saka paviliun.

*“Sugeng sonten bapak bapak. Aku Reni Widowati, minangka wakile mbak Rosalina Wulandari, ana prekara apa sing isa tak bantu ?”*

*“ Aku Dhedhi mantan sisihane Rosa lan iki pengacaraku mas Azis sarjana hukum. Mau awan aku rene pengin ketemu Rosa, nanging dijanjeni sore iki ketemu dheweke”.*

*“ Oo ngono ya. Aku nyuwun panjenengan berdua nulis idhentitas lan alamat lengkape, kanggo cathetan. Kok mbak Rosa welinge karo aku beda ya”.*

Tamu loro iku banjur nulis jeneng lan alamat lengkape nang kertas HVS sing dicepakke Reni. Semono uga Reni nulis jeneng karo alamat dheweke lan diwenehke marang Dhedhi. Dheweke ora lali ngrogoh tase lan nguripke perekam suarane, banjur kanthi sareh lan tegas menahi katrangan.

*“ Pak Dhedhi menawa arep ketemu Tita, sumangga wis siap isa ketemu nang kene. Nanging mbak Rosa ora isa ditemoni amarga wis*

*ora ana prekara sing kudu dirembug antarane panjenengan karo dheweke. Jarene wis cuthel, sigeg". Dhedhi katon anggone emosi krungu wangsulane Reni.*

*" Isih akeh sing kudu dirembug. Aku tau njaluk test DNA kanggo Tita, ditolak. Iki arep ngajak rembugan prekara sesambunganku karo dheweke, dijanjeni kon teka sore iki, dheweke emoh nemoni". Dhedhi anggone omong sora kanthi nesu mawinga-winga, ora terkendhali.*

*" Aja kleru tanpa sedulur. Mbak Rosa ora isa didadak kaya awan mau. Panjenengan dijaluk teka sore iki ora berarti dheweke gelem diajak rembugan maneh. Mung kaya sing tak kandhakke nek sampeyan arep nemoni Tita, wis disiapake". Pengacarane Dhedhi, Azis SH katon emosi, nggebrak meja karo omong sora.*

*" Aja nggawe dolanan mbak. Jare dijanjeni sore iki kok jebule ora sida ki karepe piye?"*

*" Lha mangga terserah bapak bapak, kuwi welingane mbak Rosa marang aku. Ora isa ketemu, ora isa rembugan, kabeh wis cuthel".*

*" Mbak aku ora ngerti sapa awakmu lan apa wewenangmu, kita bisa lapor nang kepolisian amarga digawe dolanan". Reni nyoba tetep tenang ora wedi digetak ngono. Dheweke tetep neruske welinge Rosa mau, wis ora gelem rembugan maneh.*

*" Mangga menawa arep nempuh jalur hukum liwat polisi. Mung tak jarwani, aja gawe gampang ndak malah ngleyang mengkone. Sampeyan mbokmenawa ora ngerti sapa sing kok adhepi nang mburine mbak Rosa". Azis SH ora mendha anggone nywara*

sora, mbokmenawa batine rawe rawe rantas malang malang putung.

*“Sedulur Azis SH, patrapmu sing brangasan wis nerak garis batas. Kita isa uga nglaporke solah tingkahmu nang organisasi mu. Ana seksi, ana cathetan lan ana rekaman”.*

Dhedhi dadi kaya wong bingung mung thingak thinguk, dheweke bisik bisik marang pengacarane.

*“ Pak Dhedhi, nek panjenengan ora pengin nemoni Tita ya wis ora apa apa. Mbak Rosa ora gelem ketemu njenengan. Apike tekan sakmene wae ora susah diteruske mundhak saya gendra. Pak Jono, mangga diterke nang regol bapak bapak iki”.*

Azis SH isih aweh tembung sengak sak durunge metu.  
*“ Iki dudu urusan pungkasan mbak. Aku ndhampingi klien ku pak Dhedhi isih tetep maju liwat jalur hukum”.*

*“ Mangga nek wis mantep liwat jalur hukum. Kita ya wis akeh bahan kanggo nglaporke polah tingkahmu sing brangasan kuwi nang indhuk organisasimu”.*

Azis SH rada meneng bareng krungu tembungé Reni, ora ngira amarga biasane wong nek digetak nganggo tembung jalur hukum, mesthi wis mengkeret dhisik. Iki kok malah mbanggél arep lapor barang ki dhasare apa ya. Dheweke rada mengkeret amarga wis entuk peringatan saka organisasi profesiné jalaran wis ana laporan sak durunge prekara solah tingkahe sing ora keduga.

Reni sakwise nemoni Dhedhi karo pengacarane mau banjur menyang ruang tengah nemoni Rosa.

*“Sementara iki wis aman mbak Rosa. Dhedhi karo pengacarane mau ngancam arep nempuh jalur hukum. Wis ben wae dienteni, ora sah wedi. Pancen ora isa setengah setengah mbak. Rembugane mau ya tak rekam, mbokmenawa diperlokke mengko”.*

*“ Terima kasih dhik Reni gaawe repotmu. Muga muga wis ora teka maneh. Aku wis nutup lembaran buku karo Dhedhi. Mung riwayat kepungkur sing ora enak”.*

*“ Iya mbak Rosa, kaya sing tak aturke mau. Aja nunggu pasip. Kuncine nang mbak Rosa kapan isa resmi karo mas Pram. Ana kepasthian hukum sing ora isa diganggu gugat liyan”.*

Rosa rada lega nalika Dhedhi karo pengacarane wis lunga, senajan atine ya isih senak senik mbokmenawa nek Dhedhi arep njupuk jalur hukum. Banjur dipupus mengko nek tenan ya diadhepi wae, ora isa setengah setengah, wong dheweke rumangsa ora nglanggar aturan hukum. Mung rada mangu mangu, wola wali Reni ngelikake dheweke kudu proaktip tumrap sesambungane karo Pramana. Kudu proaktip kepriye wong Pram dhewe wis kewetu nek dheweke arep urip bebarengan wong loro sak lawase. Rosa mbatin mbokmenawa isa takon nang Pramana mengko nek wis mulih seka Jakarta.

+++++

Sepur sing ditumpaki Pramana ndilalah tekan Yogja rada telat, wis meh jam wolu esuk lagi mlebu nang stasiun Tugu. Pram enggal golek becak mulih nang Nagan. Ramane, pak Rianto Djojokusumo wis budhal menyang kantor. Ibune, bu Ambarwati lagi dandan nang kamar arep tindak nang butik AW, ngancani Rosa. Isih akeh tamu sing padha teka pengen ndeleng butik AW sing nembe rong dina bukak. Pramana

enggal enggal ngaturi salam kagem ibune. Bu Ambarwati ora sabar penging krungu critane anggone ujian pegawai nang Jakarta.

*“ Piye ngger ujianmu nang Jakarta. Lancar lancar wae ta. Bapakmu bola bali nakokke, kok ora mulih mulih awakmu”.*

*“ Injih bu pangestune diparingi lancar. Ketemu pak Hartadi, salam saka pak Hartadi kagem bapak ibu. Malah aku kok sisan diwawancarai barang. Mung kari ngenteni layang resmi saka Dheparlu. Nek kudu bali maneh nang Jakarta kanggo wawancara ya siap. Nunggu surat resmi saka Jakarta bu. Muga muga ora ana alangan. Piye butike ?”*

*“ Sokur ngger, aku mung melu dedonga wae. Bapakmu semono uga, sajake mung menggali awakmu, ora jenak le sare. Butike isih akeh tamu, malah saka luar kota barang. Mula aku kudu ngancani Rosa nang kana. Nek ora kesel mbok sisan melu rana esuk iki. Mbak Rosa mesthi wis ngantu antu tekamu”.*

Pramana rada kaget didhawuhi ibune mara nang butik AW esuk iku. Jane ya kangen banget karo Rosa. Selak penging ketemu. Nanging sungkan nek barengan karo ibune, ora bebas le arep omongan karo Rosa nek ana ibune. Dheweke gawe alesan menawa penging istirahat dhisik. Mengko sore wae nang Ngadisuryan.

*“ Nuwun sewu bu, aku isih kesel banget. Tak turu dhisik esuk iki. Mengko sore wae tak nemoni Rosa nek butike wis tutup. Awan iki mbokmenawa kudu nemoni kanca dhisik”.*

*“ Ya wis nek ngono, mengko tak kandhakke Rosa. Dheweke mesthi penging ketemu awakmu”.*

*“ Mengko sore mesthi bu, ora bakal mblenjani. Saiki tak leren dhisik.*

Bu Ambarwati banjur didherekake pak Parman, budhal menyang butik AW. Ora adoh saka Nagan nang Ngadisuryan, nanging didherekake pak Parman amarga sak wayah wayah arep ana acara nang panggonan liya, kendharaan lan sopir tansah siap. Tekan butik AW lagi wae dibukak dening para paraga. Rosa uga wis siap ana kono. Dina iku mbokmenawa isih akeh tamu sing padha pengin meruhi koleksi pakeyan bathik gagrak anyar.

*“ Sugeng enjang ibu, kok taksih gasik sampun rawuh”.*

*“ Iya mbak Rosa, aku mengko ana acara rapat Dharma Wanita nang Balai Kota, tak tinggal sedhela. Aku tulung digawani brosur AW ne ya, tak bagine nang pengurus”.*

*“ Kok mas Pram dereng ketingal menapa taksih wonten Jakarta njih Bu ?”*

*“ Aku arep budhal rene mau dheweke lagi teka. Sepure rada telat, esuk iki jarene arep istirahat dhisik, lagi mengko sore le arep mrene”.*

*“ Oo ngaten njih bu, mugi mugi sedaya lancar ibu”.*

Rosa atine rada gela dene Pram ora enggal enggal teka nemoni dheweke. Wis kangen banget rasane pengin ketemu Pram. Ning ya uwis arep piye maneh, mung ngenteni sedhela nganti sore mengko. Esuk iki isih akeh tamu sing padha teka nang butik. Padha pengin ndeleng koleksi koleksi bathik sing anyar. Pancen stok rancangan pakeyan bathik kepara renes. Asring Rosa apa bu Ambarwati dijuluk mragagake koleksi koleksi mau nang ngarepe tamu tamu. Pancen nyenengake dene lagi bukak anyaran wis regeng akeh pecinta bathik sing padha

teka. Kira kira jam sewelas bu Ambarwati pamitan menawa arep rapat pengurus Dharma Wanita nang gedhung Balai Kota. Ora lali nggawa brosur sak cukupe arep dibagekke nang anggota pengurus mengko.

Ndungkap jam makan siang, Rosa ada ada kirim pesen nang Pramana. Pak Jono dikongkon ngeterke layang iku nang. Surasane cekak aos “*Mas Pram nek wis ora sayah tak enteri awan iki nang AW ya, selak kangen aku, karo pengen crita akeh*”. Pak Jono enggal enggal numpak pit ngeterke amplop isi layang mau nang Nagan. Lagi wae pak Jono mungkur, dadakan Reni teka marani Rosa. Rosa rada kaget meruhi Reni wis teka dadakan nang ngarepe. Ning wong loro banjur gapyuk anggone ngobrol.

*“ Mbak Rosa isih repot banget ya akeh tamune dina iki. Aku mung pengen ngaturke kaset rekaman pas patemon karo pak Dhedhi lan pak Azis SH wingi”.*

*“ Oo iya dhik beneran iki aku ya lagi kongkonan ngaturi mas Pram tindak rene. Wis teka esuk mau, ning sajake sungkan nek bareng bareng karo ibune mrene”.*

*“ Ya maklum ta mbak, arep ketemu njenengan nek karo ibune kan ora bebas arep ngapa ngapa. Mengko nek teka aja sungkan karo aku, nyisih sedhela kan isa ta mbak”.*

*“ Aja ngono ah. Sapa iku pak Azis sing kok kandhakke kuwi mau?”*

*“ Ya pengacarane pak Dedi, rada brangasan wonge. Ora trapsila babar pisan, solah bawane kasar kaya preman”.*

Ora antara suwe Pramana wis kledhang kledhang teka. Mung numpak sepedha, katon relaks banget solah bawane, kaya

kaya ora ana beban babar pisan. Rosa njola atine weruh priya sing dikangeni wis ketok nang ngarepe, ning diampet amarga ana Reni nang kono. Ora kepenak nek ngetokke le mesra karo Pram nang ngarepe Reni. Ning tetep wae Rosa ora isa ngampet, dheweke ngrangkul kenceng Pram karo ngaras lembut. Reni mung rada klincutan ngalihke pandeleng nang njaba.

*“ Kok ora rene esuk mau ta mas Pram, wis diarep arep wiwit wingi. Mau esuk ibu ngendika nek njenengan wis rawuh ning butuh istirahat. Piye kasile test nang Jakarta ?”*

*“ Pangestune sliramu jeng, ujianku lancar, malah kok wis wawancara barang. Nunggu panggilan resmi saka Biro Kepegawaian Dheparlu. Iki Reni kok wis ana kene apa wis dha janjian ?. Pramana banjur nyalami Reni karo ngesun pipine kaya adat sabene. Rosa rada kaget nyipati rakete Pram karo Reni, ning ora diketokke.*

*“ Mas Pram, dhik Reni mentas wae teka karepe masrahke rekaman swara wingi pas patemon karo Dedi”.*

*“ Oo ngono ta ndadak direkam apa migunani ya kanggo mrantasi masalahe ?”. Reni banjur nyela kanthi sareh.*

*“ Embuh migunani apa ora ning aku kok mikir kudu jaga jaga. Rasaku wis curiga wiwit ketemu pak Dhedhi ing tengah tengaha acara bukaan kae. Sing diarah dudu nemoni Tita, nanging pengin ketemu lan rembugan karo mbak Rosa”.*

Wong telu banjur bebarengan ngrungokake rekaman swara pas patemon karo Dhedhi lan Azis SH wingine. Cetha banget nek tekane kanthi maksud sing ora apik. Bengak bengok karo

nggebrak nggebrak meja barang, kamangka ana bocah cilik, Tita ana kono. Pramana rada njegrek ngrungokke rekaman iku, prekara iki nek dienengke wae mesthi bakal terus. Kudu ana langkah langkah kanggo mrantasi. Ora isa mung ngalah thok, wong ngalah sok malah akeh rekasane, ora dhuwur wekasane. Wong telu alon alon ngrembug piye carane anggone arep ngendhegake polahe Dhedhi sing kayadene ngruda peksa karepe dhewe marang liyan. Dumadakan petugas Satpam saka ngarep aweh laporan menawa ana tamu jenenge pak Azis SH, nggoleki mbak Reni Widowati. Praupane Rosa owah, katon anggone goreng.

*“ Piyé dhik Reni, apa kudu ditemoni bareng bareng wong telu wae. Ben enggal beres?”*

*“ Mbak Rosa, aja gampang kepancing mbak. Tak adhepane dhewe. Mengko nek ora kuwawa lagi mas Pram ben metu. Ngono ya mas. Ora ana sing perlu diwedeni saka pihak kene. Ora ana pelanggaran hukum babar pisan”.*

*“ Iya Reni, awakmu luwih ngerti kahanane pas patemon wingi. Aku manut apike piye. Upama kudu melu nemoni, aku siap”.*

*“ Aja dhisik mas Pram, posisimu tenane apa kok melu melu nang kono ? Malah isa dipojokake mengko”.*

Pramana meneng wae, rada kikuk sikape, nek melu terlibat langsung dhasare ya apa, bener sing dikandhakke Reni. Dheweke sangsaya rumangsa kurmat karo Reni, ing ngatase dudu urusane kok gelem geleme nganti katut urusan iki. Tanpa disadhari Rosa banjur semendhe nang bahuné Pramana, nentremke ati sing lagi panik . Reni banjur menyat arep metu nang paviliun. Dheweke ngethik pak Jono supaya

ngancani. Ora lali ngrogoh tas e kanggo ngecek alat perekame. Jagabaya banjur mundur bali nang regol, manggakke tamune supaya mlebu nang paviliun.

*“Sugeng siang bapak Azis SH. Mangga ana kawigaten apa kok sajak kesusu wayah awan ngene?”*

*“Iki neruske prekara le rembugan wingi. Awakmu jarene siap nek digawa nang jalur hukum. Apa sing kok endelke?”* Nadha omongane Azis SH tetep dhuwur, rumangsa wis menang wibawa.

*“Lha mangga nek arep liwat jalur hukum. Mung tak elingke aja kaduk wani kurang deduga. Polah tingkah sampeyan karo klienmu pak Dhedhi wis cukup kanggo nglaporke nang polisi, lan nglaporke sampeyan nang indhuk organisasimu. Kita wis siap sak kabehane”.*

Pengacara Azis SH rada ngerem tembung, nadhane rada medhun, dheweke njaluk supaya cathetan utawa rekaman patemon wingi di pasrahke dheweke. Lan janji menawa dredah kaya ngono ora bakal dibaleni.

*“Matur nuwun bapak pengacara Azis SH. Kita wis siap berkas laporan. Kita gelem cilike mandheg apa gedhene mundur kanthi syarat. Ora abot syarate”.*

*“Apa syarate? Cathetan lan rekaman tak jaluk supaya dipasrahake nang aku”.*

*“Iya apik yen ngono. Iki rekaman isa tak pasrahake menawa sampeyan isa gawe layang pernyataan resmi nganggo kertas materai. Wose isine ringkes wae, sepisan nampa menawa antarane pak Dhedhi karo mbak Rosa Wulandari statuse wis pisahan. Kaping pindhoo, pak*

*Dhedhi ora bakal meksa ketemu ngajak rembugan mbak Rosa Wulandari, wis cuthel ora ana prekara sing kudu dirembug kejaba urusan sing magepokan karo Tita. Kaping telu, ora bakal mbaleni polah ngruda peksa lan sesongaran marang pihake mbak Rosa utawa sing makili. Wis cukup ana telung poin. Mangga dicathet”.*

Pengacara Azis SH isih arep mbantah, kanthi rada gagap mangsuli. *“ Kok urusane dadi ngambra ambra. Mengko tambah rumit lo mbak”.*

*“ Ngambra ambra amarga pihak sampeyan sing ora fair. Mangga wae cukup sakmene le rembugan. Kita nunggu rong dina syarat mau dilengkapi. Aja pisan pisan ndhisiki nang polisi nek ora arep saya jero lan ngambra ambra. Mangga pak Jono, bapak iki diterke nang ngarep”.*

Pak Azis SH banjur klithih klithih metu. Durung nate dheweke nampa ultimatum kaya ngono, apa maneh dening wanodya nom noman kaya Reni Widowati. Wedine dheweke mung amarga wis ana layang peringatan ping pindho saka indhuk organisasine, isa blaik nek dadi ping telu mengko. Dene Reni banjur mlebu marani Pram karo Rosa, lan nyritakke patemone mau. Sakwise njlentrehake marang Pramana lan Rosa, gageyan dheweke pamitan.

*“ Ora susah dipikir abot, dienteni wae nganti rong dina. Mengko nek ora ana response ya kene sing nggawa nang jalur hukum”.* Reni pamitan karo ngrangkul Rosa lan Pramana. Omongane entheng.

*“ Mbak Rosa, aku ya ngrangkul mas Pram ya. Iki kanggo insentifku anggonku nemoni pak Dhedhi karo pak Azis. Ora sah sujana, mas Pram wis tak anggep kangmasku dhewe”.*

Reni Widowati banjur mlangkah metu cepet cepetan. Pramana karo Rosa mung pandeng pandangan dhewe. Nggenteni rong dina, muga muga kaya sing dikarepake. Nek ora ya kepeksa digawe rame. Siap ora siap ya kudu siap, wis kasep klebus ora isa mundur maneh.



## Tita Lara Dhemam Berdharah

**L**anepa Jawa mratelakake kanthi gamblang menawa ilanging bebendhu bakal teka karaharjan lan katentreman. Sirnaning yakso katon gapuraning Ratu. Iku sing tansah diantu antu dening Rosalina Wulandari, muga muga bebendhu antarane dheweke karo mantan sisihane Dhedhi, enggal sirna. Kari nunggu urip seneng tentrem bebarengan karo priya sing ditresnani, Pramana Enggar Kusuma. Kabeh kaya wis cetha wela wela, nanging kok ana wae alangan tanpa keduga. Sore iku bubar tutup butik AW, Rosa nggenteni tekane Reni Widowati, sing jare arep nemoni dheweke. Let sedhela Pramana wis kledhang kledhang teka numpak pit. Praupane katon semringah seneng, kaya kaya wis ora ana beban nang njroning ati. Rosa atine seneng banget meruhi tekane Pram . Pancen dheweke luwih mantep yen didhampingi priya sing ditresnani kuwi, anggone patemon karo Reni.

*“Piye mau butike Jeng ? Akeh tamu ? Muga muga lancar ya”.*

Pramana nyapa kanthi grapyak.

*“ Lumayan mas, isih akeh tamu padha teka, akeh seka luar kota. Untung ana ibu, akeh tamu sing njaluk kene mragakake busana”.*

*“ Mula aku ora melu rene nek esuk. Kikuk aku ngladeni tamu penggemar modhe lan bathik. Malah mung thingak thinguk aku mengko.*

Lagi sedhela anggone omong omong, jam papat persis Reni wis teka, kayane mung mlaku wae. Rosa gita gita anggone mbagekake. Raine Reni katon abang mangar mangar mentas kepanasen, nanging malah katon anggone ayu merak ati. Reni terus miwiti rembug kanthi entheng.

*“ Mbak Rosa, muga muga wis liwat kalabindhune. Ora perlu ngambra ambra. Lagi wae pak Azis karo pak Dhedhi nemoni aku, menahi layang pernyataan resmi. Isine lengkap kaya sing tak jaluk wingi”.*

*“ Apa kuwi dhik Reni isine, aku malah ora nggraita babar pisan’.*

*“ Wose isine, pak Dhedhi wis nampa nek antarane mbak Rosa karo pak Dhedhi, statuse wis pisahan, ora ana sesambungan maneh. Kapindho, dheweke wis ora bakal njaluk ketemu lan rembugan karo mbak Rosa, nanging tetep kudu isa ketemu karo Tita. Kaping telune, pak Dhedhi karo pak Azis, ora bakal mbaleni anggone sesongaran marang mbak Rosa utawa sing makili”.*

Rosa banjur maca layang pernyataan sing diwenehke dening Reni. Wis lengkap ana tandhatangane Dhedhi lan Aziz, uga Reni minangka wakile Rosa. Pramana melu nrambul anggone omongan.

*“ Apa ana konsekuensi legal layang pernyataan mau dhik Reni?”*

*“ Wis ditulis tangan, ditandha tangani nang kertas bermeterai. Tak kira wis resmi, isa dinggo sak wayah wayah nek diperlokke. Ning kana ya ngajokke syarat tambahan, mung ora tertulis”.*

*“ Apa penjaluke mereka dhik ?”*

*“ Isih isa ketemu karo aku nek ana prekara sing perlu dirembug. Rekaman swara tak pasrahke mereka. Ya tak iyani wae. Rekamane wis tak kopi. Rumangsaku aman saiki. Nang ngarep sing kudu diamankan malah sesambunganmu, antarane mbak Rosa mas Pram. Mosok arep nggantung wae, ora cukup mung pernyataan verbal. Terserah panjenengan wong loro le arep ngatur”.*

Rosa Wulandari ambegan dawa, sajak mikir, banjur semaur.

*“ Karepmu piye dhik Reni, aku kok isih bingung iki”.*

*“ Mbak Rosa, nek njenengan karo mas Pram wis resmi ana ikatan kan wis ora isa diganggu gugat dening liyan. Pak Dhedhi isih nyoba nyoba amarga ngerti durung ana kapesthen status sesambungan antarane panjenengan karo mas Pram. Mula dheweke njaluk supaya isih tetep bisa kontak lan komunikasi karo aku”.*

Surasane layang pernyataan mau banjur dibaleni diwaca gonta ganti dening Rosa lan Pram.

*Kantheni nawala sing ditandha tangani dening Drs Dhedhi Sumaryono PhD, kabiyantu dening pengacara Muhamad Aziz SH, mratelakake kantheni jujur lan terus terang menawa,*

1. *Drs. Dhedhi Sumaryono PhD mangerteni lan nampa menawa status sesambungane karo ibu Rosalina Wulandari wis resmi pisahan,*

2. *Drs. Dhedhi Sumaryono PhD ora bakal nguthik uthik lan ngajak rembugan karo ibu Rosalina Wulandari prekara sesambungane antarane wong loro, kejaba prekara sing gegayutan karo putrine Titania,*
3. *Drs. Dhedhi Sumaryono PhD lan pengacara Muhamad Azis, ora bakal mbaleni anggone sesongaran marang ibu Rosalina Wulandari lan pihak sing kajibah amakili.*

Layang pernyataan mau ditulis nganggo tulisan tangan, ditandha tangani dening Dhedhi, pak Azis karo Reni Widowati minangka wakile Rosalina Wulandari. Rosa rada mangu mangu ngelingi omongane Reni. Atine isih ora jenak. Bayangane dheweke nek urusan karo Dhedhi wis rampung, mesthi enggal beres sesambungane karo Pramana. Ning embuh ngapa kok atine isih sumelang terus. Apa isih arep ana bebendhu maneh? Pasrah wae karo sing Gawe Urip. Sing penting ati ati anggone momong lan njaga anak tunggale Tita Karina. Dheweke pirang pirang dina iki wektune kaya kaya entek kanggo ngurusi bukaan butik AW, ora sempat ngawat awati Tita kaya biasane. Patemon sore iku ora suwe, Reni lan Pram sowang sowang pamitan mulih. Rosa dhewe lagi ora jenjem atine, aras arasen arep ngobrol ngobrol.

+++++

Sore iku pak Setiawan karo ibu Rina lagi jagongan nang berandha samping karo ngunjuk teh. Wis sakwetara dina anggone nang Yogja, nunggoni putrine Rosa Wulandari anggone ngresmekake butik AW. Bubar bukaan butik AW isih pengin ngenggar enggar penggalih nang Yogja. Maklum amarga kondhisi kesehatane pak Setiawan ora patiya apik. Nanging bareng nyipati bukaane butik AW, pak Setiawan

semangate bali maneh. Semangat urip lan kerja keras kaya jaman isih ngurusi perusahaan bathike ana Pekalongan. Rasane wong loro karo sisihane kompak banget ngurusi bareng lakuning perusahaan jaman semana. Kondhisi kesehatane mundur banget nalika meruhi nasibe Rosa, ditinggal Dhedhi nang luar negeri tanpa rembug. Bu Rina alon alon ngelingake pak Setiawan apa ora wis wayahe mulih nang Pekalongan.

*“Papi, awake dhewe wis luwih seminggu nang Yogja, apa ora kepingin kondur nang Pekalongan?”*

*“Iya ya Mi, wis sakwetara suwe nang kene, ning aku kok isih seneng ndeleng lakune butik kuwi. Semangatku kaya bali maneh pengin ngurusi usahane dhewe ndhisik nang Pekalongan”.*

*“Perusahaan kan wis lancar diurus dening Iwan karo Rosa. Malah Rosa wis isa ngembangke swiwine buka butik nang Yogja, awake dhewe wis wayahe leren”.*

*“Setuju aku Mi, mung ngudarasa nang angen angen wae. Nek cepet mulih ya arep ngapa nang Pekalongan? Putune Tita ya nang kene karo ibune. Apa oleh nek diajak mulih nang Pekalongan? Mengko nyoba ditakokke karo Rosa”.*

Bubar adus sore Rosa ngembul ngancani bapak ibune lungguhan nang ruang samping. Tita lagi didulang dening mbak Suni nang ngarepan. Bu Rina miwiti tembung karo Rosa.

*“Aku karo papimu wis nang Yogja luwih saka seminggu, kok rasane wis pengin mulih Rosa”.*

*“ Lha Mami kok kesusu kondur Pekalongan ki arep ngurusi apa, wong bathike wis diurus Iwan. Mbok ora susah kesusu kondur. Kapan kapan dolan nang ndaleme bu Ambarwati”.*

*“ Iya Rosa, ora kesusu kok. Nanging mengko menawa aku karo papimu mulih Pekalongan, Tita melu aku apa ben nang kene karo awakmu. Papimu karo aku angel rasane arep pisah karo Tita”.*

*“ Tita ben nang kene wae Mi, aku ya wira wiri Yogya Pekalongan, mengko yen Papi Mami kangen ya tak jak mulih Pekalongan”.*

*“ Saiki Tita nang endi? Jarene Suni kok rada sumeng mau?”*

*“ Kayane lagi didulang Suni nang ngarepan. Iya mau rada sumeng, wis tak wenahi penurunan panas, parasetamol. Mula sengaja sore iki ora di adusi”.*

*“ Nek ora medhun panase mengko digawa nang dhokter wae si Tita. Ati ati Yogja lagi usum dhemam berdarah. Penyakit anyar sing nyerang anak anak. Aku maca berita nang koran KR mau”.*

Pak Setiawan rada kaget mireng menawa putune, Tita kok ora kepenak awake. Dheweke pengine, Tita dipriksakke nang dhokter, soale jarene berita nang koran proses penyakit dhemam berdarah cepet banget. Rosa banjur nggoleki Tita nang ngarep sing lagi didulang Suni. Bocahe isih gelem maem, mung ora akeh kaya biasane. Cahyane rada pucet, awake isih rada anget, mung sikil karo tangane kok anyep kabeh. Kaya sing di ngendikakake pak Setiawan, Rosa karo bu Rina enggal enggal nggawa Tita golek dhokter sing praktek. Nanging amarga isih anyaran nang Yogja, dheweke bingung arep digawa nang dhokter endi. Kanthi diterke sopir, Rosa karo bu Rina, dalah Suni lan Tita banjur metu alon alon golek dhokter

praktek. Amarga bingung, Rosa banjur mampir nang omahe Reni Widowati, mesthine dheweke ngerti dhokter sing praktek wong mahasiswa kedhokteran. Reni lagi wae bubar adus rikala Rosa teka nang panggonane. Rada kaget nalika meruhi Rosa sing sajak bingung lan panik.

*“ Ana apa mbak Rosa kok katon kaya wong bingung ?”*

*“ Maaf ya dhik Reni, ngrepoti awakmu. Tita kok rada sumeng iki, tangane karo sikile anyep banget. Isih gelem maem mung kok mesthi mukok”.*

Reni banjur ndeleng kahanane Tita sing dipangku Suni. Kanthi trengginas banjur mriksa Tita sak perlune. Tangane ngemek bathuke Tita karo mriksa nadhine. Pancen ora panas dhuwur, nanging denyut nadhine kok rada cepet lan lemah.

*“ Mbak Rosa, apike cepet wae digawa nang rumah sakit ya sing cedhak cedhak kene wae. Tak terke ben langsung isa ditangani”.*

*“ Iya aku manut awakmu dhik Reni, sing penting Tita enggal entuk perawatan”.*

Mobil banjur tumuju Rumah Sakit Pugeran, sing ora adoh saka kono, langsung njujug nang Bagian Anak. Sore iku ana sakwetara pasien sing lagi dipriksa nang klinik. Reni banjur mlebu ndhaftarke Tita. Ana sakwetara dhokter mudha sing lagi sibuk mriksa pasien. Tita langsung dipriksa lan ditest darah. Sakwise rampung anggone mriksa, dhokter jaga banjur ngandhani Rosa, menawa apike di rawat inap wae. Langsung dipasang infus lan dipindah nang bangsal. Rosa

dikancani Suni nunggu Tita nang rumah sakit. Dene bu Rina, Reni diterke sopir mulih nang Ngadisuryan.

*“ Terima kasih ya dhik Reni. Aku tak nunggu Tita nang kene, mengko ndak rewel nek tak tinggal. Tulung mbok mas Pram dikabari ya”.*

*“ Iya mbak Rosa, mengko mas Pram ben nyusul rene. Ora susah panik. Wis tak titipke kancaku, nek ana apa apa ben cepet lapor dhokter jagane.*

Sore iku butik AW kepeksa tutup dhisik amarga Rosa kudu nunggu Tita nang rumah sakit. Kahanane Tita ora nguwatirake, mung panase munggah medhun. Rosa mung tansah dedonga muga muga Tita enggal diparingi mari ben endang isa mulih. Dheweke ngrummangsani wektu keru keru iki ora akeh wektune kanggo Tita, kabeh diurus dening pembantune Suni. Repot banget ngurus butik AW karo prekara sambung rapete karo Dhedhi. Rosa kaya dielingke nek Tita kuwi siji sijine darma sing dititipke marang dheweke karo Sing Gawe Urip. Aja nganti kalis saka katresnane mbok kaya ngapa repote. Rumangsa pengin urip bebarengan karo Pram ya amarga pengin duwe pendhamping dinggo momong Tita nganti gedhe mengko. Bubar magrib, Pram wis teka nyambang nang rumah sakit. Atine Rosa mak plong dene priya iku tansah nang sisihe dheweke nalika ana reribet. Rosa nggegem tangane Pram kenceng banget karo mingsek mingsek.

*“ Didongakke ya mas muga muga Tita enggal mari kaya wingi wingi. Jarene dhokter kena dhemam berdarah. Wis diinfus, saiki bocahe turu”.*

*“ Sing sabar dhik muga muga Tita enggal waras. Sing penting wis ketanganan dhokter lan oleh perawatan sing diperlokke. Iki mau tak gawakke wedang jahe nek arep ngunjuk. Mengko makan malam, metu nang ngarepan kana sedhela”.*

*“ Nek Tita wis mari aku pengin omong akeh mas gegayutan karo sesambungane awake dhewe wong loro. Ora apik mung tansah runtang runtung tanpa status resmi. Apa maneh saiki nang butik AW kan tepunganku saya akeh, risi nek ditakoni sapa sisihanku”.*

*“ Iya dipikir sing sareh dhik, laku kudu dirancang sing apik. Aku ya tak matur bapak ibu sisan”.*



## Nunggu Tita

**A**suk-esuk Rosa wis teka nang rumah sakit, diterke dening Pramana. Nganti wengi dheweke mau bengi nunggu Tita ana RS Pugeran. Kahanane Tita isih durung stabil, panase isih munggah mudhun, semono uga tekanan dharahe. Tansah dimonitor dening dhokter mudha sing kajibah njaga. Untunge lakune infus cairan tansah lancar, ora perlu bolak balik nyoblos amarga jarume macet. Rosa wis pesen karo perawat apa isa nek Tita dipindhah nang kelas wae, sing ora patiya sesak lan rame, ben turune ora keganggu. Esuk esuk wis ana visite pasien, dening gurubesar Kepala Bagian Anak, profesor Ismangun. Dhokter sing kajibah jaga, uga para dhokter mudha, padha asung laporan kahanane pasien siji siji. Tita isih kudu observasi, cairan infus diteruske. Bubar visite wis isa pindhah nang kelas ing sisih kulon, sing ora patiya rame. Sakwetara wong tuwane pasien dijadual ketemu profesor Ismangun nang kantore awan iku. Rosa uga klebu salah sijine sing diundang ketemu.

Bareng Tita wis dipindhah menyang ruang kelas, awan iku

Rosa ngajak Pram nemoni profesor Ismangun, guru besar Kesehatan Anak sing kondhang lan wis akeh pengalaman ngrawat bocah dhemam berdharah. Rosalina Wulandari rada dheg dhegan nalika mlebu nang ruangane dhokter Ismangun, nanging digawe tatag amarga dikancani Pram. Profesor Ismangun ngendikane ora akeh, tuntas lan mibawani.

*“Panjenengan ibune pasien Tita Karina njih?. Kahanane stabil ora mutawatiri. Observasi dhemam berdarah. Mengko nek wis ora panas maneh isa mulih”.*

*“ Injih matur nuwun profesor. Menapa anak kula mangke enggal mantun lan wonten sirikan maemipun?”*

*“ Hari ke lima mengko nek wis ora panas tegese wis mari. Ora ana makanan sing perlu disirik. Maem kudu dijaga cukup gizi, daging, telur, sayur lan buah aja lali. Kudu ana wektu cukup kanggo putrine. Apa ibune karo bapake loro lorone sibuk?”*

*“ Kula wekdal-wekdal menika panci nembe ribet dhokter ananging mboten kendhat anggen kula tansah ngawat awati anak kula. Priya menika mas Pramana, pacangan kula, nembe kemawon lulus saking FISIPOL”.*

Profesor Ismangun kendel sedhela nalika Pramana disebut dening Rosa, pacangane sing nembe wae lulus.

*“ Lho kok isih pacangan. Tak kira sisihane. Nek ngono durung urip sak omah?”*

*“ Injih leres prof. Taksih piyambak piyambak. Nembe badhe miwiti gesang sesarengan”.*



Banjar.  
2021

*“ Aku ora ngerti kahanane, ning nek wis mantep ya saya cepet saya apik, ben isa bareng anggone momong putrine ya. Njih mangga, muga muga putrine enggal pulih. Dimong lan diurus kanthi tlaten aja nganti dilirwakke. Gaweyan ora bakal ana enteke”.*

*“ Matur nuwun prof. Nyuwun pangestu”.*

Pram mung manthuk manthuk, ora isa kemecap. Nang ruangane profesor ora suwe, mung udakara limang menit. Ning Pramana rumangsa kaya dielingke nek Tita uga dadi tanggung jawabe. Ora mung tanggung jawabe Rosa. Nek gelem ibune, ya kudu gelem ngopeni anake.

Sak wise Tita isa ditinggal, ditunggu dening Suni ana kelas Bagian Anak RS Pugeran, Rosa enggal mara tumuju butik AW. Ibu Ambarwati sing nang butik wiwit esuk mau. Isih regeng tamu padha teka ndeleng koleksi mutakhir bathik tulis rancangane bu Ambarwati lan perancang<sup>2</sup> kondhang saka Yogja Solo. Rosa rumangsa lega dene bu Ambarwati wis lenggah ngawat awati butike. Jane ya wis ana pegawai sing isa mbukak butik lan ngladeni tamu, nanging amarga kabeh isih pegawai anyaran kabeh isih butuh pengawasan lan supervisi. Bu Ambarwati mirsani tekane Rosa, katon suntrut lan pucet raine. Kurang turu merga nunggu Tita ana rumah sakit.

*“ Piye kondhisine Tita, mbak Rosa? Wis ana perkembangan durung? Pak Rianto mau ya nakokke piye kahanane anakmu, mung isa kirim donga muga muga enggal mari ya”.*

*“ Taksih dhemam ibu, nanging kondisi kados stabil. Sampun pun cek darah sedaya, kasilipun sae. Menika wau malah kula pindhah dhateng kelas, supados saged istirahat sae, mboten rame kados wonten bangsal”.*

*“ Perawatane piye apa apik, isa diandelke?. Aku biasane luwih kulina nang RS Panti Rapih utawa Bethesdha, sing fasilitasane luwih lengkap”.*

*“ Rumaos kula kok njih sae ibu. Malah kala wau kaliyan mas Pram pun paringi wekdal kepanggih profesor Ismangun. Pun dhawuhi kathah kathah”.*

*“ Menawi siang menika kula nyuwun pamit dhateng wingking sekedhap dospundi ibu?. Kala wau dalu kirang tilem, raosipun lungkrah sanget”.*

*“ Ya wis istirahat wae dhisik. Nek wis seger maneh awake mengko metu maneh rene. Kok praupanmu katon suntrut lagi mikir apa mbak?”*

*“ Namung sakitipun Tita menika ibu ingkang damel kula was was teras. Nyuwun donga mugi mugi enggal mantun ibu”.*

*“ Iya mesthi mbak, tak dongakake. Ning nek mbokmenawa ana ruwet renteng sing marahi pikiran, aja ragu crita karo aku. Atwakmu wis tak anggep anakku dhewe”.*

*“ Injih ibu matur nuwun. Kula nyuwun pamit rumiyin”.*

Rosa awake lungkrah, nang kamar pengine arep turu sedhela wae. Ananging mripate mung kethap kethip nyawang jendela. Isih krungon krungonen ngendikane profesor Ismangun mau, arep ngenteni apa maneh nek wis pancen mantep padha senenge karo Pram, ya enggal diresmekake. Isa bebarengan nggulawentah anak mengkone, ora urip mlaku dhewe dhewe. Sedhela maneh dheweke mernahake dandanane terus metu nang ruang butik. Bu Ambarwati isih ana kana lagi nemoni salah sijining tamu. Gupuh anggone ngendikan, sajake tamune

ya padha padha penggemar busana bathik. Bubar nemoni tamune mau, bu Ambar enggal enggal marani Rosa.

*“Jare pengin istirahat dhisik mbak Rosa. Aja dipeksa mengko malah lara. Butik tak tunggonane ora apa apa, mengko bengi aku ya tak rene”.*

*“Mboten saged tilem ibu, namung kethap kethip wonten kamar, mila kula lajeng medal”.*

*“Mikir apa ta mbak, mbok sing seleh atimu. Tita wis ketanganan dening dhokter, muga muga enggal pulih maneh”.*

*“Injih bu kula tansah sumelang kahananipun Tita. Senajan kalawau sampun stabil, nanging miturut seratan wonten KR kok saged minggah medhak mboten kantenan. Namung sampun wonten kelas kalawau, tansah pun monitor kondhisinipun. Namung wonten prekawis sanes ingkang damel kula bingung”.*

*“Bingung kena apa mbak Rosa, blak blakan wae karo aku, nek mbokmenawa aku isa mbiyantu”.*

*“Ngaten njih bu, nyuwun duka, waleh waleh menapa kula panik nembe prihatos prekawis sesambetan kula kaliyan mas Pramana”.*

*“Piye ana apa awakmu karo Pramana?”.*

*“Suwau kula mboten ngantu antu sanget angkahipun mas Pram, jer kula sampun mangertosi status kula punika namung ibu piyambakan single mother. Ananging sareng mas Pram sampun waleh menawi badhe ngantepi gesang sesarengan kaliyan kula, kula dados tansah ngantu antu sanget ibu. Nanging kok ngantos sakpriki dereng wonten angkah saking mas Pram”.*

*“ Oo ngono ya. Aku isa ngerti perasaanmu mbak Rosa. Wong ngenteni rasane pancen ora kepenak. Mengko bengi tak rembuge karo Pram lan bapak ya. Sing sabar muga muga ora ana pepalang”.*

*“ Matur nuwun sanget ibu. Kalau wau wonten ngriya sakit, njih pun dangu kaliyan profesor Ismangun, mau tunggu apa lagi kalau sudah saling mantap. Kula njih radi kraos risi menawi wongsal wangsul pun takeni kanca utawi sedherek, status sesambutan kula kaliyan mas Pram punika, amargi sampun runtang runtung teras”.*

Bu Ambarwati rada kendel krungu ature Rosa. Nang batine, dheweke isa nampa apa sing digagas Rosa, mesthine wong wadon ya butuh kapesthen, ora mung omongan wae. Wong loro mandheg anggone omong omong, amarga ana tilpon mlebu. Rosa enggal ngangkat tilpun, tibake saka rumah sakit Pugeran, sing ngandhani nek Rosa kudu cepet cepet teka nang rumah sakit amarga kahanane Tita. Rosa banjur cepet cepet pamitan karo bu Ambar, menawa dheweke dienteni nang rumah sakit, kahanane Tita medhun maneh. Sopire, pak Jono ngeterke Rosa menyang rumah sakit Pugeran. Sak bubare ngedrop Rosa, pak Jono banjur gage gage dijuluk supaya methuk Pramana ana Nagan.

Tekan rumah sakit Rosa enggal enggal nuju ruang perawatan kelas ana sisih kulon. Atine wis ora karu karuwan mikir ana apa Tita. Tekan ruangan langsung njujug kamare Tita. Ana dhokter mudha karo perawat nang kamar kuwi. Suni katon mbendhul mripate kaya mentas nangis. Tita lagi turu, mripate uga katon mbendhul, praupane isih pucet. Rosa banjur takon marang perawat kahanane Tita. Dhokter mudha karo perawat ganti ganti anggone nerangake. Kira kira siji setengah jam mau kondhisine Tita rada drop, pasangane infus mleset, arep

dipasang maneh kangelan amarga pembuluh venane wis rada kollaps. Bocahe rewel banget nggoleki ibune. Ndilalah ana visite sore saka profesor Ismangun, sakdurunge praktek ana Ngadisuryan. Profesor nggoleki ibune nang endi kok sing tunggu mung asisten rumah tanggane. Dhokter mudha sing jaga didhawuwi tilpon marang ibune Rosa. Infus bisa dipasang maneh sakwise di seksi vena dening dhokter jaga.

*“ Masa krisis sampun langkung ibu, nanging saenipun ibu nengga kemawon wonten mriki. Kondhisinipun pasien taksih dereng stabil. Minggah medhak”.*

*“ Matur nuwun sanget dhok, dospundi kondhisinipun sak mangke ? Menapa tasih mutawatosi ?”*

*“ Kados ingkang kula aturaken, masa krisis sampun mengker ibu. Nanging taksih kedah pun monitor kanthi kanthi tlatos. Menika kedah pun ukur pratandha vital saben jam. Sampun dipun tilar rumiyin”.*

*“ Njih matur nuwun sanget, ndherek pun awasi njlimet njih dhok”.*

Let sedhela Pram wis teka, dheweke ndeleng saka cendhela amarga ora kena kabeh mlebu nang kamar pasien. Tita wis turu, sedhela sedhela isih sok kaget njenggirat. Alon alon Rosa banjur metu nemoni Pramana nang ruangan tunggu. Isih dheg dhegan dhadhane, durung ilang anggone keweden kahanane Tita. Kanthi alon dheweke ngomong marang Pram.

*“ Tita nembe wae kritis mas. Aku mau ditilpun nang butik, terus mlayu mreng”.*

*“ Saiki kondhisine Tita piye ?”*

*“ Wis liwat kondhisi kritis, nanging isih dimonitor ketat, soale tensi lan nadhine isih munggah mudhun. Semono uga temperature. Aku wedi banget mas ngadhèpi kaya ngene”.*

*“ Sing sabar lan tabah dhik, Tita wis dirawat dening ahline. Isane dhewe mung ndedonga muga muga enggal mari pulih kaya wingi wingi”.*

*“ Aku rumangsa dhewekan nek ngadhèpi kahanan kaya ngene iki mas. Arep sambat papi karo mami, samar nek gawe kumate papi karo mami. Ning nek tak lakoni dhewekan kok kaya ora kuwawa aku. Sangganku abot banget, ora ana sing tak sambati kanggo mbat mbatan”.*

*“ Aku kan tansah nang sandhingmu ta jeng. Nek ana sanggan pikir lan fisik sing abot, wetokna nang aku, ben aku isa melu mikir”.*

*“ Iya mas matur nuwun banget. Ning antarane awake dhewe rumangsaku isih ana jarak sing amba, isih dhewe dhewe. Awake dhewe sesambungan tanpa status, mung adhedhasar omongan antarane aku karo njenengan”.*

*“ Iya kuwi mesthi dirembug bareng mengko, aja kuwatir. Saiki sing penting Tita kudu mari dhisik. Awake dhewe kudu cedhak karo sing kajibah ngrawat Tita, ben ngerti perkembangane sak wayah wayah”.*

*“ Iya mas aku isih senak senik nek mikir kahanane Tita. Muga muga enggal diparingi waras ya mas”.*





Bab 26

## Mantep Urip Bareng

**L**ore iku bu Ambarwati karo garwane pak Rianto kaya adat saben, lenggahan ngenggar enggar penggalih ana pendhapa ngarep. Atine lagi jenjem amarga Tita, putrine Rosalina Wulandari, isih opname nang rumah sakit kena dhemam berdarah, sak wijining penyakit sing ora isa dianggep entheng. Awan mau Rosa dadakan ditilpon kudu teka nang rumah sakit amarga kahanane Tita. Putrane Pramana, pacangane Rosa, wis melu nunggu Tita nang rumah sakit. Bu Ambarwati tansah kuwatir nggalih kahanane Tita, muga muga enggal diparingi waras pulih kaya wingi wingi.

*“ Kangmas, muga muga Tita enggal mari ya, mau awan kok Rosa ditilpon kudu teka nang rumah sakit amarga Tita kahanane saya abot”.*

*“ Kita mung dongakke jeng, Tita wis ditangani tim dhokter sing mumpuni babagan dhemam berdarah. Muga muga enggal mari”.*

*“ Mesakke Rosa, katon banget anggone panik lan keweden nyipati larane Tita. Awake dhewe kudu isa nggedekke atine Rosa kangmas”.*

*“ Karepmu piye Jeng ? Apa sing isa ditindakke kanggo Rosa?”*

*“ Mau dheweke sambat blakasuta menawa rumangsa dhewekan nek pas ngadhepi kahanan kaya ngene iki, anake lara nanging ora isa sambat karo sapa sapa. Papi mamine kahanan kesehatane ya kudu dijaga, ora isa disambati”.*

*“ Terus awake dhewe kudu ngapa jeng? Aku ya melu prihatin krungu larane Tita?”*

*“ Ngene kangmas, Rosa blak blakan takon status sesambungane karo putramu Pramana. Pram wis ngudharake kemantepane arep urip bebarengan karo Rosa. Amarga kuwi Rosa banjur ngarep arep enggal diresmekake pisan. Aku mau ya menahi weruh Rosa, menawa arep nanting Pramana sepisan maneh. Nek pancen wis mantep padha senenge ya arep ngapa ditundha tundha?”*

*“ Kabeh mung gumantung marang Pram lan Rosa sing bakal nglakoni. Awake dhewe mung isa nyengkuyung. Coba mengko Pram didangu maneh jeng”.*

Bu Ambarwati sawijining tokoh aktivis perempuan lan hak azasi manusia, mesthi wae dheweke ngerti tumrap apa sing dadi sanggane Rosalina Wulandari. Ewadene nang njero atine uga asring tida dene putra tunggale sing tansah digadhang gadhang, mantan aktivis mahasiswa, kok bakal nambut silaning akrama karo wanita ibu tunggal alias warandha. Gek kaya ngapa mengko cingake lan guneme para sedulur lan kanca kabeh. Semono uga pak Rianto, minangka tokoh ana pemerintahan dhaerah mesthi wae akeh wong sing bakal ngerti. Saben mikir mrono, isane mung pasrah. Kabeh mau gumantung marang putrane dhewe, kareben uripe seneng ing tembe ngarep urip bebarengan karo sisihan sing ditresnani,

Rosa Wulandari. Apa maneh bareng bu Ambarwati karo pak Rianto nyipati dhewe solah bawane Rosa anggone ngupaya gaweyan prasasat bantingan esuk awan bengi. Piyayi loro iku ora isa nyelaki perjuangane Rosa kanggo Tita ing tembe ngarep, ana rasa simpati marang Rosalina Wulandari.

+++++

Pramana ngancani Rosa nunggoni Tita ana rumah sakit. Sakwise kahanane Tita stabil, wis turu tenang, Pramana banjur ngeterke Rosa mulih. Ora sempat omong omong nalika tekan ngomahe Rosa, amarga Rosa kepengin enggal istirahat. Mung nalika dipamiti, Rosa nangis mingsek mingsek nang dhadhane Pram karo sambat.

*“ Mas Pram, mesakke Tita ya, muga muga enggal diparingi waras maneh. Aku wedi banget anggone mikir”.*

*“ Iya Jeng, Tita mesthi isa ngliwati masa kritis iki, mau kahanane kan wis mulai stabil. Jare dhokter mengko nek wis liwat dina ke lima, wis mulai pemulihan. Kita percaya karo dhokter sing nangani wae wong dimonitor terus”.*

*“ Mas Pram mbok nemoni ibu karo bapak, mbokmenawa ana sing arep dingendikakake tumrap sesambungane awake dhewe wong loro. Aku mau awan ya matur ibu. Nuwun sewu nek aku kumawani ndhisiki panjenengan. Ngadhapi kahanan kaya ngene aku rumangsa ora kawogan. Kaya kaya mlaku dhewekan”.*

*“ Mesthi ana dalan padhang Jeng. Aja kesilep rasa sedhik mundhak malah ora apik. Kabeh sanggan senjata abot diadhepi wong loro bebarengan. Sliramu ora dhewekan, aku tansah nang sisihmu”.*

*“ Iya mas aku percaya karo ngendikan panjenengan, ning awake dhewe uga butuh status resmi. Wong liya kan isane ndeleng awake dhewe anggone runtang runtung, ning ora ngerti apa sing kok ngendikakake nang aku”.*

*“ Kita wong loro mlaku ngayahi proses tumuju nang status resmi iku Jeng. Isih akeh prekara sing kudu dipernahke. Aku ora bakal selak. Awake dhewe mesthi urip bareng njaga Tita”.*

Sesuke Pram ngancani Rosa nunggoni Tita ana rumah sakit kanthi sabar. Dheweke ngerti kaya apa susahe atine Rosa ngadhepi sanggan abot anak lara lan kahanan bapak ibune sing kesehatane terganggu. Dheweke nyoba tansah ngancani Rosa ngadhepi bebendhu iku tanpa wigah wigih. Rumangsa menawa kabeh mau uga dadi tanggung jawabe minangka wong lanang senajan sesambungane karo Rosa durung ana status resmi babar pisan. Mula nalika Rosa nyenggol prekara status resmi mau dheweke babar pisan ora kesinggung. Bakal dirembug karo bapak ibune, jer kabeh mau bageyan saka proses sing kudu dilakoni, ora isa mlumpat mlumpat. Sore iku nalika didangu bapak ibune, Pramana matur apa anane. Wose bu Ambarwati neruske pitakonane Rosa marang Pram lan sepisan maneh ndangu kamantepane Pramana.

*“ Pram, piye kahanane Tita ? Mau Rosa panik banget nalika ditilpun saka rumah sakit. Aku karo bapakmu melu sumelang banget iki”.*

*“ Masa kritis wis kliwat bu, wis ditangani dening dhokter jaga. Mau pancen sempat kritis amarga infuse mleset angel dipasang maneh. Banjur ana tindakan bedhah minor kanggo pasang jarum infus”.*

*“ Lha kok mbok tinggal dhewekan Rosa, ora apa apa? Dheweke rumangsa dhewekan ngadhapi bebendhu iki. Sing sabar ndampingi Rosa, ben ora rumangsa dhewekan”.*

*“ Injih bu aku terus ndampingi Rosa, ora tau kendhat. Pancen kahanane lagi abot iki”.*

*“ Aku karo bapakmu pengin takon nanging kamantapanmu sesambungan karo Rosa ki piye, aja nganti setengah setengah, dalane isih dawa”.*

*“ Njih bapak ibu, kaya sing wis tak aturake, aku wis mantep arep urip bareng karo Rosa. Mung iki swasanane lagi ribet ndhaftar gaweyan, mula durung wani matur bapak karo ibu. Nasib karier ku durung jelas nganti saiki”.*

Pak Rianto krungu ature Pramana, banjur nimbrung anggone paring pangandikan.

*“ Pram, kabeh mau pancen ana proses sing kudu dilakoni. Nanging ora susah ngenteni kabeh proses kudu rampung dhisik. Nek pancen wis mantep ya enggal wae di resmekke, paling ora wis ana rembug keluwarga, ora mung dilakoni dhewe”.*

*“ Matur nuwun Bapak ibu, aku siap menawa wis ana pengumuman penerimaan pegawai nang Dheparlu. Sedhela maneh jare wis arep diumumke”.*

*“ Iya kabeh gumantung awakmu ngger, nek awakmu wis mantep bapak ibumu ya mung nyengkuyung wae melu tatacara sing kudu dilakoni”.*

*“ Matur nuwun Bapak Ibu. Aku karo ngenteni pengumuman saka Dheparlu, wektuku tak nggo ngancani Rosa anggone ngurus*

*gaweyan karo ngurus anake, si Tita. Senajan durung resmi, kaya wis dadi tanggung jawabku”.*

*“ Ya apik Pram, nek ana apa apa sing diperlokke saka Bapak Ibumu, aja ragu ragu matur wae. Rosa ya tak anggep kaya anakku dhewe. Aku karo ibumu ora mentala ndeleng dheweke panik. Muga muga Tita enggal waras.*

+++++

Wis ana limang dina Tita dirawat nang rumah sakit Pugeran. Dina kalima kahanane wis tambah apik, gejala gejalane wis ilang. Wis ora panas, ora muntah muntah, malah wis mulai doyan mangan. Perawatan sing ditampa saka para petugas rumah sakit pancen teliti. Dhemam berdarah durung ana obate sing mujarab, pengobatan lan perawatane mung kanggo ngatasi gejala lan komplikasine. Rosa karo asisten rumah tangga Suni tansah tugur nunggu nang rumah sakit. Rosa mulih menawa Tita wis turu tenang lan isa ditinggal. Pram tansah ngancani Rosa anggone nunggu Tita. Ana pengalaman penting kanggone Rosa karo Pram, nalika ngadhapi larane Tita. Wong loro kuwi banjur tambah sadhar menawa kudu tansah bebarengan ngadhapi bebendhu sing abot kaya larane Tita. Ora isa diadhapi dhewe dhewe, kudu padha padha anggone menehi dhukungan.

Dina iku Tita wis oleh diajak mulih. Pengobatan lan perawatan isa diteruske nang ngomah. Kesuwen nang rumah sakit uga ora apik amarga rumah sakit kuwi panggonan sing kebak jasad renik sing isa dadi sumber penularan lelara maneka warna. Pramana ngancani Rosa methuk Tita diajak mulih nang omah butik AW. Pak Setiawan karo bu Rina, isih lenggah nang Yogja, durung kondur nang Pekalongan. Seneng banget nalika

nyumurupi menawa putune Tita wis mulih awan iku. Senajan kesehatane wis ora kaya wingi wingi, nanging rasa tresnane priyayi loro iku marang wayahe tansah makantar kantar. Wayahe Tita dadi sumber semangat pasangan sepuh iku. Uga rumangsa mongkog lan seneng dene Pramana, senjata dudu bapak kandhunge Tita, tansah tuhu ngancani Rosa melu nunggoni nang rumah sakit. Beda adoh kaya bumi lan langit karo solahe Dhedhi Sumaryono, bapake kandhung Tita sing ora tau ana perhatian marang Tita, malah ninggal glanggang colong playu nglirwakke kuwajibane minangka bapak lan kepala keluarga. Mula nalika Rosa, pisahan karo Dhedhi Sumaryono, senjata gawe sedhik nanging ya dadi longgar penggalih tumrape pak Setiawan karo bu Rina. Pandongane muga muga Rosa karo Tita isa mlaku nir sambekala ing tembe ngarep. Saiki pangarep arepe lan pandongane muga muga Pram karo Rosa sesambungane isa langgeng.

*“Matur nuwun ya nak Pram, dene sliramu tansah ngancani Rosa nunggu Tita nang rumah sakit pirang pirang dina iki. Lega lan seneng banget atiku dene putuku Tita wis mari lan mulih ngomah. Aku karo bapakmu tansah keweden nang ngomah nunggu perkembangane Tita”.*

*“ Injil mboten menapa bapak ibu, sampun dados kuajiban kula kedah mbiyantu lan ndhampingi dik Rosa menawi wonten bebendhu menapa kemawon. Panci sampun kula antepi. Mugi mugi Tita enggal pulih kesehatanipun kados wingi wingi”.*

*“ Iya nak Pram, aku karo ibumu isane ya mung ndedonga muga muga awakmu karo Rosa isa tansah rukun lan seneng ing tembe ngarep. Rosa isa ngancani awakmu nggayuh karier profesimu”.*

*“ Kasinggihan bapak kaliyan ibu, menika kula nembe ngentosi pengumuman saking Dhepartemen Luar Negeri, prekawis penerimaan pegawai enggal. Sampun tumut ujian tulis kaliyan lisan”.*

*“ Iya tak dongakke muga muga kasembadan kabeh sing kok idham idhamke ya”.*

Ora suwe anggone wawan rembug antarane Pram karo pak Setiawan lan bu Rina, nanging Pram rumangsa kaya ditanting prekara sesambungane karo Rosa, kok ora enggal enggal dirembug resmi dening wong tuwa. Mumpung pak Setiawan lan bu Rina isih lenggah nang Yogja, mbokmenawa luwih gampang dirancang patemon karo bapak ibune. Menawa ndadak kudu nang Pekalongan wektu iki, rasane kok nylepek banget. Dheweke sak wayah wayah nunggu pengumuman saka Departu.

+++++

Reni rumangsa lega uga seneng banget nalika krungu menawa Tita wis mari lan wis mulih saka rumah sakit. Dheweke lagi tugas kepaniteraan klinik nang lapangan, mula ora isa melu ngancani Rosa anggone nunggu Tita. Sore iku bubar tugas lapangan, dheweke ngelegakke niliki Tita nang omah butik AW. Ana perlu wigati liya karo Rosa, pengin ana urusan sing dheweke kudu konsultasi karo Rosa. Wose dheweke pengin takon luwih jlentreh prekara Dhedhi Sumaryono, mantan sisihane Rosa. Rikala gawe layang pernyataan tertulis menawa wis ora bakal ngganggu gugat tumrap sesambungane karo Rosa, Dhedhi Sumaryono omong blak blakan menawa tetep pengin kontak karo Reni babagan urusan sesambungane karo anake Tita. Rumangsane Reni ya mung prekara gegayutan

karo hak nemoni Tita. Ananging wola wali Dhedhi kok tilpun dheweke kandha menawa pengin ketemu karo dheweke, ora gegayutan karo Tita. Terus ana urusan apa ? Paling pas dheweke kudu konsultasi marang Rosa, sing wis nate urip bareng karo Dhedhi.

*“ Mbak Rosa, aku melu seneng lan lega dene Tita wis mari lan mulih ana ngomah. Nyuwun pangapuramu aku ora isa tilik nalika Tita nang rumah sakit. Lagi ko skaap nang Bagian Kesehatan Masyarakat, kudu stasse nang Mangunan seminggu”.*

*“ Ora apa apa dhik Reni, Tita wis mari. Maune ya ngliwati wektu wektu kritis, nganti entek atiku. Dadakan di tilpun kudu teka nang rumah sakit. Untunge tekan kana, masalahe wis teratasi. Jarum infuse mleset, ora kasil dipasang maneh, terus nglakoni bedah minor nggo masang jarum infus. Untung tansah dikancani mas Pram”.*

*“ Muga muga Tita enggal pulih satus persen ya mbak Rosa. Nuwun sewu nek ora kabotan aku arep matur konsultasi sithik”.*

*“ Matur nuwun alhamdulillah, Tita wis sehat. Arep konsultasi apa dhik?”*

*“ Ngene lo mbak, sakwetara minggu kepungkur nalika pak Dhedhi karo pengacarane pak Azis gawe layang pernyataan kae, dheweke njaluk tetep ana jalur komunikasi karo aku. Tak iyani wae rikala semana, lan ora mlebu ana surat pernyataan”.*

*“ Lha terus ana apa genahe? Dheweke butuh apa maneh?”*

*“ Aku ora ngerti mbak, mung sakwetara dina iki dheweke kerep tilpun aku. Omongan ngalor ngidul tanpa tujuan. Malah minggu ngarep iki pengin ketemu aku mrene. Jare ora gegayutan karo mbak Rosa utawa Tita. Mligi pengin ketemu aku ngono. Aku bingung apa perlu*

*tak iyani. Aku gathuk karo dheweke kan merga aku makili mbak Rosa sak jane. Lha iki kok kepengin ketemu aku dhewe ora gegayutan karo mbak Rosa utawa Tita”.*

*“ Wah aku ora ngerti apa apa dhik urusan kuwi. Ning njenengan kudu tetep ati ati, apapun tujuan pertemuan kuwi mengko”.*

*“ Iya mbak aku bakal ati ati. Mula aku pengen takon mbak Rosa prekara sipate pak Dhedhi kuwi. Kok banjur pengen ketemu karo aku dhewe”.*

*“ Iya dhik aku pancen mantan sisihane Dhedhi, nanging terus terang aku kan durung tau urip bebarengan kanthi normal. Sakwise dadi sisihane, apa maneh nalika Tita lahir dheweke wis lunga saka Pekalongan lan saka uripku. Aku rumangsa cedhak karo Dhedhi nalika jaman pacaran kae, hura hura saben akhir pekan. Kuwi thok. Aja ditakoni kahanan sesambunganku sak suwene dadi sisihane. Malah kaya urip dhewe je”.*

*“ Ngono ya mbak. Apike apa tak iyani anggone pengen nemoni aku?”*

*“ Kuwi gumantung marang awakmu dhik Reni. Mung welingku kudu tetep ati ati. Aja kepilut manise lambe lan salah bawane nang njaba. Aja kaya aku kepilut seneng ning ndang resmi dadi bojo malah kaya urip dhewe”.*

*“ Iya mbak matur nuwun banget. Tak pikir pikire sing jero. Kepentinganku apa kok kudu ketemu pak Dhedi”.*





Bab 27

## Dalane Wis Padhang

**E**suk iku Rosalina nembe wae mlaku-mlaku nlusuri dalan-dalan sak ubenging kampung Ngadisuryan sing isih sepi. Atine lega dene anake Tita wis mari, pulih kaya wingi wingi. Uripe prasasat peteng ndedhet lelimengan rikala Tita lara dhemam berdarah lan dirawat nang rumah sakit. Nganti kritis sedhela, untung isa diatasi dening dhokter dhokter nang rumah sakit Pugeran. Praupane sing maune tansah suntrut, wis bali semringah cemlorot kaya sunare surya wayah esuk iku. Prupane wis katon ayu, ora kasaput mega kaya wingi-wingi. Mlaku mlaku wayah esuk kanthi rengeng-rengeng nang jroning ati. Wis isa turu angler lan istirahat kanthi ati lerem. Tita esuk mau isih bubuk, durung tangi. Rosalina enggal-enggal pengin mulih ketemu Tita. Atine lega seneng, mung sayange esuk iku Rosalina Wulandari mung mlaku-mlaku dhewekan, ora dikancani Pram, priya sing ditresnani lan tansah dikangeni.

Ewasemana Rosa uga atine tetep mongkog lega ilang ruweting atine amarga krungu kapesthen saka Pram lan bapak ibune menawa sesambungane sedhela maneh wis bakal karesmekake. Mung kari nunggu wektu wae.

Dheweke rumangsa bingung nalika dicritani Reni menawa mantan sisihane, Dhedhi Sumaryono, kok jare arep ketemu karo Reni, ananging ora ana gegayutane babarpisan karo Tita lan dheweke. Ana apa ? Kamangka Reni isa gathuk karo Dhedhi amarga ndhampingi Tita lan makili dheweke, rikala Dhedhi karo pengacarane gawe kisruh sakwetara minggu kepungkur. Apa Dhedhi ana urusan pribadi karo Reni? Pungkasane dheweke ya mung mupus. Gegayutan karo Dhedhi wis dudu urusane maneh. Wis dudu sisihane Dhedhi. Sesambungan karo Dhedhi wis cuthel suwe, wis dikubur nang njero atine. Ora perduli Dhedhi arep sesambungan karo sapa, dudu urusane. Sak upamane Dhedhi sesambungan karo Reni ing tembe ngarep, kamangka Reni cedhak karo Pram lan dheweke, ateges Dhedhi bakal terus cedhak nang uripe. Kuwi sing dikuwatirake Rosa, sliweran karo mantan sisihane sing sak jane atine isih lara amarga ditinggal gelanggang colong playu. Ah durung tentu nganti semono. Reni terpelajar, calon dhokter, pinter mosok arep kepilut karo Dhedhi, priya avonturir ora nggenah. Sak bisa bisa dheweke bakal ngupayani ben Reni aja nganti kepilut wong iku.

Bubar mlaku mlaku sedhela esuk iku, Rosa gageyan mulih. Tita durung tangi. Papi lan mamine uga isih ana kamar, mbokmenawa rada telat anggone sare mau bengi. Rosa njupuk juice jeruk saka kulkas terus mara menyang pendhapa ngarep. Dheweke arep maca koran KR sing diselehke nang lawang dening looper esuk mau. Lagi wae mapan arep maca,

dumadakan ana swara sepedha mlebu pekarangan. Pramana teka nganggo pakean sport warna biru. Praupane katon seneng semringah, gita gita anggone nyalami lan ngrangkul kenceng Rosa.

*“Piye Jeng kahanane Tita?. Muga muga enggal pulih ya. Ana kabar nyenengake, aku wis ditampa nang Dheparlu. Dina Senen minggu ngarep iki kudu wis lapor nang Jakarta”.*

*“ Proficiat ya mas, melu lega banget atiku, mak plong rasane. Wah seneng banget dina ki kanggoku. Tita wis mari, panjenengan ditampa nang Dheparlu. Iki Tita isih bubuk. Wis matur bapak ibu mas prekara kabar apik mau”.*

*“ Wah aku lagi mbukak surat panggilane mau bengi, durung sempat matur bapak ibu. Aku budhal mau isih durung wungu”.*

*“ Mas iki warta gedhe tur penting. Apike esuk iki kudu matur Bapak Ibu, aja nganti katalompen. Mesthine bapak ibu ya ngantu antu banget. Rena banget penggalih nek mireng warta iki. Wis aja nganti kepencial bapak tindak kantor. Kondur dhisik matur, sedhela engkas aku nyusul”.*

Pram wis lega isa menahi weruh marang Rosa prekara warta apik sing ditunggu tunggu. Bener kandhane Rosa menawa dheweke kudu cepet cepet matur bapak ibune. Bapak ibune ya tansah ngantu antu anane warta iku. Amarga nek nganti mleset, bapake wis bola-bali ndhawuhi supaya nglebokke lamaran nang pemerintah dhaerah. Pramana kanthi ati sing mongkog lan seneng, numpak sepedhane bali nang ndalem Nagan. Alon alon ora kesusu anggone mancal pedhal sepeda kanthi semringah, kaya kaya lagi nglakoni laku tumuju tembe ngarep ana ing jalur karier profesine. Angin esuk semribit

lembut gawe kahanan tentrem tata raharja kanggone sok sapa sing nyipati. Pak Rianto lan ibu Ambarwati lagi lenggahan nang ruang tengah ngunjuk teh karo dhahar buah kaya adat sabene. Rada kaget nalik pirsane tekane Pram sajak gita gita saka njaba. Dikira Pram isih durung tangi, tibake malah wis metu dhisik. Pram rada kesusu enggal matur nganti rada kamisosolen.

*“Bapak ibu, ana warta apik banget esuk iki. Hmmm bapak ibu mesthi rena banget mengko”.*

*“Iya lik, ana apa ora susah kesusu, kok tata atimu terus matur sing gamblang”, Bu Ambarwati ngendikani.*

*“Bapak ibu aku wis ditampa nang Dheparlu. Lagi ngerti mau bengi pas mbukak surate”.*

Pram ora isa crita dawa mung terus ngrangkul ibune karo bapake. Nek pas swasana ngene iki katon banget nek dheweke cedhak banget karo bapak ibune. Semono uga bu Ambarwati lan pak Rianto, kekarone nganti kegawa emosi nampa pawarta apik iku. Bu Ambarwati nganti mbrebes mili, semono uga pak Rianto. Seneng banget dene putra tunggale wis ketampa ana bidhang sing wis suwe di impi impi, donyane dhiplomat. Ananging iya ana rasa keranta ranta nang njero ati amarga bakal urip pisah karo putra tunggal sing banget ditresnani.

*“Slamet ya lik, bapak ibumu melu seneng banget. Rasane kaya entuk wahyu esuk iki”.*

*“Matur nuwun banget bapak ibu, donga lan pangestune bapak ibu sing ndadekke aku mantep”.*

*“ Mengko aja lali tilpon pakdhe Naryo karo budhe Sunarti. Rosa wis kok wenehi weruh ?”*

*“ Uwis ibu, ketemu pas sepedhahan lagi wae. Sedhela engkas rak nyusul mrene”.*

*“ Kahanane Tita piye ? Apa wis pulih maneh?”*

*“ Jare wis apik bu senjata durung pulih satus persen kaya wingi wingi”.*

Ora sak wetara suwe Rosalina Wulandari uga wis teka nang Nagan. Numpak sepedha amarga pancen cedhak. Rosa enggal enggal ngaturi salam karo ibu Ambarwati lan pak Rianto. Dheweke ngrangkul bu Ambarwati, ngaturke panuwun dene wis didhampingi sak suwene ana bebendhu, anake Tita lara nganti dirawat nang rumah sakit. Terus ngrangkul Pram nang ngarepe bapak ibune, ngucapke slamet anggone wis ditampa nang Dheparlu. Mbokmenawa ya disengaja anggone ngrangkul Pram, ben bu Ambarwati lan pak Rianto ora tida marang kamantepane dheweke anggone arep urip bareng karo Pramana. Pak Rianto banjur ngendika sareh.

*“ Iya mbak Rosa atwake dhewe kumpul esuk iki, nampa berkahing Gusti, Tita wis mari pulih sehat, Pram ndilalah ya ketampa lamarane nang Dheparlu. Kita kabeh bersyukur tekane berkah mau. Bebendhu ora bakal ana sak lawase, mesthi bakal liwat saka uripe menungsa”.*

*“ Injih Bapak, kula kados pikantuk wahyu enjang menika. Anak kula sampun sehat, dene mas Pram sampun katampi kados ingkang pun impi impi”.* Bu Ambarwati banjur sumela ngajak sarapan dhisik.

*“ Mbok wis ayo dha sarapan bareng. Mau kayane Siyem wis tata dhahar sarapan. Sak anane”.*

Sinambi kembul sarapan pak Rianto, bu Ambarwati, Rosalina Wulandari lan Pramana regeng anggone rembugan. Cetha banget menawa atine padha seneng lan lega, kaya dene nampa wahyu saka Gusti Kang Murbeng Dumadi.

*“Banjur kudu lapor nang Dheparlu kapan awakmu Pram?”*

*“ Minggu ngarep iki kudu lapor nang kantor Departemen Luar Negeri, Pejambon, Jakarta, bapak ibu. Aku rencana arep budhal dina Minggu, tekan Jakarta langsung lapor nang kantor esuke”.*

Bu Ambarwati nyela ature Pramana, *“ Apa ora nylepeg banget ta lik nek budhal Minggu, lha mengko nek sepure telat piye?”*

*“ Pendhaftaran ulang ora mung sedina ibu, dina Senen iku dudu dina pungkasan, yen ora kleru nganti akhir minggu”.*

*“ Oo ngono ta, sing penting aja nganti telat anggone lapor. Uga digawa syarat syarat kelengkapane sisan, kaya ijazah ijazah, surat tanda penduduk, surat keterangan kelahiran, surat bebas G30S lan kelakuan baik lan sak panunggalane”.*

*“ Injih Bu kabeh wis tak siapke. Mung biasane sakdurunge resmi dilantik, mesthi ana acara penataran persiapan calon pegawai dhisik. Durung ngerti kapan mengko acara iki bakal dianakke. Mbokmenawa nek ora suwe ya nunggu nang Jakarta, ning nek isih suwe aku ya mulih dhisik nang Yogya”.*

*“ Iya lik kudu teliti lan ati ati. Kleru sithik biasane gageyan anggone nyoret calon pegawai ben isa diganti calon liya”.* Pak Rianto nrambul paring pangandikan. Krungu keterangane Pram,

Rosa rada kuwatir nek mbokmenawa anggone nang Jakarta nganti suwe, banjur usul.

*“ Bapak ibu lan mas Pram, menawi kepareng kula pengin sanget badhe tumut ndherekaken mas Pram dhateng Jakarta. Namun sedinten kalih dinten, mboten teras ngantos rampung sedaya”.*

*“ Oo ya ora apa apa mbak Rosa, aku isa ngawat awati lakune butik AW. Aja lali matur papi lan mami, disuwun ngawat awati Tita”.*

*“ Ngestokaken dhawuh ibu. Mangke kula siap siap. Mas Pram mumpung isih ana sakwetara dina, berkas persyaratan diperiksa maneh. Nek ana sing kurang dilengkapi dhisik, tinimbang wis tekan Jakarta kok ana dokumen sing kurang”.*

Rosalina Wulandari rumangsa seneng banget dene isa ngeterke Pram menyang Jakarta sak perlu pendhaftaran ulang calon pegawai negeri sipil. Dheweke wis kangen banget karo Pram, pirang pirang dina iki kabeh wektune kanggo nunggu lan ngupakara larane Tita. Muga muga kabeh diparingi lancar.

+++++

Reni tansah jenjem atine nunggu tekane dina sing dikandhakke Dhedhi Sumaryono nang layang, anggone bakal nang Yogja nemoni dheweke. Dheweke ora aweh wangsulun layang iku, atine tida tida, ngapa kudu ketemu Dhedhi nek ora ana urusane karo Tita lan ibune Rosalina Wulandari. Dhedhi arep nemoni anake si Tita. Nang njero ati, Reni mung pasrah, manut wae marang ilining banyu, wong dheweke ora tau menahi janji apa apa marang Dhedhi. Nek teka ya ditemoni, tanpa ana ikatan apa apa. Gedhe cilike, ‘with no commitment from either side’. Ketemu ngono wae karepe apa. Dheweke

uga krasa nelangsa, wong sing rasane cedhak lan tansah diarep arep, dhokter Andhi seniore, ya ora tau awèh kabar. Wis pirang pirang sasi tugas ana rumah sakit dhaerah nang luar Jawa. Dheweke banjur pasrah, amarga Andhi ya durung tau awèh tembung ketegasan tumrap sesambungane karo dheweke. Ora perlu ngarep arep sing durung mesthi. Ora ana eleke ketemu priya liya, wong mung patemon sesrawungan biasa.

Dina Sabtu sing dikandhakke Dhedhi, sengaja bubar saka lapangan anggongne ko skaap, Reni ora lunga lunga. Menawa pengin lunga ya mung nemoni Rosa karo niliki Tita sing mentas dirawat nang rumah sakit. Dina iki mung nang ngomah wae, nyiapke laporan karo nyetel lagu lagu endah senengane, lagu lagu semi klasik lan lagu lagu lawas tahun seketan. Bapak ibune, pak Hartono lan bu Leni Setyawati, lagi tindakan nang luar kota. Bapake pejabat salah sijining kantor dhinas propinsi, Dhinas Sosial, dene ibune aktivis perempuan lan hak azasi manusia, loro lorone tansah sibuk senajan akhir pekan.

Bubar adus sore Reni lungguhan nang njaba ngadhepke pekarangan mburi sing kebak tanduran kembang manekawarna. Sinambi ngrungokke siaran radhio swasta Reco Buntung sing wektu kuwi nyiarke lagu lagu kenangan. Dumadakan dikandhani dening asisten rumah tangga, menawa ana tamu nang ngarepan, jenenge pak Dhedhi. Senajan wis nggraita, nanging ya panggah wae atine kaget nalika dikandhani mau. Reni alon alon metu menyang pendhapa ngarepan nemoni tamune. Atine digawe tatag, rumangsa nek ora ana janji apa apa marang tamune. Reni mbagekke tamune kanthi sareh lan formal.

*“Sugeng sonten pak Dhedhi. Mangga lenggah kok piyambakan ora karo pak Azis”.*

*“ Matur nuwun Jeng Reni, ora ana urusane karo pak Azis, aku mung pengin nemoni sliramu pribadi dhewe wae”.*

*“ Ana gegayutan apa ta pak Dhedhi karo aku. Aku gathuk karo penjenengan amarga makili mbak Rosa lan ndhampingi putrine si Tita, nalika pak Dhedhi pengin weruh Tita kae. Ora gamblang maksudmu kanggoku rawuh rene”.*

*“ Nuwun sewu Jeng Reni. Ora ana gegayutane karo Rosa apadene Tita. Tekaku mung pengin silaturahmi karo sliramu nek ora kabotan”.*

*“ Matur nuwun pak Dhedhi, sesambungan pasrawungan apik apik wae. Ning ora ana janji lan ikatan apa apa antarane awake dhewe”.*

*“ Ora perlu janji lan ikatan apa apa, mung sesrawungan kekancan wae wis luwih dening cukup kanggoku”.*

*“ Nuwun sewu aku uga ora seneng menawa alasane pak Dhedhi kekancan karo aku, mung kanggo batu loncatan ngawat awati golek sisik melik tumrap uripe mbak Rosalina Wulandari lan kangmasku sinarawedi mas Pramana Enggar Kusuma. Mbak Rosa lan mas Pram ora isa diganggu maneh, mesthi bakal urip bebrayan ing tembe ngarep”.*

*“ Ora tekan semono maksudku Jeng Reni. Aku mung pengin mbangun kekancan sing bermartabat”.*

*“ Apa sing kok karepke pak Dhedhi?. Apa sesambunganmu karo mbak Rosa sing wis kepungkur iku ora bermartabat ?”*

*“ Menungsa ora luput saka kesalahan. Aku ngrumangsani salah ninggalke Rosa karo Tita. Kesalahan sing ora isa dingapura. Aku pengin nglalekke lan duwe sesambungan kekancan sing bermartabat karo njenengan”.*

*“ Ngapa kudu aku ? Aku ketemu njenengan amarga makili mbak Rosa lan ndhampingi Tita. Ora luwih saka iku”.*

*“ Angel lehku arep crita. Aku duwe kesan jero meruhi sikapmu nalika makili Rosalina. Aku ora nuntut akeh akeh mung sesambungan srawung biasa. Mung terkesan banget sikape sliramu sing lugas tanpa tedheng aling aling. Tansah kelingan, matur nuwun”.*

*“ Kaya sing wis tak kandhakke nang ngarep aku ora seneng kanggo batu loncatan, uga ora seneng terikat janji. Ben wae sesrawungan mili kaya ilining banyu”*

*“ Matur nuwun, kuwi wis luwih dening cukup kanggoku”.*

Asisten rumah tangga ngaturi unjukan teh anget karo gedhang goreng. Reni neruske anggone omong omong kanthi sareh. Reni uga menahi weruh Dhedhi menawa dheweke wis omong karo Rosa lan Pram nek arep ditemoni Dhedhi. Ora perlu diumpetake amarga pancen ora ana sesambungan istimewa apa apa antarane dheweke karo Dhedhi. Ora nganti setengah jam Dhedhi wis pamitan mulih, dheweke nginep ana Yogja nang omah kagungane bapak ibune sing dinggoni nalika kuliah nang Yogja. Reni wis lega rumangsa ora ana beban bisa mangsuli panjaluke Dhedhi. Mung nang njero atine ana rasa mongkog dene wong kaya Dhedhi, sing jare adigang adigung lan adiguna, kok kewetu menawa terkesan karo sikape dheweke sing lugas nalika ngadhepi Dhedhi lan pengacara Azis. Mak nyut kelingan dhokter Andhi kancane cedhak sing

tansah diarep arep, kok malah durung tau ngalem dheweke ya.  
Gage anggone mupus, menungsa manekawarna, beda sikap  
lan pikirane.





## Miwiti Lakuning Karier

*D*ina Minggu sore Pramana budhal menyang Jakarta, sak perlu pendhaftaran ulang ana Dhepartemen Luar Negeri kaya sing kasebut ana ing surat panggilan. Rosalina Wulandari ngancani Pram budhal menyang Jakarta. Rosa ora bakal suwe nang Jakarta, udakara mung rong dina amarga kudu ngawat awati lakune butik AW. Senajan mung sedhela nanging kanggone Rosa, ngeterke Pram menyang Jakarta, duwe teges sing penting. Kayadene ngancani Pram anggone miwiti lakuning karier. Bakal diteruske urip bareng sak lawase ndhampingi Pram ngrambah karier profesi ing jagade dhiplomasi. Atine ora tida, ora wigih, Pram priya sing banget ditresnani, senajan lagi kenal sakwetara wulan. Semilire angin sore, adhem lan lembut, gawe tentreming atine wong loro mratandhani katresnan sing lagi ngrembaka. Ora isa diselaki maneh nek loro lorone pancen padha tresnane, ora mung keplok sak sisih. Sak dawaning dalam tumuju Jakarta, Rosa tansah sumendhe ana bahuné Pram, tangane nggegem raket priya kekasihe. Gunemane ora

akeh, mung tansah ngelingake proses sesambungane wong loro sak wise kenalan sepisanan ana bis Bandhung Express sakwetara wulan kepungkur.

*“ Mas Pram, njenengan isih kelingan nalika ketemu sepisanan nang bis malam jurusan Yogja – Bandhung kae ya?”*

*“ Iya ora bakal lali ta Jeng, kanggoku iku tetenger utawa milestone penting nang uripku”.*

*“ Apa njenengan jaman semono yakin nek awake dhewe isa nganti raket kaya ngene? Wektu iku rasaku mung seneng, ning ora ngimpi nek nganti bakal raket kaya ngene”.*

*“ Kabeh wis ana sing ngatur dalaning urip. Awake dhewe mung melu ilining banyu. Nuruti proses alamiah, sesambungan antarane titahing Gusti”.*

*“ Wektu iku panjenengan babar blas durung ngerti sapa aku, kaya ngapa riwayat uripku sakdurunge, ning kok nganti ketarik neruske patemon sing mung sedhela banget ana njeroning bis malam, kena apa mas ?”.*

*“ Kaya sing kerep tak kandhakke. Urip kuwi prasasat kaya mlaku adoh, ketemu kanca akeh nang ndalan, padha padha lagi ngayahi laku. Ana sing mung sempat asung salam, ana sing sempat crita tukar pengalaman, ana sing banjur mlaku bareng sedhela, ananging banjur sowang sowang bali mlaku nang dalane dhewe dhewe maneh. Nanging ana uga sing banjur mlaku bebarengan, nek tujuan lan wiramaning urip padha, nganti tekan ana ing pungkasaning laku. Mbokmenawa awake dhewe klebu golongan iki. Ora isa tak udharke kena ngapa, dilakoni wae”.*

*“ Pangarep arepku mas Pram, aku bakal bareng karo njenengan nganti pungkasaning laku”.*

*“ Kita tansah ndedonga karo Gusti muga muga kaleksanan impene awake dhewe wong loro”.*

Rosa keturon nang pundhake Pram. Ngimpi endah manekawarna tumrape urip ing tembe ngarep karo Pramana. Sedhela sedhela Pramana mbenerke posisine Rosa. Pikirane ya nglangut nang awang awang mbayangke kaya apa mengko dalam kariere, uripe bebrayan karo Rosa. Ora isa dijawab kanthi gamblang, mung kudu diantepi lan dilakoni. Wong loro keturon bareng kasaput ing alam impen sing endah.

Ngerti ngerti wis parak esuk nalika tekan ana stasiun Senen. Swasanane rame rada semrawut, kahanan sing wis biasa nang panggonan umum kaya stasiun. Kudu tansah waspada lan ati ati, aja nganti lena kelangan amarga copet lan jambret. Stasiun panggonan umum kanggo masyarakat yen arep budhal lan teka saka lelungan. Nanging ora isa diselaki menawa stasiun uga asring dadi susuhing durjana, jambret lan tukang copet. Pramana nyangking tas lan nyangklong ransel karo nggandheng Rosalina kanthi tatag lan waspada. Dheweke sadhar nek kelangan salah siji dokumen nang tase, padha wae karo bakal cuthel lakune, golek salinan dokumen sing ilang ora gampang. Wong loro banjur numpak taksi tumuju nang penginapan ing kompleks TIM, Taman Ismail Marzuki.

Tekan TIM isih sepi, udakara lagi jam enem esuk. Pram banjur pesen kamar ana ngarep kaya biasane menawa dheweke nang Jakarta. Kamar mandhine ana njaba, kudu gentenan. Malah kerep kudu antre menawa arep nang kamar mandhi.

Mumpung isih esuk wong loro enggal gentenan anggone adus. Bubar adus leren sedhela nang kamar. Rosalina durung dandan lan ganti salin. Dheweke isih kemul kimono andhuk karo ngrungokke radhio. Nalika Pram rampung anggone adus, mrangguli Rosa isih ngliga atine nratap kaget. Ambegane mundhak cepet. Banjur ngrangkul lan ngarasi Rosa kanthi raket. Rosa ora suwala mung mbales ngrangkul raket Pram.

*“ Nek wis mantep tekan kono mas, aku wis siap lan pasrah”* . Rosa lamat lamat ngrintih omong marang Pram. Krungu tembungé Rosa, Pramana malah kaya dielingke, durung wayahe, aja ndhisik. Dheweke nglonggarke anggone ngruket Rosa.

*“ Sareh dhisik ya Jeng, durung wancine. Sedhela engkas mesthi dadi duweke dhewe wong loro”* .

*“Iya mas Pram aku mung ndherek. Ora kesusu senajan rasane wis pengin banget”* .

Wong loro enggal enggal dandan. Nyedhaki jam pitu banjur menyang kafetaria ing sisih mburi. Wis ana sakwetara tamu padha sarapan. Pram lan Rosa pasangan nom noman sing nggantheng lan ayu, prasasat kaya pasangan Dewa Kamajaya karo Dewi Ratih. Narik kawigatene para tamu. Pram nganggo celana ireng karo hem putih, dene Rosalina nganggo setelan celana putih lan ndhuwuran blouse katutup blazer. Pasangan gagah lan anggun mibawani. Sarapan sega goreng karo endhog ceplok, sinambi wedang kopi lan teh anget. Bubar sarapan pasangan iku banjur budhal menyang Pejambon numpak taksi.

Tekan Pejambon wis ngancik jam wolu. Lagi ana apel nang halaman. Para pegawai mesthine melu upacara bendhera. Pramana karo Rosa ngenteni sak utara, ana wektu sethithik kanggo mlaku mlaku sak dawaning trotoir sak ubenging Gedhung Dhepartemen Luar Negeri. Bubar upacara wong loro mara nang resepsionis, lapor menawa arep pendhaftaran ulang calon Pegawai Negeri Sipil. Didudukke supaya langsung nang Biro Kepegawaian. Wong loro banjur mara nang Biro Kepegawaian. Masrahake dhokumen dhokumen asli, kaya ijazah, kartu tanda penduduk, surat keterangan sehat, surat bebas G30 S/PKI, surat kelakuan baik, surat keterangan keluarga lan sak pangunggalane. Dhokumen dhokumen mau bakal di teliti dening Tim Skrining. Bubar skrining dhokumen dhokumen asli bakal dibalekke, sementara kanggo identitas diri nganggo surat tandha pengenalan sementara. Pram uga diwenehi weruh nek kudu melu penataran dhasar prajabatan kanggo calon pegawai negeri sipil suwene rong minggu ana ing Wisma Pusdhiklat Departemen Luar Negeri ing Megamendhung Cipayung, wiwit minggu ngarep. Dina Minggu awan wis isa mulai mlebu nang Wisma Pusdhiklat.

Sakwise kabeh beres, Pram nyoba nemoni ibu Mila, sekretaris pak Hartadi apa dheweke isa ngadhep pak Hartadi ? Ora lali Rosa nggawa batik saka butik AW minangka tandha tresna kanggo bu Mila. Semono uga ngaturi kenangan arupa bathik sarimbit kagem bapak Hartadi sekaliyan, kreasine ibu Ambarwati. Mengko awan isa ketemu pak Hartadi ana kafetaria, amarga wektune wis penuh dina iku. Rosalina Wulandari lega banget dene Pramana wis masrahake dhokumen lengkap ora kurang sawiji apa. Atine mongkog lan seneng nyumurupi kahane kompleks Dhepartemen Luar

Negeri, pancen megah lan mibawani. Gedhung gedhung sing sering kasebut ana ing pelajaran sejarah, kebak crita sejarah perjuangan dhiplomatik NKRI. Pram karo Rosa kanthi tandha pengenalan sing diwenehke dening resepsionis mau esuk nyoba keliling ndeleng kahanan gedhung gedhung nang kompleks Departemen Luar Negeri.

Jam 1200 awan Pram karo Rosa tumuli nuju nang kafetaria. Sakloron mara nang meja sing wis dipesen dening bu Mila. Swasana tenang tertib kabeh tinata apik. Rosa saya seneng nyipati swasana sing teratur iku, biasane sing jenenge kafetaria nang kantor kantor pamarentah mesthi rame. Ora let suwe pak Hartadi wis rawuh, gageyan Pram anggane ngaturi salam karo ngenalke pacangane Rosa.

*“ Ngaturaken sugeng Bapak. Ugi salam kinurmatan saking bapak ibu ing Yogja. Ndherek nepangaken menika pacangan kula Rosalina Wulandari”.*

*“ Iya mas Pram, proficiat wis ketampa nang Dheparlu, ana jagading dhiplomasi. Terima kasih banget kirimane saka ibu lan bapak, dhiajeng Ambarwati lan dhimas Rianto. Iki mbak Rosa saka ngendi ?”*

*“ Matur nuwun sanget Bapak, kula sampun pun paringi pitedah anggen kula ndhaftar pegawai wonten mriki. Bathik punika namung tandha trisna saking bapak kaliyan ibu, rancanganipun ibu piyambak ingkang pun produksi butik AW. Butik AW nembe kemawon wiwit, kompanyon antawisipun ibu lan Rosa menika. Rosa suwau gadhah usaha bathik wonten Pekalongan”.*

*“ Oo dadi AWki Ambarwati & Wulandari ya. Selamat ya mbak Rosa dene wis melu memetri karya kabudayan bangsa sing jenenge bathik.*

*Aku dudu ahli bathik ning ngerti sithik sejaraha. Bangga aku dene mbak Rosa karo dhiajeng Ambarwati wis melu berjuang memetri bathik ing jaman modern iki”.*

*“ Ayo dha pesen apa menu sing disenengi. Aja wigah wigih, sisan karo sukuran kanggo mas Pramana wis ketampa dadi calon dhiplomat”.*

Pram karo Rosa manut rekomendhasine pak Hartadi anggone milih menu. Bestik sapi ladha hitam karo kenthang, menu istimewa kafetaria. Regeng anggone pangandikan. Rosalina Wulandari akeh nyuwun pirsu prekara kegiatan dhiplomasi budhaya sing kerep dianakke dening Dheparlu. Dene Pram luwih akeh menenge. Dheweke wis rumangsa begja kemayangan isa ketampa nang Dhepartemen Luar Negeri. Mung mbayangke lakuning karier ing mbesuke. Watara jam siji acara makan siang rampung. Pak Hartadi kudu ngestreni rapat maneh jam setengah loro. Sepisan maneh Pram atur panuwun marang pak Hartadi. Karo kaca kaca pak Hartadi ngendika

*“ Nek ketemu pakdhemu kangmas Naryo Djojokusumo karo mbakyu Sunarti, salamku kagem beliau berdua, Bedhono - Setia Sampai Akhir. Salam kagem rama ibumu ya mas Pram, dhimas Rianto lan dhiajeng Ambarwati. Suwe banget ora ketemu. Mbak Rosalina karo Pram, muga muga tansah lancar pinaringan dalam sing kepenak. Tak dongakke butikmu tansah ngrembaka”.*

*“ Matur nuwun sanget Bapak. Mboten saged atur piwales dhateng pambiyantunipun pak Hartadi. Nyuwun pangestu”.*

Pramana karo Rosalina Wulandari banjur bali menyang penginepane ana kompleks TIM. Pram ora mulih maneh nang

Yogja amarga dina Minggu wis kudu mlebu nang Pusdhiklat Megamendhung. Dene Rosa kudu mulih nang Yogya sak cepete amarga akeh gaweyan sing kudu diurus.

*“ Jeng aku apike tak nunggu sisan anggone pra jabatan minggu ngarep. Ora susah mulih dhisik nang Yogja ya. Ning upama sliramu mulih liwat Bandhung ngono kepriye, awake dhewe sowan pakdhe Naryo. Ora akeh kesempatan amarga bubar prajabatan mesthi langsung kudu mulai kerja?”*

*“ Aku ndherek mas. Wengi iki nginep nang Jakarta dhisik. Sesuk esuk budhal Bandhung, sowan pakdhe Naryo, terus sorene aku langsung balik Yogja ora perlu nginep ana Bandhung”.*

*“ Iya apik ngono, aku tak pikir pikir dhisik apa perlu culik balik Jakarta apa arep nginep nang Bandhung”.*

*“ Panjenengan kan ya durung ana acara nang Jakarta, apike kok sedina rong dina nang Bandhung ben tanek le ketemu karo pakdhe lan budhe”.*

Bubar rembugan wong loro padha keturon bareng. Kesel sewengi kurang turu. Banjur nglambrang nang impene dhewe dhewe kanggo tembe ngarepe. Tangi tangi wis wayah sore. Srengenge wis gumlewang ana sisih kulon. Angin sore semribit lembut ngilangi hawa sumuk Jakarta. Wong loro pesen teh anget ana kafetaria. Ana rombongan saka luar kota sing wis manggon sakwetara dina, sore iku lagi padha main voli nang pekarangan mburi. Kepara rada rame swasanane. Nalika nyipati ana pasangan sakloron, Pram karo Rosa, sing pancen bagus karo ayu iku, banjur akeh swara suit suitan nggodha. Negara mawa tata desa mawa cara. Nang dhaerah Yogya, swara suit suitan mau dianggap kurang ajar. Ning nang

dhaerah asale rombongan mau, swara suit suitan mbokmenawa wis dianggep lumrah nek meruhi ana wanita ayu. Pram lan Rosa banjur bali ana kamar, gentenan anggone adus sore. Wengi iku jane Rosa pengin muter muter ndeleng swasana Jakarta ing wayah bengi sisan karo makan malam. Nanging bareng dipikir maneh kok luwih becik makan malam nang kafetaria wae, luwih aman lan ping pindhone sesuk kudu tangi esuk budhal menyang Bandhung. Menu istimewa nang kafetaria wengi iku ndilalah jangan asem Jakarta lan daging empal. Beneran banget arang ketemu nang Yogja.

+++++

Esuk uthuk uthuk Pram karo Rosa wis kudu ninggal panginepan ing kompleks Taman Ismail Marzuki, nuju stasiun Gambir. Sepur Parahiyangan sing tumuju Bandhung budhal saka stasiun iki udakara jam lima, tekan Bandhung antarane jam wolu. Luwih cepet tinimbang numpak taksi suburban sing butuh wektu nganti patang jam. Rega tiket larang sithik ning ora dadi apa. Pramana isa ngenalke Rosa nang paktihe Naryo lan budhe Sunarti, terus sorene Rosa isa langsung balik Yogja, ora perlu nginep ana Bandhung. Sak dawaning laku nang Bandhung, wong loro akeh turune, mung sok sok Pram menehi weruh Rosa yen ngepasi pemandhangan sing endah nang njaba. Jam wolu luwih sithik sepur Argo Parahiyangan wis tekan stasiun Bandhung. Rada cepet ora nganti telat. Pramana karo Rosa numpak taksi nuju nang daleme paktihe Naryo ing dhaerah Dhago. Paktihe Naryo lan garwane, budhe Sunarti lagi lenggahan ana ngarep nalika Pram karo Rosa teka. Gita gita nggone mbagekake.

*“Manuke prenjak wiwit wingi ngoceh rame. Mula ana tamu agung esuk iki. Piya kabarmu Pram?”*

*“ Njih ngaturaken sugeng pakedhe saha budhe, kula kaliyan Rosa sowan mriki saking Jakarta. Salam taklim saking bapak ibu ing Yogja, ugi saking pak Hartadi wonten ing Jakarta”.*

*“ Lho seka Jakarta ta awakmu karo mbak Rosa?”.*

*“ Injih budhe kaliyan pakedhe. Badhe matur menawi kula sampun katampi wonten ing Dheparlu. Menika nembe kemawon pendhaftaran ulang, minggu ngajeng sampun prajabatan wonten Pusdiklat Megamendhung. Dalem ngaturaken gunging panuwun dhateng pakedhe saha budhe ingkang sampun paring margi lan pambiyantu saengga kula saged ndhaftar lan katampi”.*

*“ Aku karo budhemu melu bangga lan seneng Pram dene ponakanku bakal neruske laku dadi dhiplomat. Lakune isih dawa, kudu kok lakoni kanthi mantep. Kene mung isa melu dedonga. Selamat ya”.*

Budhe Sunarti enggal nimbali asisten rumah tangga supaya ngaturke unjukan, teh anget, karo nyiapke sarapan. Saka sepur mesthine durung sempat mampir sarapan ana ndalan.  
*“ Apike dha sarapan dhisik ya. Mengko diteruske le crita. Mengko nginep kene kan Pram ?”*

*“ Rosalina kedah wangsul sonten mangke dhateng Yogja budhe. Menawi kula nembe dinten Minggu kedah mlebet Pusdiklat”.*

*“ Oo ngono ya. Bubar sarapan nek arep ganti pakeyan dhsik. Bubar iku diteruske critane. Aku ya pengen krungu larah laraha butik AW. Muga muga lancar ngrembaka”.*

Bubar sarapan Pramana lan Rosa banjur menyang mburi. Ana kamar tamu loro sing wis disiapke dening asisten rumah tangga. Gentenan anggone nang kamar mandhi terus ganti pakeyan resik. Wong loro banjur bali nang ruang ngarep nggabung pakdhe Naryo karo budhe Sunarti sing isih lenggahan nang berandha ngarep. Hawane krasa adhem angin semribit lembut ing wayah esuk. Pemandangan endah tlatah Bandhung katon cetha saka berandha iku. Pakdhe Naryo lan budhe Sunarti sajake kagungan pitakonan akeh kanggo Pram lan Rosa. Ora lali Rosa ngaturi bathik sarimbit kagem pakdhe lan budhe, kreasi saka butik AW.

*“ Terima kasih banget ya mbak Rosa karo Pram. Ketrima banget iki aku karo pakdhemu. Mumpung ketemu langsung iki pengen krungu critamu piye larah laraha anggonmu gawe kompanyon butik AW karo ibune Pram, bulik Ambarwati?”*

*“ Cariyosipun radi kathah Budhe. Kula manggih alamatipun ibu Ambarwati saking majalah, minangka setunggaling perancang busana bathik ingkang kondhang. Lajeng kula sowan lan nyuwun konsultasi dospundi caranipun kampanye bathik pesisiran utawi bathik Pekalongan supados saged moncer kados bathik Yogja Solo. Wongsal wangsul kepanggih ngantos gilig badhe kompanyon mbikak butik menika”.*

*“ Lho dudu sing ngenalke bulik Ambarwati ki si Pram ta?”*

*“ Sanes budhe. Rikala semanten panci kula sampun tepang mas Pram, nanging dereng kepanggih kaliyan Rama Ibu. Rikala kula sowan ndalem Nagan kepanggih ibu kaliyan bapak badhe nggodhog rencana kompanyon menika, nembe ngertos menawi punika Rama Ibunipun mas Pram. Mila rencana sangsaya lancar”.*

Pakdhe Naryo sing mung kendel lan nyemak le rembugan banjur nrambul. “ Ya mbokmenawa isa diarani prastawa sing ora sengaja, ning isa wae kuwi pancen wis dadi dalane, ana sing ngatur saka ndhuwur. Mula mbak Rosa karo prunanku Pram, ati ati anggonmu mlaku bareng. Kabeh mau wis dadi kersane sing Maha Kuasa. Kudu bisa padha padha nyengkuyung lakuning profesimu”.

“ Kasinggihan pakdhe kaliyan budhe, kula sampun madhep mantep gesang sesarengan kaliyan mas Pram. Kadosdene berkah saking Gusti saged kepanggih mas Pram. Semangat kula lajeng pulih malih saking swasana prihatos lelimengan”.

“ Rosa karo Pram sing tak tresnani, aku karo budhemu isane mung melu ndonga. Kabeh gumantung nang kono wong loro. Ora susah ngeling eling prastawa sing wis kepungkur. Tembe ngarep isih dawa, ora susah tida”.

“ Matur nuwun pangandikanipun pakdhe kaliyan budhe. Kula kaliyan mas Pram ngestokaken dhawuh lan nyuwun pangestu mugi sedaya saged lancar”.

Regeng anggone padha crita. Budhe Sunarti karo Rosa akeh crita prekara bathik dan rancangan pakeyan bathik kotemporer. Pram karo pakdhe Naryo luwih akeh anggone ngrungokke. Sakwise tanek anggone rembugan, Pram karo Rosa nyuwun pamit arep istirahat. Esuk mau tangi jam telu esuk, ngantuke ora jamak. Pram lan Rosa sowang sowang istirahat nang kamare dhewe dhewe. Wis ngancik wayah sore nalika Pram nggugah Rosa, ngelingake menawa kudu siap siap budhal menyang stasiun. Nek isa numpak sepur Mutiara Selatan sore, nek ora ya kepeksa kereta sing budhal wengi saka stasiun Bandhung. Sakwise adus lan ganti pakeyan wong loro banjur nyuwun pamit pakdhe Naryo lan Budhe Sunarti. Jane

anggone crita durung tuntas, antarane budhe Sunarti karo Rosa. Pram matur menawa dheweke mung ngeterke Rosa nang stasiun, durung arep budhal Jakarta.

*“ Sing ati ati ya mbak Rosa ora susah ngetokke pengganggu nang sepur. Swasana nang njero sepur sok ora aman. Bapake kancaku pak Dipa saka Ambarawa dikroyok jambret ana sepur nganti dadi lan sedane”.*

*“ Injih budhe kaliyan pakdhe, tansah nyuwun tambahing pangestu”.*

*“ Salam ku kanggo mami karo papi lan rama ibu nang Yogya ya. Kapan kapan aku karo pakdhemu tak dolan nang Yogja, pengen ndeleng butikmu”.*

*“ Kula antu antu sanget budhe. Rama kaliyan ibu ugi papi kaliyan mami tentu rena sanget”.*

Rosa ora lali ngaturi salam lan ngaras astane pakdhe Naryo karo budhe Sunarti. Krasa trenyuh ngrasakke panampane priyayi sakloron marang dheweke. Muga muga lestari sak lawase dadi anggota keluarga trah Djokokusumo.

+++++

Tekan stasiun Pram enggal golek tiket menyang Yogja. Nang loket ana pengumuman tulisan menawa tiket jurusan Yogja wis entek. Ewadene akeh calo sing nawakake tiket kanthi rega sing luwih larang. Pancen wis biasa menawa antrean tiket dibukak, calon penumpang sing antre paling banter ora sepiroa sing kumanan karcis. Karcis wis entek diborong calo. Dudu wewadi maneh menawa ana kong kalikong petugas karo para calo. Pram banjur milih karcis karo nomer lungguhan sing kepenak kanggo Rosa. Dheweke ngeterke

Rosa munggah gerbong kelas utama. Ngrangkul kenceng pacangane karo ngaras lembut praupan sing ayu menger menger.

*“Mas Pram ati ati ya le melu prajabatan, aja nganti kepleset. Manut wae aturane”.*

*“Iya dhik aku ngerti, kudu manut nek arep slamet. Iki dudu jamane mahasiswa maneh. Salam kagem papi karo mami, uga kanggo bapak ibu. Ati ati nang ndalan. Tekan stasiun Yogja ngenteni dhisik nganti padhang, aja metu saka stasiun nek isih peteng”.*

*“Iya mas andum slamet ya. Ketemu maneh bubar prajabatan”.*

Tanpa dingerteni dening Pram lan Rosa, ana sakwijining priya sing tansah ndeleng dheweke sakloron saka kadohan. Ora gelem nyapa apa nyedhak, mung ngawasi saka kadohan. Nalika ngerti gerbong panggonane Rosa, priya iku banjur marani salah sijining calo sakperlu ngijolke nomer gerbong lan kursine. Priya iku sajak ora jenjem polahe. Nganggo jaket tipis warna krem. Sakwise Pram mudhun saka gerbong, priya iku lagi alon alon munggah gerbong panggonane Rosa. Priya iku ora liya Dhedhi Sumaryono, lagi ana urusan nang ITB dina iku terus arep menyang Yogja. Maju mundur pengin nyapa aruh Rosa, nanging ora ana kesempatan sing apik. Akhire diwanek wanekke nyedhaki Rosa nalika sepur wis budhal saka stasiun Bandung.

*“Rosa, piye kabarmu? Mentas saka Bandhung ta?”*

Rosa kaget banget krungu swarane priya sing tau dadi sisihane, sing dheweke wis sumpah ora gelem magepokan maneh. Atine ditata sareh sakdurunge awewh wangsulan.

*“ Iya ana apa ? Apa isih ana prekara antarane awake dhewe sing perlu dirembug?”*

*“ Aku terus terang pengen omong karo njenengan. Aku wis ngrumangsani salahku. Sepisan iki wae aku pengen omong”.*

*“ Ngene wae mengko nek wis tekan stasiun Tugu, isa rembugan karo nggenteni padhang. Ora kepenak omong omong nang kene”.*

*“ Jane isa omongan sedhela nang restorasi”.*

*“ Ora perlu. Mengko wae nek wis tekan stasiun Tugu. Isa omongan sedhela karo nggenteni padhang”.*

Jane Rosa wis suthik arep wawan rembug karo priya sing wis nate natoni atine lan gawe keluwargane sengsara. Nanging bareng kelingan menawa Dhedhi kok nyedhaki Reni, dheweke pengen awèh peringatan kanggo mantan sisihane iku, aja pisan pisan dipindhoni anggone ngedir dirke kasugihane kanggo njebak Reni. Wengi iku nang sepur, Rosa isa turu kanthi kepenak, kaya kaya wis ora ana beban maneh. Anake wis waras anggone lara, pacangane Pram wis ketampa nang Dheparlu. Esuk uthuk uthuk sepur wis tekan ana stasiun Tugu Ngayogyakarta. Dhedhi wis nunggu ana ngisor. Rosa menehi tandha supaya lungguh nang panggonan kursi tunggu. Swasana kaku ora kepenak babarpisan kanggo Rosa uga Dhedhi.

*“ Terima kasih Rosa, senajan ora ana rencana, kono gelem nyedhiakke wektu kanggo omong omong”.*

*“ Antarane awake dhewe wis cuthel ora ana sing perlu dirembug maneh. Apa sing kok karepke”.*

*“ Aku mung pengin ngomong nek aku ngrumangsani salah ninggal kono karo Tita. Aku njaluk pangapuramu wae ben isa tenang uripku”.*

*“ Aku ora pengin ngrembug perkara sing wis liwat. Sing uwis ya uwis ora susah dirembug maneh. Cuthel. Malah aku ana pitakonan nang kono”.*

*“ Pitakonan apa nek isa tak jawab ?”*

*“ Pitakonanku serius, ngapa kono nyedhaki Reni?. Reni cedhak karo mas Pram lan karo aku. Aja pisan pisan kok baleni anggonmu ngedir ngedirke bandha nganti gawe dolanan Reni. Kaping pindhone, nek kono nyedhaki Reni merga pengin ngawasi uripku karo mas Pram, kuwi salah gedhe”.*

*“ Aja keliru tanpa Rosa. Aku nyedhaki Reni ya merga banget anggonku kepranan weruh salah bawane. Wanita sing lantip lan berpendhidhikan. Aku pengin ndandani uripku nang Indonesia, butuh kanca”.*

*“ Embuh apa alasanmu ning aku mung pengin ngelingake. Rikala semana kono sewiyah wiyah ninggalke aku tanpa rembug, gawe ajure uripe papi karo mami lan keluwargaku. Suwe anggone isa pulih. Aku sak keluwarga ora duwe daya nggo males awakmu, amarga ngrumangsani keluwargaku saka golongan minoritas. Isane mung ngalah lan pasrah. Ning aja pisan pisan kok baleni marang Reni utawa marang aku karo mas Pram. Awakmu ora ana apa apane nek dibandhing keluwargane mas Pram karo keluwargane Reni. Aja pisan pisan rumangsa bakal menang kaya pas karo keluwargaku ndhisik”.*


*“ Kok nganti semono ta Rosa?”*

*“ Apa wis cukup ngerti pesenku mau? Nek durung cetha tak baleni, nek wis cetha ora susah diteruske anggone rembugan. Aja pisan pisan gawe gendra sak senengmu. Tak kira cukup semene dhisik awake dhewe le rembugan”.*

*“ Matur nuwun Rosa. Apa kabotan nek dak terke mulih?”*

*“ Ora perlu aku isa mulih dhewe. Aku uga menahi weruh mas Pram lan Reni prekara patemon iki. Blak blakan aku ngomong karo Reni, aja nganti kapusan kaya aku”.*





Bab 29

## *Japuraning Ratu*

**P**ramana wis kasil ngrampungake penataran prajabatan calon pengawai negeri sipil Dhepartemen Luar Negeri. Acara dianakake ana ing Pusdhiklat Megamendhung. Nganti telung minggu lawase. Ana wong satus sing ngayahi penataran. Acara padhet wiwit esuk uthuk uthuk nganti wengi. Senajan krasa abot, Pram nglakoni penataran kanthi seneng lan mantep, tanpa wigah wigih, tanpa ragu ragu. Pancen wis dadi pepenginane wiwit nalika isih kuliah, mbangun karier profesi ana Dhepartemen Luar Negeri, kayadene pakdhe Naryo sing sak lawase dadi dhiplomat. Mbela kepentingan nusa bangsa ing jagad internasional lan mbangun sesambungan antar bangsa.

Penataran ora mung ngrembug teori nanging uga pengalaman lan sejarah dhiplomasi Indonesia ing jagad internasional, sing dadi kawigatene Pram wiwit dhisik. Pemateri penataran uga dhiplomat utawa mantan dhiplomat senior sing sugih pengalaman. Pram bisa ngrampungake penataran kanthi predhikat sangat memuaskan. Akeh materi sing anyar kanggone Pram, durung tau krungu ana ing bangku kuliah, kombinasi antarane teori akademik lan pengalaman lapangan para dhiplomat senior. Uga ana acara acara sing gawe seneng sak suwene pelatihan, antarane kegiatan outbond nang alam terbuka kanggo latihan kerjasama kelompok, kegiatan pengenalan budhaya nasional lan budhaya global kayata latihan dhansah ballroom.

Pas acara penutupan, welinge Sektretaris Jendral Dhepartemen Luar Negeri sing paling cemanthel nang pikirane. *“ Aja cilik ati merga mung nangani prekara prekara sing cilik lan sedherhana. Prekara prekara cilik nek dilakoni kanthi teliti lan setiti, bakal nyumbang kasil sing ora cilik, sliramu kabeh dadi perangane perangkat mesin dhiplomasi Indonesia sing gedhe”*. Uga welingane Kepala Pusdhiklat Dhepartemen Luar Negeri menawa *“ Calon Aparat Sipil Negara iku kudu ngugemi pepeling ANEKA, yaiku akuntabilitas, nasionalisme, etika publik, komitmen mutu lan anti korupsi. Aja mung ngerti teori thok, ning kudu isa ngrengkuh nang donya kanyatan dhiplomasi”*.

Pram ditugaske ana ing Dhirektorat Jendral ASEAN. Ora akeh wektu maneh bubar penataran amarga kudu wiwit nyambut gawe, mung ana wektu seminggu kanggo persiapan. Dheweke banjur entuk kontrakan sing cedhak karo kantor, ana ing dhaerah Kesehatan. Isa numpak transportasi umum nang kantor. Perlu enggal enggal mulih menyang Yogja, kudu

ngrampungke urusane dhewe sak durunge wiwit mlebu nyambut gawe.

Bareng urusan ana Jakarta wis rampung kabeh, Pram wengi iku mulih menyang Yogya, budhal saka stasiun Pasar Senen nuju menyang stasiun Lempuyangan Yogya. Atine kemrungsung amarga mung ana wektu seminggu kudu mberesi urusan nang Yogja. Tekan stasiun Lempuyangan wis padhang, udakara jam pitu esuk. Rada ragu ragu arep terus mulih menyang dalem Nagan, ketemu Bapak Ibune, apa langsung menyang dalem Ngadisuryan panggonane butik AW, ketemu Rosalina Wulandari. Bareng dipikir maneh kanthi sareh, dheweke banjur numpak becak nang Ngadisuryan. Nek nang Nagan, bapake mesthi wis budhal kantor. Nek nang Ngadisuryan, butik AW durung wancine buka, dheweke isa rembugan karo Rosa kanthi tenang. Karo maneh dheweke wis krasa kangen banget marang kekasihe, Rosalina Wulandari.

Tekan butik AW nang Ngadisuryan, isih sepi. Rosa lagi wae rampung anggone dandan bubar adus esuk. Kaget nalika nyumurupi Pram, priya sing tansah di impi impi rina wengi wis ana kamar tamu samping. Dheweke ngrangkul kenceng karo ngarasi Pram sak puase.

*“Mas Pram kapan le rawuh kok dadakan wis lenggah nang kene?”*

*“Aku nembe wae teka nang stasiun Lempuyangan, banjur terus mrene, ben isa langsung rembugan esuk iki”.*

*“Apa ora siram dhisik wae kangmas, lagi rembugan?”*

*“Iya aku tak nang mburi sedhela resik resik awak Jeng. Akeh masalah sing kudu dirembug bareng iki”.*

*“ Iya mas tak siapke sarapan dhisik. Papi karo mami wis dhahar mau esuk, sak durunge nenggar enggar nang njaba. Saiki wis padha mlebu maneh”.*

Pramana banjur menyang kamar mandhi, resesik rai karo awak, ora adus. Wis dadi pakulinan suwe, dheweke ora adus nek turune ora kepenak, mundhak marahi nggregesi nang awak. Senajan ora adus ning awake wis krasa seger, resik, ora wigih ketemu kekasihe. Enggal enggal Pram mara nang ruang samping marani Rosa sing wis nyiapke sarapan. Sega goreng, endog ceplok karo abon karemane wis siap ana meja makan. Rosa nganggo blouse werna biru enom lembut, lengen dawa. Ayune uleng ulengan. Pram suwe anggone nggegem tangane kekasihe, terus ngrangkul raket maneh.

*“ Aku rada kemrungsung Jeng, soale mung ana wektu seminggu. Kudu wiwit nyambut gawe seminggu maneh”.*

*“ Iya mas aku ngerti, ora susah kemrungsung. Dilakoni wae kanthi tlaten. Sing perlu dirampungke minggu iki apa, mengko tak ewangi”.*

*“ Iya esuk iki awake dhewe milih apa sing isa dirampungke ya Jeng”.*

*“ Nek perlu tak kancani budhal Jakarta ora ketang rong dina, nggo nyiapke panggonan mas”.*

*“ Matur nuwun, aku wingi sore wis mider mider golek kontrakan. Ngontrak paviliun nang Kesehatan, cedhak karo kantor”.*

*“ Ya ora apa apa, mung kari resik resik tak ewangi. Saiki sarapan dhisik”.*

*“ Iya Jeng urusan nang Yogja sing penting prekara sesambungane awake dhewe, kudu tuntas minggu iki. Sore iki aku matur bapak ibu”.*

*“ Bener kangmas, aku tansah nunggu proses iku. Prekara rencana nang ngarep mengko dirembug karo mlaku. Minggu iki urusane awake dhewe dhisik. Papi mami mumpung isih nang kene. Wis usreg pengen balik nang Pekalongan, tak candhet ben nunggoni putune Tita”.*

Bubar sarapan isih sempat omong omong sedhela. Atine Pram wis isa temata ora kemrungung maneh. Dheweke pancen wis kulina menawa kabeh kegiatan kudu direncana mateng lan tertib. Nek nangani prekara dadakan sok krasa panik. Nyumurupi menawa wis kudu mulai nyambut gawe, mung ana wektu seminggu nggo siap siap, dheweke rada panik. Nanging bareng ketemu Rosalina Wulandari esuk iku, atine wis temata sareh. Dongane muga muga ing mbesuke, Rosa isa tansah dadi pendhamping sing isa gawe atine ayem lan tentrem.

Rosa kanthi sareh uga nyritakake anggone ketemu mantan sisihane, Dhedhi Sumaryono ana sepur nalika mulih saka Bandhung. Rosa mung menahi weruh menawa dheweke wis sempat menahi peringatan karo Dhedhi, aja pisan pisan gawe dolanan Reni, lan aja ngawat awati sisik melik uriye dheweke karo Pramana. Pram mung ngrungokke kanthi sabar, mung iya iya, sajake ora kepengin ngerti luwih jero. Pramana banjur enggal enggal pamitan arep mulih menyang dalem Nagan. Jane pengen mlaku wae wong cedhak. Nanging Rosa ora nyarujuki, diterke sopir wae. Rosa karo Tita melu ngeterke nang mobil, ngedrop Pram nang dalem Nagan.

+++++

Raden Ayu Ambarwati nembe wae nguntapke garwane,

Raden Mas Rianto Djojokusumo, budhal tindak kantor. Pakulinan wiwit nganten anyar isih panggah dilakoni nganti putra tunggale Pramana, lulus Universitas Gadjah Mada. Ora wigah wigih senajan ibu Ambarwati sakwijining aktivis perempuan. Kabeh mau dilakoni kanthi sabar lan narima, jer kuwajiban garwa putri iku ya nyengkuyung tugas lan kuwajibane sing kakung. Rada kaget nalika mirsani kok Pramana diterke Rosa nganggo mobil Mercedes Benz disopiri pak Jono. Rosa mbukak jendhela mobil karo atur salam.

*“ Ibu dalem mboten medhak, namung ngedrop mas Pram. Kala wau enjang nembe dugi saking Jakarta”.*

*“ Ora apa apa mbak Rosa, mengko sedhela engkas ketemu nang AW ya. Dag dag Tita”.*

Pramana gageyan anggone ngaturi salam ibune sing banget di tresnani.

*“Iya bu, budhal mau bengi jam sepuluh. Mau jam pitu kliwat medhun nang stasiun Lempuyangan. Arep terus mulih, ya ora isa ngoyak bapak, mesthi wis tindak. Mula sisan aku mampir nang nggone Rosa, soale akeh masalah sing kudu dirampungke. Mung ana wektu seminggu bu, aku kudu wis miwiti nyambut gawe minggu ngarep”.*

*“ Ya ora apa apa ta lik. Ora susah panik ora susah kemrungsung, dilakoni alon alon wae kanthi sareh. Sing penting kan awakmu wis ketampa nang Dhepartemen Luar Negeri. Aku karo Bapakmu melu seneng banget”.*

*“ Injih ibu esuk iki aku nyuwun pamit tak istirahat dhisik. Mengko sore aku pengen matur Bapak Ibu babagan sesambunganku karo Rosa”.*

*“ Ning ora ana prekara sing gawat to lik?”*

*“ Mboten bu kabeh lancar, mung rada kemrungsung mung ana wektu seminggu iki. Wis ora isa leha leha maneh ya”.*

*“ Nek wis cekel gawe ya ora isa leha leha to lik. Kudu tertib lan disiplin. Urusan gaweyan karo urusan omah kudu isa anggonmu milah milahke”.*

*“ Esuk iki ibu tindak AW ya bu. Nuwun sewu nek mbokmenawa Rosa kewetu matur karo ibu”.*

*“ Ora apa apa ben wae. Wanita pancen kudu duwe cekelan, ora isa mung nganggo tetembungan janji. Aku mengko jam istirahat siang, tak tilpon keng ramamu, karo tak ngobrol karo Rosa”.*

*“Mengko sore aku matur bapak ibu. Mengko bengi Rosa tak ajak sowan mrene ya bu ben matur Bapak Ibu dhewe”.*

*“ Iya mengko bengi makan malam nang kene wae. Nek ora wengi wengi Tita kon ngajak. Mengko tak omongane nang AW”.*

Dadakan bu Ambar kendel sedhela anggone ngendikan. Banjur miwiti maneh kanthi alon.

*“ Apa awakmu wis krungu warta iki Pram, prekara Reni ?”*

*“ Durung ibu, ana apa ya?”*

*“ Aku minggu wingi ketemu karo bu Leni Setyawati, ibune Reni, pas rapat Darma Wanita. Jare bu Leni, Reni kok wiwit sesambungan*

*istimewa karo mantan sisihane Rosa. Genah piye lik, muga muga ora ana gandheng cenenge karo awakmu lan Rosa”.*

*“ Aku krungu slenthingan sak durunge budhal Jakarta, yen Dhedhi lagi pendekatan karo Reni. Dhedhi ya kewetu nang Rosa pas kebarengan numpak sepur saka Bandhung jarene. Ora susah digalih bu, kabeh wis ana dalane dhewe”.*

Bu Ambarwati banjur siap siap arep budhal menyang butik AW kaya adat sabene. Pramana banjur mlebu kamar leyeh leyeh nang kasur. Pikirane nglambrang ngapa kok Reni sesambungan karo Dhedhi. Apa ana pengaruhe nang uripe dheweke karo Rosa ing tembe ngarep? Mung mupus bisane, kabeh wis ana dalane dhewe dhewe, kari nglakoni. Pramana keturon kanthi pules nang kamare.

+++++

Wis kliwat wayah luhur nalika Pramana tangi saka anggone turu. Kayadene nyarutang amarga wis pirang pirang dina ora isa turu angler sak suwene nglakoni penataran pra jabatan. Dheweke ngundang pak Jan karo Yu Siyem, apa menu makan siange. Ndilalah klangenane dheweke wiwit cilik yaiku, jangan bobor kates karo sambel tempe. Pak Parjan dikongkon ngresiki lan mompa sepedhane sing wis pirang pirang minggu nganggur ora ana sing nganggo. Sinambi ngenteni Pram banjur adus dhisik. Ora kesusu karo ngatur wektu. Angkahe bubar jam loro mengko arep mara nang butik AW karo mampir omahe Reni. Pengin krungu saka Reni langsung tumrap sesambungane Reni karo Dhedhi Sumaryono, mantan sisihane Rosa. Dheweke jan jane ora rumangsa keganggu marang sesambungane Reni karo Dhedhi. Mung apike ya pengin krungu dhewe saka Reni langsung. Bubar adus dheweke banjur nglahapi anggone makan siang. Seger tenan jangan bobor kates karemane. Nang Jakarta pirang

pirang minggu kelangan kesempatan nglahabi masakan omahan. Bubar makan siang dheweke nakoni pak Parjan.

*“ Pak Jan apa bu Leni Setyawati ibune mbak Reni Ngadisuryan kae kerep tindak mrene nalika aku nang Jakarta?”*

*“ Mboten Gus, namung sepindhah sonten sonten ngendikan kaliyan keng ibu, minggu kepengker”.*

*“ Ya sepedhane wis siap pak Jan. Tak tinggal telung minggu apa ora tau kok resiko kok nganti bane nggembos?”*

*“ Kula rimat nanging mboten saben dinten Gus”.*

*“ Mengko yen ibu ndangu aku nang ngendi matura nek aku mampir nang omahe mbak Reni, terus nemoni mbak Rosa Wulandari nang butik AWya. Aku mulih menawa Rama wis kondur mengko sore ya”.*

*“ Ngatos atos njih Gus”.*

Wektu wis kliwat jam loro, kalah cacak menang cacak, Pramana pengin mampir omahe Reni lan takon prekara pawarta sesambungane Reni karo Dhedhi. Ora kepikiran jane, mung pengin elik elik kudu ati ati, aja nganti kapusan kaya Rosa Wulandari. Dheweke rumangsa duwe kuwajiban moral ngelingake Reni, amarga wis kaya sedulur sinarawedi wiwit jaman sekolah dhisik. Reni semana uga, mesthi bakal menahi weruh dheweke langsung menawa ana sesambungan istimewa karo Dhedhi. Dheweke wis kaya dene adhine dhewe. Reni lagi wae teka saka anggone ko skaap, nalika Pramana teka nang omahe. Rada kaget nalika meruhi tekane Pramana sing dadakan iku.

*" Mas Pram, piye kabare?. Jare penataran pra jabatan nang Dheparlu wis rampung?"*

*" Iya lagi teka esuk mau saka Jakarta. Iki arep nang AW ketemu Rosa".*

*" Sajak gita gita apa ana masalah serius ta mas?"*

*" Ah ora mung rada kemrungsung amarga mung ana wektu seminggu. Minggu ngarep wis kudu wiwit nyambut gawe".*

*" Ooh iya mas. Muga muga kabeh lancar. Aku ya pengin crita prekara Dhedhi Sumaryono".*

*" Aku mau ya krungu saka ibu, ngendikane awakmu ana sesambungan rapet karo Dhedhi. Ibu mireng saka bu Leni Setyawati".*

*" Iya bener mas. Pancen mas Dhedhi Sumaryono wis omong blakasuta karo aku. Dheweke jare wis insaf pengin ndandani kesalahan masa lalu, pengin mbangun urip bebarengan karo aku".*

*" Oo ngono ta, terus piye awakmu?"*

*" Aku dhewe isih bingung mas Pram. Aku wis meh rampung anggonku sekolah. Aku ngenteni mas Andhi pirang pirang tahun kok ora ana tembung lan ora ana kepasthian".*

*" Kabeh gumantung awakmu Reni, mung aku pengin ngelingake. Kuwajiban moral kanggoku. Tetep kudu ati ati aja nganti kapusan kaya Rosa. Ya muga muga pancen Dhedhi wis insyaf lan berubah. Nanging tetep kudu ati ati ya. Aku babarpisan ora ana masalah apa apa kejaba mung pengin ngelingake".*

*“ Matur nuwun kangmas. Aku ya durung menahi kapesthen karo mas Dhedhi. Dilakoni wae kayadene nurut ilining banyu, piye mengko dadine. Ora perlu diputuske kesusu lan cepet-cepetan”.*

*“ Nek awakmu mantep ya ora masalah to Reni, mung welingku tetep kudu ngati-ati aja nganti kapusan. Kabeh wis ana dalane dhewe dhewe, dilakoni wae kanthi sabar lan ati-ati”.*

Ora suwe anggone rembugan karo Reni. Lega rasane dheweke isa ngelingke Reni. Kabeh gumantung Reni dhewe. Pramana enggal-enggal neruske laku menyang panggonane Rosa. Ketemu Rosa sedhela, menahi weruh nek mengko bengi diajak makan malam karo bapak ibune. Rosa nampa kanthi seneng, ning ora bisa ngajak Tita. Ora susah dipapag, arep budhal diterke sopir pak Jono wae.

*“ Mas Pram istirahat wae, aku mau ya crita karo ibu Ambar werna werna pas makan siang”.*

*“ Ketemu mengko bubar maghrib ya Jeng. Daag sayang”.*

+++++

Sore iku Pram ngenteni bapake rawuh saka kantor. Pak Rianto Djojokusumo padatan kondur saka kantor sak wise jam telu sore. Mengko antarane jam papat setengah lima, lenggahan karo bu Ambar nang berandha ngarep nek ora ana berandha samping ngadhapi halaman taman sing asri. Padatan iku wis mlaku puluhan tahun ora nate owah kejaba menawa lagi ana kegiatan liya. Mula Pram ya paham banget. Mung dina iku kok rasane kaya suwe banget anggone ngenteni bapake rawuh. Atine jenjem, mlebu-metu kamar, pindhah-pindhah anggone

lungguh, nang ruang tengah, nang ngarepan, nang berandha samping. Nganti ibune, Raden Ayu Ambarwati ngelingake.

*“ Mbok ora susah kemrungsung ta lik. Kabeh isa dilakoni kanthi sareh. Bapakmu sedhela maneh kan rawuh. Aku mau tilpon pas makan siang. Ngendikane ya selak pengin ketemu karo awakmu”.*

*“ Injih Bu, aku durung nate nyambut gawe. Mung ana wektu seminggu nggo ngrampungsi urusan urusan sing durung rampung”.*

*“ Iya Lik, kabeh isa dirampungke, percayaa. Mengko dirembug bareng. Aku mau omong omong karo Rosa, aku yakin dheweke isa ndhampingi lakune kariermu. Aja sumelang”.*

Jam setengah papat sore pak Rianto rawuh didherekke sopir, pak Parman. Gageyan Pram anggone methukke nang pendhapa, ngaturake salam. Ora kaya biasane, dheweke banjur ngrangkul bapake kenceng.

*“ Wis rampung penataran pra jabatan bapak. Mung ana wektu seminggu istirahat. Minggu ngarep wis kudu wiwit mlebu kerja”.*

*“ Ya sokur ta Pram, aku karo ibumu melu seneng lan bangga. Ya mung trenyuh kok bakal pisah karo awakmu. Iki sepisanan bakal ora urip sak omah”.*

*“ Injih pak, rasane rada kemrungsung aku. Kok cepet banget ya”.*

*“ Ora susah kaget, nek ngayahi gawe ki kayadene mlebu ana ing sistem sing wis berputar rutin. Kudu isa menyesuaikan iramane ben ora ketinggalan. Ora susah dipikir abot, mengko rak dadi kulina”.*

Sifat kemandhiriane Pramana isa diandelke, babar pisan ora ana sipat manja karo bapak ibune. Ning pancen durung tau

urip dhewe pisah karo wong tuwa. Sajake iku sing marahi kemrungsung. Urip dhewe, ora ana sing diajak mbat mbatan. Pak Rianto mlebu nang kamar, resik resik sarira karo istirahat sedhela. Jam setengah lima wis metu, lenggahan nang berandha sampung karo garwane, ibu Ambarwati.

*“ Kangmas tak amati kok polahe putramu kaya wong senewen, kemrungsung banget”.*

*“ Ora apa apa Jeng, mbokmenawa rada mbingungi amarga kudu wiwit nyambut gawe. Durung nate pisah wong tuwa. Mengko rak isa menyesuaikan dhewe”.*

*“ Dheweke pengin matur prekara sesambungane karo Rosa. Mbokmenawa pengin ana status sing resmi”.*

*“ Ya angger wis padha mantepe, awake dhewe isane mung nyengkuyung ta Jeng. Sing penting sing bakal nglakoni . Ora susah mikir adoh adoh. Mbokmenawa awake dhewe duwe panjangka sing paling ideal, nanging kabeh wis ana dalane dhewe dhewe. Muga muga putramu urip tentrem, bahagia karo Rosa sing ditresnani lan nresnani dheweke”.*

Ora suwe Pramana banjur gabung ana berandha. Katon isih durung tenang solah bawane.

*“Piye ta Lik kok kaya wong bingung ki. Dilakoni wae mengko kan suwe suwe ya lancar mlaku dhewe”.*

*“ Injih bapak ibu. Nuwun sewu mbokmenawa Rosa wis matur ibu. Aku sakloron pengin ana ikatan resmi sakdurunge urip nang Jakarta. Luwih penak kanggone Rosa lan keluwargane, uga kanggoku”.*

Pak Rianto banjur ngendika marang Pram kanthi sareh.

*“ Iya Pram, angger awakmu wis mantep, padha senenge karo Rosa, bapak ibumu mesthi nurut wae. Sing penting kono sakloron kudu wis mantep urip bebarengan. Iki kanggo saklawase ora mung kanggo sesaat”.*

*“ Injih bapak ibu, aku wis mantep urip bareng karo Rosalina Wulandari. Nyuwun donga lan pangestune Bapak Ibu wae”.*

*“ Aku karo ibumu kudu resmi nemoni papi karo mamine Rosa, nembung nek awakmu bakal urip bebarengan karo Rosa. Ora susah digawe njlimet, sing praktis wae, sesuk apa sesukane aku karo ibumu tak nemoni papi karo mamine Rosa. Yen kabeh isa disepakati dina dina Selasa Kliwon, Rebo Legi, Kemis Pahing lan Jumat Pon minggu ngarep, dina dina sing apik kanggo tukar cincin ngono piye. Piye Jeng yen manut sliramu?”.*

*“ Menawa pancen Pram karo Rosa wis gilig lan mantep angggone bakal urip bareng, aku sarujuk nek sisan tukar cincin, dadi ana ikatan resmi wae. Rong dina engkas aku karo bapakmu nemoni papi karo mamine Rosa. Terus dina Selasa Kliwon apa Jumat Pon awan acara tukar cincin, ngundang sedulur karo kanca2 cedhak”.*

*“ Matur nuwun banget Ibu karo Bapak, nyuwun pangestune wae muga muga kabeh mlaku lancar. Aku ya ngungun rasane, wiwit minggu ngarep sak teruse wis kudu urip pisah karo Bapak Ibu ya ?”*

*“ Lha pancen ngono dalane ya ora susah digawe abot ta Lik. Mengko karo Rosa rencana acarane dirampung. Terus kontak bu Arini, event organizer kae, ben tim e bu Arini sing gerak. Rosa karo kono mesthi repot”.*

Bu Ambarwati kendel rada suwe, unjal ambegan banjur neruske anggone ngendikan karo kaca kaca.

*“ Kangmas Rianto lan anakku Pramana. Kangmas mbokmenawa panjenengan isih kemutan, nalika awake dhewe bubar acara pernikahan dhisik kae tau diparingi sepasang ali ali berlian saka swargi Rama Ibu. Dhawuhe rikala semana nek anakku wis wayahe omah omah, sepasang ali ali iku kudu diparingke anakku sakloron. Nyuwun palilahmu kangmas apa mengko isa tak duduhake karo Pram lan Rosalina”.*

Pak Rianto rada kaget mireng ature bu Ambarwati. Lamat lamat kelingan pas awan awan bubarana acara manten puluhan tahun kepungkur ditimbal swargi mara sepuh, diparingi ali ali sepasang kanthi mata berlian. Perhiasan klasik kaya ngono wis dadi barang langka, dadi simpenan keluarga turun temurun.

*“Iya Jeng awake dhewe wong loro wis urip bareng luwih telung puluh tahun. Ali ali iku barang titipan saka swargi kanggo wayahe. Ora apa nek mengko kok duduhake Pram karo Rosa. Aku seneng isa ngopeni barang pusaka iku nganti puluhan tahun isih wutuh ora kurang sawiji apa”.*

*“ Pram mengko kabeh persiapan dirembug karo Rosa ya. Nek kabeh wis gamblang sesuk isa kontak bu Arini ben tim e dheweke sing nyiapake acara tukar cincin. Ora susah rowa ngundang sedulur karo kanca2 cedhak wae”.*

*“ Matur nuwun sanget bapak ibu. Mengko diteruske nek ana Rosa”.*

+++++

Persis bubar magrib Rosalina Wulandari wis teka nang dalem Nagan. Swasana sepi mung swara angin sore semribit lembut gawe tentrem nang ati. Cahyo repet repet, durung peteng, uga lampu lampu durung diurupake. Pramana enggal enggal

nemoni kekasihe. Rosalina Wulandari nganggo blouse warna kuning lembut karo cutbray putih. Praupane ayu katon anggone seneng semringah. Pramana ora lali ngrangkul raket lan ngaras kekasihe. Wong loro lungguhan ana berandha ngarep sinambi nikmati angin sore sing lembut.

*“Jeng aku wis matur Bapak Ibu mau. Prinsip setuju. Dina Minggu iki kudu nglaksanake patemon antarane Bapak Ibu karo Papi lan Mami. Terus Selasa Kliwon apa Jumat Pon, minggu ngarep acara tukar cincin. Ora susah rowa, mung ngundang sedulur lan kanca2 cedhak wae”.*

*“Wah njur nylepeg banget apa isa kecongah mas?”*

*“Jarene ibu dipasrahke wae bu Arini, event organiser ben tim-e EO sing gerak”.*

*“Iya awake dhewe kudu nyiapake apa ya mas?”*

*“Mengko dirembug sisan apa wae sing perlu disiapke. Mungkin konsultasi karo bu Arini. Isih ana wektu seminggu. Ora perlu acara sing rowa”.*

Bareng pak Rianto karo bu Ambarwati wis metu nang ruang tengah, Rosa karo Pramana enggal enggal mlebu. Rosa ngaturi salam kanggo pak Rianto lan Bu Ambarwati kanthi khidmat lan kurmat. Lungguhan nang ruang keluarga sinambi ngobrol ringan. Ana emping karo teh anget diladekke yu Siyem.

*“Mbak Rosa, Tita ora diajak ?. Sehat sehat ya?”*

*“Pangestunipun Bapak, sampun pulih kados kala emben. Sampun pulih aktif malih”.*

*“Bapak lan Ibu Setiawan sehat sehat ta? Nek cocok nang Yogja, mbok ora susah kesusu kondur Pekalongan”.*

*“Injih Bapak, sampun pengin kondur dhateng Pekalongan janipun”.*

Pak Rianto karo bu Ambarwati banjur ngendika alon alon marang Rosalina Wulandari.

*“Mbak Rosa, mau Pram wis matur nang aku karo ibumu, menawa pengin enggal diresmekake hubunganmu karo Pram. Aku babarpisan ora kabotan, mesthi nyengkuyung karepmu sakloron ning aku mung pengin takon langsung karo awakmu. Apa pancen wis mantep tenan arep urip bareng karo anakku Pramana?”* Bu Ambarwati banjur nimpali ngendikane garwane.

*“Iya mbak Rosa, kaya sing tak kandakke awan mau, sesambung urip bebrayan iku kanggo saklawase, ora mung kanggo seneng seneng sedhela. Mula bapak karo ibu pengin krungu saka awakmu langsung, aja kleru tanpa”.*

Rosa banjur matur wangsulan, senjata seneng nang ati ning ature kanthi rada ndredheg.

*“Matur nuwun Bapak saha Ibu ingkang dalem sayangi lan dalem kurmati. Kula sampun manah sakwetawis wulan wiwit rikala kepanggih sepindahan kaliyan mas Pram menawi kula sampun madhep mantep badhe nyuwala gesang dalem kangge ndampingi mas Pram. Matur nuwun menawi Bapak Ibu mangestoni sesambetan dalem kaliyan kangmas Pramana”.*

Rosalina bubar matur ngono banjur nangis mingsek mingsek. Campur adhuk rasane, ya trenyuh, ya seneng. Pramana mung meneng wae, tumungkul ora kewetu apa apa. Bareng sakuntara bu Ambarwati neruske anggone ngendikan.

*“ Dina Minggu iki aku karo Rama mu pengin nyowani papi karo mami. Nyuwun palilah lan pangestu kanggo sesambunganmu sakloron. Minggu ngarep iki wiwit dina Selasa Kliwon kabeh apik nggo acara tukar cincin. Ning apike kok dina Jumat Pon wae. Ben luwih ana wektu nggo persiapan”.*

*“ Dalem ndherek kemawon ibu”.*

*“ Sesuk nglubungi bu Arini ben disiapke. Sing penting sapa sapa sing arep diundang. Ora susah rowa, kanca lan sedulur cedhak wae”.*

*“ Injih ibu, benjang kula kaliyan mas Pram saged manggih bu Arini”.*

Pak Rianto banjur mung kendel wae, rembugan wis dianggep cukup kanggo menahi weruh marang putrane Pramana Enggar Kusuma lan calon mantu Rosalina Wulandari. Ngedhepi bu Ambar ben rembugan enggal dirampungake. Bu Ambarwati banjur njupuk kothak cilik saka laci. Dibukak isine sepasang ali ali emas kanthi mata saka berliyan.

*“ Pram karo Rosa anakku. Iki sepasang ali ali titipane swargi Eyangmu kanggo kono. Aku karo bapakmu didhawuhi menehke marang wayahe menawa arep nglakoni urip bebrayan. Iki simpenan keluwarga turun temurun saka swargi eyangmu. Pas acara tukar cincin isa nganggo sepasang cincin klasik kuwi, apa arep pesen cincin nganggo design modern, terserah kono wong loro”.*

Bubar rembugan banjur makan malam nang ruang makan. Ora akeh sing dirembug maneh. Mili nang lamunane dhewe dhewe. Kanggone Pramana karo Rosalina, wengi iku rasane wis kaya dadi siji. Gapuraning Ratu wis menga, ngenteni wong loro bebarengan mlangkah mlaku mlebu nang kedhaton.





## Bab 30

# Tukar Cincin -Nyawijining Katesnan

*D*ina Minggu esuk, angine midit kanthi lembut. Nggawa rasa tentrem lan seneng sapa wae sing nyipati. Esuk iku, keluarga Raden Mas Rianto Djojokusumo, garwa Raden Ayu Ambarwati lan putra tunggale Pramana Enggar Kusuma bakal nemoni keluarga Setiawan, bapak ibune Rosalina Wulandari, ana ing dalem Ngadisuryan. Sakperlu rembug sepuh tumrap sesambungan antarane Pramana lan Rosa. Sinaosa Pramana lan Rosalina Wulandari sakloron wis rembug mantep menawa arep urip bebrayan, nanging tetep kudu ana rembug resmi antaranne wong tuwa, amarga bapak ibune pancen isih lengkap saka pihak loro lorone. Acara patemon antarane keluarga Djojokusumo lan keluarga Setiawan nembe dianakake dina iku amarga kesibukan warna warna. Bubar pembukaan butik AW, Tita kena dhemam berdarah lan kudu dirawat nang rumah sakit, banjur Pram kudu ngayahi penataran nang Jakarta nganti telung minggu. Dina Minggu iku dina sing paling pas kanggo rembug tuwa, sakdurunge Pram wiwitan nyambut gawe lan kudu manggon nang Jakarta.

Jam sewelas pak Rianto, Bu Ambarwati didherekke putrane Pramana wis teka ana ing dalem Ngadisuryan. Rosalina Wulandari dibantu mbak Gemi, asisten rumah tangga wis nyiapake papan ana berandha samping, ngadhepi taman sing gilar gilar endah kebak taneman kembang. Ana swara kemriciking banyu saka kolam ikan hias nang pinggir taman. Pak Setiawan karo ibu Rina Setiawan wis lenggah nunggu nalika pak Rianto karo bu Ambarwati rawuh. Kondhisi kesehatane pak Setiawan karo garwane bu Rina pancen kudu tansah dijaga, ora isa dadakan cepet cepetan. Esuk iku Rosa nganggo ngisoran bathik lan ndhuwure kebaya warna lembut. Katon gandhes luwes merak ati. Sakwise padha lenggah nang berandha, pak Rianto sing miwiti pangandikan.

*“ Ngaturaken sugeng Bapak lan Ibu Setiawan, nuwun sewu nembe saged sowan. Kadospundi kabaripun, mugi mugi tansah sehat kemawon”.*

*“ Pangestunipun dhimas Rianto kaliyan Jeng Ambarwati, kita sedaya taksih kaparingan kesehatan. Kedah nrimah panci sampun sepuh. Mboten saged kados kala wingi wingi malih”.*

*“ Sedaya namung nglampahi gesang. Sampun wonten marginipun piyambak piyambak pak Setiawan, mboten sisah pun penggalih awrat. Kedah semangat teras”.*

*“ Kasinggihan dhimas Rianto tuwin bu Ambarwati, kula sakloron njih namung sumarah kemawon, tutwuri kaliyan kajengipun lare lare, Rosa kaliyan Iwan”.*

*“ Sowan kula kekalih wonten ngarsanipun bapak ibu Setiawan, waleh waleh punapa badhe matur tumrap sesambetanipun anak kula Pramana kaliyan keng putri mbak Rosalina Wulandari”.*

*“ Kasinggihan sanget dhimas Rianto, kula sakloron namung saged nyengkuyung kajengipun lare kekalih menawi panci sampun sami mantepipun”.*

Bu Ambarwati unjal ambegan banjur nrambul anggone ngendikan kanthi alon. Pak Rianto kendel ora neruske anggone ngendikan. Mbokmenawa krasa nggregel penggalihe.

*“Mbak Rosa karo anakku Pram sing tak tresnani. Awakmu sakloron wis krungu dhewe ngendikane bapak ibu. Mula matura saiki nang ngarepe bapak ibu. Kita minangka wong tuwa, bapak ibu Setiawan, aku dalah ramamu pengin krungu dhewe saka awakmu sakloron”.*

Rosalina Wulandari karo Pramana mung meneng wae wiwit mau. Bareng didangu dening bu Ambarwati, Rosa banjur matur kanthi tatag lan sareh.

*“ Ibu Ambarwati kaliyan bapak Rianto. Papi lan Mami sekalian. Kula kaliyan kangmas Pramana sampun mantep badhe gesang sesarengan sak laminipun. Nyuwun donga pangestu sageda kalampahan mboten kirang menapa kaliyan momong anak kula Tita”.*

Sedhela sidhem kabeh. Bu Ambarwati karo bu Rina padha kendel mung unjal ambegan dawa, rumangsa trenyuh krungu ature Rosalina. Pak Rianto banjur nrambul maneh.

*“ Pram, awakmu wis krungu dhewe ature mbak Rosalina. Piye tanggapanmu ngger, matura blak-blakan marang aku lan ibumu, uga papi mami Setiawan”.*

*“ Bapak ibu lan papi mami, dalem wis mantep kaya sing diaturke Rosa. Nyuwun donga pangestu bapak ibu lan papi mami”.*

Pram mung bisa matur cekak aos. Ora isa matur dawa-dawa. Atine trenyuh lan ngambra-ambra kelingan anggone kenal sepisanan karo Rosalina Wulandari. Sakbanjure acara makan siang. Pak Rianto pas makan siang ngusulake menawa disetujoni, acara tukar cincin dianakke dina Jumat ing minggu iku uga, sakdurunge Pram menyang Jakarta miwiti anggone nyambut gawe. Pak Setiawan karo bu Setiawan mung nyetujoni wae rencanane.

*“ Dhimas Rianto dalah ibu Ambarwati, kula kaliyan ibunipun Rosa, namung ndherek kemawon. Kahanan kula kekalih sampun mboten saged krida kados kala wingi-wingi. Namung ndherek bingah dene kita saged sesambetan kekeluargaan lumantar Rosa kaliyan nakmas Pram”.*

\*\*\*\*\*

Persiapan lan lakuning acara tukar cincin dipandhegani dening event organizer, bu Arini. Undhangan wis wiwit kasebar kanggo sedulur, kanca lan punggawa sing cedhak cedhak wae. Karepe mono ya mung acara climen acara keluwarga. Nanging senjata wis dipetani kanthi njlimet, undhangan sing kasebar luwih saka satus seket. Kanca kancane Pramana, mitra butik AW, kanca kanca ne cedhak bu Ambar para pecinta bathik lan organisasi wanita, punggawa kantore pak Rianto lan sedulur sedulure Rosa Wulandari saka Pekalongan. Ya ora apa apa sinambi sukuran kanggo Pramana lan Rosalina. Bapak ibune Reni, bu Leni Setyowati lan pak Hartono uga dikirim undhangan. Reni melu seneng banget rikala nampa undhangan mau, amarga wis mesthi menawa Pram karo Rosa bakal resmi urip bebrayan. Nang undhangan

uga dicethakake menawa para tamu kasuwun ngagem bathik. Sore-sore pas sela, Reni sengaja mara nang Nagan sakperlu nemoni Pramana. Ana prekara wigati sing perlu disampekke nang Pramana.

*“ Mas Pramana, matur nuwun banget undhangane. Bapak ibu uga wis nampa undhangane. Kita ndherek mangayubagyo muga-muga mbak Rosa karo mas Pram, tansah bahagia bebarengan”.*

*“ Iya dhik matur nuwun. Tak arep-arep rawuhe bapak ibu uga awakmu. Ben sempurna anggonku krasa seneng”.*

*“ Mesthi mas aku karo bapak ibu mesthi teka. Mung ana siji sing aku pengin matur. Apa aku pareng ngajak mas Dhedhi nang acara tukar cincinmu mas?”.*

*“ Aku bakal seneng banget menawa awakmu rawuh, ora ana keraguan babar pisan. Ning iki dudu acaraku dhewekan. Uga acarane Rosa karo bapak ibune. Prekara Dhedhi, apike Reni takon wae langsung karo Rosa ya sakdurunge, mundhak ana seling surup”.*

*“ Iya mas sore iki aku tak nemoni mbak Rosa sisan. Aku mung samar nek mas Dhedhi dadakan banjur nrambul nang acara kan isa gawe cingak”.*

*“ Mangga dhik langsung wae karo Rosa. Aku seneng banget nek kono rawuh karo bapak ibu. Mung prekara Dhedhi, Rosa sing wenang mutusi”.*

Reni mlaku-mlaku wayah sore numpak sepedhane, sak ubenging Alun-Alun Kidul. Ndelengke srengenge wis gumlewang ana ing sisih kulon. Langit warna semburat abang. Dheweke rumangsa tentrem meruhi sesawangan alam sing endah iku. Nanging ya rumangsa trenyuh ngelingi menawa

sedhela engkas wis meh rampung anggone nglakoni pendhidhikan dhokter nanging durung maton uripe arep menyang endi, karo sapa. Ngenteni dhokter Andhi sing wis meh rampung anggone pendhidhikan spesialis dhokter bedhah, ora nate ana tembung babar pisan. Mungkin apa dheweke sing gegedhen rumangsa ngenteni tembung Andhi. Ana sing wis rumangsa mantep ngetokke isi atine pengin urip bareng karo dheweke, ora liya ya Dhedhi Sumaryono, ning kok isih ana ganjelan amarga ana gandheng cenenge karo Rosalina Wulandari, wanodya ayu sing bakal dadi sisihane Pramana, kangmase sinara wedi. Saka Alun Alun Kidul, Reni balik nang omahe, ngliwati butik AW panggonane Rosa. Rada ragu ragu dheweke mampir nemoni Rosa. Rosa lagi lungguhan nang ngarepan karo putrine Titalia.

*“ Mangga pinarak dik Reni. Piye kabare kok sajak relaks, sepedhahan sore sore”.*

*“ Iya mbak Rosa, bapak ibu tindakan, sepi nang ngomah dhewekan. Matur nuwun undhangane wis tak tampa. Bapak ibu karo aku mesthi teka suk dina Jumat. Wis tak angen angen suwe mbak”.*

*“ Iya matur nuwun, seneng banget nek sliramu rawuh karo bapak ibu. Papi mami mesthi ya seneng banget”.*

*“ Mbak aku pareng matur ngrusuhi sithik, aja dadi penggalihmu ya mbak?”*

*“ Ora babar pisan, nek isa mbantu mesthi tak bantu njenengan dhik”.*

*“ Mung pengin matur, upama mas Dhedhi Sumaryono, pengin melu nekani acara tukar cincin suk Jumat apa pareng mbak ?”*

*“Maaf ya dhik Reni, senajan aku seneng banget njenengan isa hadir, ning aja pisan pisan ngajak Dhedhi Sumaryono ya. Aku nyuwun tenan, ora mung aku sing ora siap, papi mamiku ya babar pisan ora siap”.*

*“Ora apa apa mbak. Aku matur njenengen blaka wae timbang diarani dening mas Dhedhi gawe gawe. Wis cetha kanggoku”.*

*“Iya dhik kaya welingku karo welinge kangmasmu Pramana, kudu tetep ati ati. Ora ana jaminan kanggone wanita menawa ana apa apa ing tembe ngarep. Isane ya mung ati ati. Aku wis ngalami dhewe dadi sisihane Dhedhi, ning prasasat ora ana tanggung jawabe, tinggal glanggang colong playu. Papi mami nganti syok banget tekan saiki, rumangsa di sawiyah wiyah tanpa daya”.*

*“Matur nuwun mbak. Aku tansah ati ati. Ngenteni kamantapan priya sing tak antu antu, kok sing teka malah mas Dhedhi Sumaryono. Atiku ya isih mangu mangu mbak”.*

*“Aja mung nunggu kanthi mangu mangu dhik. Wanita kudu wani blak blakan. Ora ana eleke, aja mung nunggu ngenteni nasib ditekani priya”.*

Senajan mung omong omong sedhela sore iku karo Rosa, Reni kaya entuk semangat, wanita kudu wani golek dalan kanggo masa dhepan. Ora mung ngenteni welas asihe priya. Dheweke bakal nakoni Andhi sak durunge gawe putusan karo Dedhi. Durung ana ikatan lan janji apa apa. Nanging Reni isih kelingan banget nate cedhak sak wetara wektu karo Andhi. Tau kewetu ukarane pas dolan bareng nang wadhuk Sermo. *“Apa awake dhewe isa bareng terus kaya saiki dolan bareng wong loro?”*

Ukara iku cukup kanggone Reni sakperlu nakokke apa karepe Andhi, apa mung sembranan apa serius. Wis kliwat sakwetara wektu sak durunge Andhi tugas nang luar Jawa. Saiki Andhi wis mulih saka luar Jawa, lagi persiapan arep ujian akhir dhokter spesialis bedhah. Mung sok ketemu sliringan ana gang rumah sakit.

\*\*\*\*\*

Pas jam makan siang ana rumah sakit, Reni mlaku tumuju menyang kantin. Isih sepi mung ana sakwetara pengunjung nang kantin. Ana priya dhewekan lungguh ana sisih pojok karo nulis. Ora pangling priya kuwi ya dhokter Andi, lagi serius banget nulis cathetan. Alon alon Reni marani lan aweh salam.

*“Mas Andhi piye kabare ? Kapan rawuh saka Sulawesi? Suwe ora ketemu awake dhewe”.*

Andi rada kaget disapa Reni, pikirane lagi konsentrasi nang cathetan sing lagi digawe.

*“ Durung ana seminggu iki nang Yogja. Langsung nyiapke laporan kanggo ujian akhir mbokmenawa rong minggu maneh”.*

*“ Muga muga lancar mas, aku melu ndedonga. Wis makan siang, nek durung sisan bareng ya mas. Aku suwe ora ngobrol karo njenengan”.*

Wong loro banjur pesen makan siang. Reni pesen soto karo es jeruk, dene Andi pesen sega pecel karo es teh. Makan siang alon alon karo ngobrol ngalor ngidul. Kaya mung kanggo ngisi wektu wae. Pungkasane Reni omong kanthi sareh.

*“ Mas Andi apa pareng aku takon sithik?”*

*“ Iya ana apa dhik ?”*

*“ Sakwetara sasi kepungkur sakdurunge budhal nang Sulawesi, awake dhewe krasa cedhak runtang runtung ya mas. Pas dolan nang wadhuk Sermo kae aku isih kelingan njenengan ngendika apa awake dhewe isa barengan urip karo seneng seneng dolan terus wong loro. Apa maksude mas, apa ana sing kudu tak enteni?”*

*“ Iya perasaanku wektu iku, awake dhewe isa bareng seneng dolan dolan terus wong loro”.*

*“ Serius mas, apa panjenengan karepe awake dhewe isa urip bareng ngono ?”*

*“ Aku dhewe ora ngerti dhik, nek ditakoni pengin ya jane pengin. Ning aku dhewe isih akeh sing kudu tak rampungke, durung wani mikir serius prekara iku. Dilakoni wae mengko rak tekan tujuane”.*

*“ Apa aku kudu ngenteni nganti tugas tugasmu rampung mas, lagi dirembug maneh?”*

*“ Aku ora pengin nancang sliramu tanpa kepasthian. Kabeh wis ana sing ngatur dalane. Dilakoni wae. Aku dhewe durung duwe kepasthian durung wani menahi jawaban, angel nek ditakoni wektu iki. Embuh mengko nek wis rampungan ujianku”.*

*“ Iya mas aku ngerti. Ora perlu digawe abot, dilakoni wae. Aku mung pengin ngerti apa maksude ngendikane mas Andi rikala semana. Aja nganti kegelan menawa banjur mlaku nang dalane dhewe dhewe”.*

*“ Babar pisan ora dhik. Muga muga isih isa ketemu terus mengkone. Andum slamet mlaku dhewe dhewe”.*

Reni katon ngendhelong krungi wangsulane Andhi. Ora ana kepasthian, ora ana ukara kudu ngenteni. Kabeh kebak

pitakonan tanpa kepasthian. Ya kudu ditampa lan dipupus. Wis cukup kanggo gawe keputusan.

+++++

Dina Jumat sing ditunggu tunggu. Wiwit esuk panggonan acara wis disiapake ana pekarangan samping butik AW. Plataran amba lan taman sing temata apik. Swasana eyup merga ana wit sawo kecil karo jambu air lan pelem. Wis dipasang tendha karo ubarampe wiwit bengine. Acara bakal kawiwitan jam loro, nanging tim saka EO sing dipandhegani dening bu Arini wis sibuk wiwit esuk. Pak Rianto, bu Ambarwati lan putrane Pramana wis siap nang panggonan acara sak durunge Jumatan, karo ngecek mbokmenawa ana sing kurang. Bubar Jumatan tamu tamu wis padha rawuh. Katon regeng amarga meh ana satus seket cacache tamu. Sing putri padha ngagem kebaya, ngisore ana sing ngagem jarit bathik ana sing ngisoran biasa. Tamu kakung padha ngagem bathik lengen dawa. Prasasat kaya festival bathik wae mung siji loro tamu sing ora ngagem bathik. Mbokmenawa saka kantor langsung nang acara iku, ora sempat ganti.

Karo nunggu acara kawiwitan, para tamu ana sing mubeng mubeng ndeleng taman, ana sing ndeleng koleksi bathik nang ruang ngarep, sebagian ana sing mung padha ngendikan karo ngrahabi jajan pasar lan unjukan, ana wedang jahe, teh, es degan. Nunggu acara kanthi sabar sinambi mirengke swara musik. Jam loro persis acara kawiwitan, dipandhegani dening pranata cara sing disarirani dening bu Arini. Lakuning acara lancar kawiwitan atur pambagyo wilujeng saka bu Arini. Sakwise acara dhoa, acara mlaku kanthi lancar. Bu Arini ngenalake pasangan Rosalina Wulandari lan Pramana Enggar

Kusuma. Rosa nganggo kebaya warna jambon karo ngisoran bathik. Dene Pramana nganggo setelan jas warna soklat karo dhasi kupu. Pancen katon pasangan serasi. Pramana bagus gagah gedhe dhuwur, dene Rosalina ayune uleng ulengan. Kaya nang nggon crita kahyangan wae.

Pak Rianto lan bu Ambarwati, pak Setiawan karo bu Rina Setiawan, kanthi sareh nek seni lakuning acara. Bu Ambarwati karo bu Rina katon mbrabak nalika Pramana karo Rosa gentenan masangke ali-ali nang driji manis. Iku ali-ali berlian paringane eyange Pramana, ya rama ibune bu Ambarwati. Ali-ali berlian sing umum dadi koleksi keluwarga turun temurun. Pak Rianto amakili wong tuwane pasangan sakloron ngaturake panuwun marang para tamu.

*“ Kula sakloron dalah kaliyan kangmas lan mbakyu Setiawan, minangka tiyang sepuhipun anak kula Pramana kaliyan Rosalina Wulandari, ngaturaken gunging panuwun ingkang tanpa upami dene panjenengan sedaya kersa ngrawuhi acara punika lan paring donga pangestu dhateng anak kula kekalih. Mboten sanes kula tansah nyuwun donga pangestu supados anak kula kekalih tansah kaparingan berkah saged mbangun bale wisma kanthi lestari ing tembe ngajeng. Kanthi andhap asor, kula ugi nyuwunaken donga pangestu dene anak kula Pramana, badhe miwiti jejibahan wonten ing Dhepartemen Luar Negeri minggu ngajeng punika, mugi mugi piyambakipun saged nglampahi darmabekti dhateng Nusa lan Bangsa kanthi lancar. Nuwun”.*

Bubar acara banjur kembul bujana dhahar ana ruang terbuka. Kayadene pesta kebun nang taman. Swasana sing nyenengke gawe tentrem nang ati. Kanca kanca mahasiswa wane Pram akeh sing padha teka, uga para anggota komunitas bathik saka

dhaerah Yogya lan Solo. Jam papat acara wis rampungan, tamu tamu wis sowang sowang kondur. Ubarampe lagi ditata maneh dening para petugas. Nalika pak Rianto karo bu Ambarwati pamitan, pak Setiawan karo bu Setiawan, ngrangkul kencing saking trenyuhe.

*“ Adhimas Rianto lan Jeng Ambarwati, kula kekalih namung titip anak kula Rosa kaliyan putu kula Tita, supados pun rengkuh kados dene putri lan wayah panjenengan. Kula namung saged nyekseni saking tebih lampahipun nakmas Pramana kaliyan Rosa. Mugi mugi tansah kalis saking rubeda. Matur nuwun sanget tumrap sesambetan pasedherekan punika”.*

*“ Sampun sae sedaya kangmas lan mbakyu Setiawan. Kita namung saged ngawat awati saking katebihan. Kula kaliyan ibunipun Pram, pitados menawi Mbak Rosa kaliyan Pram tentu saged gesang sesarengan mbangun bale wisma kanthi rukun sae. Mangga sami sami pun paring donga lan pangestu”.*

Pramana karo Rosa bubar acara isih sibuk anggone mberesi urusan karo bu Arini. Kabeh lancar ora kurang sawiji apa. Sesuke dina Sabtu sore Pram karo Rosa arep budhal Jakarta. Pram isih kudu nyiapake uba rampe kanggo wiwit manggon nang paviliun kontrakan. Nanging dheweke bakale dikancani Rosa tata tata nang panggonan anyar. Dina iku rasane mung lega seneng, dene acara resmi tukar cincin wis kaleksanan kanthi lancar. Reni sing isih durung mulih amarga melu beres beres nyedhaki Pramana karo Rosa.

*“ Proficiat ya mas Pram lan mbak Rosa, selamat bahagia. Seminggu apa rong minggu iki mbokmenawa aku arep menyang Jakarta, nang Dhepartemen Kesehatan takon prekara penempatan. Nek ana wektu aku tak nemoni mas Pram ya, nyuwun alamat wae”.*



## Miwiti Karier

**R**ina Setu bengi Pram karo Rosalina Wulandari budhal menyang Jakarta. Tita maune arep diajak sisan nanging amarga kesusu, rencana mau dibatalke. Rosalina nang Jakarta, sakperlu ngewangi Pram anggone nata paviliun sing bakal dienggoni. Nglengkapi uba rampe sing dibutuhake. Mung udakara rong dina suwe suwene telung dina. Butik AW diawasi bu Ambarwati. Tita diemong dening mbak Suni lan diawat awati bu Rina Setiawan. Pak Setiawan karo bu Rina sakwise acara tukar cincin banjur rumangsa krasan nang Yogja, ora bolak balik ngresula pengin kondur Pekalongan. Urusan perusahaan nang Pekalongan wis diurusi dening Iwan, mlaku lancar tanpa rubeda sawiji apa. Jam sanga bengi sepur budhal saka stasiun Tugu. Jam setengah wolu, Pram wis diampiri Rosa diterke dening sopir pak Jono nganggo mobil Mercedes Benz. Pak Rianto karo bu Ambarwati nemoni Rosa sakdurunge budhal. Pak Rianto wis ngendika akeh akeh marang Pramana mau

bengi, wose ya paring welingan kudu ati ati nyambut gawe dadi pegawai negeri sipil.

*“ Pram sing ati ati ya wiwitan nyambut gawe. Eling elingen pesenku mau bengi kae. Ajaran Hasta Brata wis dadi panuntune para pemimpin Asia ewonan taun”.*

*“ Injih bapak bakal tansah tak eling eling. Nyuwun pangestu bapak ibu, muga muga lancar. Seneng rasane wis arep wiwit nyambut gawe nang Dheplu”.*

Bu Ambarwati banjur nyela nakoni Rosa. *“Mbak Rosa pirang dina nang Jakarta. Ati-ati wong loro padha saling njaga, eling lan waspada”.*

*“ Paling dangu tigang dinten ibu. Mesthinipun dinten Rebo sampun wangsul dhateng Yogja. Injih ibu dhawuhipun bapak ibu temtu tansah kula estoken, nyuwun pangestu”.*

*“ Ati ati ya Pram, nang paran tansah ngati ati. Iki wiwitan awakmu urip pisah karo rama ibu. Wis titiwancine kudu urip dhewe kanggo nggayuh karier lan pepenginanmu”.*

*“ Injih Bapak Ibu, muga muga ora ana rubeda sing abot, tansah diparingi lancar. Nyuwun donga pangestune Bapak Ibu”.*

Tumrape Pak Rianto karo bu Ambarwati budhale Pramana sore iku, dudu lelungan biasa, nanging duwe teges gedhe kanggone keluwarga. Amarga nembe wektu iku arep pisah karo putra tunggal sing banget ditresnani lan digadhang gadhang. Wingi wingi pak Rianto asring menggalih, cepet apa rendhet mesthi bakal urip pisah karo Pram putra tunggale. Pepenginane dadi dhiplomat, ora mungkin nek arep urip nang

Yogja. Iki wis titiwancine urip pisah karo putra tunggale. Kudu iklas lan disukuri. Tekan stasiun Tugu wis kliwat jam wolu, Pramana karo Rosalina Wulandari langsung mlebu peron. Karepe arep terus munggah nang sepur. Dadakan ana swara sing ngundang dheweke, swara sing wis kulina kanggone Pram, ora liya swarane Reni. Dheweke teka barengan karo kancane, bocah nom noman nganggo jaket.

*“ Mas Pram karo mbak Rosa, sengaja aku ngenteni nang kene. Pengin ketemu njenengan”.*

*“ Iya mau mbak Rosa ngampiri aku nang Nagan dhik, terus diterke sopir mrene”.*

*“ Aku mau jane ya nang Nagan, ning panjenengan nembe wae budhal ngendikane budhe. Mula banjur tak susul mrene, diboncengke Santo. Iki Santo kancaku ko ass.”*

Santo bocahe katon meneng. Pawakane lencir kepara rada kuru, dedeg piyadeke sedhengan, ora dhuwur, ora endhek.

*“ Piye dhik Reni, ana perlu apa ya?. Mbak Rosa karo aku budhal nganggo sepur jam sanga mengko”.*

*“ Iya mas cepet cepetan wae. Minggu ngarep iki mbokmenawa aku arep nang Jakarta, takon penempatan nang DhepKes”.*

*“ Terus terang aku durung duwe alamat pavilliunku dhik. Ning nang Kesehatan. Ngene wae, mengko nek mbak Rosa balik Yogyakarta, ben nggawa alamate sing lengkap”.*

*“ Iya dhik Reni, dina Kemis sore aku mesthi wis mulih. Tak catetke alamat pavilliune mas Pramana. Kemis sore maraa nang nggonku ya. Karo dhik Santo iku?”*

*“ Trima kasih ya mbak. Iya aku mara karo Santo mengko, lagi ngebut gawe laporan nggo ujian Public Health. Kari PH karo Bedhah sing durung ujian. Selamat jalan mas Pram lan mbak Rosa ”.*

Rosalina Wulandari karo Pramana banjur munggah sepur. Gandhengan tangan, katon rukun. Sakloron katon anggone seneng semringah praupane. Wis dipangestoni keluwarga, wis resmi tukar cincin. Mung kari kurang upacara pernikahan. Ora ana sing perlu dikuwatirake menawa bakal pisahan, utawa keganggu pihak ketiga. Urusan karo Dhedhi Sumaryono wis rampung, pesen ne nang Dhedhi wis jelas, malah nganggo layang pernyataan barang, sing digawekke dening Reni. Dhedhi Sumaryono aja pisan pisan ngganggu sesambungane Rosa karo Pram maneh. Wis cuthel. Ana sepur mung padha ngobrol mesra, ngronce kaya apa bakale urip bareng ing tembe ngarep sing endah. Anggone crita karo padha genggeman tangan, Rosa sumendhe nang baune Pram.

*“ Rumangsaku awake dhewe kok kaya ngimpi ya mas. Ketemu sepisanan nang bis malam, mung sedhela nanging banjur ngimpi impi pengin ketemu. Ketemu maneh kok njur pengin urip bareng ben isa mlaku bareng terus. Saiki wis ora isa pisah maneh”.*

*“ Kabeh wis ana dalane dhewe dhik saka sing Gawe Urip. Awake dhewe sakderma nglakoni kanthi ikhlas”.*

*“ Panjenengan jare durung tau duwe sesambungan karo wanita liya, kamangka prasasat dadi idola nang kampus akeh sing pengin nyedhaki. Bareng ketemu mung sedhilit karo aku kok njur ora isa pisah, kamangka aku dudu apa apa, aku mung warandha alias single mother”.*

*“ Tresnaku tulus saka njero ati, luber nampa sliramu apa anane. Mung aku perlu wektu nggo ngleremke pikir sak wetara wektu. Butuh wektu anggone matur rama ibu, piye anggone menahi weruh kanca kancaku. Ora ana keraguan babar pisan”.*

*“ Kabeh wis berlalu mas. Sing penting nang ngarep awake dhewe isa mlaku bareng terus. Bebarengan sak lawase nganti pungkasaning laku”.*

Ora krasa banjur keturon kanthi impen endah. Angler kepenak anggone turu. Ngerti ngerti wis wayah parak esuk, wis rame. Stasiun Gambir swasanane rame usreg. Portir nawakake tenaga nggo ngedhunke barang. Pram njaluk tulung portir nggo ngedhunke barang barange. Isine ya mung piranti rumah tangga kanggo paviliun mengko. Banjur numpak taksi menyang Kesehatan. Dina Minggu iku Rosa karo Pramana sibuk anggone resik resik lan nata paviliun. Ora gedhe ning lumayan, ana ruang tamu, kamar tidhur loro, dhapur lan kamar mandi. Ana tengah tengahe kompleks perumahan sing padhet. Ana halaman ciut nang sisih paviliun, karo pasangan meja kursi taman nang berandha samping sing isa kanggo lungguhan. Bubar resik resik banjur adus. Banyune saka leiding, lancar mili senjata ora gedhe. Bubar adus banjur metu numpak bemo, golek makan siang.

Mubeng mubeng sedhela banjur nuju nang TIM, Taman Ismail Marzuki, kantine muga muga bukak. Jangan asem karo empale angel golek tandhingane. Tekan panginepan nang TIM ndilalah sepi, tamu tamu wis padha mulih esuk mau, rombongan tamu anyar biasane mlebu sore. Enggal mara nang kantin, pesen jangan asem karo iwak empal lan es jeruk. Nikmat rasane, hawane panas makan siang jangan asem

nganggo sambel pedhes, dikancani es jeruk. Ora suwe nang TIM, bubar makan siang banjur nang Harmony golek perkakas lan ubarampe rumah tangga sing isih diperlokke. Sakwise blanja padha padha krasa kesel, banjur mulih. Lungkrah karo ngantuk, Pram karo Rosalina banjur leren turu. Pram ana kursi dhudhuk ruang tengah, dene Rosalina ana kamar njero.

Wis wayah sore nalika Pram tangi, meh jam papat sore. Kepenak anggone turu. Tangi tangi awak wis krasa seger maneh. Mung kok rasane sumuk ora enak. Kelingan nek nang Yogja, wayah sore ngene iki mesthi angine semribit, nerak wit witan nang pekarangan nggawa swara lembut, swarane angin sore. Kayadene musik alami ngiringake ilange surya ing sisih kulon. Ana wit jambu nang halaman samping, jambu Bangkok, durung gedhe uwite, godhonge arang arang warnane rada kuning, lan ana pentil jambu senjata arang arang. Pratandha menawa kurang banyu, kurang disiram. Wit jambu iku isane ya mung meneng wae, lagi ora ana angin sing bisa gawe swara. Pramana sadhar saka anggone ngalamun. Alon alon niliki Rosa ana kamar. Isih angler anggone turu. Mbokmenawa merga kesel dina dina iki sibuk terus. Dheweke ngrangkul Rosa karo ngaras lembut. Rosa ngeluk geger karo mbales ngruket ngrangkul Pram, pacangane sing banget diresnani.

*“Sumuk banget ya mas hawane nang kene, kaya nang Pekalongan wae”.*

*“Apike kono siram dhisik ben seger, aku tak nyirami taneman. Sajake suwe ora disirami”.*

*“Diresiki karo di sirami bareng mas. Sedhela rampung. Bubar iku terus adus bareng bareng’.*

*“ Aku mau tangi kok ndeleng wit jambu iku, ketok nelangsa. Kurang banyu suwe ora disirami sajake”.*

Wong loro banjur resik resik halaman samping. Ora ambane mung ukuran antara nem meter dawane, lan ambane telung meter. Taneman sing gedhe ya mung wit jambu, liyane kembang kembang nang pot. Diresiki kanthi tlaten, disaponi karo di sirami lan ditata maneh ben katon asri. Ora suwe anggone resik resik, wis rampung dadi gilar gilar kepenak di sawang. Wong loro banjur leren sedhela nang berandha samping karo ngombe banyu es saka kulkas. Seger rasane.

*“ Mas Pram sesuk nek njenengan nang kantor, aku tak resik resik karo nata nata. Mungkin rong dina wis beres kabeh. Rebo aku mulih Yogja ya mas. Ora kepenak ibu dhewekan le ngawasi butik”.*

*“ Iya ora apa apa dhik, aku seneng wis kok kancani rene. Ora krasa nglangut banget mulai urip dhewe”.*

*“ Aku usul pendhak rong minggu ketemu mas. Gentenan aku nang Jakarta, apa mas Pram sing nang Yogja. Ora ketang mas Pram mung rong mbengi nang Yogja”.*

*“ Iya aku setuju, upama seminggu wis kangen ya kari budhal ngono wae, sliramu luwih luwes wektune Jeng”.*

Rosalina banjur menyang kamar mandhi. Pram ngenteni nang berandha karo ndeleng halaman ciut sing mentas diresiki. Halaman iku isa dimanfaatkan kanggo taman. Ben ora krasa gersang nang tengah kutha sing padhet. Ana krenteg pengin melu adus bareng karo Rosa, ning kamar mandhine ciut, ribet nek wong loro barengan. Enggal enggal Pram uga adus sakwise Rosa. Bubar adus Rosa wis nyepakke teh anget ana

meja berandha samping. Hawane wis kepenak ora patia sumuk. Ning sing jeneng lemut, akehe ora mekakat. Swarane mbenging nylekit nang kuping. Untung wis siap semprotan obat nyamuk. Wengi iku wengi sing wiwitan ana paviliun, wong loro mung padha ngobrol nang ngomah, ora metu metu. Metu wayah wengi uga sering ora aman, akeh jambret. Kanggo makan malam, Pram karo Rosa padha masak bareng nang dhapur. Masakan sedherhana, jangan terong karo tempe goreng. Ewasemana rasane seneng isa barengan masak wong loro, kaya kaya wis urip bebrayan sing diimpi impi.

++++

Dina Senen, dina kawitan nyambut gawe, Pram wis budhal esuk, nganggo seragam bathik KORPRI. Numpak bis kota sing ngliwati jurusan Pejambon. Rada suk sukan, dadi kudu tansah waspada. Asring ana penumpang kecopetan. Tekan kantor isih esuk. Sakdurunge mlebu kantor, dheweke melu apel dhisik, acara rutin pendhak dina Senen. Dhepartemen Luar Negeri pancen gedhe, ya organisasine ya kantore. Mbokmenawa amarga Indonesia mentingke politik luar negeri sing bebas lan aktif, ngrengkuh hubungan karo negara negara kanggo kesejahteraan warga negara Indonesia lan dhunia. Nang Dhepartemen Luar Negeri, ana kantor Sekretariat Jendral lan pitu Dhirektorat Jendral yaiku, Dhirektorat Jendral Asia Pasifik dan Afrika, Dhirektorat Jendral Amerika dan Eropa, Dhirektorat Jendral Kerja Sama ASEAN, Dhirektorat Jendral Kerjasama Multilateral, Dhirektorat Jendral Hukum dan Perjanjian Internasional, Dhirektorat Jendral Informasi dan Dhiplomasi Publik, Dhirektorat Jendral Protokol dan Konsuler, sarta kantor Inspektorat Jendral.

Pramana ditugaske ana Sekretariat Dhirektorat Jendral Kerja sama ASEAN. Esuk iku entuk briefing saka atasane, ibu Dhian Sastrawinata, wose nerangake organisasi lan tata kelola nang Dhepartemen Luar Negeri. Pramana banjur ditepungke kanca kanca sak kantor. Ana dhaftar briefing nang kantor kantor ana Dhepartemen Luar Negeri sing gegayutan karo Sekretariat Kerja sama ASEAN, ben luwih ngerteni tatacara lan program kegiatan saben kantor Dhirektorat. Pram sadhar menawa dheweke mung dadi salah sijining punggawa ana ing sistem birokrasi lan kebijakan sing gedhe. Kudu manut tata kelola lan prosedur sing ana. Ora isa nggugu karepe dhewe. Seneng rasane ngerteni tata kelola organisasi sing gedhe kaya Dhepartemen Luar Negeri. Wis mantep dheweke bakal ngugemi kanthi temen kabeh tugas lan kuwajiban sing dadi tanggung jawabe. Dhepartemen Luar Negeri kantor gedhe sing makili kepentingan NKRI. Ora isa kanggo nggolek popularitas pribadi kaya nalika ngurus organisasi mahasiswa. Sangsaya dina sangsaya seneng dheweke ngayahi tugas senajan isih dadi punggawa paling yunior. Kabeh dilakoni kanthi tlaten, jer kabeh wis ana tata carane sing baku. Tansah ngeling eling welinge Bapake prekara Hasta Brata, yaiku tuntunan kepemimpinan sing adhedhasar sifat sifat unsur alam yaiku bumi, surya, agni, langit, angin, rembulan, samudra, lan lintang.

Rosalina Wulandari mung nang Jakarta telung dina. Dheweke ngrampungake anggone tata tata lan resik resik paviliun. Seneng banget isa ndhampingi Pramana sing banget ditresnani miwiti tugas ana ing bidang sing pancen wis diimpi impi, bidhang dhiplomasi. Pendhak Pram mulih saka kantor, mesthi ditakoni piye tugase lancar apa ora. Dheweke nyimak ngrungokke critane Pramana prekara gaweyan kantor. Rasane

seneng ngerti menawa Pramana nglakoni gaweyan kanthi mantep. Ora ana keluhan apa apa, mung katon semangat lan seneng. Ana Jakarta Rosalina kerep ndeleng iklan koran, golek sisik melik panggonan sing mbokmenawa cocok kanggo usaha butik. Mung survei golek info dhisik, pira beaya sewa panggonan sing lumayan strategis nang Jakarta. Kadhang kadhang dheweke numpak bemo utawa taksi survei lokasi. Dongane muga muga isa kasil bukak butik nang Jakarta, mesthi pelanggane luwih akeh ana ibu kota. Golek panggonan sing cedhak cedhak sak ubenge Kesehatan wae. Sakjroning telung dina wis akeh bahan informasi sing dikumpulke. Isa dinggo bahan nyusun rencana menawa bukak cabang ana Jakarta. Papi mamine mbokmenawa ketarik melu tanam modhal. Dheweke rasan rasan karo Pramana sakwijining sore.

*“ Aku wis milang miling ndeleng panggonan nek isa bukak butik. Nek wis kumpul modhal pengin bukak cabang ana kene, ngganggu gaweyan penjenengan ora ya mas ?”*

*“ Nggangu sih ora, ning ngerti dhewe aku ora isa ngewangi penuh Jeng. Pas nang Yogja kae isih isa melu mlayu mrena mrene”.*

*“ Ora apa apa mas. Mengko tak pelajari maneh, karo tak matur ibu. Nek upama papi mami gelem diajak, tak kira modhal isa dirembug mengko”.*

*“ Dipikir alon alon, ora perlu kesusu dhik. Aku nyengkuyung terus rencanamu. Toh aku ya bakale nang Jakarta sak lawase. Kemungkinan pindhah mung nek ditugaske nang negara liya. Isih suwe mengko durung wani mikir”.*

*“ Iya mas awake dhewe tansah bareng. Emoh urip pisah aku”.*

+++++

Dina Rebo sore Rosa wis tekan Yogja maneh, numpak sepur esuk saka Jakarta. Maune arep budhal Selasa sore, ning rasane abot arep pisah ninggal Pramana. Isih ana wektu sewengi maneh ngancani Pramana. Sore iku butik AW bukak kaya biasane. Bu Ambarwati sing biasane mung nunggoni giliran wayah esuk, sak suwene Rosa ana Jakarta, uga ngendhang pas bukak sore. Seneng nalika pirsane menawa Rosalina Wulandari wis teka saka Jakarta.

*" Jam pira mau anggonmu teka mbak Rosa ? Yen isih kesel mbok istirahat wae ndhisik, kene tak awat awatane".*

*" Sonten punika wau nembe dugi ibu, enjang wau bidhal saking Jakarta. Sampun istirahat sekedhap".*

*" Piye kahanane Jakarta?. Le resik resik karo tata tata wis rampungan?"*

*" Sampun ibu, sampun renes sedaya. Malah ugi saged nata taman sekedhik. Mas Pram sampun wiwitan nyambut damel. Ketingal remen lan semangat".*

*" Ya sokur melu seneng aku. Bapakmu bola bali rasanane piye kahanane Pram nang Jakarta. Ora tau ditinggal anak lanang, iki sepiisanan urip pisah, rasane kok ya keranta ranta ya".*

*" Injih ibu, kula kaliyan mas Pram pendhak kalih minggu gentosan, kula dhateng Jakarta utawi mas Pram ingkang dhateng Yogja".*

*" Iya mbak aja kesuwen pisah. Pendhak rong minggu ketemu. Mengkone kok rembug karo Pram kepiye penake. Nek arep luwih suwe nang Jakarta ya ora apa apa, kene tak awat awatane".*

*“ Njih ibu, malah kula rasan rasan kaliyan mas Pram, pengin bikak cabang wonten Jakarta kados pundi?”*

*“ Nek kene wis lancar apik kuwi, aku setuju. Dipelajari wae piye rencanane mengko. Modhal isa dirembug. Aku sih luwih seneng nek kono luwih suwe bareng karo Pram, ora kesuwen le urip pisahan”.*

*“ Kula sampun milang miling wonten dhaerah celak celak Kesehatan bu. Ugi beaya kontrak panggenan sampun kula survei. Mangke kula damel rencananipun. Mbokmenawi tahun ngajeng punika saged pun wiwiti”.*

*“ Nek wis ana ngengrengane rencana aku ya tak matur Bapakmu. Mesthi dheweke mendhukung”.*

*“ Injih ibu, kula mangke njih badhe raosan kaliyan papi, mami, mbokmenawi kersa gabung”.*

*“ Aku krungu slenthingan, dalem iki kok jare arep dilepas karo sing kagungan. Kagungan dalem gedhe nang Patangpuluhan uga. Putrane nang Jakarta kabeh, ribet le ngopeni, terus dalem iki arep dilepas”.*

*“ Ngaten ibu, ning kontrakanipun taksih mlampah sakwetawis taun bu”.*

*“ Mula ben bapakmu wae sing ngrembug. Sokur nek isa gathuk regane. Bapakmu isih kagungan celengan, muga muga cukup. Isa karo kanggo tempat usaha terus”.*

Pak Setiawan karo bu Rina Setiawan isih lenggah nang Yogja. Jane rencana arep kondur nang Pekalongan, ning sarehne ibune Tita lagi nang Jakarta, kepeksa anggone kondur Pekalongan tansah mundur. Rosa ya rumangsa seneng dene

papi mamine wis ora kejer anggone arep kondur nang Pekalongan. Isih mikir mikir nek pengin kondur Pekalongan, arep didherekake wae, sisan karo rembugan karo Iwan prekara gaweyan ana Pekalongan. Dheweke uga kudu nemoni para perancang lan produsen bathik nang Pekalongan ben tambah akeh corake sing dinggo butik AW.

++++

Sakwise rampung jadwal kepaniteraan klinik, Reni mung kari gawe laporan karo ujian sakwetara mata pelajaran sing durung dilakoni. Mung kari laporan ko skaap Public Health, karo ujian Bedah sing rada ngantre. Bahan referat nggo Bagian Bedhah kudu gentenan nyilih majalah sing dinggo sumber pustaka. Majalaha disilih gentenan dening koas sing arep referat. Dheweke mentas wae entuk giliran nyilih majalah bareng karo Santo. Nek wis rampung ngajokke referat lagi bisa maju ujian. Santo dudu kanca rombongane dheweke. Mung mandang rampungan anggone ko skaap, padha le mlayu ngalor ngidul ngrampungke laporan lan ujian. Reni barengan karo Santo nggarap referat njupuk rujukan saka majalah sing padha ning beda artikele. Reni milih artikel laporan kasus Phytobezoar sing kudu dioperasi. Phytobezoar yaiku penyumbatan saluran cerna amarga kesumpelan materi saka geghodongan utawa suket, amarga pasien nandhang gangguan kompulsif tansah nguntal suket apa gegodhongan. Minggu ngarep wong loro iku kudu presentasi referat, bubar iku lagi isa ujian. Mula Reni banjur katon runtang runtung karo Santo.

Sore iku bubar saka perpustakaan nang kampus Mangkubumen, Reni diboncengke Santo mara nang butik AW perlu nemoni Rosa. Jane Santo mung arep ngedrop wae

amarga ora ana gegayutan kanggone dheweke. Nanging Reni ngajak, mbok sisan barengan wae nemoni mbak Rosa, melu ngobrol karo wanodya ayu. Santo manut senjata atine ragu, la urusane apa melu ketemu karo mbak Rosa ? Rosalina lagi lungguhan ana halaman samping karo Tita, nalika Reni teka. Gageyan anggone nyambut Reni. Rumangsane dheweke Reni mung butuh alamat Pram ana Jakarta. Mula dheweke wis nulis alamat Pram ana buku hariane.

*“ Rene mbak Reni, wis tak cepakke alamat mas Pram nang Jakarta. Aku lagi wingi sore tekan Yogja. Iki dhik sapa asmane, lali aku”.*

*“ Santo mbak, kanca sak angkatan, lagi bareng ngurus laporan karo ujian ujian”.*

Santo nrambul melu omongan, *“Ngaturi sugeng mbak Rosa, kula namung pengantar kemawon kok mbak. Mboten sak rombongan ko skap kaliyan Reni”.*

*“ Pengantar piye ta dhik, wong genah ngurus ujian bareng bareng ngono lo. Dhik Reni apa sida arep nang Jakarta? Aku wis ana alamat mas Pram, tak cathetke iki”.*

*“ Iya mbak arep nang Jakarta wektu wektu iki, golek info nang Dhepartemen Kesehatan. Apa aku isa mampir nang mas Pram mbak?”*

*“ Mampir wae ora apa apa. Paviliune ana kamar loro, nek arep nginep ya ora apa apa. Ning mas Pram ora isa ngeterke merga nyambut gawe”.*

*“ Ora apa apa mbak. Mungkin nang Dhepkas sing prioritas. Nek wis lulus kudu langsung lapor, milih lokasi penempatan”.*

*“ Lha nek nang Dhepkas, kenapa ora sisan barengan karo dhik Santo?. Kan malah ana kancane. Mengko nek nginep nang paviliun, kepeksa masak dhewe lo”.*

*“ Santo awake dhewe bareng nang Jakarta ya, nang Dhepkas ngurus penempatan ?”*

Santo aweh wangsulan cekak, *“ Ya ora apa apa. Mengko nek wis bubar sumpahan dhokter sisan. Nang Dhepkas paling cukup sedina wae”.*

*“ Jare arep lunga liburan nang Amerika, sida ora dhik Reni?”*

*“ Embuh lah mbak, aku dhewe isih bingung. Ndilalah kok wektune ya saya nlyeppek, kudu ngrampungke ujian barang”.*

Rosa tanpa sadhar rumangsa owel nek Reni terus anggone sesambungan karo Dhedhi, mantan sisihane. Ora amarga cemburu, mung sumelang nek nganti ana apa apa kedadeyan marang Reni. Kudu ati ati tenan tinimbang dadi korban kaya dheweke. Kesalahan sithik ning akibate abot sak lawase.





Bab 32

## *Rekanean Dadi Katriksnan*

*W*is ana telung sasi anggone nyambut gawe ana Jakarta, Pram ngayahi tugase kanthi seneng lan mantep. Rumangsa wis mapan lan cocok karo tugase. Atasane asmane ibu Dhian Sastrawinata, priyayine tansah aweh semangat marang anak buahe supaya ngrampungke tugas kanthi tuntas, aja setengah setengah. Kagungan pengalaman akeh nang donyaning dhiplomasi. Tau ditugaske nang luar negeri ping pindho, ana tlatah Asia Tenggara lan ana tlatah Eropa Timur. Priyayine senajan alus nanging tegas. Ngrampungake pendhidhikan Master ana Australia, kanthi penelitian prekara kerjasama regional ASEAN. Ana kanca wong rolas nang dhirektorat sing dipandhegani dening ibu Dhian. Swasana kerjane kepenak, tansah guyup lan kompak, ora ana sing sikut sikutan. Anggota staf isih enom enom, umur isih kurang saka patang puluh tahun, dadi luwih gampang kanggone Pram anggone menyesuaikan. Anane mung semangat lan seneng.

Sakjroning telung sasi iki, Rosalina akeh anggone wira wiri Yogja Jakarta, paling ora pendhak rong minggu apa telung

minggu. Dheweke lagi ngurus bukak cabang butik AW ana Jakarta. Wis entuk panggonan ana jalan Kesehatan Raya, Cidheng Jakarta Pusat. Lagi wae bubar anggone negosiasi, isa dikontrak nganti limang tahun. Bangunane ora gedhe banget ning ya lumayan ing atase ana Jakarta. Plataran ngarep isa kanggo parkir 10 mobil, ana wit loro sing marahi edhum. Kaya sing wis dikandhakake Pram sak durunge, dheweke ora isa melu ngurusi langsung amarga kerjane kebak wiwit esuk nganti sore. Mung nek wayah bengi sok ngewangi nyiapke berkas berkas sing diperlokake. Rosalina pancen trengginas solah bawane, ora diurus dhewe kabeh. Sebagian dipasrahke Biro Jasa sing wis biasa ngurus perijinan.

Butik AW ana Yogja sementara diawasi ibu Ambarwati, kabeh pembukuan lan manajemen wis disiapke dening Rosa. Ibu Ambarwati uga Rosa, anggone ngurus butik AW ora setengah setengah. Bu Ambarwati wis kondhang ana tlatah Yogja Solo, minangka perancang busana bathik lan aktivis organisasi wanita. Mula lagi sedhela wae butik AW bukak pelanggane wis saya akeh. Rosa prigel ana babagan manajemen, isa cepet ndhidhik anak buah. Ewasemana, Rosa tansah bersukur, rumangsane dalane kok kaya wis ana sing ngatur, mlaku lancar kabeh tanpa ana alangan apa apa. Ibu Ambarwati uga nyipati dene kabeh isa mlaku lancar tanpa rubeda.

Dalem Ngadisuryan sing kanggo panggonan butik AW kuwi, karo sing kangungan bapak Natadiharjo, arep didol. Mbokmenawa kabotan anggone ngurusi, wis sepuh putrane kabeh nyambut gawe adoh. Pak Notodiharjo luwih seneng manggon ana dalem sijine ing Patangpuluhan. Dalem Ngadisuryan banjur digenteni dening pak Rianto, diculke patang yuta rupiah. Penjual lan pembeli padha senenge, dalem

isa kopen kanggo panggonan butik. Akeh dalem gedhe gedhe nang njeron beteng sing padha ora kopen, beaya perawatane larang. Akeh sing terus dituku pengusaha sugih saka Jakarta.

Pramana lan Rosalina isih manggon ana pavillium kontrakan ana Kesehatan, pancen kepara ana njero kudu mlebu dalam cilik. Anggone kontrak kanggo wektu setaun. Rencanane mengko nek cabang AW nang Kesehatan Raya wis siap, arep pindhah mrana pisan. Sakwijining sore, kaya adat saben Rosa ngenteni tekane Pram saka kantor, ana berandha sampung. Senajan cilik berandha iku marahi krasan nang pavillium, ngelingake kahanan dalem ing Ngayogyakarta ana taman sing edhum. Ora suwe Pram wis teka, raine menger menger kepanasen. Dipethukke Rosa, dirangkul kanthi mesra. Tase dijuluk lan diselehke nang meja kerja nang ruang tamu.

*“ Mas Pram, katon kesel njenengan. Enggal ndang siram terus ganti. Kabeh wis tak cepakke, ben seger”.*

*“ Iya dhik terima kasih, biasa wae mung rada suk sukan nang bis kota mau. Sedhela tak nang kamar mandhi dhisik”.*

*“ Andhuk lan saline wis tak cepakke lho mas. Arep ngunjuk anget apa adhem ?*

*“ Tulung es jeruk wae ya dhik. Rada kasatan aku”.*

Pramana enggal enggal adus. Seneng rasane wis tekan omah, wis dicepaki andhuk, banyu lan saline sisan. Jane ya isa ngurusi dhewe, mung rasane seneng ana sing aweh perhatian. Bubar adus dheweke nganggo sarung karo kaos oblong, marani Rosalina ana berandha sampung.

*“ Piye dhik urusanmu dina iki, muga muga lancar kabeh ?”*

*“ Pangestune mas, kari ngenteni idin metu. Mungkin minggu minggu ngarep iki. Biro Jasane ya lumayan pengalaman”.*

*“ Apa beayane ora larang nganggo Biro Jasa?”*

*“ Ora mas, pancen ana beaya ekstra, ning sakmurwat, taripe wajar wajar wae. Nek liwat Biro Jasa kan kabeh wis ngerti beayane pira sing diperlokke. Wis lumrah sajake. Nek ora ngono malah diuncalke mrana mreng, urusane isa suwe kedawan ngenteni sasen sasen”.*

*“ Ya sokur nek ngono, muga muga lancar lah dhik. Ana kabar saka Yogja? Aku wis seminggu ora ngabarke ibu”.*

*“ Oo iya mas ana berita gembira. Dalem Ngadisuryan panggonan butik AW wis sida kedadeyan. Jare dilepas patang yuta ngendikane ibu”.*

*“ Wah melu seneng aku, isa dituku dhewe. Muga muga wae lancar. Mengko bengi tak tilpon ibu aku”.*

Kaya adat saben Pram karo Rosa bubar makan malam ora tau lunga metu, kejaba nek pas akhir pekan utawa ana kebutuhan mendhesak. Kerep Pram ngancani Rosa nyiapke dokumen apa cathetan perusahaan. Nek ora ya mung ngobrol ngenteni tekane rasa ngantuk. Biasane sak durunge jam sepuluh wis padha mapan turu. Akhir pekan sok nonton TV nganti wengi, nonton film akhir pekan.

+++++

Reni Widowati wis ngrampungke ujian dhoktere lan wis nglakoni sumpah dhokter. Ana wong selawe sing bareng

disumpah, wulan November 1971. Santo uga barengan ana rombongan iku. Ndilalah kok pirang pirang sasi iki wong loro tansah runtang runtung ngurus tentamen karo ujian akhir. Senajan wiwitan mlebu kuliah ana ing Mangkubumen uga bareng, nanging rikala semana ora tau cedhak lan ora tau barengan anggone ko skaap. Isa cedhak bareng kudu ngurus ujian akhir ana Bagian Ilmu Bedhah lan Ilmu Kesehatan Masyarakat. Bareng ijazah dhoktere wis metu, wong loro barengan arep ngurus penempatan lan Surat Ijin Dhokter [SID] nang Dhepartemen Kesehatan RI. Wengi iku Reni karo Santo barengan budhal Jakarta, numpak sepur. Isa ngobrol sakjroning perjalanan.

*“ Rumangsaku awake dhewe ki pirang pirang tahun pas jaman kuliah lan ko skaap ora tau barengan, kok akhire malah njur runtang runtung bareng pas ujian ya San. Apa ora aneh kanggomu ?”*

*“ Aja kagetan lan aja gumunan Reni, ora ana sing aneh, kabeh wis ana dalane dhewe. Jaman kuliah aku arep nyedhak kono ya sungkan. Mung sok mbatin, bocah ayu ayu kok acuh nemen. Aku ya sungkan arep cedhak karo kanca kanca sing katon mapan saka keluarga kecukupan utawa keluarga sugih. Ibuku ngasto guru, piyambakan nanggung aku karo adhikku. Urip nang pondokan mung pas pasan. Untung sok entuk tambahan honor saka nulis karo menahi tentir”.*

*“ Oo ngono ya, nek ngono apa aku sing sombong ya? Rumangsaku ya ora sih, mung serius pengin konsentrasi ben enggal lulus wae”.*

*“ Kaya kono cedhak karo dhokter Andhi, asisten bedhah kae, kok njur meneng meneng ora ana beritane?”.*

*“ Aku ya ora ngerti kok ora ana tindak lanjut. Tak takoni blak blakan pas mulih tugas saka Sulawesi kae ya ora menahi kepasthian apa apa.*

*Pancen ora tau ana janji lan ikatan apa apa. Uga ora njaluk aku kon ngenteni. Ya tak wis pupus wae, mosok kudu ngenteni sesuatu sing durung karuwan teka. Fair enough".*

*" Awake dhewe nek runtang runtung ngene iki mengko nek saya raket njur piye Reni? Apa ora rasa aneh kanggomu. Aku krasa nyaman runtang runtung karo kono"*

*" Ya dilakoni wae ta bro, ora sah digawe abot. Nek cocok ya diteruske, nek ora ya aja banget banget le nandhes. Ning atiku krasa seneng lan ayem cedhak awakmu. Kanca cedhak, ati uga cedhak".*

*" Kono kok kerep ana sing bolak balik nyambang, wong sugih saka Pekalongan kae sapa ? Ana hubungan serius ? "*

*" Oo Dhedhi Sumaryono. Kae ndhisik mantan bojone mbak Rosalina. Dheweke lunga nang Amerika tugas belajar, ninggal mbak Rosa meneng menengan, njur omah omah karo wong Amerika sedhela. Critane dawa. Arep pengen bali nang mbak Rosa, ning ora ditampa. Aku sering dijuluk makili mbak Rosa nemoni dheweke. Akhire lha kok malah nyedhaki aku".*

*" Kok ora kok tampa ta Reni, priya wis mapan lo?"*

*" Jaman semana aku ya ragu ragu, maju mundur, ning kerep dielingke mas Pram karo mbak Rosa. Aja nganti mbaleni nasibe mbak Rosa. Karo maneh bareng cedhak awakmu kok njur kema ya aku wegah ketemu mas Dhedhi".*

*" Ya wis dilakoni wae dalane mengko piye dadine. Ora perlu kesusu lan gawe janji merga kepeksa. Padha penake kekancan terus, kanca mesra. Que sera sera, whatever will be will be".*

Tekan Jakarta isih esuk, srengenge durung katon. Isih remeng remeng. Gentenan wong loro resik resik awak ana kamar mandhi lan ganti pakeyan ana kamar mandhi stasiun. Kaya janjian, ndhuwurane warna putih lan ngisor warna abu abu. Wong loro banjur golek sarapan dhisik nang stasiun. Teh anget karo nasi langgi. Pas mbayar padha urunan mbayar bareng. Maklum sangune pancen ngepas. Reni disangoni ibune bu Leni Setyawati. Dene Santo ana Yogja mondhok, asline saka Salatiga, dhuwite mesthi pas-pasan. Bapake wis seda, ibune dadi guru, isih kudu nanggung adhine Santo. Mung sok-sok entuk tambahan nek tulisane dimuat nang koran. Sok-sok ya entuk honor yen ana sing njaluk tentir ujian masuk perguruan tinggi. Reni ngerti banget kahanane Santo. Pas metu saka stasiun Senen, swasanane rada rame, suk-sukan. Santo kenceng anggone nggandheng Reni. Semono uga Reni, raket anggone nggegem tangane Santo.

*“ Ati-ati tasmu aja nganti lepas Reni”.*

*“ Iya tasku isi ijazah lan salinane iki sing kudu diamanke”*

*“ Kelingan jaman ko skaap nang Mangunan aku. Nyabrang kali Oya, iline rada deres jerone sak bangkekan, lha kok kancane dhewe kae si Tutiek malah nyikep nggandhul aku. Tak elikke ora susah nggandhul wong padha-padha le ora isa nglangi. Isa kentir bareng malah mati muspra. Tak kon cekelan tangan wae”.*

*“ Mungkin pancen seneng nyikep awakmu dheweke”.*

*“ Kayane tersinggung bar kedadeyan kuwi. Aku dinengke pirang pirang dina. Lha nek arep ngrangkul ya ora susah nang tengah kali pas banjir, malah isa keli mati bareng mengko. Kerep tugas lapangan*

*nang ndesa asring kepeksa turu barengan kok malah dinengke wae, mung sok kon mijeti sikil ben isa turu ”.*

*“ Kan kono ya seneng kon mijeti ta. Kurang pro aktip awakmu, ora sah digelani”.*

Reni karo Santo banjur numpak bemo nang Dhepkas, Jalan Prapatan 10. Jam wolu luwih sithik wis tekan, banjur takon ana penjagaan. Diarahke lapor ana Biro Kepegawaian. Kepala Biro ne ndilalah uga saka Yogja, mentas wae diangkat. Dhokter Brahim alumni saka Kompleks Ngasem Fakultas Kedokteran UGM Yogja. Piyayine grapyak semanak, rada sora nek ngendikan.

*“Adhik adhik ini arep tugas nang Jawa apa luar Jawa? Prayogane nang luar Jawa wae, akeh sing kosong. Paling rong taun apa telung taun kan wis isa bali nang Jawa njupuk spesialis, apa arep terus nang bidhang Kesehatan Masyarakat ana Dhepartemen Kesehatan.*

*“ Nuwun sewu ingkang kathah kosong wonten pundi pak dhokter?”*

*“ Propinsi Maluku apa Bengkulu. Bengkulu propinsi anyar isih akeh butuh tenaga dhokter dhik”.*

Santo banjur nyela atur, *“ Kula mindhah ndherek pun tugasaken wonten Bengkulu kemawon bapak”.*

*“ Bagus dina iki ben mulai diproses. Tulung syarat-syaraté dilengkapi. Lha dhokter Reni milih nang endi. Nek pasangan ya apike milih lokasi sing padha ben ora pisah adoh”.*

*“ Kita sanes pasangan dhok, namung kanca sesarengan ngurus punika. Menapa DIY utawi Jawa Tengah wonten ingkang kosong?”.*

*“ Kok sementara iki durung ana permintaan. Ning isa wae dicek nang*

*Pemdha propinsi, mengko usulan kepegawaian saka Propinsi, ning prosese kaya ngapa, pira suwene aku ora isa menahi kepasthian”.*

Reni tumungkul mikir sakwetara. Iya pancen nek usulan saka ngisor, dheweke ora ngerti kaya ngapa birokrasine. Jane wingi wingi isa matur bapake dhisik, gampang apa ora pengusulan tenaga dhokter nang propinsi. Akhire dheweke mutusake milih nang Bengkulu wae, mung rong taun utawa telung taun, karo golek pengalaman.

*“Njih dhokter dalem ndherek dhateng Bengkulu kemawon”.*

*“ Iya apik mbak. Sapa ngerti nang Bengkulu mengko malah cocok dadi pasangan kan ya apik, tak dongakke”.*

Berkas berkas kabeh dipasrahake. Ijazah karo salinane. Nunggu surat pengangkatan lan penugasan nang propinsi lan penerbitan Surat Ijin Dhokter. Mbokmenawa butuh wektu antarane patang minggu nganti nem minggu. Kudu ngenteni dina sesuke ben proses wiwit mlaku. Awan iku wong loro makan siang ana warung makan cedhak kompleks Prapatan 10. Kantor kantor pemerintah biasane wis tutup jam siji apa jam loro. Bengi iki arep mara nginep nang pavilliune Pramana ana Kesehatan wae. Ning wonge isih nang kantor, lagi jam papat mengko mulih. Apike mubeng mubeng kutha dhisik wae. Wong loro banjur numpak bemo, pengin ndeleng rumah sakit Cipto Mangunkusuma [RSCM] lan kampus Fakultas Kedokteran Universitas Indonesia, kiblata pendhidhikan dhokter sing paling maju ana sak indenging Nuswantara. Santo ada ada kalah cacak menang cacak nang kantor Senat Mahasiswa, sapa ngerti ana sing pas jaga. Bener ana sakwetara mahasiswa sing lagi giliran jaga. Santo ngenalke dheweke karo Reni, njaluk maaf nek ora ana janji sak durunge, mung

pengin ndeleng kahanan kampus lan rumah sakit. Banjur diterke mubeng kampus lan kompleks RSCM, nggumunake pancen gedhe tenan RSCM. Nang Yogja RS UGM Mangkuyudan, Mangkuwilayan lan Pugeran mung cilik cilik, ora isa dibandhingke karo pusat pendhidhikan dhokter nang Jakarta iki.

Tekan Kesehatan wis wayah sore, wis meh jam lima. Pram lagi wae bubar adus lagi lungguhan ana berandha samping karo Rosa. Loro lorone padha kaget nalika ngerti ana tamu saka Yogja, Reni karo Santo. Reni enggal ngrangkul Pram karo Rosa, rumangsa seneng isa ketemu ana Jakarta. Santo kaget nalika meruhi rakete hubungan antarane Reni karo Pram uga karo Rosa. Ana rasa mrina sithik nang jroning ati. Rosa mbagekake kanthi ramah.

*“ Kapan anggonmu teka saka Yogya dhik Reni ? Kok ora kabar kabar dhisik”.*

*“ Iya mbak Rosa lan mas Pram. Mau esuk teka saka Yogya langsung nang Dhepkas, Prapatan 10, ngurus surat tugas penempatan karo Surat Ijin Dhokter. Rumangsaku isa rampung sedina, tibake disemayani sesuk. Mula terus mlayu rene wae. Ndherek nginep sewengi wae ya”.* Pramana enggal enggal semaur.

*“Iya ana kamar loro kene. Isa bagi bagi mengko. Mas Santo karo aku, dene Reni karo mbak Rosa’.* Sidane arep tugas menyang endi. Akeh tenaga dhokter dibutuhake saiki”.

*“ Mung ana pilihan loro mas, Maluku karo Bengkulu. Santo milih Bengkulu, aku ya melu milih Bengkulu. Mung rong taun nganti telung taun kok”.*

*“ Durung matur bapak ibu nek ngono iki?.*

*“ Ya durung ta mas. Nek liwat propinsi aku ya ora ngerti proses usulan pengangkatane. Kuwatir nek suwe. Mula gageyan milih Bengkulu wae sing wis jelas prosese lan wektune”.*

Wengi iku Reni, Santo, Rosa lan Pram gayeng anggone ngobrol ana ruang tamu. Reni karo Rosa katon anggone seneng isa ketemu. Rosa babarpisan ora duwe rasa cemburu marang Reni, malah rumangsa kepotangan budi amarga wis makili dheweke nemoni mantan bojone Dhedhi Sumaryono. Rosa jane sumelang banget nalika Reni sajake kok ketarik nalika dicedhaki Dhedhi Sumaryono. Bareng krungu nek Reni arep tugas nang Bengkulu bareng karo Santo, Rosa wis nyicil lega. Rosa karo Reni banjur masak wengi iku. Sayur asem Jakarta karo empal. Pramana karo Santo kebagian gawe sambel trasi pedhes karo nggoreng tempe. Sinambi ngobrol wong papat makan malam bareng. Akrab antarane Pram, Rosa karo Reni. Santo isih rada kikuk.

*“ Mumpung ana Jakarta, nek arep mubeng mubeng dhisik ora papa nginep kene, aja kesusu balik dhik”.* Pram nawani Reni karo Santo mbokmenawa arep nginep maneh, tinimbang nang penginepan. Santo enggal semaur.

*“ Matur nuwun mas. Embuh nek Reni. Aku nek wis rampung enggal kudu mulih, soale kudu matur ibu nang Salatiga karo siap siap nggo budhal nang Bengkulu”.*

Rosa uga nrambul usul supaya Reni keru dhisik nang Jakarta, “*Sesuk dirampungke urusane nang Dhepkas. Dhik Reni nambah nginep sewengi maneh, mengko mulih bareng karo aku dhik”.*

*“ Iya mbak Rosa, sesuk ndeleng piye prosese saka Dhepkas. Bubar saka Dhepkas aku tak mbalik mrene”.*

*“ Iya dhik aku sesuk mung nang omah wae. Nunggu surat ijin bukak cabang butik AW ana kene. Ora lunga lunga”.*

*“ Wah melu seneng aku. Mbak Rosa wis arep bukak cabang nang Jakarta. Kapan nek wis bukak pengin ndeleng mbak”.*

Esuke Reni karo Santo budhal nang Dhepkas, Prapatan 10. Dina iku kabeh isa dirampungake. Surat tandha terima berkas kanggo pengangkatan lan penugasan. Salinan ijazah ditinggal, ijazah asline digawa mulih sakwise ana tandha nek wis laporan nang Departemen Kesehatan. Kudu ngenteni surat pengangkatan sakwetara minggu, paling suwe nem minggu. Awan iku Reni karo Santo pisah. Santo mulih nang Salatiga, numpak bis saka stasiun Cililitan. Dene Reni mbalik nang Kesehatan nang pavillium panggonane Rosa karo Pramana. Sesuk bengi lagi budhal Yogya numpak sepur bareng karo Rosa. Mung pas pisahan karo Santo, arep numpak kota bis jurusan Cililitan, atine Reni krasa semedhot. Muga muga ora ana alangan. Tangane Santo digegem kenceng, dheweke ngrangkul karo kaca kaca. Santo rumangsa kaget dirangkul Reni, ning atine mantep lan seneng. Sedhela maneh wis dibenom dadi pegawai negeri sipil, bakal isa ngentheng enthengi sanggane ibune.

*“ Ati ati ya bro, awake dhewe kudu bareng nang Bengkulu, salam taklim kagem ibumu lan adhikmu”*

*“ Iya sis, iki aku terus nang Salatiga, matur lan nyuwun pamit ibu. Bubar kuwi nang Yogya siap siap, Nek ana wektu mengko tak jak nang Salatiga dhisik ya sak durunge budhal Bengkulu”.*

Reni ora semaur mung luwih kenceng anggone ngrangkul Santo. Pisah sedhela, Santo numpak bis nuju Cililitan, dene Reni numpak taksi nang Kesehatan.

+++++

Rosalina wiwit esuk sibuk mriksa neraca pembukuan butik AW. Kabeh lancar perkembangane. Bu Ambarwati pinter narik pelanggan padha teka amarga dheweke pancen wis kondhang ing kalangane para sutresna bathik, lan organisasi wanita. Lagi sakwetara sasi anggone bukak, wis akeh pelanggan saka luar kota. Bareng ana rencana bukak nang Jakarta, bu Ambarwati lan pak Rianto uga nyarujuki rencana mau. Mung kudu ana modhal mlebu, soale butik AW Yogja modhale bu Ambarwati wis kesedhot mrono. Celengane pak Rianto ndilalah dinggo nutup mbayar dalem Ngadisuryan iku. Isih ana modhal sithik sithik dinggo bukak cabang Jakarta, kurangane ditambahi dening pak Setiawan karo bu Rina. Pancen dadi perusahaan milik keluarga.

Awan iku pas makan siang, petugas keamanan dadakan lapor menawa ana tamu pengin ketemu Rosalina Wulandari. Saka Pekalongan numpak sedhan Mercedes Benz mewah, Dhedhi Sumaryono. Rosa bingung anggone bakal nemoni. Kalah cacak menang cacak arep diadhepi wae, ning aja nganti ngerti papi lan mamine mundhak kaget. Banjur ditampa ana njaba ana berandha samping. Dheweke wis rumangsa duwe kartu, ora bingung maneh ngadhepi mantan bojone iku. Nalika Dhedhi mlebu nang berandha samping, dheweke njaluk supaya petugas keamanan karo sopire, pak Jono ngawat awati nang cedhak kono.

*“ Mangga langsung ke persoalan. Ana masalah apa ta kok isih nemoni aku?. Sampeyan kan wis jelas posisiku kaya surat pernyataan sing kok tandha tangani kae”.*

*“ Maaf Rosa aku ngganggu sithik. Aku nyoba telpun karo adhine pacanganmu, Reni ning kok ora tau ditampa. Padhahal wis janji karo aku arep liburan nang Hawaii sakedurunge dheweke sumpah dhokter. Aku njaluk tulung pengin ketemu dheweke”.*

*“ Oo ngono ta, sak ngertiku dheweke wis sumpah dhokter. Aku ora entuk mandhat mangsuli sampeyan. Apike kok sampekke dhewe marang Reni. Ning aku ora ngerti apa Reni gelem diajak ketemu”.*

*“ Lha piye anggonku ketemu Reni, dibel ora tau ana”.*

*“ Aku ora isa janji, ning tak usahakke nemoni dheweke. Tulung balik mreng mengko jam setengah lima. Muga muga Reni gelem ditemoni. Ora perlu ngajak sapa sapa, ben krungu dhewe saka Reni. Tak kira cukup semene dhisik”.*

Rosa rada anyel, teka mung ngomongke butuhe dhewe pengin ketemu Reni. Babarpisan ora nakokake anake, Tita kabare piye. Pas Tita lara dhemam berdarah dirawat nang rumah sakit ya ora ana tembung saka dheweke. Kamangka mesthi dheweke wis krungu saka Reni. Ana rasa lega nang njero atine meruhi Dhedhi bakal ditinggal Reni. Ben ngrasakke kaya ngapa rasane ditinggal wong sing ditresnani. Ora mung Rosa rikala semana, ning bapak ibune sak keluwarga melu terhina disawiyah wiyah sak pole. Rosa banjur kirim memo nang Reni diterke pak Jono. Isine ringkes.

*“ Dhik Reni, tak enteni nang omahku jam papat sore iki ya. Muga muga njenengan bisa, Dhedhi lagi wae teka rene nggoleki awakmu. Apike dheweke ben krungu langsung saka dhik Reni”.*

Reni ora kaget nampa surat iku. Cepet apa rendhet dheweke mesthi kudu ngadhepi Dedhi lan menahi keputusan. Wingi wingi mbokmenawa dheweke wis menahi angin swarga marang Dhedhi nek gelem diajak liburan nang Amerika lan diajak urip bareng. Ya wanci iki dheweke kudu menahi ketegasan. Jam papat dheweke numpak sepedha nang panggonane Rosa. Butike wis ditutup. Rosa ngajak nang ruang tamu.

*“ Iki Dedhi mau awan nemoni aku, nggoleki awakmu dhik Reni. Timbang kedawa dawa, apike ben dheweke krungu langsung putusanmu”.*

*“ Iya mbak Rosa, aku ora kaget, aku kudu menahi keputusan. Wis tak pikir dawa, aku ora isa nampa dheweke. Wiwit sepisanan aku ora tau janji apa menahi kepasthian, mung ngajak berproses wae dilakoni. Nek akhire aku mutusi ora isa, kan ya hakku ta”.*

*“ Mula njenengan wae sing ujar karo dheweke, mundhak mengko curiga aku sing gawe gawe”.*

*“ Kayane aku luwih mantep karo Santo, hubungan tanpa pamrih, mung kekancan wiwitane ning saya raket. Minggu ngarep aku arep dikenalke ibune Santo nang Salatiga”.*

Jam setengah lima Dhedhi wis teka. Dheweke diterke sopire. Pawakane gagah ning praupane suntrut. Karo Rosa dimanggakke nang ruang tamu.

*“ Mangga sampeyan isa langsung wawan rembug karo dhik Reni. Apa perlu aku nang kene ?” Reni gageyan anggone mangsuli.*

*“ Mbak Rosa nang kene wae, isa dadi seksi mbak pertemuanku karo mas Dhedhi. Sugeng rawuh mas Dedhi, suwe ora ana kabar, muga muga tansah sehat panjenengan ”.*

*“ Iya dhik Reni, aku nembe wae seminggu iki teka nang Indonesia. Tilpun kono ning kok ora tau isa sambung. Mung pengin takon, sidane piye anggone rencana liburan nang Hawaii. Tikete kudu enggal di jupuk. Karo hubungane dhewe sakteruse piye? Jare wis lulus dhokter, proficiat ya”.*

*“ Matur nuwun mas Dhedhi, wiwit sepisanan aku ora nate janji, mung ngajak dilakoni wae mengko dadine kepriye. Aku butuh wektu mikir. Wis tak pikir dawa, nuwun sewu aku rumangsa ora isa urip bareng karo panjenengan. Apa maneh urip adoh nang Amerika. Aku pengin urip cedhak bapak ibuku nang kene”.*

*“ Lho kok berubah ana apa dhik? Aku salah apa?”*

*“ Ora ana sing berubah, ora ana sing salah. Aku wis cukup mikir lan gawe keputusan nek awake dhewe ora mungkin isa urip bareng. Aku ora nate janji babar pisan mas. Aja kleru tanpa nek sikapku pancen ora tau ambil pusing, kabeh tak lakoni kanthi entheng. Aku nyuwun tulung aja di kontak maneh mas Dhedhi. Andum slamet mlaku nang dalane dhewe dhewe”.*

Dhedhi rumangsa angles krungu ujure Reni sing alus ning lugas. Dheweke ya mung tumungkul lemes, rasane kaya ditampek raine, ditolak kenya. Arep takon luwih akeh wis ora kuwawa. Sedhela banjur pamitan. Awake krasa lungkrah, kaya ora kuwawa mlaku. Rosalina mung memeng wae, ora nywara babar pisan. Iki urusane Dhedhi karo Reni. Ben dirampungke dhewe. Mung nang njeroning atine krasa lega

dene ora bakal ana kemungkinan ketemu karo priya sing wis  
tau nyawiyah dheweke lan papi mamine.



## Mantep Kekancan lan Urip Beharingan

**S**anto rada kemrungsung atine ngelingi nek mung kari ana wektu sakwetara minggu, paling suwe nem minggu, wis kudu budhal nang Bengkulu. Mula dheweke cepet cepet pengin mulih nang Salatiga matur ibune, ibu Sri Kadarsih. Ibune ngasto guru SMP, wis nyedhaki pensiun. Rasane seneng banget dene wis ditampa ana DhepKes lan entuk penempatan senjata adoh ana luar Jawa. Wis ora bakal dadi bebane ibune maneh, malah bakal isa melu ngenthengake sanggan ibune sing isih kudu ngongkosi kuliahe adhine, Susanti, ana Fakultas Ekonomi Universitas Satya Wacana Salatiga. Santo numpak bis saka terminal Cililitan, golek bis umum sak entuke, pokoke ben isa tekan Salatiga sak cepete, senjata kudu ganti ganti bis. Bis jarak jauh antar propinsi budhale biasane wayah sore, timbang ngenteni nang terminal malah ora jenak, dheweke numpak bis umum antar kota, ganti ganti nang terminal Cirebon, Pekalongan, Semarang terus ganti sing jurusan Solo lan medhun Salatiga.

Sak suwene numpak bis, atine tansah jenjem ora jenak, pengin selak tekan Salatiga. Dhasare pancen Santo duwe sipat gampang kemrungsun. Ibune mesthi seneng banget mireng nek dheweke wis entuk gaweyan senjata penugasane rada adoh. Pikirane nglangut kelingan Reni Widowati, sing maune mung kanca biasa malah kepetung ora cedhak, kok banjur nancang ati bareng runtang runtung ngurus ujian akhir. Minggu iki lunga bareng nang Jakarta, malah dadi sangsaya raket kaya ora isa pisah maneh. Saksuwene dheweke durung nate duwe kanca cedhak wanita apa maneh pacar. Tekan Salatiga wis meh liwat tengah wengi. Medhun nang jalan Diponegoro, banjur mlaku alon alon tumuju omahe ing jalan Sruni, ora adoh saka dalan gedhe. Sepi nyenyet ora ana wong kemliwer babar blas. Tekan omah alon alon anggone ndhodhog lawang, samar nek gawe kagete ibune. Adhine sing mbukakke lawang. Santi sajake durung turu, isih nggarap tugas. Kaget meruhi kangmase teka tengah wengi tanpa kabar. Kaya adat saben Santi ngrangkul kangmase, rasane kangen senjata mentas wae ketemu pas acara sumpah dhokter, wulan kepungkur.

*“ Kok wengi wengi teka ana apa mas ? Apik apik wae ta?”*

*“ Aku lagi teka saka Jakarta numpak bis, langsung mulih mrene. Ngurus penempatan nang Dhepkas. Kok durung turu ana apa?”.*

*“ Lagi nggarap tugas mas, sesuk kudu diserahke. Ning wis rampung kok. Ibu diwungu ora mas?”*

*“ Ora susah sesuk wae tak matur sak durunge budhal nang sekolahan. Nek ora kesel, sesuk sore mbokmenawa kudu mangkat nang Yogya aku”.*

*“ Tak gawekke teh anget dhisik ya mas, entenana”.*

Santo banjur nyelehake tas ana kamar, terus mara nang kamar mandhi, raup lan ngresiki awak ben seger. Mbalik nang meja tengah ngombe teh dikancani Santi. Ibune bareng krungu ana sing omong omong banjur tangi. Kaget mirsani Santo karo Santi lagi lungguhan nang ruang tengah. Santo gageyan ngaturi salam ibune.

*“ Lha kok kowe ta Santo, bengi bengi ngene mulih ana apa?”*

*“ Mentas teka saka Jakarta bu, ngurus penempatan nang DhepKes “.*

*“ Lha sidane di benoom nang endi lik?”*

*“ Entuk penempatan nang Bengkulu. Kudu budhal mrana sakwetara minggu maneh bu”.*

*“ Kok adoh nemen apa ora ana sing cedhak cedhak kene wae?”*

*“ Mungkin nek diurus nang Pemdha ya ana. Aku krungu saka kanca nang Kabupaten Semarang jare Puskesmas Susukan ya kosong amarga dhoktere njupuk spesialis. Ning nek pengusulan saka Pemdha ora ngerti prosese kaya ngapa. Nang DhepKes wis langsung entuk surat penempatan lan pengangkatan. Penugasane mung kira2 telung tahun, bebas bubar iku isa sekolah maneh. Lewat Pemdha durung karuan rong tahun isa beres usulane munggah, prosese suwe lan mbokmenawa kudu antre”.*

*“ Sing penting sing ana dicekel dhisik, ora kesuwen ngenteni pengangkatan. Wis turua dhisik lik, sesuk diteruske le ngobrol”.*

Santo gageyan mlebu kamar, terus ambruk ana tempat tidhur. Langsung angler turu amarga saking kesele. Ngimpi ketemu

Reni. Kanca cedhak ya jane dudu, mung runtang runtung bareng ngurus ujian kok malah dadi raket nancang ati. Kekancan sedhela ngrembaka dadi katresnan. Krungon krungonen kandhane Reni pas karo ngrangkul wingi “ **Bro awake dhewe kudu bareng nang Bengkulu**”. Lagi pisan iku ngrasakke dirangkul wanita, rasane nganti kegawa tekan impen. Kaya kaya weruh Reni mlaku dhewekan nganggo payung nang dalan rumpil ana pinggir jurang. Kaya kaya pengin ngoyak lan ngandhani Reni ben ati ati, kok ora kuwawa sikile ora isa diajak mlayu. Bisane mung njerit seru “ **Reni..Reni Widowati..Entenana aku**”. Ngerti ngerti wis tangi saka anggone ngimpi, digugah ibune. Srengengene wis padhang, wis rada awan.

*“ We lha nglindur aku bu”.*

*“ Ngimpi apa kok nganti girap girap? Awakmu ngundang sapa iku, Reni Widowati. Wis digawekke teh anget karo adhimu mau. Dheweke wis budhal”.*

*“ Ibu kok durung budhal jam pira iki?”*

*“ Wis jam setengah wolu. Esuk iki aku kosong, wis pamit mau karo Kepala Sekolah. Mung ana acara rapat. Pengin nunggu kono jare sore arep mangkat nang Yogja maneh”.*

*“Rasane isih kesel Bu, ora sida nang Yogya dina iki. Sesuk wae tak leren dhisik nang ngomah, karo tak ngurus surat keterangan kependhudhukan nang kelurahan”.*

Alon alon Santo banjur mara nang kamar mandhi, Salatiga luwih adhem katimbang Yogja nek wayah esuk. Dheweke

adus nganggo banyu anget. Bubar adus banjur marani ibune nang ruang tengah. Sarapan ditunggu ibune karo crita.

*“ Rada kemrungsung bu rasane, kari ana wektu udakara patang minggu sakdurunge budhal nang Bengkulu”.*

*“ Ora susah kemrungsung dilakoni wae kanthi mantep lan seneng. Sing perlu perlu wae sing disiapke. Kono dhewekan tugas mrana ?”*

*“ Karo kanca bu, kanca sak kelas sing wingi bareng sumpah dhokter. Reni, ibu kemutan?”*

*Sing sepisanan dhewe nampa ijazah dhokter kae lo. Jenenge Reni Widowati”.*

*“ Oo bocah ayu sing diterke rama ibune kae ya. Aku sempat omong omong karo ibune. Lha ana apa kon nganti nglindur ngundang dheweke”.*

*“ Embuh lah bu, jane dudu kanca cedhak. Mung runtang runtung bareng ngurus ujian, terus wingi bareng nang Jakarta ngurus penempatan, kok njur dadi raket”.*

*“ Sing ati ati sawung aja gawe susah lan gelane liyan ya lik. Elinga welinge almarhum bapakmu. Aja pisan pisan gawe rugining liyan”.*

*“ Njih bu mung pas nang Jakarta wingi sempat ngobrol suwe karo Reni. Tak jak dolan mreng nek isa sak durunge budhal nang Bengkulu”.*

*“ Ora apa apa, aku seneng nek kok kenalke. Ning ora perlu kesusu. Sing sareh, iki urusan serius kanggo urip sak lawase”.*

Jane isih kesel banget, pengin leren dhisik. Dina iku nyicil ngurus surat keterangan kependhudhukan nang kelurahan,

mbokmenawa mengko dibutuhake ana Bengkulu. Uga surat keterangan kelakuan baik lan surat bebas G30S/PKI. Ora isa rampung sedina. Santi jare lagi repot anggone seminar ngajokke laporan, mulih wis nganti sore, sempat ngobrol sedhela. Esuke sak kesuk Santo mung ngurus surat keterangan sing diperlokke nang kantor kelurahan lan kecamatan nganti awan. Dicicil dhisik ben ora kesusu sesuk sesuk. Jam telu sore hawane wis ora sumelet, angin mulai semribit alus. Santo pamitan ibune arep mangkat nang Yogja. Ora sempat ngobrol suwe karo adhine sing ditresnani amarga Santi nembe wae mulih saka kampus.

Santo pengen ketemu Reni sore iku. Dheweke mesthi wis mulih nang Yogja saka Jakarta. Lega atine wis isa ngobrol karo ibune nganti jlentreh. Pas pamit, ibune maringi tambahan sangu nggo urip nang Yogja. Ketrima lan matur nuwun banget, dhuwit honor tulisan saka koran KR wis entek dinggo sangu nang Jakarta. Ngadhang bis jurusan Solo, ana jalan Diponegoro. Entuk bis Sugeng Rahayu, kepenak ora patia suk sukan. Dheweke medhun ana Kartasura, terus ganti bis sing jurusan Yogja. Tekan Yogja terminal THR wis punjul jam lima, langsung numpak becak nang pondhokan ing kampung Gerjen. Ibu kost ndangu, jare nang Jakarta kok cepet temen wis mulih.

*"Urusane wis beres nang Jakarta nak Santo kok cepet temen?"*

*"Sampun bu, pikantuk penempatan wonten Bengkulu, kedah siap siap bidhal"*

*"Lho kok adoh temen ya. Muga muga lancar urusane".*

*“ Matur nuwun ibu, nembe badhe nyiapaken menika, taksih wonten wekdal”.*

*“ Muga muga tansah lancar. Sing ati ati wae ya nak”.*

Santo banjur adus dhisik, bubar maghrib mengko arep diwanek wanekke mara nang omahe Reni ana ing kampung Ngadisuryan. Ora adoh numpak sepedha mung antara sepuluh menit. Bubar adus mlebu nang kamar, dheleg dheleg ndeleng dhindhing kamar kost sing wis dinggoni meh pitung taun. Ora tau pindhah pindhah wiwit kuliah nang kompleks Ngasem. Bakal ditinggal kanthi nggawa kenangan akeh.

+++++

Bubar maghrib Santo numpak sepedha, saka Gerjen ngidul, tekan pertelon pasar Ngasem menggok ngiwa terus lurus ngidul tekan Ngadisuryan. Tekan omahe Reni, kahanane sepi, lampune remeng remeng. Nyoba mencet bel ana kori ngarep, asisten rumah tangga sing mbukak lawang. Santo nerangke nek dheweke kancane Reni, pengen ketemu Reni sedhela.

*“ Mbak Reni taksih sare, nembe wangsul saking Jakarta sonten niki wau”*

*“ Tulung mangke nek wungu disampekke, kula Santo mriki ajeng kepanggih”.*

Santo lagi wae arep mungkur pamit, gela ora isa ketemu Reni, dadakan lampu ruang tamu murub. Reni metu mentas wae tangi, rambute isih madhul madhul. Ning malah katon ayu nengsemake kanggone Santo.

*" Punika wonten tamu madosi mbak Reni".*

*" Iya mbak gawekna unjukan ya. Bapak ibu nang endi ?"*

*" Wonten mbak, bapak ibu lenggahan wonten wingking".* Gita gita Reni anggone nemoni Santo. Seneng banget rasane ketemu maneh, wis diantu antu banget sakwise pisahan nang Jakarta rong dina kepungkur. Tanpa sadhar dheweke ngrangkul Santo kanthi kenceng, dene Santo mung gragapan kaget. Dheweke ngrangkul Reni.

*" Rasane suwe pisah karo kono rong dina kepungkur. Aku nembe wae teka saka sore iki mau numpak sepur bareng mbak Rosa".*

*" Aku ya nembe sore iki teka saka Salatiga, terus mreng pengin ketemu njenengan. Piye seneng isa mubeng mubeng nang Jakarta karo mbak Rosa".*

*" Ora jenak, selak kepingin mulih. Malah durung matur bapak ibu je aku prekara penempatane".*

Bu Leni Setyawati, ibune Reni, dadakan metu nang ruang tamu. Kok ana swara wong rembugan ki sapa. Kaget nalika mirsani Reni, rambute isih madhul madhul tangi turu, rembugan karo pemudha tur sajak katon mesra.

*" Reni kok rambutmu isih madhul madhul mbok di tata dhisik ta".*

*" Njih bu, tangi turu iki mau. Iki Santo sing wingi bareng nang Jakarta bu".* Santo gageyan anggone ngaturi salam.

*" Dalem Santo ibu, kancanipun Reni, kala wingi sami sami laporan wonten Dhepkas Jakarta".*

*“ Oo iya nak Santo ki sing barengan sumpah kae ta. Aku kelingan sempat wawan rembug karo keng ibu. Dikepenakke ya nak. Reni ben dandan dhisik. Piye sidane entuk penempatan nang endi ?”*

*“ Wonten Bengkulu ibu, namung wonten kalih pilihan, Bengkulu utawi Maluku, kula mindhah Bengkulu”.*

*“ Reni durung crita nak, lagi wae teka sore mau, dheweke entuk nang endi ya?”.*

Reni wis dandan banjur metu maneh nang ruang tamu, terus nrambul pitakone ibune.

*“ Aku ya milih Bengkulu ibu, barengan karo Santo, ben ana kancane. Luwih mantep le nglakoni”.*

*“ Mangga dieruske nak Santo karo Reni. Reni mengko nak Santo dijak makan malam sisan tak siapne. Sisan pengin krungu critamu le nang Jakarta ya”.*

Santo karo Reni mung omong omong glenikan nang ruang tamu. Loro lorone atine seneng bakal bareng dhines nang Bengkulu. Kanggone Reni kawitan tugas nyambut gawe rasane mantep banget. Apa maneh bakal bebarengan karo Santo. Atine kok dadakan kepilut nang Santo, priya serius menengan iku. Embuh nang ngarepe Santo rasane adhem, sok pengin manja. Ana perasaan sing owah marang Santo, dudu rasa kekancan biasa. Kekancan dadi ngrembakaning katresnan. Semono uga kanggone Santo, rasane dheweke sing gampang kemrungsung kaya ana sing ngelingake terus kudu sabar lan tlaten nek ngadhepi masalah.

*“ Dina dina iki nek ana wektu tak jak nang Salatiga, ketemu ibuku karo adikku”.*

*“ Iya bro, apike mengko matur bapak ibu sisan. Rama ibu durung ngerti apa apa prekara awake dhewe, uga prekara penempatan nang Bengkulu”.*

Sedhela maneh Bu Leni mara nang ruang tamu, nimbali Reni karo Santo supaya gabung makan malam. Santo ngaturi salam pak Hartono. Pak Hartono ngasto Kepala Dhinas nang Pemdha propinsi DIY. Pak Hartono lan bu Leni durung kenal karo Santo. Ngertine mung Reni pamitan nang Jakarta karo kancane dhokter arep lapor nang DhepKes. Bu Leni iki mau rada kaget mrangguli putrine kok wis akrab temen karo kancane sing jenenge Santo. Pak Hartono karo bu Leni rada lega nalika pirsanto, bocahe sopan lan kalem.

*“ Ayo dilahapi le dhahar. Aku karo ibu pengin krungu critane piye hasile nang Jakarta”.*

*“ Nuwun sewu pak durung matur, lagi teka mau sore. Laporan nang Dhepkes lancar, wis entuk penugasan nang Bengkulu. Mung ana pilihan loro, Maluku utawa Bengkulu. Santo milih Bengkulu. Aku takon apa ana lowongan nang Yogja apa Jawa Tengah. Mungkin ya ana nang Pemdha, ning ora ngerti prosese soale dudu duweke DhepKes. Akhire aku ya melu Santo milih Bengkulu wae bapak ibu. Mantep ana kancane”.*

*“ Kedah bidhal awal tahun ngajeng menika bapak ibu. Dos namung wonten wekdal persiapan sakwetawis minggu. Kula kaliyan Reni kedah nyiapaken dokumen ingkang pun perlokaken kados surat kelakuan baik kaliyan surat keterangan bebas G30 S/PKI”.*

Makan malam kelakon kanthi lancar. Biasane Reni sing akeh crita nek pas nang meja makan. Wengi iku bu Leni karo pak Hartono kebak pitakonan, piye sesambungane antarane Reni

karo Santo. Ora tau ana tandha apa apa kok dadakan arep tugas bareng nang Bengkulu. Mesthi ana sesambungan batin antarane bocah loro iku. Saya kaget maneh bareng bubar makan malam, Santo matur menawa pengen ngajak Reni nang Salatiga nemoni ibune Santo.

*“ Nuwun sewu rama ibu, menawi kepareng kula badhe ngajak Reni dhateng Salatiga, manggihni ibu kula. Namung culik kemawon mboten nyipeng”.*

*“ Ya nak Santo, ibu ben rembugan karo Reni. Nek culik apa ben diterke sopir wae”.*

Bubar makan malam, Santo karo Reni isih padha rembugan ana ruang tamu. Ngrembug surat surat sing perlu digawa nang Bengkulu. Reni sikape rada manja karo Santo, rumangsa aman lan nyaman nang cedhake Santo. Liwat jam wolu Santo enggal pamitan. Nyuwun pamit karo pak Hartono lan bu Leny. Bareng Santo wis mulih, Reni ditimbali rama ibune. Akeh sing kudu dijlentrehke marang bapak ibune.

*“ Reni, bapak ibumu pengen ngerti sesambunganmu karo nak Santo. Wong ora ana angin apa apa kok ngerti ngerti malah wis katon serius. Matura blaka karo rama ibumu ndhuk”.*

*“ Njih bapak ibu aku dhewe ya ora menyardhari. Runtang runtung ngurus ujian, terus wingi bareng nang Jakarta, kok rasane aman lan nyaman bareng karo Santo. Aku dhewe rumangsa mantep bareng karo dheweke bapak ibu”.*

*“ Bapak ibumu bisane mung mangestoni. Awakmu sing nglakoni. Mula apike kok rembug tenan karo nak Santo. Iki kanggo sak lawase aja grusa grusu. Kapan kae ibumu krungu saka bu Ambarwati jare*

*mantane mbak Rosa, sing saka Pekalongan kuwi ya cedhak karo kono”.*

*“ Njih bapak ibu, aku ora nate janji karo mas Dedhi Sumaryono, mantane mbak Rosa. Ning aku wis mutusi lan menahi weruh dheweke menawa aku ora isa bareng karo dheweke. Rumangsaku aku ya wenang milih. Mula aku nyuwun pangestu kamantepanku karo Santo”.*

*“ Iya kabeh gumantung awakmu, ning apike kok tanting sepisan engkas. Pihak loro lorone kudu padha mantep”.*

+++++

Esuke Reni crita marang Rosa menawa Santo ketemu bapak ibune, lan nyuwun palilah arep ngajak dheweke nang Salatiga dikenalke karo ibune. Bapak ibune ya kaget kok ana perubahan cepet banget antarane dheweke karo Santo.

*“ Cepet apa rendhet mesthi kudu matur bapak ibu dhik Reni. Kuwi bagian saka proses sing biasa kedadeyan nek pasangan arep urip bebrayan”.*

*“ Aku ya sepisan maneh nakoni Santo, apa awake dhewe serius kanggo jangka panjang, apa mung emosi sesaat. Dheweke wis mantep, rumangsa nyaman urip bareng”.*

*“ Nek ora nginep nang Salatiga, nek diperlokke ben diterke sopirku dhik Reni, mengko pak Jono tak omongane. Kapan wektune. Aku ya pengin melu jane, ning mengko malah ora bebas”*

*“ Mungkin dina Setu sesuk mbak Rosa. Matur nuwun tawarane. Mengko tak matur bapak ibu karo Santo”.*

*“ Aku mikir mikir nek perlu tak melu mengko, sisan tak survei pasaran bathik nang Salatiga. Salatiga dudu kutha gedhe, ning akeh penghuni saka luar Jawa. Potensial nggo ngenalke bathik nang tlatah luar Jawa”.*

Dina Setu esuk sida budhal nang Salatiga. Diterke sopir nganggo mobile Rosa. Rosa uga melu nang Salatiga sisan karo survei ndeleng ndeleng bathik. Dheweke uga perlu nemoni kancane sing dadi dhosen ana Universitas Satya Wacana, nek mbokmenawa isa ana kerjasama ing babagan pengembangan bathik kanggo Indonesia Timur. Budhal saka Yogja esuk jam setengah wolu, Rosa ngampiri Reni. Santo wis siap ngenteni nang omahe Reni. Rosa sempat ngaturi salam marang pak Hartono karo bu Leni.

*“ Dalem terasan Bapak Ibu, nyuwun pangestu supados lancar sedayanipun, sonten mangke sampun mantuk”.*

*“ Matur nuwun banget ya mbak Rosa, malah melu ngrepoti kono iki. Muga muga kabeh lancar ya”.*

Saka Yogja nang Salatiga liwat Magelang terus Kopeng. Kudu ati ati dalan sing jurusan Kopeng isih sempit lan akeh menggak menggok. Pemandhangane pancen asri banget, ana sisih kiwa katon gunung Andong, gunung Telamaya, sisih tengen ana gunung Merbabu. Ana Kopeng mandheg sedhela ngombe kopi. Hawane adhem angine semribit. Banjur mlaku alon alon medhun tumuju Salatiga. Tekan Salatiga wis jam sepuluh, terus nang jalan Sruni. Mung ngedrop Reni karo Santo, nanging Rosa sempat medhun lan kenalan karo ibune Santo, bu Sri Kadarsih.

*“ Mboten pinarak rumiyin mbak Rosa, mangga”.*

*“ Matur nuwun sanget ibu, punika ngeteraken dhik Reni kaliyan dhik Santo. Rebat cepak badhe dhateng UKSW kaliyan ningali toko toko bathik wonten mriki. Mangga ibu pun sekecakaken kaliyan dhik Santo lan dhik Reni”.*

Awan iku Rosa terus nang UKSW nemoni kancane kuliah dhisik sing dadi dhosen nang kana. Wis suwe ora ketemu, kanca jaman mahasiswa rikala isih kuliah ana Yogja. Jenenge Herminati, kanca tunggal pondhokan ana Yogya. Ngerti banget riwayatate Rosa. Ora sempat ngobrol suwe, Rosa mung takon kira kira sapa sing isa diajak kerjasama ing babagan bathik ana UKSW. Wis entuk gambaran lengkap saka Hermin. Herminati isih legan, durung omah omah, mentas mulih saka Australia njupuk program paska sarjana. Bubar nemoni Hermin, Rosa banjur nlusuri jalan Diponegoro lan jalan Jendral Sudirman, ndeleng toko toko sak dawaning dalan. Mung ana toko sing adol bathik siji loro, nanging durung ana toko sing khusus bathik. Akeh kesempatan nggo distribusi bathik kelas nang kutha iki.

Bareng wis kemptu milang kori ana Salatiga, Rosa njaluk diterke menyang Bringin, mung pengin weruh stasiun sepur ana Bringin. Kutha kecamatan sing kerep dicritakke papine, jare simbahe tau manggon ana ngarep stasiun iku, bukak warung es gosok tahun seketan. Bareng kesel anggone mubeng mubeng leren jajan sate ana warung cilik nang pinggir dalan ana desa Pondhokseneng. Atine wis krasa seneng meruhi kutha kecamatan Bringin sing sok dicritakke papine.

Bu Sri Kadarsih rumangsa seneng bareng dikenalke karo Reni. Reni senajan wis lulus dhokter tansah semanak lan ngormati wong tuwa. Dheweke ya cepet akrab karo Santi adhine Santo.

Regeng anggone ngobrol antarane bu Sri Kadarsih, Santo karo Reni. Bubar makan siang, bu Kadarsih banjur nimbali Santo karo Reni.

*“ Ana sing perlu tak takokke marang awakmu sakloron, Santo karo mbak Reni. Kok jawab blakasuta wae ora ana sing perlu ditutupi”.*

*“ Njih ibu kula kaliyan Santo, badhe blaka suta kemawon dhateng ibu”.*

*“ Aku wingi wis diomongi karo Santo jarene awakmu sakloron arep dhines bareng ana Bengkulu. Aku mung takon blak blakan, antarane kono wong loro mung kekancan biasa, apa ana rencana urip bebrayan bareng?”.*

Reni banjur matur blaka, “ Menawi kula sampun mantep pengin gesang sesarengan kaliyan Santo, mboten namung kekancan kados wingi wingi. Santo pun dangu piyambak ibu, supados ugi blak blakan dhumateng ibu”.

*“ Piye Santo anakku, iki nak Reni wis mantep urip bebarengan karo awakmu. Kono dhewe apa wis mantep kaya sing kok omongke karo nang aku ya lik”.*

*“ Injih bu aku mantep bebarengan karo Reni, nyuwun pangestune wae”.*

Bu Sri Kadarsih kaca kaca krungu ature putrane. Santo pancen menengan kaya bapake swargi, ora seneng kakehan omong.

*“ Ya Santo lan nak Reni sak loron, ibu mung isa ndongakake keputusanmu. Kabeh gumantung nang awakmu wong loro muga muga tansah diparing dalan sing padhang. Nak Reni apa wis matur karo bapak ibu, tumrape kemantapanmu ?”*

*" Sampun ibu. Rama ibu ugi kaget nguningani amargi prosesipun cepet sanget. Nanging tansah mangestoni kita kekalih".*

*" Oo iya aku nek ngono tak enggal enggal sowan bapak ibu nang Yogja. Dina dina iki wae. Nek pancen wis padha mantep, apa ora sisan diresmekke wae sak durunge budhal nang Bengkulu. Ben luwih mantep ora bakal ana godha".*

*" Kula namung ndherek ibu. Panci kados rumaos langkung mantep menawi sampun resmi pindhah kangge kula. Duka menawi mas Santo".*

*" Aku ya manut wae, nek isa dirampungke ya ora perlu di ulur ulur".*

*" Ya wis padhang aku. Dina dina iki aku tak sowan rama ibu nang Yogja".*

Jam loro awan Rosa wis ngampiri Reni. Rosa sempat lungguh sedhela ngrasakke kopi karo ngobrol karo bu Sri Kadarsih lan Santi. Reni karo Santo omong omong serius nang kursi liya.

*" Kula sempat mampir dhateng UKSW, kepanggih kanca sak pondhokan wonten Yogja. Dhosen ekonomi".*

*" Sinten asmanipun mbak Rosa, kula kuliah wonten ekonomi?"*

*" Herminati, nembe wae mulih saka Australia tahun wingi".*

*" We la bu Hermin pembimbing kula menika. Sae sanget mbak Rosa'.*

*" Muga muga lancar kabeh mbak Santi. Entuk pembimbing visioner kudu isa sinau sing tuntas".*

Sedhela maneh Reni karo Santo nyela melu rembugan, sajak serius. Reni banjur ujar, *"Mbak Rosa, upama mas Santo keru wae*

*ngono piye ya?. Aku sore iki mulih ndherek mbak Rosa. Sesuk mas Santo ndherekke ibu menyang Yogja, nemoni bapak ibu”.*

*“ Mangga ibu karo mas Santo piye. Nek pancen arep tindak Yogja ya ngono wae, ora sah wira wiri. Aku sing ngeterke dhik Reni mulih lan ngaturke nang bapak ibu. Dospundhi bu Sri?”*

*“ Ngaten njih prayogi. Nak Reni sesuk mungkin ya rada awan sajake antara jam sepuluh sewelas, aku karo Santo, tak sowan mrana. Ora susah repot wong mung aku sing sowan, matur sesambunganmu karo Santo”.*

*“ Injih ibu, nyuwun pamit lajengan punika”.*

Rosa banjur pamitan, mulih nang Yogja. Mampir tuku oleh oleh roti Tegal nang jalan Jendral Sudirman. Nek wis entek kepeksa liwat Ambarawa wae, tuku oleh oleh roti Pauline. Loro kuwi sing onjo wektu iki. Roti klapane pancen istimewa. Entuk oleh oleh nang Roti Tegal, ning arep bablas metu Kopeng kok wis kesoren, akeh kabut. Mubeng sithik metu Ambarawa, sisan tuku oleh oleh maneh nang Roti Pauline, karo leren ngombe kopi nang Kopi Eva Bedhono. Reni kudu matur rama ibune kanthi ati ati menawa ibune Santo arep teka nang Yogja dina sesuke, pas dina Minggu. Muga muga rama ibune isa mangerteni. Apike le matur mengko nek ana mbak Rosa wae, ben ana seksine.





Bab 34

## Kekancan Dadi Bebrayan

*D*ina Minggu nuju pungkasaning tahun 1971. Bapak Hartono lan ibu Leny Setyawati, ya rama ibune dhokter Reni Widowati, arep nampa tamu penting. Lagi mau bengi nampa warta saka Reni lan mbak Rosalina Wulandari, ngabarake menawa dina sesuke ibune Santo, ibu Sri Kadarsih arep teka menyang Yogja. Wose arep ngrembug sesambungan antarane Reni karo Santo. Welinge ibu Sri Kadarsih, liwat Reni lan mbak Rosa, wanti wanti ora susah repot repot. Sing penting pengin ketemu dhisik. Sinaosa mangkono pak Hartono karo bu Leny, ora pengin dhewekan. Pengine dikancani dening pak Rianto Djojokusumo lan ibu Ambarwati, sedulur sinarawedi, rama ibune Pramana sing wis prasasat dianggep kangmase dhewe karo Reni. Rosalina Wulandari uga bakal ngancani Reni, Rosa rumangsa kepotangan budi karo Reni.

Jam sepuluh pak Rianto, bu Ambarwati lan Rosalina Wulandari wis padha teka ana daleme pak Hartono lan ibu

Leny. Dhokter Reni uga wis dandan wasis nganggo kebayak putih lan jarik bathik. Katon ayu lan anggun, biasane nek dandan mung sak kecekele. Antarane jam setengah sewelas tamune wis rawuh, bu Sri Kadarsih karo putrane, Santo lan adhike Santi. Bu Kadarsih nyewa mobil Colt sak sopire duweke tanggane. Nggawa oleh oleh awujud buah lan jajanan pasar kaya adat Jawa menawa medhayoh nang calon besan. Buah lan jajan pasar iku merlambangake karaharjan, berkah saka bumi pertiwi. Pak Hartono karo bu Leny mbagekake tamune kanthi grapyak lan ngenalake pak Rianto lan bu Ambarwati, kadange sinara wedi.

*“ Ngaturaken sugeng rawuh ibu Sri Kadarsih saha putra kekalih, mas Santo lan mbak Santi. Kula kekalih kaliyan anak kula Reni saha kangmas Rianto kaliyan mbakyu Ambarwati lan putrinipun, mbak Rosalina Wulandari, ngaturaken panuwun tanpa upami dene sampun kersa rawuh dhateng griya kula mriki”.*

*“ Kula semanten ugi, matur nuwun sanget sampun kersa nampi kula kaliyan anak anak kula. Kumawantun sowan kula mriki panci pun sambati anak kula supados matur dhumateng Bapak saha ibu, prekawis sesambetanipun anak kula pun Santo kaliyan keng putri nak Reni Widowati. Lare kekalih sajak sampun gilig badhe gesang sesarengan”.*

Bu Leny banjur nerusake wangsulan.

*“ Kula kaliyan bapakipun lare njih radi kaget Bu, lha wong dereng nate reraosan kok ujug ujug sampun mantep badhe gesang sesarengan. Kula kekalih namung saged anyengkuyung pikajengipun lare. Reni iki ngendikane bu Sri Kadarsih, kabeh gumantung kono karo nak Santo sing nglakoni, matura dhewe marang bu Kadarsih karo bapak ibu”.*

Reni banjur atur wangsulan alon ning teges, “ *Kula sampun mantep pengin gesang sesarengan kaliyan kangmas Santo. Namung nyuwun idi palilah saking ibu, bapak ibu saha pakdhe lan budhe sekaliyan*”.

Bu Leny lan pak Hartono trenyuh krungu wangsulane Reni. Putri tunggal sing rumangsane isih sok manja kok pamitan nek wis arep omah omah.

Bu Sri Kadarsih banjur nakoni putrane, “ *Santo anakku lanang. Matura marang bapak ibu Hartono karo pakdhe Rianto lan budhe Ambarwati, piye awakmu apa wis mantep tenan?*”

“ *Injih ibu, rama lan ibu ugi pakdhe budhe, kados aturipun jeng Reni, kula sampun mantep badhe gesang sesarengan. Nyuwun pangestu sedaya supados saged lestari sak laminipun*”.

Gentenan bu Sri Kadarsih sing katon trenyuh, kaca kaca mripate. Kendel rada sakwetara, banjur diteruske anggone ngendika.

“ *Nyuwun duka adhimas Hartono kaliyan Jeng Leni, ugi kangmas Rianto kaliyan jeng Ambarwati, sampun cetha sedaya menawi putra kita kekalih sampun sami mantepipun badhe gesang sesarengan. Nyuwun duka menawi makaten, menapa mboten karesmekaken pindhah kemawon?. Badhe ngentosi menapa malih wong sampun sami mantepipun, ugi badhe sesarengan ngayahi tugas tebih saking kita sedaya. Langkung prayogi pamanggih kula menawi pun resmekaken babar pindhah*”.

Rada sigeg anggone padha ngendikan. Jane ya ana benere, wong wis mantep kabeh arep nunggu apa maneh. Sing marahi awang awangen amarga mung mikir acara pesta resepsine.

Sing luwih penting kan ya acara nikahane. Bu Leni Setyawati banjur wangsulan.

*“ Inggang njalari kula tida njih namung wekdalipun, menapa mboten nylepeg sanget mbakyu”.*

Bu Kadarsih banjur nyambung ngendikan, *“ Jer kala wau namung usul saking kawula kemawon. Dene menawi mboten cekap kangge persiapan, saged pun jadwal sanes wekdal”.*

*“ Mbakyu Kadarsih kaliyan kangmas Rianto lan mbakyu Ambarwati, panci wekdal inggang cupet inggang dados pepalang. Budhe Ambarwati menapa saged paring pangandikan?”. Ature bu Leni Setyawati, sing banjur diwangsul Bu Ambarwati.*

*“ Taksih wonten wekdal antawis sekawan minggu. Ngaten kemawon pun pilih dinten Jumat tanggal 31 Desember utawi Sabtu tanggal 1 Januari, mangke pun pasrahaken event organizer, supados damel rencana inggang murwat”.*

Rembugan banjur nyepakati dina Sabtu tanggal 1 Januari 1972 acara nikahan lan resepsine, mengko ben dirancang dening pihak penyelenggara sing wis kulina. Bu Ambarwati ngusulake bu Arini sing wis pengalaman, dipasrahi gawe rencana sing realistis. Bu Leni karo bu Ambarwati didherekke mbak Reni arep nemoni bu Arini kanggo gawe rencana. Rosa Wulandari sarehne isih kudu wira wiri mung nek pas nang Yogja wae isa melu ngecek persiapane. Sore iku bu Leni, bu Ambarwati karo Reni arep nemoni bu Arini. Jam rolas acara wis rampung, wis dirembug kabeh. Banjur dhahar siang mawa gudheg sing dipesen saka Gudheg Juminten Kranggan. Jam setengah loro bu Sri Kadarsih pamit kondur, arep mampir nang Gerjen pamitan karo sing dipondhoki Santo. Meh pitung

taun Santo manggon nang pondhokan Gerjen, apike ya pamitan kanthi apik lan ngaturke panuwun.

Bu Ambarwati, bu Leni, Rosalina karo Reni sore iku barengan mara nang daleme bu Arini ana ing dhaerah Ngasem. Ndilalah kok isa ketemu karo bu Arini dhewe, dudu asistene. Wose bu Arini sanggup ngleksanakake acara pernikahan lan resepsi, ning amarga wektune nylepeg apike tamune dibatesi aja luwih wong telung atus. Arep resepsi ana ndalem apa ana gedhung. Padha wae, jane kabeh isa disiapke. Nek nang gedhung sing cedhak kono ana Gedhung Joglo Panembahan. Bu Arini butuh dhaftar sapa wae sing bakal diundang. Undhangan kanggo keluarga penganten putra mengko dititipke nang pihak penganten pria anggone nyebar.

Rosalina melu seneng lan lega dene Reni sida nikah karo Santo, lan mesthi ora sida karo Dhedhi. Mung dheweke kaget kok prosese isa cepet banget. Luwih cepet Reni karo Santo, tinimbang dheweke karo Pramana. Ya pancen kahanane pancen beda beda. Dheweke karo Pramana ya wis mantep urip bebarengan, ananging ndilalah kok ana wae alangan sing marahi tertundha tundha. Pramana kudu lunga Jakarta melu penataran. Tita ndilalah lara dhemam berdharah lan kudu opname nang rumah sakit. Persiapan lan peresmian butik AW barang. Kabeh wis diliwati, muga muga dheweke karo Pramana uga enggal enggal bisa resmi nikah. Dheweke karo Pramana kudu teka nang pernikahane Reni karo Santo. Muga muga ben kena sawab engal nyusul anggone nikah karo Pramana.

+++++

Dina Senen esuk Rosalina budhal nang Jakarta. Minggu iki dheweke arep ngurus ben idin kanggo bukak cabang butik AW nang Jakarta enggal metu, muga muga sak durunge akhir taun iki. Dadi awal taun baru mengko wis isa diresmekake. Sengaja budhal Senen esuk, ben tekan Jakarta sore, pas Pramana wis nang ngomah. Nek budhal wengi, tekan Jakarta esuk, Pramana wis kudu budhal kantor. Rasane gela, pengine dheweke teka terus isa kangen kangenan karo Pram sing ditresnani. Sakdawaning laku mung akeh turune. Atine seneng ora ana sing dikuwatirake maneh. Selak pengin ketemu Pram lan crita prekara Reni.

Tekan stasiun Gambir wis jam papat sore, terus numpak taksi nang Kesehatan. Dalane rame wayahe macet sore, dadi rada suwe lagi tekan. Meh jam lima nalika teka nang paviliun ana Kesehatan. Kadingaren kok Pramana durung teka. Rosa nyemproti obat nyamuk banjur adus dhisik ben awake seger. Lagi tengah tengahe adus lawang kamar mandhi didhodhog saka njaba. Pramana undang undang njaluk dibukakke. Bareng dibukak, Pramana sing banget dikangeni banjur mlebu melu adus sisan. Kamar mandhine rada keciliken ning ya lumayan isih isa kanggo adus wong loro. Rada kepara suwe, isih ndadak mandheg anggone adus, banjur padha among asmara, rangkulan raket lan ngarasi kekasih sing ditresnani. Sak antara bareng wis padha tenange banjur gage anggone metu. Rosalina nyiapke teh banjur lungguhan ana berandha.

*“ Ana berita menarik saka Yogja mas, njenengan mesthi seneng ngrungokke”.*

*“ Ana apa jeng kok sajak rahasia? Apa nyangkut awake dhewe?”*

*“ Dhik Reni karo Santo tanggal 1 Januari, dina Sabtu arep resmi nikahan. Wingi anggone rembugan aku ya melu nyekseni. Dina Sabtu kae aku ngeterke Reni karo Santo nang Salatiga matur ibune anggone bakal tugas nang Bengkulu. Bareng ngerti nek loro-lorone wis padha mantepe, ibune Santo dina Minggu wingi medhayoh nang Yogja. Aku karo bapak ibu ya melu nemoni lan dadi seksi. Sorene nemoni bu Arini nggo gawe acara”.*

*“ Wah melu seneng aku. Kapan awake dhewe ya. Awake isih duwe agendha pribadhi loro sing penting yaiku peresmian cabang butik AW nang Jakarta, lan aja nganti lali nikahane awake dhewe kapan ya?”*

*“ Kuwi mas sing perlu digalih. Pancen awake dhewe sibuk. Ning nek nuruti sibuk gaweyan ora bakal ana enteke. Kudu diselakke ben endang rampung tuntas urusane. Awake dhewe kudu hadir ya nang resepsine Reni. Sing ngurusi persiapan bu Leni, ibu Ambarwati, karo Reni. Aku tak nyilihi mobil karo sopir wae kanggo wira-wiri”.*

*“ Iya awake dhewe mesthi hadir. Aku isa budhal saka kene Jumat sore, mulih maneh Minggu sore. Ora perlu ninggal gaweyan”.*

Bengi iku wong loro ora metu saka pavillium. Rosa nggawa gudheg saka Yogja, isa nggo lawuh makan malam. Bubar makan malam, nonton TV sedhela terus mapan turu jam setengah sepuluh bengi. Kudu sregep nyemprot obat nyamuk sak durunge mapan turu. Rosa mung ngruket kekasihe angger arep mapan turu ngene iku. Kaya kaya wis emoh pisah maneh. Kaya adat saben tangi esuk, olah raga ringan, nyiapke sarapan kanggo Pramana. Jam pitu Pram budhal menyang kantor. Rosa siap siap nang kantor Suku Dhinas nakokke kapan idin perusahaan isa metu. Wis punjul rong minggu, kudu ngenteni pira maneh suwene.

Nalika teka nang kantor Suku Dhinas, Rosa entuk keterangan nek surat idin bukak cabang butik AW nang Cidheng wis siap, mung pancen durung dikirim. Dadi kudu ngrampungake anggone nyiapke panggonan. Ana perusahaan sing wis dikontrak kanggo nata lan nyiapake panggonan ana Cidheng. Bubar saka kantor Suku Dinas DKI, Rosa mara menyang panggonan sing bakal dinggo butik. Njaluk marang sing kajibah nata panggonan, supaya enggal dirampungke, selak arep kanggo. Jane gaweyane wis meh rampung. Akhir minggu iki wis isa siap panggonane, kari detil interiore. Muga muga ora ana alangan apa apa. Sasi Januari yen ora ana alangan wis isa dibukak.

Sore iku Rosa rembugan karo Pramana, menawa peresmian butik mbokmenawa isa dianakke wulan Januari tahun ngarep. Kudu mikir acarane sing isa narik kanggone tamu. Rosalina kudu rembugan karo bu Ambarwati mengko nang Yogya. Pramana setuju menawa peresmiane cabang butik AW ana Jakarta dibukak wulan Januari. Mbokmenawa minggu minggu akhir wae, rada adoh saka liburan akhir tahun. Perlu matur ibune mbokmenawa kagungan kontak karo komunitas bathik lan komunitas Yogya, Solo lan Semarang ing kutha Jakarta. Nek perlu Pram isa takon nang Bagian protokol apa diidinke ngundang perwakilan negara sahabat sing cedhak cedhak, sisan karo promosi bathik. Bubar peresmian cabang Jakarta, lagi arep mikir rencana pernikahan. Siji siji anggone mikir ben ora bingung, ning wis lega rasane, kari nglakoni kanthi sabar.

+++++

Nganti titiwanci acara pernikahan lan resepsi perkawinan, antarane Reni Widowati lan Susanto, acarane wis disiapake

kanthi mateng dening tim e ibu Arini. Acara disiapake kanthi teliti lan njlimet, aja nganti ana sing slenco pas pelaksanaan. Sidane acara dianakake ana Gedhung Pertemuan Joglo Panembahan, ngetungke menawa lagi mangsa udan. Nek acara ana ndalem, senajan panggonane ya longgar, ning nek udan repot banget anggone ngatasi. Mula enake banjur ana gedhung wae. Panggonane cukup longgar nek kanggo undhangan telung atus utawa patang atus. Undhangan acara pernikahan katulis jam setengah sepuluh nganti setengah sewelas, diteruske resepsi antara jam sewelas nganti jam siji awan. Kabeh acara dipandhegani dening bu Arini minangka penanggung jawab panitia.

Acara nikahan mlaku kanthi khidmat. Nganggo balang balangan suruh nanging ora nganggo acara penganten pria ngidak endhog. Mratandhani nek penganten putri karo penganten putra padha kuwajibane, kudu padha le isa ngemong, ora mung wong wadon sing kudu ngabekti nang wong lanang. Tengah tengahe upacara nikahan, teka udan senajan ora patia deres. Ora ngganggu lakuning upacara. Muga muga dadi pratandha kemakmuran kanggone penganten sakloron. Kuwi kepercayaan wong Jawa, banyu perlambang kemakmuran lan kemurahan saka bhumi pertiwi.

Bubar acara nikah, penganten sakloron ganti pakaian sing kanggo resepsi. Pasangan penganten manglingi, dedeg piyadege padha padha lencir. Sing putri ayu dene sing kakung bagus, loro lorone nganggo pakaian bernuansa biru langit. Warna biru mratandhani kelembutan lan kedhamaian, muga muga lakuning bebrayan mbesuke tansah dikebaki rasa tresna asih lan rasa tentrem kanggone penganten sakloron. Tamu tamu ndlidir anggone padha rawuh. Kanca-kancane

panganten sakloron, kanca kancane ibu Leni lan lan kanca kanca kantor pak Hartono sarta saka keluarga pihak panganten pria. Kancane panganten sakloron uga akeh sing padha ngestreni, padha gumun lan cingak, wong jaman kuliah Reni karo Santo ora tau katon sesambungan kok ngerti ngerti nikahan. Gara gara ngurus ujian bareng, ngurus penempatan bareng, paribasan witing tresna jalaran saka kulina. Kekancan isa dadi bebrayan amarga tresna.

Rosalina Wulandari karo pacangane Pramana Enggar Kusuma uga ngestreni acara pernikahan lan resepsi. Katon menawa loro lorone melu seneng banget dene Reni wis resmi dadi sisihane Santo. Kanggone Rosa kaya entuk dalan padhang dene Reni ora sida entuk dadi karo mantan sisihane ya Dhedhi Sumaryono. Wis ora ana dalan kanggone Dhedhi menawa arep ngawasi uripe dheweke karo Pramana. Pas nyalami panganten, Rosa karo Pramana dipoto bareng karo panganten sekalian. Kanggo kenang kenangan sing tegese gedhe kanggone pasangan panganten, uga kanggone pasangan Rosa lan Pramana.

*“ Selamat bahagia dhik Reni karo dhik Santo, muga muga enggal nulari aku karo mas Pram”. Tembunge Rosa karo ngrangkul Reni. Semono uga Pramana, rasane semedhot nalika nyalami Reni, adhine sinarawedi.*

*“ Aku pengin nyekseni sliramu karo dhik Santo, bebarengan terus lestari saklawase”.*

*“ Matur nuwun mas Pram, ora krasa kok malah cepet aku ya. Endang nyusul kangmas Pram lan mbakyu Rosalina”.*

Reni karo Santo padha padha legane dene acara nikah lan resepsi wis lumaku kanthi lancar. Anane mung rasa seneng, tentrem lan asih. Sakwetara dina mengarep kudu wis balik nang Jakarta, ngurus kelengkapan surat tugas supaya bisa budhal nang Bengkulu. Wis ora kemrungsung maneh jer kabeh bakal dilakoni wong loro bebarengan. Dongane mung ben kabeh isa dilakoni kanthi lancar, tanpa rubeda sing abot. Bakal mlaku urip bareng terus sak lawase. Padha padha ngemong kanthi kebak rasa tresna asih, aweh dhukungan anggone nglakoni profesi lan nglakoni urip bebrayan.



Bam 20. -  
2021.





Bab 35

## Lubering Katesnan Jati

**B**ubar acara pernikahan, dhokter Santo banjur dadi siji karo dhokter Reni Widowati manggon ana daleme maratuwa ing kampung Ngadisuryan. Sedhela maneh wis kudu budhal menyang panggonan tugas ing Bengkulu. Dina dinane karo ngenteni wektu anggone budhal, mung nyowani para pinisepuh lan sedulur saka pihak loro lorone, ana tlatah Yogja, Solo lan Salatiga. Nyuwun idi pangestu anggone omah omah supaya tansah kaparingan berkah nir ing sambekala lestari nganti kaken ninen. Uga sisan nyuwun pamit anggone padha arep wiwitan ngayahi tugas ana Bengkulu. Dilegakke anggone padha nyekar nang sareyane para leluhur ana ing tlatah Ngayogyakarta lan Salatiga.

Bu Sri Kadarsih mongkog banget atine nalika Santo karo Reni padha nginep ana omah jalan Sruni. Ya mung krasa ana owah owahan, biasane nek putrane kakung Santo mulih, mesthi isih njaluk dikeloni, iki mulih rong bengi kok wis dikeloni sisihane,

Reni Widowati. Nang tlatah Yogya, Reni karo Santo nang endi-endi mung boncengen numpak sepedha wae. Alon-alon nanging aman nang ndalan. Pak Hartono karo bu Leni jane ndhawuhi pasangan nganten anyar iku supaya plesir, *honey moon*, embuh menyang endi arep diparingi sangu. Nanging Santo karo sisihane luwih mantep ana ngomah wae amarga wektune wis mepet kudu mangkat ngayahi tugas profesi. Reni karo Santo bareng wis nikah, dadi raket banget karo Rosalina Wulandari. Sak liyane wong tuwane pasangan penganten anyar iku, Rosalina Wulandari kepara sing rumangsa paling seneng, paling lega lan paling mongkog dene Reni Widowati karo Susanto wis resmi bebojoan. Rumangsa cedhak lan kepotangan budi karo Reni. Santo karo Reni asring nang butik AW, mung sak perlu crita karo ndeleng lakune butik sing sangsaya ngrembaka.

Senajan wis resmi nglakoni pernikahan, Santo karo Reni sok ora sadhar nek wis dadi bojo. Rumangsane isih kaya dadi kanca wae, runtang runtung ngalor ngidul nalika ngurus tentamen karo ujian. Prosese pancen cepet banget, gawe cingake kanca kanca cedhak. Sok sok kewetu nek pas guyon tanpa disadhari. Reni saya suwe sangsaya katon anggone raket lan manja karo Santo.

*“ Bro apa njenengan ora krasa aneh kok awake dhewe ujug ujug dadi bojo ya ? Sok sok tanpa sadhar aku kepikiran nek awake dhewe ki mung kanca cedhak ”.*

*“ Ya ora susah digagas. Aja kagetan lan aja gumunan, dilakoni wae kanthi ikhlas lan seneng. Kanca ya ora apa-apa, wong nyatane dadi kanca turu nang tempat tidhur barang”.*

*“ Ora krasa aneh bro, bebojoan kok rasane kaya kekancan? Aku pengen banget ngowahi rasa kekancan iki dadi rasa bebojoan. Aku wong wedok kudu tansah ngladeni awakmu minangka pemimpin keluarga”.*

*“ Ora susah dipeksa. Apa ana alane nek antarane suami isteri, nerusake hubungan kekancan kaya maune? Alamiah wae, sing penting awake dhewe kudu padha njagane. Ngendikane para sepuh jare kudu mong tinemong. Bebrayan kanthi kekancan”.*

Sepuluh dina sakwise pernikahan, Santo karo Reni menyang Jakarta, surat keputusan pengangkatan lan penugasan kudune wis rampung. Semono uga Surat Ijin Dhokter. Wis pamitan marang rama ibune Reni nang Yogja, uga marang ibune Santo nang Salatiga. Mengko nek kabeh proses wis tuntas ana DhepKes, arep langsung budhal nang Bengkulu wae, ora susah wira wiri bali nang Yogja ndhisik. Bubar maghrib sore iku, budhal Jakarta numpak sepur kaya pas laporan sewulan kepungkur, bedane saiki karo nggawa koper isi salin lan samubarang sing diperlokke nang panggonan tugas. Ora lali Santo nggawa mesin tulis cilik ben isa tetep nulis nang Bengkulu. Tekan Jakarta banjur njujug nang panginepan Taman Ismail Marzuki. Arep nginep nang panggonane Pramana, ora kepenak ndak ngganggu merga nggawa gawan akeh.

Ana Biro Kepegawaian Dhepartemen Kesehatan, diwenehi weruh nek Surat Keputusan wis medhun lengkap. Proses administrasi kanggo urusan logistik uga wis rampung. Biaya kepindhahan klebu tiket, panginepan lan liya liyane ditanggung dening DhepKes. Wong loro diwenehi perincian biaya pemberangkatan lan nampa dana arupa cek sing kudu

dicairke nang bank. Beaya saben wong ana satus lima ewu rupiah, wis klebu beaya tiket lan penginepan. Cek banjur dicairke nang bank awan iku uga, terus golek tiket pesawat nang Bengkulu. Entuk pesawat sing budhal rong dina maneh saka bandhara Kemayoran. Sore iku bareng urusan kabeh wis rampung, Reni karo Santo mampir nang panggonane Pramana, sisan karo pamitan.

Jam lima sore wis tekan pavillium panggonane Pramana. Pram lagi wae teka saka kantor, kaget nalika ngerti nek Reni karo Santo wis arep budhal nang Bengkulu. Sore iku wong loro ditraktir Pram ana rumah makan masakan Sundha sing otentik, Lembur Kuring.

*“ Dhik Reni karo dhik Santo, jane mau ora susah nginep nang TIM, nang nggonku wae”.*

*“ Iki etunge perjalanan dhinas mas Pram, sungkan ndak ngrepoti panjenengan. Mula nginep nang TIM. Suk maneh nginep nang nggon panjenengan”.*

*“ Ning wis beres kabeh ta dhik urusane?”*

*“ Wis kari budhal mas, suk Rebo esuk budhal saka bandhara Kemayoran”*

*“ Aku mung ndongakke muga muga perjalanan lan tugas kabeh lancar. Mungkin kudu siap siap dhik, tempat kerja yang baru durung tentu kabeh ideal, mbokmenawa isih akeh sing kurang nyukupi fasilitas”.*

*“ Iya mas, kene kudu isa menyesuaikan lan ora kena nuntut thok. Ngayahi tugas pelayanan lan kemanusiaan. Mas Pram, aku ora ngerti kapan mas Pram karo mbak Rosa anggone arep ngleksanani*

*acara nikah. Upama kita wong loro alangan ngestreni, kita nyicil ngaturi selamat bahagia dhisik ya mas. Aku pengin teka nek wis ngerti wektune"*

*" Durung isa mesthekke kapan dhik. Ning mesthi tahun iki. Kesuwen le tertundha terus. Njaluk donga lan pangestumu wong loro".*

Dina Rebo esuk esuk wis budhal menyang bandhara Kemayoran. Pesawat Garuda jam wolu budhal nang kutha Bengkulu. Lagi sepisan iku Santo karo Reni numpak pesawat, pesawat DC 9, rada dheg dhegan nang ati. Durung nganti jam sepuluh wis mendharat ana bandhara Padhang Kemiling Bengkulu. Hawane krasa panas nang Bengkulu. Ana pethukan saka kantor Inspeksi Kesehatan [IKES] propinsi Bengkulu, langsung diterke nang penginepan ana Wisma nang cedhak kantor. Jare sopir, Santo karo Reni dienteni bapak Inspektur Kesehatan sesuk esuk jam jam sanga. Awan iku Santo karo Reni mung ana penginepan nulis surat marang bu Kadarsih lan bapak ibu Hartono sing wose ngabarake menawa wis tekan Bengkulu kanthi slamet. Wayah sore wong loro mlaku mlaku nang pantai Panjang, numpak dhelman, kayadene andhong nang Yogja.

*" Rumangsaku kok kaya pas tugas ko skap nang luar kota kae ya mas, seneng rame-rame sak rombongan tanpa beban".*

*" Awake dhewe ngayahi tugas profesi, wis kliwat wayah seneng seneng ubyang ubyung kaya jaman ko skaap kae".*

*" Iya mas sok ngonoa, luwih apik nek ngayahi tugas profesi iki kanthi seneng lan mantep, tanpa beban. Ben lancar lan krasa entheng anggone nglakoni tugas".*

*“ Iya nglakoni tugas kudu karo ati seneng lan ikhlas Jeng”.*

*“ Aku duwe panyuwun sithik ya mas. Aku durung pengin hamil dhisik. Tak melu Keluarga Berencana ya, mbokmenawa rong tahun, telung tahun iki”.*

*“ Iya Sis, direncana sing apik ben ora kabotan nglakoni tugas. Mengko direncana kapan arep hamil lan melahirkan”.*

Dina sesuke wong loro mara nang kantor Inspektur Kesehatan. Priyayine ramah lan berwibawa. Ngendikane alon kepenak. Wis tugas ana Bengkulu luwih saka rong puluh taun. Tau ngrampungke sekolah nang luar negeri ana bidhang Public Health.

*“ Sugeng rawuh dhokter Reni lan dhokter Santo. Sugeng rawuh nang kutha Bengkulu. Muga muga panjenengan sakloron krasan ana kene. Fasilitas kesehatan isih kita bangun, kaya Puskesmas nang pendhak kecamatan”.*

*“ Injih bapak kita sakloron pun paringi tugas wonten pundi?”*

*“ Sementara iku tak kira mbantu nang rumah sakit ndhisik nang kutha Bengkulu ya, mungkin nek wis mapan mengko tugas ana Puskesmas. Ndilalah Puskesmas e isih durung rampung lagi dibangun. Wingi sing njaluk kabupaten Muko Muko, ning pembangunan Puskesmas durung rampung”.*

*“ Kita ndherek kemawon Bapak, sumangga pasrah kaliyan Bapak. Namung menawi saged nyuwun supados kita kekalih mboten pun pisahaken tebih tebih, supados saged gampang pepanggihan”.*  
*“ Iya dhik, wulan wulan iki tugas nang rumah sakit nang kutha Bengkulu dhisik ya. Mengko ngadhup direktur rumah sakit”.*

Awan iku Santo karo Reni diterke Kepala Bagian Personalia ngadhèp direktur rumah sakit. Ditampa kanthi seneng dening dhirektur. Banjur dikenalke marang dhokter dhokter sing tugas ana kono. Kabeh ana udakara rong puluh dhokter, sebagian spesialis sebagian gedhe isih dhokter umum. Bubar ngadhèp dhirektur, banjur menyang Wisma, mess duweke pemerintah dhaerah. Golek panggonan sing cocok nang mess. Manggon nang mess, paling ora kanggo sementara. Nek ora cocok mengko isa golek kontrakan omah. Awan iku Santo karo Reni, njupuk barang barange nang penginepan, pindhah nang Wisma.

Dina dina sakwise iku, Reni karo Santo ngayahi tugas nang rumah sakit kanthi mantep lan sabar. Kabeh dilakoni kanthi iklas wong pancen wis dadi kuwajiban profesine, mulai tugas ana poliklinik, ana bangsal, nganti tugas jaga. Kanca kanca dhokter senior sing tugas ana kono kabeh apik atine, padha seneng mbiyantu nek ana kasus sing angel. Antarane Reni karo Santo ora tau ana masalah sing serius, prasasat kaya hubungan kekancan, mong tinemong. Wong loro prasasat tuntunan mlaku bebarengan nang dalaning urip, rukun lan padha asih siji marang sijine.

+++++

Sak durunge pungkasane tahun 1971, idin kanggo bukak cabang butik AW nang Jakarta wis medhun. Rosalina Wulandari usahane nganti maksimal kareben idin isa medhun sak durunge akhir tahun, supaya awal tahun baru mengko isa enggal diresmekake. Dibantu dening Biro Jasa barang, upamane ora, isa malah kedawa dawa. Produk produk bathik sing bakal di pajang ana butik wis dipilih dhisik lan disiapke

sak durunge acara pembukaan. Cabang butik AW ana ing jalan Kesehatan Raya, lumayan strategis kanggo usaha butik. Sakliyane kanggo butik ana kamar papat gedhe gedhe nang omah induk. Nanging Pram durung pindhah mrana, isih manggon nang pavillium nang dhaerah Kesehatan uga, ana sisih rada njero kudu mlebu dalam cilik.

Peresmian cabang butik AW dianakke ana minggu katelu wulan Januari, pase dina Setu tanggal 22 Januari 1972. Panitya utawa EO sing disambat isih sedulure bu Arini sing manggon ana Jakarta, yaiku ibu Aryati. Acara peresmian dibagi dadi loro. Setu esuk acara pembukaan lan pameran bathik ana panggonan butik AW ing jalan Kesehatan Raya. Upacara pembukaan diwiwiti jam sepuluh esuk, kanthi acara resmi. Bubar pembukaan tamu tamu diaturi mirsani busana bathik sing dipacak ana butik AW. Tamu sakperangan gedhe ya anggota komunitas Yogya Solo sing dhomisili nang Jakarta, komunitas pecinta bathik nang Jakarta. Sak liyane pameran, uga ana fashion show terbatas amarga panggonane rada sempit. Ana sambutan saka wakil komunitas kayata, komunitas bathik, komunitas Yogja Solo, lan komunitas perempuan dan hak azasi. Tamune pas acara pembukaan ana udakara 150 wong. Bubar nonton bathik bathik sing dipasang ana butik AW, para tamu diaturi dhahar siang andrawina. Acara jane bubar jam loro awan, nanging isih ana wae tamu sing penging ndeleng karya bathik sing dipamerake.

Dina Setu bengine, acara pindhah ana ruang pertemuan Taman Ismail Marzuki. Acara fashion show mligi pakaian bathik kotemporer lan klasik. Para paraga fashion show sak perangan gedhe saka mahasiswa Institut Kesenian Jakarta. Ana sakwetara paraga sing teka saka Yogja, sing diajak dening

bu Arini. Uga ana designer designer mudha saka Yogya sing padha melu pameran mamerke kreasi kreasi anyar. Nang sisihe ruang fashion show uga dipamerke manekawarna kreasi bathik klasik lan kontemporer. Bubar acara fashion show para tamu diaturi nonton kreasi kreasi bathik klasik lan bathik kontemporer sing dipajang. Sakwetara barang sing dipamerke payu dituku pembeli. Tamune luwih akeh tinimbang acara esuke amarga pas malem Minggu. Acara peresmian pancen kanggo ngenalke butik AW lan karya karyane. Akeh tamu saka kedhutaan negara negara sahabat sing padha rawuh lan rumangsa seneng meruhi fashion show sing mligi kanggo kreasi bathik iku.

Pak Rianto lan bu Ambarwati, pak Setiawan karo ibu Rina ya ngrawuhi acara loro lorone. Padha sare nang omah Jalan Kesehatan. Dene bu Arini karo anak buahe ditampung ana penginepan TIM. Rosalina Wulandari lan ibu Ambarwati seneng banget bareng acara wis rampung. Loro lorone sukses isa ngenalke butik AW nang komunitas Yogyakarta lan Solo ana Jakarta. Bareng acara wis rampung kabeh kanthi sukses Pram nyedhaki Rosalina, menahi selamat lan ngrangkul pacangane.

*“ Selamat ya Jeng acarane sukses. Iki sisan kanggo ajang promosi butik AW lan karya karya bathik sing ana”.*

*“ Iya mas Pram, wis mlebu klebus sisan lehku usaha,wis ora isa kempa mundur, ben bathik tambah akeh penggemare”.*

*“ Pancen sliramu wanita perkasa jeng. Aku rumangsa beja lan bangga banget dadi sisihanmu. Aku ora isa mbayangke nek kudu ngurusi iki mau kabeh, mesthi malah ambyar”.*

*“ Iya mas isih ana agendha siji sing penting kanggo awake dhewe”.*

*“ Apa iku jeng?”*

*“ Peresmian perkawinane dhewe”.*

*“ Iya dhik wis nang agendaku. Kudu tahun iki. Awake dhewe prasasat wis urip bareng, mlaku bareng, turu bareng. Isih kurang apa maneh?”.*

+++++

Sakwise peresmian, butik AW banjur luwih dikenal dening para sutresna bathik ing Jakarta. Rosalina Wulandari banjur luwih akeh wektune nang Jakarta, ngurusi cabang Jakarta. Tita banjur melu pindhah Jakarta mlebu play group. Butik AW ana Yogja, luwih akeh disupervisi dening ibu Ambarwati. Kadhangkala wae Rosalina ngecek pembukuan lan distribusi. Ora kerep mulih nang Yogja, paling mung pendhak rong minggu utawa telung minggu. Cabang Jakarta uga akeh pelanggane. Akeh penggemar bathik nang ibu kota. Rosalina Wulandari ditepungke dening bu Ambarwati marang komunitas bathik lan komunitas perempuan ana Jakarta. Asring nganakke lan nyeponsori pertemuan kanggo komunitas iku. Mula enggal dikenal lan populer nang kalangan komunitas, apa maneh bareng padha ngerti nek sing duwe ya lorone wanita, Ambarwati lan Wulandari.

Rosa wis sangsaya tambah percaya dhiri, ora ana rasa minder maneh, sakwise mbukak butik AW. Ora ana wong sing bakal wani ngece lan sawiyah wiyah amarga dheweke warga keturunan. Dheweke wis duwe kanca akeh nang kalangane tokoh tokoh publik ana ibu kota. Pendhampine Pramana lagi

ngrintis karier profesi nang donyane dhiplomasi. Bapak mara sepuh tokoh pejabat publik ana Ngayogyakarta, dene ibune marasepuh tokoh perempuan lan hak azasi sing uga perancang bathik kondhang. Ora perlu diumukake nanging kabeh mau marahi atine tentrem, ora bakal diganggu lan ora bakal ana sing wani nyawiyah dheweke lan keluwargane. Dheweke rumangsa wis usaha tenanan kanggo nggedhekke perusahane sing sahame paro paro karo ibu Ambarwati. Mesthi bakal ana hasile, apa maneh ibu Ambarwati sakwijining tokoh kondhang nang bidhang bathik. Mung sok sok kewetu karo Pramana, calon sisihane.

*“ Mas Pram, awake dhewe ki mlaku tuntunan bareng ana lakuning urip, ning bidhange kok beda banget ya mas. Panjenengan ana sektor pamarentahan, babagan dhiplomasi lan hubungan internasional, aku nang usaha perdhagangan”.*

*“ Ora perlu kaget Jeng, menungsa dititahke manekawarna, ora kabeh kudu padha. Bathik salah sijininginggalan budhaya nenek moyang, perlu dilestarikan. Kanggo nglestarekake butuh kegiatan dagang sing isa menehi insentif kanggo para pelaku bathik, yaiku lewat jalur perdagangan. Jajal upama ora ana sing ndadekke bathik dadi produk perdagangan, piye anggone arep nglestarekake”.*

Pas wayah sore rikala lagi ngenggar enggar penggalih ana berandha njaba, Rosalina sing biasane tansah sumeh akeh guyu lan critane, sore iku kok katon suntrut. Maune Pramana ora nggraita babar blas. Nanging bareng dienteni saya suwe kok tetep meneng anteng, dirangkul ya meneng wae ora aktif kaya biasane, Pram banjur takon.

*“ Kok banjur kendel wae ana apa jeng?. Awake dhewe apike wulan ngarep pindhah nang Jalan Kesehatan Raya, nggon butik wae apa ya ben sliramu ora wira wiri”.*

*“ Atiku iki lagi ora jenak mas Pram. Aku butuh panjenengan nang sisihku”.*

*“ Iya ana prekara apa ta Jeng. Mbok blakasuta wae ta”.*

*“ Aku mau meruhi ana wanita nom noman lagi ngandheg teka nang butik. Dheweke pengin banget tuku kreasine ibu sing rumangsaku paling disenengi para ibu ibu, ning dhuwite ora cukup. Banjur tak wenehke sak nduwene dhuwit dheweke. Seneng banget dheweke”.*

*“ Iya apik ta ora apa apa ngono. Keuntungan komersial dudu sak kabehane”.*

*“ Iya mas aku kelingan jaman ngandheg Tita mbiyen. Rana rana mung dhewekan wae”.*

*“ Lha kok njur dadi susah ana apa wong kabeh wis liwat Jeng. Aja digawe abot”.*

*“ Nuwun sewu mas, aku wis seminggu iki telat. Tanpa sadhar ngeri rasane nek kaya ndhisik maneh”.*

*Pramana meneng sedhela, unjal ambegan, banjur semaur. “Ora perlu susah jeng wong aku nang sisihmu terus”.*

*“ Iya mas terus awake dhewe piye ? Aku percaya karo njenengan kangmas”*

*“ Apa butik AW isa ditinggal sedina rong dina? Dina Jumat malam awake dhewe isa mulih nang Yogja, matur rama ibu. Aku pengin matur peresmiane awake dhewe sewulan engkas. Mbokmenawa*

*upama dina Setu tanggal 26 Februari nggo acara perkawinan apa sliramu setuju ?”*

*“ Aku manut mas. Mas Pram mengko nek matur rama ibu, nyuwun usul wae pestane awake dhewe ora susah gedhen. Pesta kebun wae ing antarane kanca kanca lan sedulur ya. Luwih gayeng lan khidmat”.*

Dina Jumat bengi minggu iku Pramana karo Rosa banjur mulih Yogja numpak sepur. Tita ditinggal ana Jakarta karo mbak Suni. Ora akeh sing dirembug sak suwene ana sepur. Wong loro padha dene le ngantuk banjur turu. Wayah esuk isih peteng wis tekan stasiun Tugu Ngayogyakarta. Pramana ngajak leren dhisik ngenteni ben rada padhang, mutawatiri nek isih peteng numpak becak metu saka stasiun. Jam setengah enem. Wong loro banjur numpak becak. Ngliwati dalan Malioboro, alun alun, Rotowijayan, Taman Sari terus nang Nagan. Bapak ibune wis wungu lan lenggahan ana ngarep. Rosa karo Pramana banjur bebarengan ngaturi salam pak Rianto karo bu Ambarwati.

*“ Kok ora kabar kabar dadakan mulih wong loro, ana apa Pram?. Bu Ambarwati mbukak pangandikan.*

*“Ora ana apa apa sing serius bu. Mung aku karo Rosa pengen matur karo bapak ibu”.*

*“ Apike dha resik resik awak sik nang mburi, mengko sarapan karo rembugan ya”.*

Rosa karo Pram banjur mara nang kamar mandhi, resik resik lan ganti pakaian omah, terus bali nang meja makan, nggabung

rama ibune. Bareng wis rampung anggone sarapan, pak Rianto langsung ndangu putrane Pramana.

*“ Pramana karo Rosa, kok kaya kaya ana masalah penting sing arep kok aturke bapak ibumu, ana apa ?”*

*“ Bapak ibu sing tak tresnani. Aku wis tugas ana Jakarta luwih saka nem sasi. Mau aku karo Rosa rerasan pengin nyuwun acara perkawinan diresmekke. Ora kepenak wong wis runtang runtung urip bareng kok durung nikah”.*

*“ Aku karo ibumu mung manut awakmu wae, kapan yan ana wektu sela saka gaweyanmu, isa dianakke acara perkawinan iku”.*

*“ Nuwun sewu bapak karo ibu, upamane dina Setu, tanggal 26 Februari ngono piye, aku tak mengajukan cuti saka kantor”.*

Bu Ambarwati enggal enggal nrambul, *“ Kudu matur karo papi mami ndhisik ya Rosa, apa wis matur?”*

*“ Dereng ibu nembe matur kaliyan bapak ibu punika”.*

*“ Rosa karo Pram, iki ngene wae. Dina iki sore mengko aku karo ibumu tak ketemu papi karo mamimu. Ora isa diputusi dhewe. Tetap kudu ana rembug tuwa saka pihak pria lan wanita. Banjur kontak karo EO, apa isih arep nganggo bu Arini apa arep ganti ? Nek rumangsaku bu Arini mitayani, garapane teliti”.*

*“ Kangmas aku kok setuju menawa nyuwun tulung bu Arini wae. Prekara mengko ana owah owahan acara ya dirembug wae karo bu Arini. Kepriye Rosa karo Pram, isih mantep karo bu Arini ta? Sing perlu disiapake mung dhaftar undangan, dhaftar acara, karo pilihan sing kanggo ageman nganten”.*

*“ Njih ibu aku karo Rosa mantep nganggo bu Arini wae. Mung aku nyuwun ora susah pesta gedhen nang gedhung. Rasane malah kurang akrab, nang ndalem wae kayadene pesta kebun sing diundang kanca cedhak, sedulur lan kanca komunitas sing akrab wae”.*

Pramana banjur pamitan rama ibune, arep ngeterke Rosa mulih ana dalem Ngadisuryan panggonan butik AW. Rosa lan Pramana, butuh istirahat dhisik esuk iku. Mengko kira kira antarane jam papat setengah lima lagi nemoni pak Setiawan karo bu Rina Setiawan. Ben endang cepet, bu Ambarwati usul upama ora susah ngenteni patemon karo pak Setiawan, nemoni bu Arini awan iki wae piye? Jam makan siang ketemu maneh, bu Ambarwati, Rosa karo Pramana sak perlu nemoni bu Arini dhisik. Patemon karo pak Setiawan lan bu Setiawan, kan bakal gawe kesepakatan prekara tanggal wae ora bakal gawe keputusan apa apa sing berpengaruh nang acara. Tekan dalem Ngadisuryan, saking kesele malah Pramana melu keturon ana sandhinge Rosa. Pak Setiawan karo bu Setiawan ana kamar sebelae. Pancen dalem kahanane sepi, Tita karo mbak Suni ditinggal nang Jakarta. Sing jaga nang ndalem mung jagabaya ana ngarep karo Ponimin lan bojone, Gemi, asisten rumah tangga sing kajibah masak ana dhapur.

Ngerti ngerti tangi wis wayah awan. Jam setengah rolas. Gageyan Pramana resik resik awak adus nang kamar mandhi. Rosalina Wulandari ora gelem keru, nututi nang kamar mandhi. Wong loro bareng anggone adus, seger dadi ilang kesele, makantar kantar rasa tresnane antarane Pramana karo wanodya ayu tunangane, Rosalina Wulandari. Bubar dandan pak Jono dijuluk supaya ngeterake Rosa karo Pram, ngampiri ibune nang Nagan terus nemoni bu Arini nang Ngasem. Bu Arini nyanggupi dadi penyelenggara, isih kosong tanggal

kuwi. Pramana karo Rosa pasrah bongkolan marang bu Arini, mung njaluk supaya acara adat temu nganten digawe sing khidmat, aja di modhifikasi akeh. Acara pesta ne digawe sing longgar lan informal ben bisa ketemu lan nyapa tamune kabeh. Bu Ambarwati isih pengin milih pakeyan panganten karo sing padha among tamu. Sorene patemon karo pak Setiawan lan bu Setiawan, kedadeyan kanthi lancar. Luwih akeh ngabarake keslametan wae, dudu rundhingan ngrancang acara pernikahan.

Pas balik nang Nagan, bu Ambarwati ngendika karo Pram lan Rosa.

*“ Mbok mengko bengi Pram turu nang Nagan wae. Aku isih kangen Pram, sokur nek Rosa isa melu pisan”.*

*“ Njih bu mangke gampil kula nyusul kemawon radi ndalu. Mas Pram mangga istirahat nang Nagan, mengko bengi jam jam pitu aku dipethuk ya tak melu bubuk nang Nagan”.*

Wengi iku Pramana nginep nang ndalem Nagan karo Rosa. Bu Ambarwati semono uga pak Rianto kapang pengin krungu critane putrane anggone nyambut gawe nang Departemen Luar Negeri. Pramana crita werna werna bengi iku marang rama ibune, akeh crita sing ora tau metu nang publik pengalamane para dhiplomat Indonesia nang luar negeri. Pram uga nyritakke atasane langsung, bu Dhian Sastrawinata sing tansah aweh bimbingan lan semangat marang dheweke. Dina Minggu esuke tangi rada awan, Pram ngajak Rosa karo rama ibune, dolan nang candhi Plaosan.

Candhi iku sing ngrampungake, Ratu Pramodhawardhani karo garwane Raka I Pikatan. Ratu Pramodhawardhani sing

ngrampungke candhi Bhumi Sambhara Buddhara [Borobudur], dene Raka I Pikatan sing ngrampungake candhi Ciwagrha [Prambanan] ing abad ke 9, banjur barengan ngrampungake candhi Plaosan. Perlambang katresnan abadhi saka budhaya klasik Jawa. Pramana duwe panyuwun muga muga katresnane marang Rosalina Wulandari tansah lestari nganti pungkasaning urip. Dheweke uga pengin sisihane sing ditresnani, dadiya wanita sing mandhiri, berkarya dhewe nang sisihe garwa. Minggu sore Pramana budhal Jakarta numpak sepur, dene Rosa keru ana Yogja perlu melu persiapan pesta perkawinan sing dipandhegani dening bu Arini.

++++++

Acara pernikahan sing tansah diantu antu dening Rosa karo Pramana akhire kaleksanan dina Setu 26 Februari 1972. Pesta pernikahan dianakke nang ndalem Ngadisuryan, ya nang panggonane butik AW, sing halamane jembar lan edhum. Pancen sengaja ora dianakke ana gedhung ben isa luwih akrab lan khidmat. Pramana karo Rosa, pengine mung ngundang sedulur, kanca kanca cedhak, anggota komunitas bathik lan anggota organisasi wanita dan hak azasi manusia. Udakara ana telung atus undhangan. Upacara lan pesta pernikahan diayahi dening panitya penyelenggara utawa event organizer sing dipandhegani dening ibu Arini. Tim e ibu Arini wis biasa banget mbiyantu acara mirunggan kaya ngono, uga wis kulina banget ngladeni keluwarga ibu Ambarwati.

Acara pernikahan kawiwitan jam setengah sanga nganti jam setengah sepuluh kanthi khidmat. Penganten putri nganggo kebayak nuansa ijo lumut lan jarik wahyu tumurun, mratandhani bumi pratiwi sing gemah ripah loh jinawi.

Penganten putra uga ngagem busana kanthi warna padha lan jarik wahyu tumurun. Prasasat kaya Dewi Ratih lan Bethara Kamajaya ana legendha klasik Jawa. Tuntunan adat kabeh di ayahi, mung pas acara salaman antarane penganten putri lan penganten kakung sakwise baling balangan suruh, kelakon kanthi luwih syahdhu amarga penganten kakung bar salaman terus ngrangkul penganten putri. Rosalina Wulandari ora kuat ngampet rasa trenyuh jroning ati. Saknalika nangis mingsek mingsek nang dhadhane Pramana Enggar Kusuma. Wektu sing wis suwe tansah diantu antu, resmi bebrayan karo priya sing banget ditresnani. Pak Rianto lan ibu Ambarwati, uga pak Setiawan karo ibu Rina katon mbrebes mili nyekseni upacara pernikahan. Mung nyenyuwun, muga muga Rosalina Wulandari lan Pramana Enggar Kusuma, kaparingan karaharjan lan katentreman sak lawase. Tamu sing rawuh ana acara pernikahan sak perangan gedhe ya sedulur saka pihak penganten putra karo putri. Pakdhe Naryo karo budhe Sunarti kamitenggengen anggone mirsani prunane nambut silaning akrami karo wanodya ayu sing ditresnani.

Penganten sakloron banjur dituntun dening pinisepuh mlebu ana kamar ganti sak perlu ganti pakeyan pesta kanggo acara resepsi. Praupane sing ayu kanthi esem sing tansah sinungging ana lambe prasasat gawe cingaking para tamu. Semono uga dedeg piyadeke Pramana Enggar Kusuma sing gagah lan bagus, ndadekake pasangan kuwi kaya dene pasangan dewa lan dewi ana legenda klasik Jawa. Kabudayan Jawa tansah ngugemi panuntun menawa menungsa uga kajibah ngopeni awake kareben tansah sehat lan endah njaba njero. Saka panjaluke penganten sak kloron, bubar nampa pangestu saka para tamu, penganten sakloron dikancani dening salah sijining panitya banjur mubeng ing antarane para tamu sing lagi

dhahar kembul, atur panuwun anggone padha rawuh. Wis disiapake dening Rosalina Wulandari karo ibu Arini, Titania melu ibune mubeng ing pasamuwan ngaturi salam para tamu. Siji siji para tamu disapa lan disalami, pakdhe Naryo karo budhe Sunarti, pak Hartono lan ibu Leni Setyawati, kanca kanca mantan anggota Dhewan Mahasiswa, sedulur sedulur sing arang ketemu, para anggota komunitas kancane bu Ambarwati lan manggala praja kancane pak Rianto Djojokusumo. Sakjroning pasamuwan Rosa Wulandari lan Pramana Enggar Kusuma, ora kendhat anggone gandhengan tangan, mlaku mubeng ngaturi salam para tamu. Acara resepsi rampung jam setengah loro, nanging penganten sakloron isih nemoni para tamu, sedulur sing suwe ora ketemu. Dadi kaya acara reuni kanggone para sedulur lan kanca lawas.

Rosalina Wulandari lan Pramana Enggar Kusuma tansah yakin menawa dheweke sakloron bakal tansah gegandhengan tangan mlaku bareng nglakoni lakuning urip nganti pungkasaning dalan. Lubering katresnan antarane dheweke sakloron bakal dadi panuntun anggone mlaku bareng sak lawase.

\*\*\*\*\*

*Cuthel*





Yayasan Saworo Tino Triatmo (YASATRI) jejere minangka organisasi nir laba sing dianakke kanggo pangeling-eling tumrap almarhum Saworo Tino Triatmo, sing tiwas amarga kacilakan lalu lintas rikala tanggal 13 Desember 1997. YASATRI mangadeg ana ing tanggal 26 Januari 1998, kanthi tujuan ngupayani kaslametan lalu lintas, nyegah ananing dredah lan tawuran, sarta ngrembakake upaya kesehatan kawula mudha, kalebu nyegah penyalahgunaan narkotika. YASATRI diadegake dening keluarga lan para mitrane Ki Dr. Budiono Santoso Ph.D, Sp.FK.

Kegiatan YASATRI kalebu penyuluhan lan mbiwarakake katrangan / informasi ing tengahing masyarakat kanggo ngurangi kacilakan lalulintas, ngrembakake rasa toleransi lan nyegah anane kaonaran lan tawuran, lan upaya ningkatake drajat kesehatan kawula mudha. Asring nganakake sarasehan ing antarane masyarakat utamane para kawula mudha kanggo nyengkuyung tujuan organisasi. YASATRI uga anyengkuyung ananing studi lintas disiplin. Ngunggahake Pesan Untuk Remaja lan nerbitake bulletin SAWORO ing jagad maya.

YASATRI melu ngupayakake kegiatan pelestarian budhaya kalebu panyinaon basa Jawa ing kalangane kawula mudha, nerbitake crita novel basa Jawa kaya Lubering Katresnan.

### **Yayasan Saworo Tino Triatmo**

Jl. Mawar 92, Dhukuh Ngenthak  
Kadipura RT 003 RW 024, Sinduharjo  
Ngaglik, Sleman 55581  
Tilpun +62 274 887512.  
Email [sekretariatyasatri@gmail.com](mailto:sekretariatyasatri@gmail.com); [saworotri@gmail.com](mailto:saworotri@gmail.com)



## Tamu Kinormatan

*Tamu Kehormatan*

Bagas Hapsoro yaiku Dubes Indonesia kanggo Swedia ngrangkep Latvia ing tahun 2016 nganti 2020, lan Dubes Lebanon ing tahun 2007 nganti 2009.

Tau dadi Deputi Sekjen ASEAN awit tahun 2010 nganti tahun 2012 lan Staf Ahli Manajemen Kemlu awit tahun 2014 nganti 2015. Sajrone dinas ing Kementerian Luar Negeri tau dadi negosiator ing babagan isu – isu perdagangan lan jasa ing ngisore World Trade Organization (WTO) lan PBB ing New York.

Awit 27 Juni 2020, Bagas Hapsoro mungkasi tugas resmine ing Kementerian Luar Negeri suwene 36 tahun, lan minangka Duta Besar Republik Indonesia ing Swedia lan Latvia sing dununge ing Stockholm suwene 4 taun lan 4 wulan. Awit Agustus 2020, Bagas Hapsoro dadi anggota Tim Diplomasi Kopi, Kementerian Luar Negeri Republik Indonesia.



## Pangisi Gambar

Ilustrator

dr.R. Bambang Sardjono, MPH utawa Bamsar lahir ing Yogyakarta tahun 1955, putrane bapak DR.R. Santoso Poedjorosoto, S.H. lan Ibune R. Ngt. Soeyatini Santoso. Ngampungake pendidikan nang

SD BOPKRI Yogyakarta, SMP Xaverius, Bukittinggi; SMAN 4 Jakarta lan lulus seka FK UGM Yogyakarta tahun 1981. Tahun 1992 nerusake pendidikan nang Koninklijk Instituut voor De Tropen, Amsterdam, Negara Landa, rampung tahun 1993. Bamsar uga PNS ing Departemen Kesehatan RI lan pensiun minangka Staf Ahli Menteri Kesehatan tahun 2015.

Sisihane, dr. Meita Dewayani, Sp KK, diparingi putra telu (siji putri dan loro kakung) sing wis menikah kabeh.

Bamsar uga mengabdikan minangka Abdi Dalem Keprajan Karaton Ngayogyakarta Hadiningrat diparingi Ngarsa Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono X kalenggahan Bupati kanthi paringan asma KRT Brotohusodo tahun 2013.

Pecinta Seni lan Budaya bangsa, lan nggambar kuwi hobby otodidag seka SD sinau seka Mas Mamam kangmase. Nate dadi ilustrator majalah "Ilmu Budaya Siswa " SMAN 4, Jakarta (1971-1973). Nalika study S-2 nang Amsterdam, ngangsu kawruh melukis cat air marang Prof. DR. Harry Folmer.

Hobby liyane musik yoiku main gitar, flute, lan saxophone uga ngripta lagu. Salah siji anggitané oleh Penghargaan penciptaan lan penghibahan "Mars Pramuka Peduli" kanggo Pramuka Indonesia Agustus, 2021.

Bamsar ngaturake panuwun ngraoske kinurmatan minangka ilustrator kanggo buku novel kangmas dr. Budiono Santoso, Ph.D, yaiku kanggo novel **Lakuning Katresnan** (2019) lan **Lubering Katresnan** (2021).



## Pangolah Basa

Editor

Novo Indarto, S.S. lahir ing Magelang tahun 1977, putrane bapak Sajono Hapsoro, B.Sc. lan ibune Rr. Irochatin, S.Pd. Bapake iseh ana trah Amangkurat lan ibune keturunan walanda ananging awit cilik dibiasakake urip biasa kaya bocah umume. Sisihane Retno Planturia Zashi, diparingi putro telu yaiku Talitha Amaraissa, Kaylila Ailsabella, lan Latisha Aileenasya. Pendidikan dirampungake ana ing SD Negeri 6 Magelang, SMP Negeri 2 Magelang, SMA Negeri 1 Magelang (*Gladiool High School*), Politeknik Universitas Diponegoro Semarang, lan Universitas Gadjah Mada ing Fakultas Sastra utawa Fakultas Ilmu Budaya.

Kegiatane aktif ing seni, budaya, lan sosial kayata komunitas – komunitas Magelangan, dadi *founder* lan ketua komunitas seni rupa *JAVA | Talk through Art*, bagian penerbitan komunitas *Medang Heritage Society (MHS)*, lan sapiturute. Ora keetung ditanggap dadi pembicara ono ing forum – forum terkait sejarah.

Tulisane sumebar ing media sosial. Buku – bukune yaiku *Budi Daya dan Analisis Usaha Tani. Kedelai, Kacang Hijau, Kacang Panjang ; Cabai Rawit, Cabai Merah, Cabai Jawa ; Buncis, Kacang Tanah, Kacang Tunggak ; Ubi Jalar & Kentang ; Budidaya Tanaman Hias Berdaun Indah ; Membuat dan Memanfaatkan Biogas ; Pedoman Praktis Budidaya Ikan Lele ; Tandon Air Bermanfaat ; Kompor Alternatif ; Sukses & Untung Besar Beternak Ayam Broiler ; Pesona Anggrek. Petunjuk Praktis Budidaya dan Bisnis ; Tuai Untung dan Budi Daya Puyuh Berkualitas ; buku Screenplay. buku Sinematografi, Creative Writing Anthology ; Magelang Kampung Pancasila ; Tanti Zaenal Arifin. Sebuah Rekam Jejak ; Bersahabat Dengan Stroke ; Kiprah Perempuan Parlemen, Menguak Sejarah de Protestantsche Kerk Magelang ; Menelisk Sejarah de Groote Moskee Magelang ; Medang Dalam Lintasan Sejarah Indonesia Kuno ; Pasang Surut Sejarah Medang ; Sejarah Kerajaan Medang ; Sejarah SMA Negeri 1 Magelang ; dan Sejarah RSUD Tidar Magelang, Silsilah Keluarga Djojo Wilastro Trah Hudo Pawiro ; lan ngaturake panuwun diparingi kinurmatan minangka *editor – lay outer – setter – cover designer* kanggo buku novel dr. Budiono Santoso, Ph.D, yaiku novel *Lubering Katresnan*.*



## Panganggit

Penulis

Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja Ph.D, SP.FK., ahli farmakologi klinik, lulus dokter seka Fakultas Kedokteran Universitas Gadjah Mada tahun 1975 lan lulus dhoktor [Ph.D] seka University New Castle

Upon Tyne, Inggris tahun 1983. Lahir ing Ambarawa, 27 Mei 1950, putrane Ki Triworo Djososastro, guru Taman Siswa, lan ibune Nyi Purliyah.

Pendidhikan dhasar dilakoni ana Sekolah Rakyat Masehi Ngampin, Ambarawa. Sekolah Menengah Pertama ana Taman Siswa Ambarawa. Sekolah Menengah Atas ana ing SMA Santo Josef, Surakarta. Sakwise lulus dhokter, terus dadi dosen ana Universitas Gadjah Mada saka tahun 1975 nganti tahun 2000. Tahun 2000 – 2012, ngayahi tugas ana *World Health Organization*, kantor Pasifik Barat in Manila, minangka *Team Leader in Pharmaceuticals and Health Technology*. Aktif ning babagan kebudayaan, Ketua Masyarakat Pecinta Warisan Medang [Medang Heritage Society] ing Ngayogyakarta, wiwit 2013.

Tulisan-tulisane semebar ana ing media sosial. Novel kapisan kanthi judhul LAKUNING KATRESNAN wis terbit luwih dhisik. Melu ngedegake organisasi spiritual Jawa, Persatuan Kepercayaan dan Budhaya Nusantara [PKBN], lan organisasi ilmuwan ing tahun 1995, Akademi Ilmu Pengetahuan Yogyakarta [AIPYo]. Sisihane ibu Murlina Santoso, putrane telu [Ario Birowo, Wisnu Utomo lan Saworo Tino Triatmo].

Saworo Tino Triatmo tinggal donya tahun 1997, isih umur 17 tahun merga kacilakan lalu lintas. Keluwarga banjur ngedegake Yayasan Saworo Tino Triatmo [YASATRI] kanggo pangling-eling marang almarhum, kanthi kegiatan kampanye keselamatan lalu lintas, kesehatan remaja, lan nyegah dredhah [kekerasan] ing antarane para siswa. Ki BS Setradjaja wis pensiun lan saiki manggon ana pinggir Kali Boyong, dhukuh Ngenthak, Kadipura,

Novel berbahasa Jawa LUBERING KATRESNAN (KEIKHLASAN CINTA), menceritakan perjalanan kasih antara R.M. Pramana Enggar Kusuma dan Rosalina Wulandari. Lokasi yang diambil sebagian besar berada di Yogyakarta dalam kurun waktu tahun 70an. Pramana seorang aktivis mahasiswa yang berlatar belakang keluarga ningrat Jawa sedangkan Rosalina Wulandari adalah seorang wanita pengusaha batik dan *single mother* dari keluarga keturunan. Kisah kasih mereka dengan status dan latar belakang berbeda, banyak menghadapi kendala di lingkungan keluarga dan lingkungan. Butuh perjuangan serta keikhlasan untuk menerima kondisi masing-masing dalam mengatasi segala rintangan. Setelah lulus dari universitas, Pram berkeinginan menjadi diplomat sehingga melamar ke Departemen Luar Negeri. Rosa membuka butik baju nusantara. Cerita ini menggambarkan kegiatan aktivis mahasiswa di tahun 70an yang diangkat dari kisah nyata, dimana Pram bertemu Jendral Sarwo Eddhie Wibowo dan Sermadatar (Sersan Mayor Darat Taruna) Prabowo Subianto di Markas AKABRI Magelang setelah insiden meninggalnya Rene Louis Conrad mahasiswa ITB yang tewas dikeroyok taruna. Novel ini juga berupaya menggali nilai-nilai dan tuntunan moral dalam budaya Jawa klasik. Dianjurkan untuk dibaca terutama oleh generasi muda, agar tidak ragu untuk belajar kembali bahasa Jawa dan nilai-nilai yang ada di dalamnya. Semoga kisah dalam buku ini bisa menjadi cermin dalam perjalanan hidup kita.

*"Novel yang menggambarkan kehidupan kaum muda dengan perjuangan dalam tugas dan masa depan yang digambarkan apik, penuh romantika. Sangat mendukung novel berbahasa Jawa, penting untuk generasi muda yang mulai lupa bahkan hampir hilang dari khasanah kesusasteraan Jawa. Banyak "rasa pangrasa" yang lebih tepat diekspresikan dalam bahasa Jawa."*

**Dr. Ediaty Marwito, M.Sc.**

*"Sebuah cerita yang sangat menarik, disampaikan dalam bahasa Jawa yang mungkin sudah banyak dilupakan generasi muda. Ada cerita cinta yang menebarkan dengan sangat apik, ada cerita tentang kehidupan politik yang mungkin tidak terungkap dalam sejarah resmi. Banyak istilah atau ungkapan yang mungkin hanya tepat disampaikan dalam bahasa Jawa, yang kadang sayapun harus membaca berulang kali untuk memahami."*

**Dr. Endang Suparniati, M.Kes.**

*"Postingan novel Lubering Katresnan di Facebook selama ini sangat saya tunggu2. Sangking senengnya baca novel tersebut, kadang saya baca ulang. Ceritanya lugas, seperti kisah nyata, ditambah lagi happy ending, jadi makin puas bacanya."*

**Ir. Ari Agung Hutabarat, M.M.**

ISBN 978-623-96305-3-4



**Yayasan Saworo Tino Triatmo**

Jl. Mawar 92, Ngantak, Kadipura

RT 003 RW 024, Sinduharjo, Ngaglik, Sleman 55581

Tlp. (0274) 887512

HP +62 81225392857

Email : sekretariatyasatri@gmail.com